ЭЛИНОР ПОРТЕР

# ПОЛЛИАННÆ



СВЕТ НА ВОСТОКЕ

**Элинор Портер**
Поллианнæ: Уырыссаг æвзагæй Нæкуысаты Наирæйы тæлмац. – Корнталь: «Свет на Востоке», 2014. – 256 ф.

Элинор Портеры хъайтар чиныгкæсæджы зæрдæ аскъæфы йæ диссаджы хъæлдзæг зæрдæйæ. Иуæндæсаздзыд чызг уарзы цард, цин кæны адæмыл, цæрæгойтыл, бæлæстыл… Цыфæнды уавæры дæр архайы «циндзинадæй хъазын», адæмы зæрдæты циндзинад тауын. «Афтæ мæм никуы каст, цыма зындзинæдтæ, хъизæмар æмæ фыдæхæн сæ кой дæр никуы ис, фæлæ сыл хъæлдзæг æмæ ныфсджынæй æмбæлын æз нымадтон бирæ хуыздæрыл», – фыста чиныджы автор. Фыссæг йæхæдæг дæр афтæ цард, æмæ æдзух чиныгкæсæгмæ хъуысы йæ ныстуан æнæхин æмæ хъæлдзæг Поллианнæйæ…

Художник *А. Михнушов*
Перевод *Н. Накусова*
Редактор *А. Абаева*
Корректор *Н. Накусова*
Верстка и дизайн *А. Цорн*

Изд. № 25.390
ISBN 978-3-939887-98-0
© «Свет на Востоке», 2014

# 1 СÆР

## МИСС ПОЛЛИ

Уыдис июны мæй. Мисс Полли Харрингтон ацы райсом къæбицмæ бауади тагъдгомау, æнхъæл дзы куыд ничи уыд, афтæ. Æнæуи йæ фезмæлд сабыр уыди, йæхиуыл хæцын кæй зыдта, уымæй йæ сæр бæрзæндты хаста. Фæлæ абон тагъд кодта. Æцæг кодта тагъд.

Ненси къустæ ’хсадта æмæ дисхуызæй хæрдмæ скасти. Мисс Поллийы хæдзары дыууæ мæйы йеддæмæ нæма куыста, фæлæ ныридæгæн бафиппайдта, йе ’хсин тагъд кæй никуы фæкæны, уый.

– Ненси!

– Хъусын дæм, – уыцы цæттæйæ дзуапп радта Ненси, йæ къухы цы дурын уыд, уый сæрфта, афтæмæй.

– Ненси! – Ныр мисс Поллийы хъæлæс фæкарздæр. – Демæ куы ныхас кæнон, уæд хъуамæ дæ куыст ныууадзай æмæ мæм лæмбынæг байхъусай.

Ненси асырх ис суанг йæ хъусты онг. Уайтагъд дурын æмæ хæцъил иуварс авæрдта, æмæ, чысыл ма бахъæуа, дурын ма ’рхауа. Уымæй ноджы тынгдæр стыхст.

– Хорз, ме ’хсин… хорз… – сдзырдта чызг, дурын йæ бынаты раст сæвæрынил архайгæйæ, æмæ рæвдз йе ’хсины ’рдæм

фæзылд. – Æз мæ куыст дарддæр æрмæст уымæн кодтон, æмæ мын абон райсомæй мигæнæнтæ рæвдз афснайын бафæдзæхстай. Ферох дæ ис?

Мисс Полли йе 'рфгуытæ нылхынцъ кодта.

– Æгъгъæд у, Ненси. Исты мын бамбарын кæнай, уый дæ нæ домын. Мæн фæнды, цæмæй мæм лæмбынæг байхъусай.

– Хорз, ме 'хсин.

Ненси ныуулæфынмæ хъавыд, фæлæ йæхи баурæдта. Йæхинымæр хъуыды кодта: цымæ йын искуы ацы сылгоймаджы зæрдæ балхæнын бантысдзæн æви нæ.

Ненси раздæр æцæгæлон адæммæ никуы куыста, фæлæ йæ рынчын мад æнæнхъæлæджы идæдзæй баззад – Ненси æмæ æртæ кæстæр сабиимæ. Куыд хистæры, афтæ Ненсийы куыст агурын бахъуыди, цæмæй йæ бинонтæм истæмæй фæкæса. Алвæндагæй авд километры дарддæр (афтæ хуынди Ненсийы бинонты фермæ) къуыбырыл цы стыр хæдзар уыд, уым лæггадгæнæджы куыст кæй ссардта, уымæй тынг разы уыд. Раздæр мисс Поллийы зыдта æрмæст куыд Харрингтонты рагон хæдзары хицауы æмæ горæты хъæздыгдæр сылгоймæгтæй иуы. Уый уыди дыууæ мæйы размæ. Ныр та мисс Поллийы базыдта куыд карз æмæ, тызмæг бакаст кæмæн уыд, ахæм сылгоймаджы. Куыддæр-иу кард пъолыл æрхауд æмæ-иу йæ тъæпп фæцыд, кæнæ-иу дуары гуыпп райхъуысти, афтæ-иу йе 'рфгуытæ фелхынцъ кодта. Никуы бахудтис йæ мидбылты, кæрдтæ æмæ дуæрттæ сæхи сабыр куы дардтой, уæддæр.

– Дæ райсомы куыстытæ куы бакæнай, Ненси, – дзырдта дарддæр мисс Полли, – уæд-иу, цары цы гыццыл уат ис, уый сафтид кæн æмæ уым тухгæ сынтæджы бауат кæн. Пъол-иу ныммæрз æмæ рыгтæ ныссæрф. Кæй зæгъын æй хъæуы, уыдæттæ бакæндзынæ, чумæдантæ æмæ къоппытæ уырдыгæй куы рахæссай, уый фæстæ.

– Хорз, æхсин. Хæсгæ та сæ кæдæм акæнон?

– Ӕрбахизæны сæрмæ, цармæ. – Мисс Полли исдуг ахъуыды кодта, уый фæстæ бафтыдта. – Мæнмæ гæсгæ, ныр дын æй мæ бон зæгъын у, Ненси. Ардæм æрбацæуудзæн мæ хæрæфырт, Поллианнæ Уиттиер. Ам цæрдзæн. Иуæндæс азы йыл цæуы. Фынæй кæндзæнис уыцы уаты.

– Чызг… æрбацæуудзæн ардæм? Мæнæ цы хорз у! – фæхъæр кодта Ненси, йæ кæстæр хотыл ахъуыды кæнгæйæ. Уыдон, хурау, Алвæндаджы цард рухс кодтой.

– Хорз у? Ӕз афтæ нæ зæгъин, – загъта мисс Полли тызмæг хъæлæсы уагæй. – Ӕнæмæнг, мæ зæрды ис, мæ бон цы у, уый саразын. Мæнмæ гæсгæ, æз хæларзæрдæ сылгоймаг дæн, æмæ, мæ хæс цæй мидæг ис, уый зонын.

Ненсийæн йæ цæсгом сырх-сырхид афæлдæхт.

– Ӕнæмæнг, ме ’хсин. Ӕз æрмæст ахъуыды кодтон… гыццыл чызг уын… уæ цард барухс кæнид, – къуызгæ сдзырдта Ненси.

– Кæй мыл мæт кæныс, уый тыххæй бузныг, – уазалæнгасæй дзуапп радта мисс Полли. – Фæлæ, мæнмæ гæсгæ, æз уый хъуаг нæ дæн.

– Ды æнæмæнг… дæ хæрз хæрæфыртыл… цин кæныс, – бауæндыд æм Ненси. Йæхинымæр ахъуыды кодта, уыцы гыццыл, æнæзонгæ æмæ иунæг чызджы исты амалæй хорз суазæг кæнын кæй хъæуы, ууыл.

Мисс Полли сæрыстырæй йе ’уæнгтыл хæрдмæ схæцыд æмæй загъта:

– Ненси, ацы дунейы æнæуи дæр æгæр бирæ адæм цæры, æмæ, уыйбæрц æдылы чи разынди, мой чи скодта æмæ, æппын чи нæ хъæуы, уыцы сывæллæтты чи ныййардта, ахæм хо мын кæй уыд, уым æз стыр цинагæй ницы уынын; мæн та ныр уыдонмæ кæсын хъæуы. Ӕниу, куыд загътон, афтæмæй, æз мæ хæс зонын. Къуымтæ хæрзсæрфт ныккæнын дæ ма ферох уæд, Ненси, – дæрзæг хъæлæсæй фæци йæ ныхас сылгоймаг, къæбицæй рацæйцыд, афтæмæй.

– Хорз, – ныуулæфыд Ненси, æмæ та дурын йæ къухмæ райста. Ныр бынтон ныууазал ис, æмæ йæ ногæй тæвд донæй ранхъæвзын бахъуыд, цæмæй æнцондæр сæрфæн уа.

Мисс Полли йæ уатмæ куы баздæхт, уæд, дыууæ боны размæ дард ныгуылæйнаг горæтæй цы фыстæг æрбацыд æмæ йын уыйбæрц æнæхцон лæвар чи разынди, уый ногæй систа. Æрвыст уыди мисс Полли Харрингтонмæ, Белдингсвилмæ, штат Вермонтмæ, фыст дзы уыдис:

*«Æхсин, хъыгзæрдæйæ Дын хъуысын кæнын, дыууæ къуырийы размæ пастор Джон Уиттиер кæй амард. Сидзæрæй ныууагъта иуæндæсаздзыд чызджы. Исбонæй йæм ницы уыди, æрмæстдæр цалдæр чиныджы, уымæн æмæ, куыд æй зоныс, афтæмæй, нæ чысыл аргъуаны куыста пасторæй æмæ иста хæрз чысыл мызд. Æз æй куыд зонын, уымæ гæсгæ, уый уыдис Де 'дзард хойы сæрыхицау, фæлæ мын куыд бамбарын кодта, афтæмæй, уæ бинонтæ хæларæй нæ цардысты. Фæлæ уæддæр, йæ хъуыдымæ гæсгæ, Дæ хойы Дæ зæрдыл даргæйæ, Дæу бафæнддзæн йæ чызгмæ кæсыны хæс Дæхимæ райсын æмæ йæ хиуæтты 'хсæн хъомыл кæнын. Æз дæр Дæм уый тыххæй фыссын.*

*Цалынмæ ацы фыстæг райсай, уæдмæ чызг фæндагмæ уыдзæнис цæттæ, æмæ йæ кæд Дæ бон суазæг кæнын у, уæд нын æй æнæкъуылымпыйæ фехъусын кæн. Уымæн æмæ рæхджы иу бинонтæ, лæг æмæ ус, ардыгæй ацæуудзысты скæсæнмæ, æмæ уыдонæн сæ бон у чызджы Бостонмæ аласын. Уым та йæ, Белдингсвеллмæ цы поезд цæуы, уым сбадын кæниккой. Кæй зæгъын æй хъæуы, мах Дын фехъусын кæндзыстæм, Поллианнæ цы бон æмæ цавæр поездыл ныххæццæ уыдзæн, уый.*

*Æвæстиат æмæ æхсызгон дзуаппыл зæрдæ даргæйæ,*
*нымдгæнгæйæ, Йереми О. Уайт*

Мисс Поллийæн йе ’рфгуытæ фелхынцъ сты. Фыстæг æрбадыдагъ кодта æмæ йæ фæстæмæ къонверты нывæрдта. Уый размæ бон дзуапп ныффыста, зæгъгæ, сывæллоны æнæмæнг суазæг кæндзынæн. Ахæм уавæры йæ хæс цæй мидæг ис, уый хорз æмбары, кæд ын йæ сæххæст кæнын æхызгон нæ уыдзæн, уæддæр.

Æмæ йæ ныр, уыцы фыстæгимæ бадгæйæ, йæ хъуыдытæ ивгъуыдмæ ахастой – йе ссæдзаздзыд хо Дженни, йæ бинонтæ иууылдæр уыцы хъуыддаджы ныхмæ уыдысты, афтæмæй, æрыгон пастормæ мой кæныныл ныллæуыд. Уæд ма уыдис æндæр чидæр, хъæздыг, курынмæ йæ чи хъавыдис, ахæм, æмæ уый Харрингтонтæ иууылдæр хуыздæрыл нымадтой, Дженнийæ фæстæмæ. Уыцы усгур пасторæй хистæр æмæ хъæздыгдæр уыди, æмæ сæм хуыздæр уымæн касти. Пастормæ та æрыгондзинад, уарзæгой зæрдæ, æвзонг азты бæллицтæ æмæ базыртæй уæлдай ницы уыд, фæлæ Дженнийы æндæр ницы хъуыди. Æниу, уым диссагæй ницы ис. Уыйадыл пастормæ смой кодта æмæ йемæ хуссары штаттæй иумæ ацыди. Уый та уырдæм абалц кодта миссионерæй.

Уыцы заман сæ мыды къæм бахауд. Мисс Полли уыцы хабæрттæ хорз хъуыды кодта, кæд ыл уæд фынддæс азы йеддæмæ нæма цыди, уæддæр. Уый фæстæ сæ миссионеры усимæ, зæгъæн ис, ницыуал баста. Æцæг-иу сæм Дженни хаттæй-хатт писмо ныффыста, йæ фæстаг чызджы ма йæ хотæ Полли æмæ Аннæйы номыл Поллианнæ дæр схуыдта. Дженнийæн йæ иннæ сабитæ хæрз чысылтæй амардысты. Уый уыди, фæстагмæ сæм кæй æрбарвыста, уыцы хабар. Цалдæр азы фæстагмæ сæм пастор йæхæдæг цыбыр фыстæджы (ныгуылæйнаг чысыл горæтæй йæ æрбарвыстой) фехъусын кодта, Дженни кæй амардис, уый.

Къуыбырыл цы стыр хæдзар уыд, уым дæр цард иу ран нæ лæууыд. Дæлиау цы дæлвæз айтыгъди, уымæ кæсгæйæ, мисс

Полли фондз æмæ ссæдз азы дæргъы йæ царды цы ивддзинæдтæ ’рцыди, уыдоныл хъуыды кодта. Ныр ыл цыдис дыууиссæдз азы, æмæ æгас дунейы уыди хæрз иунæг. Йæ фыд, йæ мад æмæ йæ хотæ иууылдæр амардысты. Харрингтонты стыр хæдзары æмæ йын йæ фыд цы ’хцатæ ныууагъта, уыдоны хицау раджы сси. Æргомæй йын тæригъæд чи кодта, ахæм адæймæгтæ дæр уыдис. Иунæг кæй у, ууыл тыхстысты, æмæ йын лæгъстæ кодтой, дæхицæн иу æмбал æрбакæн, зæгъгæ. Фæлæ сын мисс Полли сæ ныхæстæм æмæ сæ уынаффæтæм уазал æнгас дардта. Загъта-иу, йæхи иунæг æппындæр кæй не ’нкъары, иунæгæй цæрын йæ зæрдæмæ кæй цæуы æмæ æнцойдзинадыл алцыдæр кæй баивдзæн. Фæлæ ныр…

Мисс Полли сыстади. Йе ’рфгуыты æлхынцъ нæма райхæлд, былтæ уыдысты фидар æлхъывд. Æнæмæнг, хæларзæрдæ сылгоймаг кæй у, стæй йæ хæс æрмæст зонгæ кæй нæ кæны, фæлæ ма йæм йæ сæххæст кæнынæн хъару дæр кæй ис, уый йын æхсызгон уыди. Фæлæ… Полианнæ! Цы худæг ном у!

# 2 СÆР

## ЗÆРОНД ТОМ ÆМÆ НЕНСИ

Цары гыццыл уаты Ненси мæстыйæ пъол сæрфта æмæ хафта, уæлдай тынгдæр йæ хъус дардта къуымтæм. Кæй зæгъын æй хъæуы, хаттæй-хатт-иу йæ куысты, æнувыд ыл кæй уыд, уый тыххæй не сцырен ис, фæндыдис-иу æй йе ’нкъарæнтæ скалын. Йе ’хсинæй тарстис æмæ йæм хъуыста, фæлæ, зæдау, фæразон нæ уыди.

– Фæндид мæ… йæ уды… къуымтæ… ныссыгъдæг кæнын! – хъуыр-хъуыр кодта схъиугæ ныхæстæй, æмæ-иу йæ алы дзырд дæр йæ хъæбæр пъолæхсæны змæлдæй фæхъæддых кодта. – Бæгуы сæ хъæуы расыгъдæг кæнын, афтæ гъе! Хорз хъуыды у, ницы зæгъæн ис, мæгуыр сабийы, хур кæй сзынг кодта, уыцы гыццыл къуымы батъыссын! Зымæгон та йæм хъарм хæццæ дæр нæ кæны! Афтæмæй хæдзар – дзæбæх уæттæй йедзаг, æрмæстдæр дзы равзар! Чи нæ хъæуы, ахæм сывæллæтæ! Ничи йæм кæсы! – Хæцъил ахæм лæмæрст ныккодта, æмæ йе ’нгуылдзтæ срыстысты. – Мæнмæ гæсгæ та, æппын чи нæ хъæуы, уыдон сывæллæттæ не сты, сывæллæттæ не сты!

Иуцасдæр куыста æнæдзургæйæ. Уый фæстæ, йæ куыст куы фæцис, уæд уатыл æлгъгæнгæ йæ цæст ахаста.

– Цæй алцыдæр цæттæ у, цыфæнды уæд, – æз мæ куыст бакодтон, – ныуулæфыд Ненси. – Ныр дзы рыг нал ис… стæй

дзы ӕнӕуи дӕр, зӕгъӕн ис, ницыуал ис! Мӕгуырӕг! Йӕ къона чи мысы, уыцы иунӕг ӕмӕ сидзӕр чызгӕн ахӕм уат равзар!

Уыцы хъуыдытимӕ дуар нытътъӕппп ласта ӕмӕ рацыди. – Охх! – фӕхъӕр кодта ӕваст, ӕмӕ йӕ былыл фӕхӕцыд. Фӕлӕ уый фӕстӕ мӕстыгӕрӕй бафтыдта: – Фӕуӕд афтӕ, мӕнӕн уӕлдай нӕу! Кӕй мӕ фехъуыста, уый та ноджы хуыздӕр! О, ноджы хуыздӕр!

Сихоры фӕстӕ Ненсийӕн фадат фӕцис Зӕронд Томимӕ, дыргъдонгӕсимӕ, аныхас кӕнынӕн. Том рагӕй куыста ацы хӕдзары, рывта дидинджытӕ, лӕгъз кодта дыргъдоны фӕндӕгтӕ.

– Мистер Том, – тагъдгомау райдыдта Ненси, фӕстӕмӕ фӕкӕсгӕйӕ – исчи йӕ хъахъхъӕны ӕви нӕ, уый базонынӕн, – ардӕм иу гыццыл чызг кӕй ӕрбацӕуадзӕн ӕмӕ мисс Поллийы хӕдзары кӕй цӕрдзӕн, уый зоныс?

– Ӕ… чи? – бафарста зӕронд лӕг, йӕхи зынӕй сраст кӕнгӕйӕ.

– Чызг… мисс Поллиимӕ цӕрдзӕн.

– Ахӕм ныхӕстӕ ӕндӕр искӕмӕн кӕн, – дызӕрдыггӕнгӕ бахудти Том. – Ӕххӕст ма мын, хур райсом скӕсӕны кӕй аныгуылдзӕн, уый дӕр фехъусын кодтаис.

– Уый ӕцӕг у, мисс Полли мын йӕхӕдӕг загъта, – ныллӕууыди Ненси. – Чызг йӕ хӕрӕфырт у, иуӕндӕс азы йыл цӕуы.

Зӕронд лӕгӕн фырдисӕй йӕ дзых бахӕлиу.

– Уый дын гъе!.. Диссаг у, – загъта лӕг, цыма йӕхинымӕр дзырдта, уыйау. Ӕмӕ ӕвиппайды йӕ хуызивд цӕстытӕ уарзӕгой рухсӕй сӕрттывтой. – Уый гӕнӕн нӕй… фӕлӕ, ӕвӕццӕгӕн, уый мисс Дженнийы чызг у! Хотӕй чындзы ӕрмӕстдӕр уый ацыд. О, о, Ненси, уый, ӕвӕццӕгӕн, мисс Дженнийы чызг у. Табу Хуыцауӕн! Уый ӕнхъӕл чи уыд, ӕмӕ зӕрондӕй ахӕм диссаг фендзынӕн!

– Мисс Дженни та чи у?

– Уӕларвӕй чи ’ртахт, ахӕм зӕд, – зӕрдӕбынӕй, мынӕг хъӕлӕсӕй загъта зӕронд лӕг, – раздӕры хӕдзары хицауӕн ӕмӕ йӕ бинойнагӕн уый уыди сӕ хистӕр чызг. Мой куы скодта ӕмӕ

ардыгæй дард кæдæмдæр цæрынмæ куы ацыд, уæд ыл цыди ссæдз азы… бирæ азты размæ. Куыд фехъуыстон, афтæмæй, йæ сывæллæттæ иууылдæр амардысты, кæстæр сабийæ фæстæмæ. Æмæ нæм, æвæццæгæн, уыцы чызг æрбацæудзæн.

– Иуæндæс азы йыл цæуы.

– Æвæццæгæн, – сразы ис зæронд лæг.

– Фынæй кæнын та йæ цары бахъæудзæн… Худинаг æм куыд нæ кæсы! – смæсты ис Ненси, хæдзары ’рдæм ма иу каст фæкодта.

Зæронд Том йе ’рфгуытæ нылхынцъ кодта, фæлæ стæй йæ былтыл цыдæр æнахуыр мидбылхудт фæзынди.

– Диссæгтæ, – загъта лæг, – цымæ мисс Полли сывæллонимæ цы кусдзæн?

– Гъым! Мæнмæ та диссаг уый кæсы, æмæ сывæллон цы кусдзæн мисс Поллиимæ! – фæкъæпп кодта Ненси.

Зæронд лæг ныххудти:

– Æнхъæлдæн, мисс Поллийы тынг нæ уарзыс.

– Æмæ кæй бон у уый уарзын! – æнæрвæссонæй фæхъæр ласта Ненси.

Зæронд Томы былтыл æмбæхст мидбылхудт ахъазыд, æргуыбыр кодта æмæ дарддæр рывта.

– Куыд кæсын, афтæмæй, мисс Поллийы уарзты хабарæн ницы зоныс, – æнæбарыгомау сдзырдта зæронд лæг.

– Уарзты хабар… уымæн? Нæ, ницы фехъуыстон… æмæ йæ чи фехъуыста, ахæм уæвгæ дæр нæй, мæнмæ гæсгæ.

– Фехъуыстой, фехъуыстой, – не сразы ис зæронд лæг. – Уый ныр дæр ам цæры, нæ горæты.

– Цымæ чи у?

– Уый дын нæ зæгъдзынæн, уый дзурæн мын нæй. – Зæронд лæг та йæ астæу сраст кодта. Йæ хуыздзыд æрвгъуыз цæстытæ кастысты хæдзары ’рдæм. Йæ цæстæнгасыл бæрæг уыд, бирæ азты дæргъы лæггад кæмæн кодта, уыцы бинонты кæй уарзы, сæрыстыр сæ кæй у, уый.

– Стыр диссаг мæм кæсы... Уый æмæ уарзон! – раздæрау, ныхъхъæддых ис Ненси.

Зæронд Том йæ сæр банкъуыста.

– Ды мисс Поллийы, æз æй куыд зонын, афтæ нæ зоныс, – загъта лæг. – Тынг рæсугъд уыди. Æмæ ма ныр дæр уаид, куы йæ бафæндид, уæд.

– Тынг рæсугъд? Мисс Полли?

– О, зæгъын дын! Æрмæст йæ дзыккутæ куы ’руадзид, йæ сæрыл дидинджытæй фæлыст худ, йæ уæлæ та урс къаба куы скæнид, уæд æй фенис, куыд рæсугъд у, уый! Мисс Полли зæронд нæма у, Ненси.

– Зæронд нæма у? Ма ныхæстæ кæн! Уæдæ йæхи зæрондæй тынг хорз æвдисы, тынг хорз! – æннæвæрсонæй ныппыррыкк ласта Ненси.

– Афтæ у, – сразы ис зæронд Том. – Йæ уарзонимæ цы мæстытæ бавзæрста, уыдоны фæстæ афтæ сси. Уæдæй нырмæ, цыма æрмæст скъæлдзойæ æмæ какон сындзытæй цæры, афтæ зыны. Ахæм мæстыгæр у, судзинау, афтæ рæхойы, æмæ йæ разы фæлæууæн дæр нæй.

– О, – загъта Ненси мæстыйæ, – йæ зæрдæ йын ницæмæй балхæндзынæ, йæ сæрыл ын сой куы рауадзай, уæддæр. Мызд æмæ ме ’хxормаг бинонтæ куы нæ уаиккой, уæд æз ам иу уысм дæр нæ фæлæууин. Фæлæ искуы, мæ зæрдæйы цы ис, уыдон иууылдæр скалдзынæн, æмæ мæ уæд, кæй зæгъын æй хъæуы, ацы хæдзарæн хæрзбон зæгъын бахъæудзæнис. Афтæ уыдзæн, афтæ.

Зæронд Том та ногæй йæ сæр банкъуыста.

– О, зонын æй. Мæнмæ дæр афтæ каст. Уым диссагæй ницы ис... фæлæ уый хуыздæр мадзал нæу, мæ чызг, баууæнд мыл. – Æмæ та йæ урс сæр ногæй динджытæм æркъул ис.

– Ненси! – райхъуысти æвиппайды цъæхснаг хъæлæс.

– О, о, æхсин! – ферхæцгæйæ, дзуапп радта Ненси, æмæ хæдзары ’рдæм атындзыдта.


...Ардæм иу
гыццыл чызг
кæй æрбацæуддзæн,
уый зоныс?
– Ды мисс Поллийы,
æз æй куыд зонын,
афтæ нæ зоныс, –
уый тынг рæсугъд уыди...
Зæронд Том
Харрингтонты стыр
хæдзар, Алвæндагæй
авд километры дарддæр...
– Уарзты хабар...
уымæн?

# 3 СÆР

## ПОЛЛИАННÆ ÆРБАХÆЦЦÆ

Поллианнæ Белдингсвиллмæ дыууын фæндзæм июны цыппар сахатыл кæй æрбахæццæ уыдзæн, уыцы хабар цы фыстæджы ’рвыст уыд, уый афоныл райстой. Мисс Полли йæ бакаст æмæ йе ’рфгуытæ нылхынцъ кодта. Уый фæстæ асинтыл, цары цы уат уыд, уырдæм схызти. Йæ алфамбылай куы акаст, уæд йæ зæрдæ нæ барухс.

Биноныг уатгонд сынтæг, æмраст, хъæбæркъух дыууæ бандоны, хихсæн, къамод æнæ кæсæнæй æмæ чысыл стъол. Уаты нæ уыди нæдæр рудзынгæмбæрзæнтæ, нæдæр нывтæ. Хур-иу бон дæргъы уæлхæдзар сырхзынг скодта, æмæ-иу гыццыл уат, пецау, стæвд ис. Рудзгуытыл хызæгтæ кæй нæ уыд, уымæ гæсгæ сæ нæ гом кодтой. Дынджыр биндз, мæсты гуыв-гуывгæнгæ, рудзгуытæй иуыл йæхи хоста æмæ дæлæмæ-уæлæмæ кодта. Дзæгъæлы архайдта уынгмæ раирвæзыныл.

Мисс Полли бындзы амардта æмæ йæ рудзынгæй фехста, фæлгæт иучысыл фегом кодта æмæ бандæттæй иу йæ бынатæй фессыдта, афтæмæй. Фæстæмæ та йе ’рфгуытæ нылхынцъ кодта æмæ уатæй рацыдис.

– Ненси, – загъта сылгоймаг чысыл фæстæдæр, къæбицы кæсæрыл æрлæугæйæ. – Уæле Поллианнæйы уаты бындз

ссардтон. Ӕвæццæгæн, рудзынг байгом кодтой. Рудзгуытæн хызæгтæ саразын бафæдзæхстон, фæлæ, цалынмæ нæма сцæттæ сты, уæдмæ дæ хъус дар, æхгæд куыд уой, уымæ. Мæ хæрæфырт райсом цыппар сахатыл æрбахæццæ уыдзæн. Мæн фæнды, цæмæй станцæмæ йæ размæ ацæуай. Тимоти дæ уæрдоныл аласдзæн. Телеграммæйы загъд ис: ирд дзыккутæ, сырх чырынтæ къаба кæттаг хъуымацæй, хъæмпын худ. Ӕндæр дзы ницы зонын, фæлæ йæ уыдæттæм гæсгæ дæр базондзынæ.

– Хорз, æхсин... Фæлæ... ды...

Ненси цæмæн æрлæууыд, уый мисс Полли, æвæццæгæн, бамбæрста, уымæн æмæ фидарæй загъта:

– Нæ, æз нæ ацæудзынæн. Уый дзы ницæмæн хъæуы. Фæдæн мæ ныхас. – Фæзылдис æмæ ацыд. Ууыл ахицæн мисс Поллийы мæт йæ хæрæфырты æнцойдзинадыл.

Къæбицы Ненси тынг мæстыйæ хисæрфæныл иту æвæрдта.

– Ирд дзыккутæ, кæттаг хъуымацæй сырх чырынтæ къаба, хъæмпын худ... Уыдонæй уæлдай ницы зоны! Ӕмæ æцæгæйдæр афтæ у! Ӕз та æфсæрмы кæнин, æфсæрмы! Йæ иунæг хæрæфырт, зæххы кæронæй ардæм чи цæуы, уый!

Дыккаг бон ссæдз минуты хъуаг цыппарыл Тимоти æмæ Ненси гом уæрдоны ацыдысты станцæмæ, цæмæй, цы уазæгмæ 'нхъæлмæ кастысты, ууыл сæмбæлой. Тимоти уыди Зæронд Томы фырт. Горæты-иу дзырдтой: кæд Том мисс Поллийæн йæ рахиз къух у, уæд Тимоти та – йæ галиу къух.

Тимоти уыди зæрдæхæлар æмæ бакастджын лæппу. Ӕмæ кæд Ненси мисс Поллийы хæдзары æрæджы фæзынд, уæддæр йемæ балымæн ис. Фæлæ йæм абон йæ хæс уыйбæрц ахсджиаг каст, æмæ дзы суанг, цас дзураг у, уый дæр ферох ис. Станцæйы онг, зæгъæн ис, æмæ ницы дзырдта. Уæрдонæй рахызт æмæ перронмæ рацыди. Йæхинымæр, фæлхатгæнгæ, дзырдта: «Ирд дзыккутæ, кæттаг хъуымацæй сырх чырынтæ къаба, хъæм-

пын худ». Æмæ та-иу афæлвæрдта Поллианнæйы сурæт йæ цæстытыл ауайын кæнын.

– Мæ зæрдæ дарын, сабыр æмæ зондджын чызг кæй у, ууыл – йæхи пайдайæн; стæй кæрдтæ йæ къухæй кæй нæ фæхауынц æмæ дуæрттæ гуыппытæ кæй нæ фæкæны, – ныуулæфгæйæ, загъта Тимотийæн.

– Æмæ кæд ахæм нæу, уæд махмæ не 'ппæтмæ дæр цы 'нхъæлмæ кæсы, уый бæрæг нæй, – бахудти Тимоти. – Дæ цæстытыл ма ауайын кæн: мисс Полли æмæ тæлфаг сывæллон… О-о, поезды æхситт! Хъусыс æй?

– Охх, Тимоти, мæнмæ гæсгæ, йæхæдæг кæй нæ рацыд, фæлæ мæн кæй рарвыста, уый аив нæу, – хъуыр-хъуыр кодта Ненси æмæ æваст фæтарсти. Фæзылд æмæ рæвдз, чысыл станцæйы цы бæлццæттæ рахызт, уыдоны размæ атындзыдта.

Уалынмæ йæ ауыдта Ненси – къæсхуыр ныллæг чызг кæттаг хъуымацæй сырх чырынтæ къабайы. Йæ фæсонтыл – гæнхуыз дыууæ ставд дзыккуйы. Хъæмпын худы бынæй зындис хъæлдзæг дзыгъуыр цæсгом. Куы рахизырдæм каст, куы галиуырдæм, бæрæг уыди, кæйдæр кæй агуры, уый.

Ненси йæ уайтагъд базыдта, фæлæ иуцасдæр йæ уæрджыты рызт басабыр кæнын йæ бон нæ уыд, æмæ йæ бынатæй не змæлыдис. Æппынфæстаг æм æрбахæстæг, уæдмæ чызг платформæйы аззадис иунæгæй.

– Ды… Полианнæ дæ? – къуызгæ сдзырдта Ненси, æмæ йыл иннæ уысм чызджы мæллæг къухтæ ныттыхстысты.

– Ахæм цин кæнын, ахæм цин кæнын, цин кæнын, кæй дæ уынын, ууыл! – ныззæлланг кодта йæ хъусы райгонд хъæлæс. – Æз Поллианнæ дæн! Ахæм цин кæнын, мæ размæ кæй рацыдтæ, ууыл! Кæй мæм æрбацæуудзынæ, уый зыдтон!

– Зы… зыдтай? – сдзырдта Ненси æмæ хорзау нал фæцис. Поллианнæ йæ куыд базыдта æмæ йыл цин цæмæн кæны, уый не 'мбæрста. – Зыдтай? – сдзырдта ногæй, фæрсы-

рдæм цы худ никъкъул ис, уый сраст кæнынил архайгæйæ.

– О! Æнæхъæн фæндаг архайдтон мæ цæстытыл дæ сурæт ауайын кæнын! – хъæрæй загъта чызг. Йæ къахфындзтыл æркаф-æркаф кодта æмæ къæмдзæстыг Ненсийыл сæрæй къæхты онг йæ цæст æрхаста. – Ныр та йæ зонын! Æмæ мын æхсызгон у, дæ бакаст, куыддæриддæр дæ, раст ахæм кæй у, уый.

Поллианнæйы ныхæстæй Ненси бынтон ныфсæрмы ис, фæлæ сæм йæ амондæн уыцы рæстæг Тимоти æрбацыд.

– Уый Тимоти у. Чумæдан дæм ис, мииййаг? – æнæуæндонæй бафарста Ненси.

– О, ис. – Поллианнæ райгондæй йæ сæр разыйы тылд бакодта.– Ног чырын мæм ис. Хæрзгæнæг комитеты сылгоймæгтæ мын æй балхæдтой. Тынг хорз нæ бакодтой, куыд уæм кæсы? Уыцы ’хцайæ сæ аргъуанæн гауыз балхæнын ахæм тынг фæндыди! Æз æй бæлвырд нæ зонын, чырыны аргъæй цавæр гауыз балхæнæн ис, уый… Фæлæ, æвæццæгæн, ис, зæгъæм, бандæтты рæнхъы ’хсæн æмбисмæ айтауыны фаг, куыд дæм кæсы? Мæнæ мæм ам, мæ хызыны, ис гыццыл гæххæт, мистер Грей йæ «чек» схуыдта. Дæ мадыхомæ йæ ратт, зæгъгæ, мын бафæдзæхста, цæмæй дæ бон чырын райсын уа, уый тыххæй. Мистер Грей миссис Грейы лæг у, пастор Карры усæн йæ хæстæджытæ сты. Скæсæны ’рдæм цыдысты, æмæ мæн дæр семæ ракодтой, уымæн æмæ уыдон тынг дзæбæх адæм сты! Æмæ… мæнæ ис чек, – фæцис чызг йæ ныхас. Бирæ йæ фæцагуырдта æмæ йæ кæддæр йæ хызынæй сласта.

Ненси арф ныуулæфыдис. Ахæм дæргъвæтин ныхасы фæстæ исчи хъуамæ кæй ныуулæфа, уый йæхимидæг банкъардта. Уый фæстæ сусæгæй Тимотимæ бакаст, фæлæ уый аивæй йæхи хызта йæ цæстæнгасæй.

Æппынфæстаг Поллианнæимæ сæ фæндагыл араст сты, чырын уæрдоныл фæсте бабастой, афтæмæй. Уый та Ненси æмæ Тимотийы ’хсæн дзæбæх сбадти. Чызг йæ дзурынæй æппын-

дæр не ’нцад. Йæ хабæрттæн æмæ йæ фæрстытæн кæрон нæ уыди, цалынмæ Ненси фырдисæй, чызджы аййафынмæ тыргæйæ, йæ хъару кæй басаст, уый нæ бамбæрста, уæдмæ.

– Ехх! Мæнæ цы хорз у! Дард цæуын нæ хъæуы? Дард куы уаид… Æз фæндагыл цæуын бирæ уарзын, – загъта Поллианнæ, цæлхытæ куы фезмæлыдысты, уæд. – Æниу, кæд дард нæу, уæддæр маст нæ кæндзынæн, уымæн æмæ мын бынатыл тагъд сæмбæлын æхсызгон уыдзæн. Мæнæ цы рæсугъд уынг ис! Æз æй зыдтон, рæсугъд кæй уыдзæн, уый, мæ фыд мын æй дзырдта…

Чызг ныхъхъуус ис, йæ кæуын бауромыныл архайдта. Ненси йæм тарстхуызæй бакаст æмæ бафиппайдта, йæ гыццыл роцъо зыр-зыр кæй кæны, йæ цæстытæ та доны кæй зилынц, уый. Поллианнæ иучысыл хъусæй фæлæууыд, стæй тагъд-тагъд дзырдта дарддæр, хъæбатырæй йæ сæр хæрдмæ сисгæйæ:

– Мæ фыд мын алцыдæр радзырдта, бахъуыды сæ кодта. Æмæ… æз дын уый хъуамæ раздæр бамбарын кодтаин. Миссис Грей мын бафæдзæхста, цæмæй уый уайтагъд бакæнон… мæнæ ацы сырх къабайы тыххæй, æмбарыс? Ома, сау цæуылнæ дарын, уый. Ацы хъуыддаг дæумæ, чи зоны, æнахуыр фæкæса, зæгъгæ, загъта. Фæлæ фæстаг хатт, аргъуанæн цы рауæлдай кодтой, уыдоны ’хсæн сауæй ницы разындис, сау хъæдабæ къабайæ фæстæмæ. Æмæ йæ пастор Карры ус мæн аккагыл нæ банымадта. Ноджы уыцы къабайыл урс тæппытæ уыди… ома, дæрдджын уыди, æмбарыс… йæ рæмбыныкъæдзтыл æмæ æндæр рæтты. Комитеты сылгоймæгтæй иуæй-иуты фæндыд, сау къаба æмæ сау худ мын куы балхæниккой, уый, фæлæ иннæты хъуыдымæ гæсгæ, уыцы ’хца ныууадзын хъуыдис, цы сырх гауыз балхæнынмæ хъавыдысты… аргъуанæн, æмбарыс? Æмæ миссис Уайт загъта, ацы къаба тынг хорз кæй у, уымæн æмæ сывæллæты сау дарæсы нæ уарзы… ома, æз уый зæгъынмæ хъавын, æмæ, æнæмæнг, сывæллæты уарзы, фæлæ сау дарæсы нæ.

Поллианнæ иу уысм уæлдæф сулæфынмæ ’рлæууыд, æмæ Ненси ныхас баппæрста:

– Хорз у алцыдæр… æнæмæнг.

– Афтæ кæй хъуыды кæныс, уый мын æхсызгон у. Мæнмæ дæр афтæ кæсы, – йæ сæр разыйы тылд бакодта Поллианнæ, ногæй йæ кæуын бауромыныл архайгæйæ. – Сау къабайы цин кæнын бæлвырд зындæр уыдаид…

– Цин кæнын? – ныддис кодта Ненси. Фырдисæй йæ ныфс бахаста чызджы ныхас аскъуыйынынмæ.

– О… цин кæнын: мæ фыд уæлæрвтæм кæй ацыд, цæмæй уым мæ мад, ме ’фсымæртæ æмæ мæ хотимæ уа, ууыл. Мæ фыд мын дзырдта, æз хъуамæ цин кæнон, зæгъгæ. Фæлæ уый тынг зын у… цин кæнын, суанг сырх къабайы дæр… уымæн æмæ мын… тынг зын у æнæ уымæй. Æз æдзухдæр, куыд тынг мæ хъæуы, уый æнкъарын, уымæн æмæ мæ мадæн æмæ иннæтæн, уым, уæларвы, ис Хуыцау æмæ æппæт зæдтæ. Мæнæн та, хæрзгæнæг комитеты сылгоймæгтæй уæлдай, ничи ис. Фæлæ мын ныр æнæмæнг æнцондæр уыдзæн, уымæн æмæ ды мемæ дæ, мæ мадыхо Полли. Æз ахæм цин кæнын, мемæ кæй дæ, ууыл!

Ненси, йæ разы чи бадт, уыцы мæгуыр, иунæг æмæ сидзæр чызгæн тынг тæригъæд кодта, фæлæ йын йæ фæстаг ныхæстæ куы айхъуыста, уæд æвиппайды фæтарсти.

– Охх, мæ зынаргъ, тынг рæдийыс,– зынæй сфæрæзта Ненси. – Æз Ненси дæн. Æз дæ мадыхо Полли нæ дæн!

– Мæ мадыхо Полли… нæ дæ? – хорзау нал фæци чызг.

– Нæ дæн, æз Ненси дæн. Ды мæ дæ мадыхо Полли кæй фæхондзынæ, уый æнхъæл нæ уыдтæн. Махмæ… æппындæр иумæйагæй ницы ис!

Тимоти сабыр бахудти, фæлæ Ненси æгæр стыхст, æмæ йын йæ цæстыты хъæлдзæг цæхæртæ нæ бафиппайдта.

– Уæдæ ды чи дæ? – загъта Поллианнæ. – Хæрзгæнæг комитеты цы сылгоймæгтæ ис, уыдоны хуызæн дæр æппындæр куы нæ дæ!

Ныр Тимоти хъæлæсыдзагæй ныххудти.

– Æз дæн Ненси, лæггадгæнæг. Æз хæдзары кæнын алы куыст дæр, æрмæст гæрстæ не 'хсын æмæ хуыссæны цъæрттыл иту не 'вæрын. Уыцы куыстытæ миссис Дурджин кæны.

– Æмæ мæ мадыхо Полли уæвгæ ис? – тыхстхуызæй бафарста чызг.

– Ууыл гуырысхо ма кæн, ис, – загъта Тимоти.

Поллианнæ сулæфыди, фенцондæр ын ис.

– Уæдæ уæд алцыдæр хорз у. – Иуцасдæр хъусæй фæлæууыд, уый фæстæ хъæлдзæгæй дарддæр дзырдта. – Цы, уый зоныс? Мæ мадыхо Полли мæ размæ кæй нæ рацыд, уый мын æхсызгон дæр ма у, уымæн æмæ нæ фембæлд ырма разæй ис, дæу та ныридæгæн базыдтон, Ненси.

Ненси ныссырх ис. Тимоти йæм мидбылхудгæ разылд.

– Тынг хорз зæрдæлхæнæн ныхас у, ницы зæгъæн дзы ис. Гыццыл æхсинæн бузныг цæуылнæ зæгъыс?

– Æз… хъуыды кодтон мисс Поллийыл, – загъта Ненси.

Поллианнæ райгондæй сулæфыд.

– Æз дæр. Цыхуызæн у, уый базонын мæ тынг фæнды. Æмбарыс, уый мæ иунæг мадыхо у, æз та йæ бирæ рæстæг зонгæ дæр нæ кодтон, кæй мын ис, уый. Стæй мын æй мæ фыд загъта. Уый мын дзырдта, къуыбырыл стыр æмæ рæсугъд хæдзары цæры, зæгъгæ.

– О, афтæ у. Ныридæгæн зыны ардыгæй, – загъта Ненси. – Уый, уæртæ разæй чи ис, уыцы урс хæдзар у, кæрдæгхуыз рудзынгæмбæрзæнтæ кæуыл ис, уый.

– Цы рæсугъд у! Йæ алыварс цас бæлæстæ æмæ кæрдæг ис! Мæнмæ гæсгæ, уыйбæрц цъæх кæрдæг никуыма федтон. Ненси, мæ мадыхо Полли хъæздыг у?

– О.

– Цы 'хсызгон мын у! Бирæ 'хца дæм куы уа, уæд уый, æвæццæгæн, диссаджы хорз у. Мистер æмæ миссис Уайтæй фæстæмæ,


– Ног чырын мæм ис. Хæрзгæнæг комитеты сылгоймæгтæ мын æй балхæдтой.
...ирд сæрыхъуынтæ, сырх чырынтæ къаба, хъæмпын худ
– Мæнæн æхсызгон дæр ма у, мæ мадыхо мæ размæ кæй нæ рацыдис, уый, уымæн æмæ нæ фембæлд нырма разæй ис, æз та дæ ныридæгæн базыдтон, Ненси.
Тимоти Дурджин, Зæронд Томы фырт

бирæ ’хца кæмæ ис, ахæм адæмы нæ зыдтон, æмæ уыдон тынг хъæздыг сты. Сæ алы уаты дæр ис гауызтæ, алы хуыцаубон дæр сæм – æхсырысæрты сæлдæг. Мæ мадыхо Поллимæ дæр хуыцаубонты æхсырысæрты сæлдæг вæййы?

Ненси йæ сæр батылдта, йæ мидбылхудт йæ былгæрæтты бадти. Тимотиимæ кæрæдзимæ хъæлдзæгæй бакастысты.

– Нæ, мæ хур. Мæнмæ гæсгæ, дæ мадыхо æхсырысæрты сæлдæг нæ уарзы; растдæр зæгъгæйæ та, никуы йæ федтон сæлдæг хæргæ.

Поллианнæ æрæнкъард ис.

– Нæ уарзы?! Мæнæ мын цы хъыг у! Æз æй не ’мбарын, æхсырысæрты сæлдæг уарзæн куыд нæ ис, уый. Фæлæ... цæй, ууыл дæр цин кæнын, уымæн æмæ сæлдæг куы нæ хæрай, уæд дзы дæ гуыбын не срисдзæн, миссис Уайты сæлдæгæй-иу куыд срысти, афтæ... ома, сæлдæг-иу æгæр бирæ куы бахордтон, уæд. Чи зоны, мæ мадыхо Поллимæ ис гауызтæ?

– О, ис.

– Алы уаты дæр?

– Зæгъæн ис, алы уаты, – дзуапп радта Ненси. Цары цы гыццыл æмæ афтид уат уыди, стæй гауызæн йæ кой дæр кæм нæ уыд, ууыл куы ахъуыды кодта, уæд йæ цæсгом ныттар.

– Мæнæ цы хорз у! – ныццин кодта Поллианнæ. – Æз гауызтæ бирæ уарзын. Махмæ гауызтæ нæ уыди, æрмæст дыууæ гыццыл гауызы, аргъуанæн кæй радтой, уыдоны ’хсæн чи разынд, ахæмтæ. Иуыл дзы уыди милы тæппытæ. Миссис Уайтмæ нывтæ дæр уыдис. Уыдон тынг рæсугъд уыдысты: уардитæ; гыццыл чызджытæ, сæ уæрджытыл лæугæйæ; гæды; уæрыччытæ; домбай... æрмæст домбай æмæ уæрыччытæ, кæй зæгъын æй хъæуы, иумæ нæ уыдысты. Библийы æнæмæнг загъд ис, уый фæстæ иумæ хиздзысты[1], зæгъгæ, фæлæ нырма нæ хизынц... ома, миссис Уайтмæ нæма хизынц. Ды уарзыс нывтæ?

[1] *Кæс Пехуымпар Йеремийы чиныг, 11:6.*

– Æз… нæ йæ зонын, – дзуапп ратта Ненси æнæныфсхастæй.

– Æз уарзын. Махмæ нывтæ нæ уыдис. Аргъуанæн кæй рахицæн кæнынц, уыдоны ’хсæн стæм хатт бахауынц. Фæлæ нæм уæддæр дыууæ нывы уыдис. Иу дзы ахæм хорз уыди, æмæ йæ мæ фыд уайтагъд ауæй кодта, цæмæй мын дзабыртæ балхæна. Иннæ та ахæм æвзæр уыд, æмæ йæ куыддæр æрцауыгътам, афтæ ныппырх ис. Йæ авг асасти, æмбарыс? Æз ма йыл кæугæ дæр фæкодтон. Фæлæ мын ныр æхсызгон у, рæсугъд дзаумайæ нæм кæй ницы уыди, уый. Афтæмæй, мæ мадыхо Поллимæ цы рæсугъд дзаумæттæ ис, уыдон мæ зæрдæмæ тынгдæр фæцæудзысты. Уымæн æмæ æз ахæмтыл ахуыр нæ дæн. Уый, цыма, аргъуанæн кæй рахицæн радтой, уыцы зæронд æмæ ивд дзаумæтты ’хсæн æвиппайды дæ дзыккутæн рæсугъд ног лентытæ ссардтай, афтæ у. Мæнæ цы рæсугъд хæдзар ис! – зæрдиагæй ныхъхъæр кодта чызг, уæрдон, бæлæсты ’хсæнты тыргъмæ цы уæрæх фæндаг цыд, уый онг куы бахæццæ ис, уæд.

Тимоти чырын куы хæлдта, уæд ын Ненси йæ хъусы адзырдта:

– Ныр мын куыстæй ацæуыны кой мауал скæн, Тимоти Дурджин! Ныр мæн ардыгæй цыфæнды ’хцаты тыххæй дæр ничиуал ацæуын кæндзæн!

– Ацæуын! Кæй зæгъын æй хъæуы, нæ, – бахудтис Тимоти. – Мæн дæр ныр ардыгæй ничиуал атæрдзæн. Ам ныр тынг хъæлдзæг уыдзæн ацы чызгимæ, киномæ цæуын дæр нал хъæуы.

– Хъæлдзæг, хъæлдзæг! – сфæзмыдта йæ Ненси мæстыйæ. – Мæнмæ гæсгæ, ацы мæгуырæг не ’хсинимæ иу цары бын куы ацæра, уæд ын хъæлдзæг нæ уыдзæн. Æмæ йæ фидар мæсыг бахъæудзæн, уадтымыгътæй æмбæхсæн кæм уа, ахæм. Уæдæ уыцы мæсыг суыдзынæн æз, Тимоти, о, æз, æз! – расомы кодта Ненси, фæзылдис æмæ Поллианнæйы дурæй конд уæрæх къæсæртыл уæлæмæ акодта.

# 4 СÆР

## УАТ ЦАРЫ

Мисс Полли Харрингтон йæ хæрæфыртæн нæ сыстад. Æцæг чиныгæй йæ цæстæнгас фæиртæста, Ненси æмæ Поллианнæ уаты къæсæрыл куы ’рлæууыдысты, уæд. Чызгмæ йæ къух бадардта, фæлæ уыцы къухы уазал æнгуылдзтæй алкæуыл дæр ставдæй фыст уыди дзырд «хæс».

– Куыд дæ, Поллианнæ? Æз... – Æндæр исты зæгъынæн ын фадат нал фæцис. Поллианнæ, фатау, уаты сæрты батахт. Йæ мæсты æмæ тызмæг мадыхойы хъæбысмæ йæхи фехста.

– О, мæ мадыхо Полли, мæ мадыхо Полли! Æз ахæм цин кæнын, кæй мæ суазæг кодтай, ууыл! – кæугæйæ, дзырдта чызг. – Ды йæ зонгæ дæр нæ кæныс, уый цы диссаджы хорз у, ды, Ненси æмæ æппæт адæттæ кæй ис! Раздæр мын, хæрзгæнæг комитеты сылгоймæгтæй фæстæмæ, ничи уыди...

– Уырны мæ... кæд семæ æхсызгонæй нæ базонгæ дæн, уæддæр, – дзуапп радта тызмæгæй мисс Полли, йæхи чызджы гыццыл æнгуылдзтæй суæгъд кæныныл архайгæйæ. Йе ’лхынцъ æрфгуыты бынæй Ненсимæ касти. Уый лæууыди дуары къæсæрыл. – Дæ бон у, æмæ ацæуай, Ненси. Поллианнæ, дæ хорзæхæй, раст слæуу, куыд æмбæлы, афтæ. Æз нырма, цыхуызæн дæ, уый дæр нæ федтон.

Поллианнæ уайтагъд иуварс алæууыд, фыртыхстæй ныххудти.

– Нæ федтай, бæгуы. Фæлæ мæм уыйбæрц уынинагæй ницы ис, æмæ алцыдæр мæнæ ацы дзыгъуыырты аххосæй. Хæдæгай, æз дын хъуамæ ацы сырх къабайы, стæй, йæ рæмбыныкъæдзтыл урс тæппытæ цы сау хъæдабæ къабайæн уыди, уый тыххæй алцыдæр бамбарын кæнон. Æз Ненсийæн дзырдтон, мæ фыд мын афтæ кæй загъта…

– Дæ фыд цы загъта, уый мæ нæ хъæуы, – йæ ныхас ын цæхгæр аскъуыдта мисс Полли. – Æнхъæлдæн, чумæдан дæм ис?

– О, мæ мадыхо. Рæсугъд гыццыл чырын мæм ис, комитеты сылгоймæгтæ мын æй балхæдтой. Дзаумæттæ дзы бирæ нæй, ома, мæхи чи сты, ахæмтæ… Фæстаг рæстæджы, аргъуанæн-иу кæй рауæлдай кодтой, уыдоны 'хсæн чызджы дарæс нæ уыди; фæлæ мæ фыды чингуытæ иууылдæр уым сты, чырыны. Миссис Уайт афтæ загъта, зæгъгæ, хуыздæр уыдзæн, цæмæй сæ æз ахæссон. Æмбарыс, мæ фыд…

– Поллианнæ, – ногæй та йæ цæхгæр фæурæдта мадыхо, – ды хъуамæ райдианæй бамбарай: мæн нæ фæнды, цæмæй æдзух дæ фыды кой кæнай.

Чызг ныуулæфыд, фæуыргъуыйау.

– Мæ мадыхо Полли, ды… афтæ зæгъынмæ хъавыс… – Фæдызæрдыг, фæлæ мисс Полли фæрæвдз:

– Цом, ацæуæм уæлæмæ, дæ уатмæ. Дæ гыццыл чырын афонмæ уым ис. Æз Тимотийæн бафæдзæхстон, цæмæй дын æй уæлæмæ схæсса… куы дæм разына, уæд. Цом мæ фæдыл, Поллианнæ.

Поллианнæ хъыпп-сыпп не скодта, афтæмæй фæзылд æмæ йæ мадыхойы фæдыл уатæй рацыди. Йæ цæстытæ доны разылдысты, фæлæ йæ сæр не 'руагъта.

«Цæй, мæнæн æхсызгон дæр ма у, мæ фыды кой кæнон, уый йæ кæй нæ фæнды, – хъуыды кодта Поллианнæ. – Чи зоны, афтæ мын æнцондæр уыдзæн… йæ кой куы нæ кæнон, уæд. Чи зоны,

уымæн мæ нæ уадзы йæ кой кæнын». Æмæ Поллианнæ, йæ мадыхо зæрдæхæлар кæй у, ууыл фидарæй æууæндгæйæ, йæ цæссыгтæ асæрфта æмæ цымыдисæй йæ алыварс акасти. Уыцы рæстæг асинтыл уыди. Йæ разæй сыф-сыф кодта йæ мадыхойы рæсугъд сау зæлдаг къаба. Гом дуæрттæй зындысты гауызтæ æмæ æрттивгæ хъуымацæй нывæзт къæлæтджынтæ. Къæхты бын, фæлмæн кæрдæгхуыз хъуынайау, диссаджы гауыз айтыгъди. Куы-иу йæ рахизфарс, куы – йæ галиуфарс, цæстытæ къахгæ, ферттывтой нывты фæлгæттæ æмæ хуры рухсы ризгæ тæппытæ; уыцы рухс æмбæрзæнты хызтæй мидæмæ хъардта.

– О, мæ мадыхо Полли, мæ мадыхо Полли! – мынæг хъæлæсæй дзырдта фырцинæй Поллианнæ. – Цы диссаджы рæсугъд хæдзар у! Ды, æвæццæгæн, тынг цин кæныс, ахæм хъæздыг кæй дæ, ууыл!

– Поллианнæ! – ныхъхъæр кодта мадыхо, цæхгæр фæзилгæйæ. – Мæнæ стыр диссаг! Дæ бон мын афтæ зæгъын куыд у?!

– Цæуылнæ, мæ мадыхо! Ау, цин нæ кæныс? – бафарста Поллианнæ æнæхинæй.

– Кæй зæгъын æй хъæуы, нæ кæнын. Æмæ мæ зæрдæ дарын, уыйбæрц сæрцух кæй никуы разындзынæн, цæмæй, Хуыцау мæ цы хорзæхы аккаг скодта, уымæй, тæригъæдджынау, мæ сæр бæрзæндты хæссон, – загъта мисс Полли. – Æз хъæздыгдзинадæй сæрыстыр никуы уыдзынæн!

Мисс Полли фæзылд æмæ асинтæй цармæ цы дуар уыд, уый цурмæ бацыди. Ныр ын æхсызгон дæр ма уыд, чызгæн бынат ацы ран кæй скодта, уый. Раздæр йæ хъуыды уый мидæг уыди, цæмæй йæм чызг æгæр æввахс ма уа. Стæй сывæллон æнæрхъуыды у, æмæ хæдзары зынаргъ дзаумайæн цæмæй мацы знаггад ракæна, ууыл архайдта. Фæлæ ныр уыцы ныхæстæ фехъусгæйæ, мисс Поллимæ бирæ хуыздæр фæкаст, цы уат ын рахицæн кодта кодта, уый хуымæтæг кæй у æмæ дзы уæлдай дзаумайæ кæй ницы ис.

Поллианнæйы гыццыл къæхтæ цæрдæг сæпп кодтой йæ мадыхойы фæдыл. Йе стыр æрвгъуыз цæстытæ ноджы цæрдæгдæрæй алфамбылай сгæрстой, цæмæй ацы диссаджы хæдзары цы рæсугъд дзаумæттæ ис, уыдонæй иу дæр æнæфенгæ ма баззайа. Уæлдай цæрдæг куыста йæ фантази. Иу фарст æй тынг цымыдис кодта: ацы алæмæты дуæрттæй йæ кæцы бакæндзæн йæхи уатмæ – зынаргъ æмæ рæсугъд уатмæ, æмбæрзæнтæ, гауызтæ æмæ нывтæй йедзаг чи у, ахæммæ, ныræй фæстæмæ йæхи чи хъуамæ суа, уымæ? Уыцы рæстæг йæ мадыхо æвиппайды цавæрдæр дуар фегом кодта æмæ 'ндæр асинтыл хæрдмæ фæцæйцыди.

Ам, цæст цæуыл æрæвæрай, ахæмæй ницы уыд. Фæйнæрдыгæй – æрмæст бæгънæг къултæ. Уæле – талынг æмæ уæрæх фæзуат. Йæ фаллаг къуымты цар пъолыл ныдзæвыд, алырдыгæй кæрæдзийыл амад уыдисты æнæнымæц чумæдантæ æмæ къоппытæ. Ам уыдис тæвд æмæ æнуд. Поллианнæ æнæбары йæ сæр хæрдмæ систа – афтæ йæм каст, цыма йын улæфын дæр зын у. Уалынмæ мадыхо рахизырдыгæй дуар фегом кодта.

– Мæнæ дæ уат, Поллианнæ, дæ гыццыл чырын дæр ам ис. Дæгъæл дæм ис?

Поллианнæ æнæдзургæйæ йæ сæр разыйы тылд бакодта. Йæ цæстытæ фыртæссæй фæхъоппæг сты.

Мисс Полли йе 'рфгуытæ ныллхынцъ кодта.

– Поллианнæ, æз-иу дæ истæмæй куы бафæрсон, уæд мæ фæнды, цæмæй мын дзуапп радтай хъæрæй, дæ сæр ма тилай, фæлæ.

– Хорз, мæ мадыхо.

– Бузныг, афтæ хуыздæр у. Мæнмæ гæсгæ, ам ис, цыдæриддæр дæ хъæуы, уый, – бафтыдта мисс Полли, хисæрфæн ауыгъд кæуыл уыд, уыцы ауындзæнмæ æмæ доны дурынмæ бакæсгæйæ. – Æз Ненсийы æрбарвитдзынæн, цæмæй дæм дæ дзаумæттæ

’фснайынмæ фæкæса. Æхсæвæр уыдзæн æхсæз сахатыл, – загъта мадыхо, уатæй рахызт æмæ сæрыстырхуызæй асинтыл дæлæмæ фæраст.

Поллианнæ иу минуты бæрц æнæзмæлгæйæ лæууыд æмæ йæ фæдыл касти. Уый фæстæ рохстæй бæгънæг къултыл, афтид пъолыл æмæ гом рудзгуытыл йæ цæст ахаста. Æппынфæстаг, йæ цæстæнгас гыццыл чырыныл андзæвыд. Æрæджы дæр ма дард ныгуылæйнаг хæдзары йæхи уаты лæууыди. Базгъордта йæм, йæ уæрджытыл æрхауд æмæ йæ цæсгом йæ къухтæй сæхгæдта.

Цалдæр минуты фæстæ йæ Ненси афтæмæй баййæфта.

– Уæ, мæ гыццыл уæрыкк, – рæвдаугæ йæм сдзырдта мынæг хъæлæсæй. Пъолыл æрбадт æмæ чызджы узæлгæ æрбахъæбыс кодта. – Æз дæр уымæй куы тарстæн… ам дæ кæугæйæ кæй æрбаййафдзынæн… кæугæйæ!

Поллианнæ йæ сæр батылдта.

– Ненси, æз тынг цъаммар æмæ ’взæр чызг дæн, – скуыдта чызг. – Мæ бон нæу мæхицæн бамбарын кæнын, мæ фыд Хуыцауы æмæ зæдты мæнæй фылдæр кæй хъуыдис, уый.

– Ницы сæ хъуыдис фылдæр, – фидарæй загъта Ненси.

– О, Ненси! – Поллианнæйы цæстыты цы тас ссыгъди, уымæй йæ цæссыгтæ дæр ахус сты.

Ненси фефсæрмы ис, бахудти æмæ сусæгæй йæ цæссыгтæ асæрфта.

– Цæй-ма, мæ хур, æз афтæ нæ хъуыды кæнын! – хъæрæй загъта Ненси. – Æри-ма дæ дæгъæл ардæм, ацы чырынмæ ныккæсæм æмæ дын дæ къабатæ фенæм. Иу-дыууæ, иу-дыууæ!

Поллианнæйы цæстытæ нырма хуылыдз уыдысты, афтæмæй йæм дæгъæл балæвæрдта.

– Бирæ не сты, – сдзырдта чызг ризгæ хъæлæсæй.

– Гъемæ сæ уæд ноджы тагъддæр райхалдзыстæм!

Æнæнхъæлæджы Поллианнæ йæ мидбылты бахудти.

– Тынг раст! Æмæ мæнæн мæ бон ууыл цин кæнын у, æцæг? – ныхъхъæр кодта уый.

Ненси йæм дисгæнгæ бакаст.

– О, кæй зæгъын æй хъæуы, – дзуапп радта мынæг хъæлæсæй.

Ненсийы цырд къухтæ рæвдз райхæлдтой чингуытæ, æмпъызт мидæггæгтæ æмæ цалдæр лæзæрд, фыдуынд къабайы. Поллианнæ йе ’хсары муртæ æрæмбырд кодта æмæ, мидбылты худгæйæ, зилдух кодта йæ разы; къабатæ ауыгъта скъаппы, чингуытæ стъолыл æвæрдта, мидæггæгтæ тъыста къамоды лæгъзты.

– Мæн фидарæй уырны – ацы уат тынг дзæбæх уыдзæн. Ды та куыд хъуыды кæныс? – æргом гуырысхоимæ сдзырдта чызг.

Дзуапп нæ райста. Ненси йæ сæр чырыны нытътъыста, дзурынмæ йæ не ’вдæлд. Поллианнæ къамоды раз лæууыд æмæ афтид къулмæ æнкъардæй касти.

– Цин кæндзынæн, ам кæсæн кæй нæй, ууыл, уымæн æмæ мæ дзыгъуыртæ нæ уындзынæн.

Ненсийы хъуырæй æнæнхъæлæджы цыдæр æнахуыр мыр сирвæзт, фæлæ йæм Поллианнæ куы ракаст, уæд йæ сæр фæстæмæ чырыны февзæрдис. Цалдæр минуты фæстæ, рудзгуытæй иуы раз æрлæугæйæ, Поллианнæ йæ армытъæпæнтæ кæрæдзиуыл æрцавта æмæ йæ цины хъæр райхъуыст:

– О, Ненси, æз та йæ фыццаг нæ федтон! Кæс-ма… ардыгæй алцыдæр зыны – бæлæстæ, хæдзæрттæ, стæй диссаджы аргъуаны цъупп! Цæугæдон цæхæртæ калы, æвзистау! Ненси, рудзынгæй ахæм ныв куы зына, уæд ма нывтæ дæр цæмæн хъæуынц. Ехх, куыд тынг цин кæнын ныр, мæ мадыхо мæ ацы уаты кæй æрцæрын кодта, ууыл!

Поллианнæ дисы бафтыд æмæ фæтарсти, уымæн æмæ Ненсийæн йæ цæссыгтæ фемæхстысты. Чызг æм базгъордта.

– Ненси, цы кæныс?.. Ненси, цы ’рцыди? – ныхъхъæр кодта Поллианнæ, æмæ уый фæстæ тарстхуызæй бафтыдта: – Ацы уат дæу уыди, мыййаг?

– Мæ уат! – йæ маст рафыхти Ненсийæн, йæ цæстысыгтæ ныхъуырдта. – Ды гыццыл зæд дæ, раст арвæй чи ’рцыдис, ахæм… æмæ чидæр йæ азымыл куы нæ басæтта æмæ куы нæ ’рбацæуа, цалынмæ… Мæнмæ гæсгæ, уый дзæнгæрæг у! – уыцы диссаджы ныхæсты фæстæ Ненси фæгæпп ласта, фатау, ратахти уатæй, сæпп-сæппгæнгæ, асинтыл дæлæмæ ныййарц.

Поллианнæ иунæгæй куы аззад, уæд раздæхти йæ «нывмæ». Рудзынгæй цы рæсугъд æрдзы ныв зынди, уый йæхинымæр афтæ схуыдта. Цасдæр рæстæджы фæстæ хъавгæ бавнæлдта рудзынджы фæлгæтмæ. Афтæ йæм касти, цыма уыцы тæвд æмæ æнудæн дарддæр бафæразæн нал уыд. Йæ амондæн фæрсаг æнцонæй базмæлыд. Поллианнæ рудзынг уæрæх байгом кодта æмæ дзы суанг йæ астæумæ рабырыди. Дыргъдоны хæрздæф цы сатæг уæлдæфы ахъардта, уый зыдæй улæфыд.

Уый фæстæ базгъордта иннæ рудзынгмæ. Уый дæр байтыгъта. Дынджыр бындз йæ тæккæ фындзы бын атахт æмæ уаты ныггуыв-гуыв кодта. Уый фæстæ ма ’рбатахтис иу, стæй ноджыдæр; фæлæ сæм Поллианнæ йæ хъус не ’рдардта. Уымæн раргом ис диссаджы ногдзинад: рудзынджы бакомкоммæ сæхи айтыгътой стыр бæласы тыхджын къалиутæ, раст цыма йæ сæ хъæбысмæ хуыдтой, уыйау.

Поллианнæ æваст хъæрæй ныххудти.

– Æнæмæнг, бауыдзæн мæ бон,– загъта чызг, æмæ рæвдз рудзынджы тæрхæгмæ сбырыди. Уырдыгæй бæласы æввахсдæр къалиумæ акъахдзæф кæнын æнцондæр уыд. Уый фæстæ, маймулийау, къалиутыл хæцгæйæ, бæласы дæллаг цонгмæ ’рхызти. Уырдыгæй зæххмæ ’ргæпп кæнын тынг тæссаг уыди, суанг бæлæстыл бырын ахуыр Поллианнæйæн дæр. Фæлæ йæ гыццыл къухтыл æрдзедзыкка кодта æмæ уæддæр æргæпп ласта. Иу уысм йæ улæфт фæурæдта æмæ фæлмæн кæрдæгыл февзæрдис. Цæрдæг фестад æмæ акасти йæ алыварс. Йæ разы уыди дыргъдон, иу зæронд лæг дзы

гуыбырæй куыста. Дыргъдоны фале зындис нарæг фæндаг, уæрæх быдырыл уырдыглæууæг къуыбырмæ ахæццæ. Йæ сæрыл, стыр къæдзæхмæ ’ввахс, хъахъхъæнæгау, лæууыдис иунæг нæзы бæлас. Уыцы рæстæг Поллианнæмæ афтæ фæкаст, цыма зæххыл ис æрмæстдæр иу бæллиццаг бынат – уыцы айнæджы цъупп.

Йæ размæ цы цæлхдуртæ уыд, уыдоны сæрты арæхстджынæй хизгæйæ, Поллианнæ, дидинджытæм цы зæронд лæг æргуыбыр кодта, уый цурты, къудзиты æмæ бæлæсты рæзты азгъордта. Тыхулæфтгæнгæ, быдыры нарæг фæндагмæ бахæццæ ис. Уый фæстæ уæндонæй къуыбырмæ бырын райдыдта. Æрмæст ныр бамбæрста, уыцы хох дард кæй у, афтæмæй йæм рудзынгæй тынг хæстæг фæкаст.

Фынддæс минуты фæстæдæр, Харрингтоны хæдзары тыргъы цы сахат ауыгъд уыд, уый æхсæз сахаты ныццагъта. Йæ фæстаг æрцæфы фæдыл Ненси дзæнгæрæгæй ныззæлланг кодта, æхсæвæрмæ сидгæйæ.

Рацыдис иу минут, дыууæ, æртæ... Мисс Полли æлхынцъæрфыгæй касти æмæ тыхстхуызæй пъол æртъæпп-æртъæпп кодта йæ дзабыры зæвæтæй. Уый фæстæ цæхгæр фестад, уазджыты уатæй тыргъмæ рацыд æмæ, нæхъæцгæйæ, асинты уæллаг фæзуатмæ скасти. Минуты бæрц æдзынæг байхъуыста, стæй фæзылд æмæ сæрыстырхуызæй хæрæндонмæ араст.

– Ненси, – загъта мисс Полли тызмæгæй, лæггадгæнæг куыддæр фæзындис, афтæ. – Мæ хæрæфырт æхсæвæрмæ æрæджы кæны. Нæ, нæ, ма йæм фæдзур, – бафтыдта сылгоймаг, Ненси дуарырдæм куы фæцæйцыдис, уæд. – Æз ын загътон, æхсæвæр цафон уыдзæн, уый, æмæ йæ рæдыдæн хъуамæ дзуапп йæхæдæг дæтта. Райдианæй хъуамæ ахуыр кæна алцыдæр афоныл æххæст кæныныл. Куы ’рцæуа, уæд ын-иу къæбицы дзул æмæ æхсыр ратт.

– Æнæмæнгæй, æхсин. – Хорз уыд, æмæ мисс Полли уыцы рæстæг Ненсийы цæсгоммæ нæ бакаст.

Æхсæвæры фæстæ Ненси, куыддæр ын фадат фæцис, афтæ асины раз февзæрди, уырдыгæй та, цары цы уат уыд, уырдæм сызгъордта.

– Дзул æмæ æхсыр! Æцæгæйдæр-ма! Мæгуырæг, афонмæ йæхи кæуынæй амардта æмæ бафынæй ис, – мæстыйæ хъуыр-хъуыр кодта Ненси, сабыргай дуар байгом кæнгæйæ. Фæлæ уайтагъд фыртæссæй ныхъхъæр ласта: – Кæм дæ? Кæдæм алыгъдтæ? Цы фæдæ?..

Фыртыхстæй тыхулæфт кæнгæйæ, Ненси бакасти скъапмæ, сынтæджы бынмæ, суанг, доны дурыны фæстæ цы чырын лæууыд, уый хуылфмæ дæр ныккасти. Уый фæстæ асинтыл ныййарц ис дыргъдонмæ, Зæронд Томмæ.

– Мистер Том, мистер Том, уыцы арфæгонд саби фæцыдæр! – æрдиаг кодта Ненси. – Фæцыдæр ис, атахти уæларвмæ, кæцæй æрцыдис, уырдæм... Мæнæн та бафæдзæхстой, цæмæй йын къæбицы дзул æмæ æхсыр раттон... ныр зæдты амбрози чи хæры, уымæн! Сомы кæнын, сомы кæнын!..

Зæронд лæг йæ астæу зынæй сраст кодта.

– Атахти? Уæларвмæ? – дызæрдыггæнгæ сдзырдта лæг йæ фæдыл, изæрмилты цæхæртæ цы арв калдта, ууыл афæлгæсгæйæ. Иу уысм иу дард стъæлфыл йæ цæстæнгас фæурæдта, уый фæстæ чызгмæ, худгæйæ, разылд. – Ненси, уæларвмæ æввахсдæр фæуыныл кæй архайдта, уый æцæгу, – загъта Зæронд Том, йæ зылын æнгуылдзæй ацамонгæйæ: егъау къæдзæхы сæрмæ, изæрмилты сырх арвы тыгъдады цыма æнæзмæлгæйæ иу гуыр тахти, афтæ зынд; йæ алыварс рог уддзæф хъазыди.

– Хорз уæдæ. Уый афтæ амоны, æмæ ацы изæр йæ зæрды атæхын нæма ис, кæд уæ мæ хъуыды базонын фæнды, уæд, – загъта Ненси къæйныхæй. – Æхсин куы фæрса, уæд ын-иу зæгъ, къустæ мæ рох кæй не сты, фæлæ тезгъо кæнынмæ кæй ацыдтæн, – загъта Томæн, фæстæмæ фæкæсгæйæ, æмæ, быдырыл цы нарæг фæндаг цыд, уымæ азгъордта.

# 5 СÆР

## ХЪАЗТ

Поллианнæ, мæнæ мæ куыд фæтæрсын кодтай, – лæф-лæф кодта Ненси, чысыл раздæр Полианнæ фæсмонгæнгæ кæцæй æрцъыгъгъуытт ласта, уыцы стыр къæдзæхы цурмæ сцæйхизгæйæ.

– Фæтæрсын? Ненси, бахатыр кæн, фæлæ мын дзæгъæлы тарстæ. Мæ фыд æмæ комитеты сылгоймæгтæ дæр афтæ тарстысты, цалынмæ, æдзух дзæбæхæй кæй æрыздæхын, уый бæлвырд нæ базыдтой, уæдмæ.

– Æмæ æз, хæдзарæй рацыдтæ, уый зонгæ дæр куы нæ кодтон! – ныцъæхахст кодта Ненси. Чызджы къух йæ рæмбыныкæдзы бын атъыста æмæ рæвдз къуыбырæй æрцæйхызтызты. – Æз, куыд ацыдтæ, уый нæ федтон, стæй дæ ничи федта! Афтæ фенхъæлдтон, цыма уæлхæдзарæй арвмæ атахтæ, æндæр уæдæ куыд, æндæр уæдæ куыд…

Поллианнæ фырцинæй хæрдмæ сгæпп ласта:

– О, æз ратахтæн… æцæг хæрдмæ нæ, фæлæ дæлæмæ. Бæласыл æрхызтæн.

Ненси цавддурау фæци.

– Цы бакодтай?

– Рудзынгæй бæласыл дæлæмæ ’рхызтæн.

– О, мæ Хуыцау! – Ненсийæн йæ улæфт ахгæдта æмæ та ногæй хæдзары ’рдæм рæвдз атындзыдта. – Мæнæ диссаг, дæ мадыхо уыдæттæн цы зæгъид цымæ?

– Диссаг дæм кæсы? Хорз, æз ын æй зæгъдзынæн, æмæ йæ базондзынæ, – зæрдæ бавæрдта чызг.

– О, Хуыцау, баххуыс кæн æмæ ныббар! – сдзырдта Ненси. – Нæ, нæ!

– Цæуылнæ? Æнхъæлыс, хъыг ын уыдзæн? – ныхъхъæр кодта Поллианнæ тыхстхуызæй.

– Нæ... о... æниу, уæлдай нæу. Мæн... ахæм тынг нæ фæнды, цы загътаид, уый базонын, – загъта Ненси. Ныр ын æрмæстдæр иу хъуыддаг уыд ахсджиаг: Поллианнæйæ маст аздахын, кæд фыддæр исты нæ, уæд. – Фæлæ, куы фæтагъд кæниккам, уæд хуыздæр уаид, къустæ нæма цæхсадтон.

– Æз дæм фæкæсдзынæн, – цæттæйæ зæрдæ бавæрдта Поллианнæ.

– Ох, цытæ дзурыс, цытæ дзурыс! – нæ разы кодта Ненси.

Иуцасдæр æнæдзургæйæ згъордтой. Арв тагъд талынг кодта. Поллианнæ йæ ног æмбалы къухыл ноджы фидардæр ныххæцыд.

– Æмæ мын уæддæр, иучысыл дæ кæй фæтæрсын кодтон, уый æхсызгон у, уымæн æмæ мæ фæдыл рацыдтæ. – Уыцы ныхæстæ зæгъгæйæ, чызг фестъæлфыд.

– Уæ, мæ гыццыл уæрыкк! Æнхъæлдæн, æххормаг дын у. Мемæ дæ къæбицы æхсыр æмæ дзул хæрын бахъæудзæн. Дæ мадыхо смæсты, æмбарыс, æхсæвæрмæ кæй не ’рбацыдтæ, уый тыххæй.

– Мæ бон нæ уыд. Æгæр бæрзонд уыдтæн.

– О, фæлæ йæ уый нæ зыдта, – йæ худын фæуромгæйæ, бафиппайдта Ненси уынгæг хъæлæсæй. – Мæнæн тынг хъыг у, дзул æмæ æхсыр йеддæмæ дын кæй ницы уыдзæн, уый, тынг хъыг, тынг!

– Мæнæн та нæу. Æз цин кæнын.

– Цин кæныс? Цæуыл?

– Æз уарзын дзул æмæ æхсыр, æмæ сæ демæ куы хæрон, уæд мын ноджы ’хсызгондæр уыдзæн. Мæнæн ууыл цин кæнын зын нæу.

– Куыд кæсын афтæмæй, дæуæн цин кæнын æппындæр зын нæу, – загъта Ненси, фыртыхстæй схæц-æрхæц кæнгæйæ. Поллианнæ хъæбатырæй йæ афтид уат бауарзыныл куыд архайдта, уый йæ зæрдыл æрбалæууыд.

Поллианнæ ныххудти.

– Уымæн æмæ уый ахæм хъазт у.

– Хъазт?

– О, цин кæныны хъазт.

– Уый цытæ дзурыс?

– Зæгъын дын, уый хъазт у. Мæн мæ фыд сахуыр кодта. Мах дзы алыхаттдæр хъазыдыстæм, суанг бынтон гыццыл куы уыдтæн, уæд дæр. Æз комитеты сылгоймæгтæн йæ кой кодтон, æмæ дзы уыдон дæр хъазыдысты… иуæй-иутæ.

– Æмæ уый цавæр хъазт у? Æз хъæзтытæн уыйбæрц ницы ’мбарын.

Поллианнæ та ногæй ныххудти, фæлæ стæй арф ныуулæфыд. Изæрдалынгты йæ цæсгом зынди къæсхуыр æмæ æнкъардхуызæй.

– Мах хъазын райдыдтам, аргъуанæн цы дзаумæттæ радтой, уыдонимæ нын сывæллоны æнцойгæнæн лæдзджытæ куы ’рбарвыстой, уæд.

– Æнцойгæнæн лæдзджытæ?!

– О, æмбарыс, мæн тынг хъуыди кукла, æмæ мæ фыд аргъуаны комитетмæ писмо ныффыста, фæлæ йын уыдон дзуапп радтой, аргъуанæн цы рауæлдай кодтой, уыдоны ’хсæн кукла кæй нæ разынд, фæлæ – сывæллоны æнцойгæнæн лæдзджытæ. Æмæ сæ махæн æрбарвыстой, кæд исты сахъат сывæл-

лон бахъæуиккой, зæгъгæ. Æмæ уæд хъазын райдыдтам.

– Æргом зæгъгæйæ, уæ хъазты уын хорзæй ницыма уынын! – мæстыйæ загъта Ненси .

– Уый хорз хъазт у! Йæ хорздзинад уый мидæг ис, æмæ хъуамæ алкæддæр æмæ цæмфæндыдæр, цин кæнæн цæуыл ис, уый ссарай; цы у, уый уæлдай нæу, – дзырдта дарддæр Поллианнæ. – Мах райдыдтам раст уыцы æнцойгæнæн лæдзджытæй.

– О Хуыцау! Æз ам, цин цæуыл кæнай, ахæмæй æппындæр ницы уынын: дыууæ æнцойгæнæн лæдзæджы дæм æрхауæд, кукла дæ хъæуæд, афтæмæй!

Поллианнæ фырцинæй йæ армытъæпæнтæ кæрæдзиуыл æрцавта.

– Ис уæдæ... ис! – цин кодта чызг æмæ йæ ныхæстæм сыгъдæгзæрдæйæ бафтыдта: – Æз дæр æй райдианы нæ уыдтон, æмæ мын æй мæ фыд бамбарын кодта.

– Æмæ мын æй уæд ды дæр, чи зоны, бамбарын кæндзынæ! – тæргайхуызæй фæхъæр ласта Ненси.

– Тынг хуымæтæг у! Цин кæн, кæй дæ... нæ хъæуынц, ууыл! – уæлахизæй загъта Поллианнæ. – Уыныс, куыд æнцон у... куы йæ зонай, уæд!

– Æвæццæгæн, уымæй æнæхъоладæр æрымысæн ницы ис! – мынæг хъæлæсæй загъта Ненси æмæ Поллианнæмæ тарстхуызæй бакаст.

– Ам æнæхъолайæ ’ппындæр ницы ис... Уый диссаджы хъазт у, – ныллæууыди Поллианнæ, цыма йыл базыртæ базад, уыйау. – Махдзы алыхаттдæр хъазыдыстæм, уæдæй фæстæмæ. Æмæ цас зындæр, уыйас уый фæстæ хъæлдзæгдæр вæййы, фæстагмæ йæ куы фæфиппайай, уæд; æрмæст... æрмæст иуæй-иухатт тынг зын вæййы... мæ фыд уæлæрвтæм куы ацыд, мæнæн та, хæрзгæнæг комитеты сылгоймæгтæй фæстæмæ куы ничиуал баззад, уæд куыд уыдис, афтæ.

– О, стæй ма дæ, фæцæрæн кæм нæй, ахæм гыццыл уаты уæлхæдзары бын куы батъыссой, æмæ ма ноджы афтид куы уа, уæд, – сбустæ кодта Ненси.

Поллианнæ арф ныуулæфыд.

– Райдианы мын зын уыди, бæгуы, – сразы ис чызг. – Уæлдайдæр та уымæн, æмæ мæхи ахæм иунæгæй æнкъардтон, суанг мæ хъазт дæр æрбайрох ис. Мæ зæрдæ дардтон, рæсугъд дзаумæттæ мын кæй уыдзæн, ууыл… Фæлæ уый фæстæ, мæ дзыгъуыртæ кæсæны кæй нæ уындзынæн, ууыл ахъуыды кодтон, стæй уыцы диссаджы нывфедтон – рудзынгæй чи зыны, уый. Æмæ уæд бамбæрстон, ам дæр, цин кæнæн цæуыл ис, уый кæй ссардтон. Æмбарыс, цæуыл цин кæнай, уый куы агурай, уæд дæ цыма, цы дæ хъуыд, уый ферох вæййы… мæнæ куклайы хабар куыд уыдис, афтæ.

– Гъым! – ферхæцыд Ненси, йæ хъуыры цы къуыбар ныббадт, уый аныхъуырынил архайгæйæ.

– Фылдæрхатт уымæн бирæ рæстæг нæ бахъæуы, – æууæндын æй кодта Поллианнæ. – Æмæ ныр æнцонæй ссарын, цæуыл цин кæнон, уый, хъуыды дæр ыл нæ акæнын, æмбарыс? Æз сахуыр дæн афтæ хъазын. Уый диссаджы хъазт у. Мах æй мæ фыдимæ бирæ уарзтам, – ферхæцыд чызг. – Фæлæ мын ныр зындæр уыдзæн, уымæн æмæ, кæимæ хъазон, уый нæй. Чи зоны, мæ мадыхо Поллийы бафæнддзæн, – загъта, ахъуыды кæнгæйæ.

– О, мæ Хуыцау! – мынæг хъæлæсæй загъта Ненси, æмæ уый фæстæ бафтыдта ныфсджындæрæй: – Байхъус-ма, æз дын зæрдæ не 'вæрын, хорз кæй хъаздзынæн, уымæй, æмæ, хъазын дзы куыд хъæуы, уый дæр нæ зонын, фæлæ демæ, мæ бон куыд уа, афтæ хъаздзынæн, хъаздзынæн!

– О, Ненси! – ныццин кодта Поллианнæ æмæ йæ фырцинæй йæ хъæбысы ныттыхта. – Мæнæ цы хорз у! Махæн иумæ хъæлдзæг уыдзæн, нæ?

– Гъым, чи зоны, – загъта Ненси. – Фælæ мыл æгæр тынг дæ зæрдæ ма дар. Æз хъазынмæ тынг арæхстджын никуы уыдтæн, фælæ ацы хатт бацархайдзынæн. Уыйхыгъд дын, кæимæ хъазай, уый уыдзæнис, – балхынцъ кодта йæ ныхас, къæбицмæ куы фæцæйцыдисты, уæд.

Поллианнæ зæрдиагæй бахордта дзул, банызта æхсыр æмæ, Ненсийы уынаффæмæ байхъусгæйæ, уазджыты уатмæ ацыди. Уым йæ мадыхо, къæлæтджыны бадгæйæ, чиныг касти.

Мисс Полли йæ хæрæфыртмæ тызмæг каст бакодта.

– Æхсæвæр бахордтай, Поллианнæ? – бафарста йæ мадыхо.

– О.

– Поллианнæ, тынг хъыг мын у, дæхи къæбицмæ дзул æмæ æхсыр хæрынмæ кæй арвитын кодтай, уый.

– Мæ мадыхо, афтæ кæй бакодтай, уый мæнæн æхсызгон уыд. Æз уарзын дзул æмæ æхсыр, стæй Ненсийы дæр уарзын. Хъуамæ дын æппындæр хъыг ма уа.

Мисс Полли уый æнхъæл нæ уыд, æмæ къæлæтджынæй фестæгау кодта.

– Поллианнæ, фынæй афон дын у. Абон тынг бафæлмæцыдтæ. Райсом дын де ’рвылбоны куыстытæ ныффысдзыстæм. Дæ дзаумæттæм дын æркæсдзыстæм æмæ дын æлхæнын цы хъæуы, уый сбæлвырд кæндзыстæм. Ненси дын сойын цырагъ ратдзæнис. Йемæ хъавгæ архай. Аходæн – авд сахаты æмæ æртын минутыл. Афоныл-иу фæзын. Хæрзæхсæв.

Цыма æппындæр ницы ’рцыди, уыйау, Поллианнæ йæ мадыхомæ базгъордта æмæ йын зæрдиагæй ныхъхъæбыс кодта.

– Ацы бон тынг дзæбæх арвыстон, – амондджынæй сулæфыд чызг. – Æз æй зонын, демæ мын хорз уыдзæн… Суанг ардæм куы нæма ’рбацыдтæн, уæд дæр æй зыдтон… Хæрзæхсæв! – цингæнгæ загъта чызг æмæ уатæй разгъордта.

– Уый та цы хабар у? Мæнæ диссаг! Цы ’нахуыр сывæллон у! – хъæрæй бадис кодта мисс Полли æмæ йе ’рфыгуытæ уæлиау


Мæнæ цы диссаджы хæдзар ис! Дæуæн, æвæццæгæн, тынг æхсызгон у, ахæм хъæздыг кæй дæ, уый!
– Уый та цы хабар у? Уый дын гъе! Мæнæ цы ’нахуыр сывæллон ис!
– Хъазт уый мидæг ис, цæмæй алкæддæр æмæ цæмфæндыдæр, цин цæуыл кæнай, ахæм исты ссарай...

систа. – «Æхсызгон ын у», кæй йæ бафхæрдтон, уый, æмæ мын «хъуамæ æппындæр хъыг ма уа» æмæ йын «мемæ тынг хорз уыдзæн»! – Йæ дисæн кæрон нал уыди, афтæмæй, мисс Полли ногæй чиныг райста.

Фынддæс минуты фæстæ цары та гыццыл чызг иунæгæй базыл йæ цæссыг калдта:

– Мæ фыд, ныр æппындæр хъазгæ нæ кæнын… Фæлæ суанг ды дæр, цин цæуыл кæнай, ахæмæй ницы ссарис, ахæм талынджы иунæгæй куы хуыссис, уæд. Ненси кæнæ мæ мадыхо Поллийы раз ма куы уаин… кæнæ суанг хæрзгæнæг комитетæй искæимæ, уæд мын æнцондæр уаид!

Ненси бынæй йæ куыстытæ тагъддæр фæуыныл архайдта. Æхсыр цы дурыны уыд, уым мæстыйæ щёткæ нытътъыста æмæ хъуыр-хъуыр кодта.

– Кæд ацы æдылы хъазтæй хъазгæйæ… кукла дæ хъæуæд, афтæмæй æнцойгæнæн лæзджытыл цин кæн… кæд мæ бон суа, уæд ын ирвæзынгæнæг къæдзæх фестдзынæн, хъаздзынæн йемæ… хъаздзынæн!

# 6 СÆР

## ХÆС

Поллианнæ йе ’рбацыдæй дыккаг райсом райхъал ис авд сахатыл. Йæ уаты рудзгуытæ арæзт уыдысты хуссар æмæ ныгуылæны ’рдæм, æмæ йæм хур нæ разынди. Фæлæ йæм иучысыл мигъы фæлмæй æмбæрзт цъæх арв зындис, æмæ бамбæрста, боныхъæд хорз кæй уыдзæн, уый.

Уаты ныр сатæгдæр уыди, рог дымгæ йæм уазал уæлдæфы хæрздæф хаста. Дыргъдонæй хъуыстис цъиуты хъæлдзæг цъыбар-цъыбур, æмæ Поллианнæ рудзынгмæ базгъордта, цæмæй сын салам ратта. Бынæй, дыргъдоны, ауыдта йæ мадыхойы. Уардиты къутæрты цур тезгъо кодта. Поллианнæ йæ дзаумæттæ рæвдз акодта æмæ мисс Поллимæ фæраст.

Цары асинтыл дæлæмæ ныййарц ис, йæ фæстæ дыууæ дуары гомæй ныуагъта. Тыргъы иу сæррæт акодта, æмæ уайтагъд бахизæны дуарæн йæ гуыпп фæцыд. Хæдзары алыварс æрзылдис æмæ дыргъдоны февзæрд.

Йæ мадыхо Полли лæууыд Зæронд Томы фарсмæ. Уардиты къутæрмæ куыд æргуыбыр кодта, афтæ йын Поллианнæ йæ хъуырыл ныттыхсти, царды цин йæ риуы нал цыди.

– О, мæ мадыхо Полли, мæ мадыхо Полли, ехх, куыд тынг цин абон! Æз цин кæнын, кæй цæрын, ууыл!

– Поллианнæ! – тызмæгхуызæй загъта мисс Полли. Слæууыныл архайдта, фæлæ йæ уæлæ цы дыууиссæдз килæйы æрдзедзыкка сты, уыдонимæ уый æнцон нæ уыди. – «Дæ райсом хорз» æдзухдæр афтæ фæзæгъыс?

Поллианнæ йæ къахфындзтыл алæууыд æмæ гæппытæ кæнын райдыдта.

– Нæ, æрмæстдæр искæй тынг куы фæуарзын, уæд! Уæд мæ бон æндæрхуызон нæ вæййы! Æз дæ мæ рудзынгæй ауыдтон æмæ ахъуыды кодтон: ды комитеты сылгоймæгтæй иу нæ, фæлæ мæ хæрз мадыхо дæ! Ахæм зæрдæхæлар мæм фæкастæ, æмæ дæм хъуамæ ’рбазгъордтаин æмæ дын ныхъхъæбыс кодтаин!

Зæронд лæг сæм æваст йæ чъылдым раздæхта. Мисс Полли ма архайдта йе ’рфгуытæ нылхынцъ кæныныл, фæлæ йын раздæры хуызæн нал уади.

– Поллианнæ, ды… æз… Томас, абон уал фаг у, æнмæ гæсгæ, бамбæрстай мæ… ацы уардиты тыххæй, – загъта сæрбæрзондæй æмæ ацыд.

– Ды æдзухдæр дыргъдоны фæкусыс, мистер… э… мистер?.. – бафарста Поллианнæ цымыдисхуызæй.

Зæронд лæг разылди. Йæ мидбылты худти, фæлæ йæ цæстытæ доны зылдысты.

– О, мисс. Æз дæн Зæронд Том, дыргъдонгæс. – Æнæуромгæ тых ын йæ ризгæ къух систа æмæ йæ иу уысммæ чызджы сызгъæрин сæрыхъуынтыл авæрдта. – Дæ мады хуызæн тынг дæ, мисс! Æз æй зыдтон, дæуæй къаддæр куы уыдис, уæд! Уыцы заман дæр ам куыстон, дыргъдоны.

Поллианнæ ныуулæфыд.

– Æцæг, зыдтай мæ мады… нырма уæларвон нæ, фæлæ гыццыл зæххон зæд куы уыдис, уæд? Дæ хорзæхæй, исты ма мын радзур мæ мады тыххæй! – Æмæ Поллианнæ уайтагъд фæндаджы астæу абадти.

Хæдзарæй дзæнгæрæджы хъæр райхъуыст, æмæ сæм Ненси чъылдымы дуарæй цыппæрвадыгæй рауади.

– Поллианнæ, уыцы дзæнгæрæг нысан кæны аходæн, – срæцугъта Ненси. Рæвдз кæй згъордта, уымæ гæсгæ тыхулæфт кодта. Поллианнæйы къухыл фæхæцыд æмæ йæ хæдзары ’рдæм фæцæйласта. – Æндæр рæстæджы та фæнысан кæны сихор кæнæ æхсæвæр. Фæлæ алыхаттдæр нысан кæны: куыддæр æй фехъусай, афтæ, кæмфæнды куы уай, уæддæр хъуамæ хæрæндонмæ ныййарц уай. Куы нæ ’рбазгъорай, уæд та, нæ дыууæйæ зонддджындæр чи у, уый цин кæнынæн æфсон ссарын бахъæудзæн! – загъта Ненси, æгоммæгæс цъиуы кæркдонмæ куыд фæцæйсурынц, уыйау, Поллианнæйы хæдзармæ кæнгæйæ.

Аходæны фыццаг фондз минуты ацыдысты æнæ хъыпп-сыппæй. Мисс Полли, стъолы сæрмæ сæ рог базыртыл дыууæрдæм цы дыууæ бындзы кодтой, уыдонмæ касти, æмæ æппынфæстаг тызмæгæй бафарста:

– Ненси, ацы бындзытæ кæцæй фæзындысты?

– Нæ йæ зонын, æхсин. Къæбицы иу бындз дæр нæ уыди. – Уый размæ бон Ненси æгæр тыхст уыдис, æмæ нæ бафиппайдта, Поллианнæйы уаты рудзгуытæ æмбисбоны фæстæ гом кæй уыдысты, уый.

– Мæ мадыхо, мæнмæ гæсгæ, уыдон мæ бындзытæ сты, – уæзданæй бафиппайдта Поллианнæ. – Абон тынг бирæ уыдысты, мæ уаты сæ рæстæг дзæбæх æрвыстой.

Ненси фæдис уад акодта. Йемæ æрбатар сты, стъолыл цы тæвд адджын гуылтæ æрæвæрынмæ хъавыди, уыдон дæр.

– Дæ бындзытæ?! – ныддис кодта мисс Полли. – Цы зæгъынмæ хъавыс уымæй? Кæцæй фæзындысты?

– Ау, куыд кæцæй, мæ мадыхо? Кæй зæгъын æй хъæуы, уынгæй. Рудзгуытæй æрбатахтысты. Мæхæдæг æй федтон, куыд тахтысты, уый.

– Федтай! Афтæ зæгъынмæ хъавыс, æмæ рудзгуытæ байгом кодтай, хызæгтæ сыл нæма ис, афтæмæй?

– О, нæй сыл хызæгтæ, мæ мадыхо.

Уыцы рæстæг Ненси ногæй æд гуылтæ æрбахызт. Йæ цæсгом сырх-сырхид афæлдæхт, æмæ уымæй, тынг кæй стыхст, уый бæрæг уыди.

– Ненси, – тызмæгæй загъта мисс Полли, – гуылтæ стъолыл æрæвæр æмæ гъертæккæ мисс Поллианнæйы уатмæ уайгæ кæн. Йæ уаты рудзгуытæ йын сæхгæн, стæй дуæрттæ дæр. Уый фæстæ, дæ райсомы куыстытæ куы фæуай, уæд, алы уатмæ дæр пырхгæнæнимæ бацу. Лæмбынæг бакæс алы къуыммæ дæр. – Йæ хæрæфыртмæ разылди. – Поллианнæ, дæ уаты рудзгуытæн æз хызæгтæ саразын кæндзынæн. Кæй зæгъын æй хъæуы, уый мæ хæс у. Фæлæ, мæнмæ гæсгæ, дæуæй дæ хæс ферох ис.

– Мæ... хæс? – Поллианнæ фырдисæй йæ цæстытæ ныййирд кодта.

– Æз æй зонын, дæ уаты тынг тæвд кæй у, уый, фæлæ дæуæн дæ хæс уыди рудзгуытæ æхгæдæй дарын, цалынмæ сыл хызæгтæ нæ бакодтой, уæдмæ. Бындзытæ, Поллианнæ, æрмæст чъизи æмæ фæлмæцынгæнаг сасчытæ не сты, фæлæ ма не 'нæниздзинадæн дæр сты тынг тæссаг. Ходæны фæстæ дын æз чиныг ратдзынæн.

– Бакæсынмæ? О, бузныг, мæ мадыхо Полли! Æз кæсын бирæ уарзын.

Мисс Полли къæхты бынæй ныуулæфыд æмæ йæ былтæ фидар нылхъывта. Поллианнæ йын йæ цæсгомы тызмæг æнгас бафиппайдта, æмæ хъуыдыты аныхъуылд, йæ ных нынцъылдтæ ис.

– Мæ мадыхо Полли, мæнæн тынг хъыг у, мæ хæс мæ кæй ферох ис, уый, – загъта чызг хатыркурæгхуызæй, – æз рудзгуытæ нал байгом кæндзынæн.

Мадыхо йын дзуапп нæ радта. Аходæны кæронмæ ницыуал сдзырдта. Уый фæстæ сыстад, уазджыты уаты цы чингуыты скъапп уыд, уый размæ бацыд, иу гыццыл чиныг дзы райста æмæ, йæ хæрæфырты размæ бацæугæйæ, загъта:

– Поллианнæ, мæнæ ис, кæй кой дын кодтон, уыцы чиныг. Гъертæккæ дæ уатмæ ацæу æмæ йæ бакæс. Сахаты ’рдæджы фæстæ дæм ссæудзынæн, хъуамæ дын дæ дзаумæттæм æркæсон.

Поллианнæ, бындзы сæр бирæ стырдæр цы нывыл уыди, уымæ кæсгæйæ, фырцинæй ныхъхъæр кодта:

– Бузныг, мæ мадыхо! – Æмæ, гæппытæгæнгæ, уатæй разгъордта, йæ фæдыл дуар ныггуыпп ласта, афтæмæй.

Мисс Полли исдуг æлхынцъæрфыгæй алæууыд, уый фæстæ сæрыстыр цыдæй хæрæндоныл араст æмæ тыргъы дуар байгом кодта. Фæлæ Поллианнæ нал зынди, æрмæстдæр ма цары асинтæй йæ къæхты сæпп-сæпп хъуысти.

Æрдæгсахаты фæстæ мисс Полли дæр уыцы асинтыл хæрдмæ ссыд æмæ Поллианнæйы уатмæ бацыди. Йæ цæсгомы алы хаххы дæр зынди хæсы тызмæг фæд, фæлæ йæм уаты æнхъæлмæ каст æгæрон цины ног срæмыгъд:

– О, мæ мадыхо Полли, æз мæ царды мидæг ахæм диссæгтæ никуыма федтон! Ацы чиныг мын бакæсынмæ кæй радтай, ууыл æз ахæм цин кæнын! Æз æй зонгæ дæр нæ кодтон, бындзытæн сæ бон сæ къæхтыл уыйбæрц цыдæртæ хæссын кæй у…

– Æгъгъæд, Поллианнæ, – сæрбæрзондæй фæурæдта чызджы мисс Полли. – Ныр дæ дзаумæттæ сис, æмæ дын сæм æркæсон. Дæу аккаг дзы цы нæу, уыдон, кæй зæгъын æй хъæуы, Сулливантæн ратдзынæн.

Поллианнæ æвæндонæй, бындзыты кой цы чиныджы уыд, уый иуварс авæрдта, æмæ скъапмæ бацыди.

– Мæ дзаумæттæ дæ зæрдæмæ нæ фæцæудзысты, комитеты сылгоймæгтæ сæ тынг æвзæр рахуыдтой, – ныуулæфыд чызг. –

Фælæ аргъуанæн фæстаг æртæ хатты цы дзаумæттæ радтой, уыдон фылдæр лæппутæн æмæ зæронд лæгтæн уыдысты, æмæ… Искуы ды, аргъуанæн кæй раттынц, ахæм дзаумæттæ райстай?

Уыцы фарст æрмæст дæтгæ кæй ракодта, уымæ дæр мадыхо кæй смæсты ис, уый йæ цæстæнгасыл бæрæг уыди. Поллианнæ йæ рæдыд раст кæнынмæ фæци.

– Нæ, кæй зæгъын æй хъæуы, нæ. Ды ахæм дзаумæттæ никуы райстай, мæ мадыхо! – тагъд-тагъд дзырдта чызг æмæ та йæ цæсгом сырх-сырхид афæлдæхт. – Мæн ферох ис, хъæздыг адæм уыдон хъуаг кæй не сты. Фæлæ мæ иуæй-иухатт ферох вæййы, хъæздыг кæй дæ, уый… ам, ацы уаты.

Мис Поллийы былтæ фырмæстæй иучысыл фегом сты, фæлæ дзургæ ницы скодта. Поллианнæ та, цы загъта, уый йæ мадыхойæн кæй фæхъыг уыдзæн, уый æмбаргæ дæр нæ бакодта, æмæ æнæрлæугæйæ дарддæр дзырдта:

– Æз уый зæгъынмæ хъавыдтæн, æмæ рагацау базонæн нæ вæййы, кæй рауæлдай кæнынц, уыдоны ’хсæн цы бахаудзæнис… цы хъæуы, уый дзы кæй нæ разындзæн, уымæй фæстæмæ… Алыхаттдæр-иу уыцы дзаумæттæ ахæмтæ разындысты, æмæ-иу хъазын тынг зын уыди, уымæн æмæ æз мæ фыдимæ…

Поллианнæ афоныл æрлæууыд. Мадыхо йын йæ фыды кой кæнынæн бар кæй нæ радта, уый дзы нæ ферох. Уымæ гæсгæ уайтагъд скъаппы хуылфы февзæрд æмæ дзы йæ бызгъуыртæ хъæбысыдзагæй райста.

– Тынг фыдуынд сты, – загъта æфсæрмхуызæй чызг, – æмæ аргъуанæн сырх гауыз æлхæнын куы нæ хъуыдаид, уæд сау уаиккой, фæлæ мын æндæртæ нæй.

Мисс Полли уыцы æнахуыр дарæс, йе ’нгуылдзыты кæрæттæй сыл гæзæмæ ныдзæвыд, афтæмæй февзæрста. Поллианнæйы аккаг кæй нæ уыдысты, уый гуырысхойаг нæ

уыд. Тарæрфыгæй æркаст, къамоды лæгъзты цы æмпъызт мидæггæгтæ уыд, уыдонмæ.

– Се 'ппæты хуыздæр мæ уæлæ ис, – басасти Поллианнæ къæмдзæстыгæй. – Комитеты сылгоймæгтæ мын ног дарæс балхæдтой. Миссис Джонс сæрдар у, æмæ загъта, афтид фæндаг суанг цæрæнбонты зæвæттæй хойын куы бахъæуа, уæддæр мын хъуамæ дзаумæттæ балхæной, зæгъгæ. Фæлæ сæ хабар уымæ не 'рцæудзæн. Мистер Уайт уынæрмæ хъусын нæ фæразы. Йæ бинойнаг куыд зæгъы, афтæмæй, йæ нервытæ лæмæгъ сты. Фæлæ йæм æрмæст нервытæ нæ, фæлæ æхца дæр ис, æмæ сæ зæрдæ дарынц, уыцы гауыз балхæныны фаг æхца кæй бафтаудзæн... йæ нервыты тыххæй, кæй зæгъын æй хъæуы. Мæнмæ гæсгæ, уый цин кæны, уымæн æмæ йын канд нервытæ нæй, фæлæ йæм æхца дæр ис. Ды та куыд хъуыды кæныс?

Мисс Полли цыма ницы фехъуыста, афтæ, мидæггæгтæ æвзæрст фæцис, стæй Поллианнæмæ цæхгæр фæзылди.

– Поллианнæ, скъоламæ цыдтæ, æнхъæлдæн.

– О, уымæй уæлдай, мæ фыд... хæдзары дæр ахуыр кодтон.

Мисс Полли иучысыл йе 'рфгуытæ фелхынцъ кодта.

– Хорз. Фæззæджы, кæй зæгъын æй хъæуы, скъоламæ цæуын райдайдзынæ. Мистер Холл, скъолайы сæргълæууæг, æнæмæнг, бацархайдзæн æмæ сбæлвырд кæндзæн, кæцы къласмæ дæ бакæнын хъæуы, уый. Ныр та уал мын алы бон дæр сахаты 'рдæг хъæрæй кæсдзынæ.

– Æз уарзын кæсын, фæлæ дæ кæд мæнмæ хъусын нæ фæнды, уæд æз æхсызгонæй кæсдзынæн мæхæдæг... æцæг, мæ мадыхо! Æмæ мæ цин кæнынæн æфсон агурын дæр нæ хъæудзæн, уымæн æмæ æз кæсын фылдæр мæхинымæр уарзын, хъæрæй нæ фæлæ... даргъ дзырдты тыххæй, æмбарыс?

– Æз ууыл гуырысхо нæ кодтон, – дзуапп радта мисс Полли тызмæг хъæлæсы уагæй. – Музыкæйы уроктæ дын лæвæрдтой?

– Иучысыл. Мæхæдæг цæгъдын нæ уарзын, фæлæ… иннæты цагъдмæ хъусын уарзын. Иучысыл пианинойыл цæгъдын ахуыр кодтон. Мисс Грей аргъуаны фæцæгъды, æмæ мæ уый ахуыр кодта. Фæлæ, цæгъдыныл ахуыр кæнон æви нæ, уый мын уæлдай нæу. Æцæг, мæ мадыхо Полли?

– Æвæццæгæн, – загъта мисс Полли, йе 'рфгуытæ хæрдмæ сисгæйæ. – Фæлæ, мæнмæ гæсгæ, мæ хæс у бамæт кæнын ууыл, цæмæй музыкæйæ райдианы зонындзинæдтæ уæддæр райсай. Æвæццæгæн, хуыйын дæр зондзынæ?

– О, – Поллианнæ ныуулæфыди. – Комитеты сылгоймæгтæ мæ ахуыр кодтой, фæлæ уый æвирхъау цыдæр уыд. Мисс Джоунсы хъуыдымæ гæсгæ, сæхтæджытæ кæрæдзийыл хуыйгæйæ, судзиныл, иннæ сылгоймæгтæ йыл куыд хæцыдысты, афтæ хæцын нæ хъуыди. Миссис Уайтмæ гæсгæ, «фæсасынк» кæй хонынц, ууыл æрхуийæн сынкæй раздæр ахуыр кæнын хъæуы, науæд та иннæрдæм. Миссис Харриманы хъуыдымæ гæсгæ та, хæцъилтæ кæрæдзиуыл хуыйыныл æппындæр ахуыр кæнын нæ хъæуы.

– Ахæм зындзинæдтæ нал æвзардзынæ. Æз дæ мæхæдæг хуыйын сахуыр кæндзынæн. Хæринаг кæнын, æнхъæлдæн, нæ зоныс.

Поллианнæ æваст ныххудти.

– Нырма мæ сæрды райдыдтой ахуыр кæнын. Фæлæ уыцы хъуыддаджы дард нæ ацыдтæн. Ам сæ хъуыдытæ ноджы тынгдæр фæхицæн сты. Сæ зæрды уыди дзулæй райдайын, фæлæ, дзул æмхуызон чи кодта, ахæмтæ се 'хсæн дыууæ дæр нæ разынд. Уымæ гæсгæ, уыцы фарстыл иумæ æрныхас кодтой æмæ ахæм уынаффæ рахастой: алчидæр мæ къуыри иу хатт ахуыр кæнæд йæхи къæбицы. Мæ ахуыр мæ ныууадзын куы бахъуыдис… уæдмæ базыдтон фæлмæн шоколадæй къафеттæ кæнын, стæй тъортт инжиримæ, – загъта чызг ризгæ хъæлæсæй.


– Мæнмæ гæсгæ, уыдон мæ бындзытæ сты...
– Мæ мадыхо Полли, æз æбузн никуы уыдзынæн!..
Уарзгæ дæ куы кæнын...
ды комитеты сылгоймæгтæй иу нæ дæ,
фæлæ мæ хæрз мадыхо!
– Тынг хорз.
Æмæ мын мæ
хæрзтæ
бафидыныл
бацархай

– Шоколадæй къафеттæ æмæ тъортт инжиримæ! Æцæгдæр-ма! – былысчъилæй загъта мисс Полли. – Мæнмæ гæсгæ, уыцы уавæр æнцонæй сраст кæндзыстæм. – Ахъуыды кодта, стæй, ныхæстæ 'взаргæйæ, дарддæр дзырдта. – Алы райсом дæр мын фараст сахатыл хъæрæй кæсдзынæ æрдæгсахат. Уый размæ-иу дæ уат бафснайдзынæ. Æртыццæджы æмæ сабаты дæ фараст сахаты æмæ æртын минутæй æмбисбоны онг Ненси къæбицы ахуыр кæндзæн хæринаг кæнын. Иннæ бонты райсомæй мемæ хуыйдзынæ. Афтæмæй, фæссихор дын цы сахаттæ ис, уыдон баззайдзысты музыкæйы уроктæн. Æз дын, кæй зæгъын æй хъæуы, ахуыргæнæг ссардзынæн, – балхынцъ кодта мисс Полли, бандонæй сыстгæйæ.

Поллианнæ сонт хъæр фæкодта:

– Мæ мадыхо! Цæрынæн мын рæстæг нæ ныууагътай!

– Цæрынæн? Уымæй цы зæгъынмæ хъавыс? Цыма афтæмæй цæргæ нæ кæндзынæ, уыйау!

– О, улæфгæ кæндзынæн, уыдæттæ куы кæнон уæд, фæлæ цæргæ нæ кæндзынæн. Улæфгæ фынæйæ дæр фæкæнынц, фæлæ цæргæ нæ фæкæнынц! Æз цардыл нымайын, цы мæ фæнды, уый кæнын: кæрты хъазын, кæсын (мæхицæн, кæй зæгъын æй хъæуы), къуыбыртæм хизын, дыргъдоны мистер Том æмæ Ненсиимæ ныхас кæнын, хæдзæртты, адæмы, стæй алкуы æмæ алцæйы, знон цы диссаджы уынгты фæцæйцыдтæн, æппæт уыдоны тыххæй алцы базонын. Æз цард уый хонын, мæ мадыхо! Æрмæст улæфын та цард нæу!

Мисс Полли смæсты æмæ йæ сæр хæрдмæ фæхъил кодта:

– Поллианнæ, мæ цæрæнбонты дæуæй æнахуырдæр сывæллон нæ федтон! Кæй зæгъын æй хъæуы, хъазынæн дын рæстæг уыдзæнис. Фæлæ, мæнмæ гæсгæ, кæд æз мæ хæс сæххæст кæнынмæ æмæ, цæмæй æмбæлгæ хъомылад æмæ ахуырад райсай, ууыл бамæт кæнынмæ цæттæ дæн, уæд ды

дæр хъуамæ дæ хæс сæххæст кæнынмæ цæттæ уай, æмæ дæ хъус æрдарай уымæ, цæмæй мæ мæт æбузнæй ма баззайа, стæй дзæгъæлы ма фæуа.

Поллианнæмæ афтæ фæкаст, цыма йæ зæрдæ йæ бынатæй фæиртæст.

– Мæ мадыхо Полли, æз æбузн никуы уыдзынæн!.. Уарзгæ дæ куы кæнын... ды комитеты сылгоймæгтæй иу нæ дæ, фæлæ мæ хæрз мадыхо!

– Тынг хорз. Æмæ мын мæ хæрзтæ хорзæй бафидыныл бацархай, – дзуапп раттыны аккаг æй скодта мисс Полли, дуары ’рдæм фæзилгæйæ. Йæ фæстæ æнæныфс æмæ къуызгæ хъæлæс куы фехъуыста, уæд уыди асинты астæу:

– Мæ мадыхо Полли, ды мын афтæ дæр нæ загътай, мæ дзаумæттæй мын кæмæндæр раттынмæ... кæцытæ хъавыс, уый.

Мадыхо Полли фæлмæцыдæй арф ныуулæфыд. Уыцы сулæфт Поллианнæйы хъустыл андзæвыд.

– О, Поллианнæ, ферох мæ ис зæгъын. Абон нæ иу сахат æмæ æртын минутыл Тимоти аласдзæн горæтмæ. Уыцы къабатæй иу дæр уый аккаг нæу, цæмæй йæ мæ хæрæфырт дара. Æмæ, кæй зæгъын æй хъæуы, æз дæ разы мæ хæс сæххæст кæнынæй тынг дард уыдаин, уыдонæй дæ иу дæр дæ уæлæ скæнын куы бауагътаин, уæд.

Ныр та ныуулæфыд Поллианнæ. Афтæ йæм фæкаст, цыма йын дзырд «хæс» æнæуынон фестад.

– Мæ мадыхо Полли, – сдзырдта та ногæй æнкъардæй, – æмæ уыцы «хæсы», цингæнæн цæуыл ис, ахæмæй ницы ис?

– Цы? – Мисс Поллийы цыма арв æрцавта, уыйау, уæлæмæ скасти. Уый фæстæ фæсырх æмæ асинтыл дæлæмæ араст мæстыйæ. – Къæйных ма у, Поллианнæ!

Поллианнæ йæ тæвд уаты, раст æмæ дæрзæг къухтæ цы бандæттæн уыдис, уыдонæй иуыл йæхи æруагъта. Йæ царды

бæлвырд ницы уыдта, зындис æм æрмæст æдзух æххæстгæнинаг хæс.

– Нæ йæ зонын, къæйныхæй дзы цы ис, уый, – ныуулæфыд чызг. – Æз æй æрмæст бафарстон, уыцы «хæс» æххæст кæнгæйæ, йæ бон мæнæн, цин цæуыл кæнон, ахæм æфсон бацамонын у æви нæ.

Цалдæр минуты Поллианнæ бадти æнæдзургæйæ. Хуыссæныл цы къабатæ ферох сты, уыдонмæ æнкъардæй касти. Уый фæстæ сабыргай сыстад æмæ сæ скъаппы ’фснайын райдыдта.

– Куыд кæсын афтæмæй, ам цин кæнæн ницæуыл ис, – загъта хъæрæй, – хæс æххæстгонд кæй æрцыд, уымæй фæстæмæ! – Æмæ æнæнхъæлæджы ныххудти.

# 7 СÆР

## ПОЛЛИАННÆ ÆФХÆРД ÆЙЙАФЫ

Дыккæгæмы ’рдæгыл Тимоти мисс Поллийы йæ хæрæфыртимæ аласта æппæты стырдæр дзаумæтты дуканитæй фондзмæ. Уыдон уыдысты горæтæй цыппар километры дарддæр.

Поллианнæйы ног дарæсæй сифтонг кæнын разынди уæззаугомау фæлварæн, уыцы хъуыддаджы чидæриддæр архайдта, уыдонæн. Мисс Полли уыцы фæлварæнæй рацыд, адæймаг, зынгсахайы тæнæг цъарыл тæссаг балцы куы ацæуы æмæ йын уый фæстæ, фидар мæрыл фестгæйæ, куыд фенцондæр вæййы, афтæ. Дыууæ ’лхæнæгæн цы уæйгæнджытæ лæггад кодтой, уыдон та фæлварæнæй рацыдысты сырх-сырхид цæсгæмттимæ. Æмæ уый фæстæ Поллианнæйы тыххæй уыйбæрц хъæлдзæг хабæрттæ дзырдтой, æмæ се ’мбæлттæ æнæхъæн къуыри худæгæй мардысты. Поллианнæ дзы йæхæдæг та рацыди мидбылты худгæ æмæ тынг райгондæй. Уæйгæнджытæй иуæн загъта: «Никуы мын ницы уыд дзаумайæ, кæй мын-иу балæвар кодтой, кæнæ-иу мæм хæрзгæнæг комитетæй цы къабатæ ’рбахауд, уыдонæй уæлдай. Æмæ мын ныр дуканийы ног дзаумæттæ ’лхæнын тынг æхсызгон у. Уыдон нæ хъæуы нæдæр цыбырдæр кæнын, нæдæр сыл æфтуан хуыйын».

Дуканитыл балц ахаста ӕнӕхъӕн бон. Уый фӕстӕ та уыдис ӕхсӕвӕр ӕмӕ ӕхсызгон ныхас Зӕронд Томимӕ дыргъдоны. Фӕстӕдӕр дӕлбазыры ныхас кодта Ненсиимӕ, къустӕ 'хсад куы фесты, мадыхо Полли та сыхӕгтӕм уазӕгуаты куы ацыдис, уӕд.

Зӕронд Том Поллианнӕйӕн йӕ мады тыххӕй радзырдта диссаджы хабӕрттӕ, ӕмӕ чызг ӕцӕг амондджын сси. Ненси та кодта, мисс Поллийы хӕдзарӕй авд километры дарддӕр, Алвӕндаджы цы фермӕ уыдис, уый кой. Уым цардысты йӕ уарзон мад, йе 'фсымӕр ӕмӕ йӕ хотӕ. Ненси йын зӕрдӕ бавӕрдта, кӕд мисс Полли бар ратта, уӕд Поллианнӕйы йемӕ кӕй акӕндзӕн, цӕмӕй йӕ семӕ базонгӕ кӕна.

– Мӕ хотӕн тынг рӕсугъд нӕмттӕ ис. Мӕн дӕр исты рӕсугъд ном хъӕуы, – ныуулӕфыд Ненси. – Уыдон хуыйнынц Элджерон, Флорабеллӕ ӕмӕ Эстеллӕ. Ӕз... мӕнӕн та мӕ ном ӕнӕуынон у!

– О, Ненси, уый цытӕ дзурыс! Цӕмӕн дын у ӕнӕуынон?

– Уымӕн ӕмӕ уый ахӕм рӕсугъд нӕу. Ӕмбарыс, ӕз фыццаг сывӕллон уыдтӕн, ӕмӕ уӕд мӕ мад, рӕсугъд нӕмттӕ кӕм ис, ахӕм таурӕгътӕ уыйбӕрц нӕма каст.

– Мӕнӕн цӕуы мӕ зӕрдӕмӕ ном Ненси, ӕрмӕст уый ды кӕй дӕ, уый тыххӕй,– расидти Поллианнӕ.

– Гъым! Мӕнмӕ гӕсгӕ, дӕ зӕрдӕмӕ ном Клариссӕ Мабеллӕ дӕр афтӕ фӕцӕуид, – загъта Ненси, – ӕз та бирӕ амондджындӕр уаин! Уый диссаджы ном у!

– Цӕй, ницы кӕны, – худгӕйӕ, загъта Поллианнӕ, – дӕуӕн дӕ бон цин кӕнын у, Хадшибӕ дӕ кӕй не схуыдтой, уыл.

– Хадшибӕ?

– О, афтӕ хуыйны миссис Уайт. Йӕ лӕг ӕй хоны «Ха», ӕмӕ уый йӕ зӕрдӕмӕ нӕ цӕуы. Афтӕ зӕгъы, «Ха, Ха!», зӕгъгӕ, йӕм куы сдзуры, уӕд ӕм афтӕ фӕкӕсы, цыма ныртӕккӕ ныккодта

кæл-кæл кæндзæн. Æмæ йæ æппындæр нæ фæнды, цæмæй йыл худой, уый.

Ненсийы æнкъард цæсгом æвиппайды мидбылхудтæй срухс.

– Уый дын гъе! Цы, уый зоныс? Æз-иу ныр алыхаттдæр «Ненси», зæгъгæ, куы фехъусон, уæд-иу уыцы «Ха, Ха» æрымысдзынæн æмæ худæгæй мæлдзынæн. Уырнгæ дæр мæ нæ кæны, цин кæй кæнын... – æвиппайды фæхъус æмæ Поллианнæмæ дисгæнгæ бакасти. – Байхъус-ма, ды... ды ныр уыцы хъазтæй хъазыдтæ... ома, хъуамæ цин кæнон, мæ ном Хадшибæ кæй нæ хуыйны, ууыл?

Поллианнæ йе 'рфгуытæ фелхынцъ кодта æмæ ныххудти.

– О, Ненси, афтæ у! Æз хъазын уыцы хъазтæй, фæлæ ацы хатт тынг æнцонæй. Æмбарыс, афтæ арæх рауайы; сахуыр вæййыс... цин кæнынæн æфсон агурыныл. Æмæ йæ фылдæр хатт цæмфæндыдæр ссарæн вæййы, æнувыдæй йæ бирæ рæстæг куы агурай, уæд.

– Æвæццæгæн, – сразы ис Ненси, йæ дызæрдыгдзинад не 'мбæхста, афтæмæй.

Иуæндæсæм сахатыл Поллианнæ фынæй кæнынмæ ацыди. Рудзгуыты хызæгтæ цæттæ нæма уыдысты, æмæ къуындæг гыццыл уат æхгæд рудзгуытимæ, сырхызинг пецау, стæвд ис. Поллианнæ æрхæндæгæй бакаст рудзгуытæм, фæлæ сæ нæ байгом кодта. Йæ дзаумæттæ раласта, бæстон сæ бафснайдта, бакуывта, сойын цырагъ ахуыссын кодта æмæ хуыссæны абырыд.

Тæвд æмæ къуындæг сынтæджы æгъуыссæг цас фæци æмæ иу фарсæй иннæмæ разил-базил цас фæкодта, уый зын зæгъæн уыд. Афтæ йæм фæкаст, цыма рацыди бирæ сахаттæ. Æппынфæстаг хуыссæнæй сыстад, уырзæй сгаргæйæ, уатæй рахызт æмæ дуар фегом кодта.

Цары уыди саудалынг. Æрмæстдæр, уæлхæдзары скæсæн-

варс цы уат уыдис, уымæн йæ рудзынджы цур мæйы рухс пъолыл даргъ æвзист уадздзаг ауагъта. Поллианнæ арф ныуулæфыди. Йæ алыварс цы тæссаг саудалынг уыд, уый ницæмæ дарыныл архайгæйæ, ныфсджынæй атындзыдта уыцы рухс уадздзагмæ, йæ сæрты та – рудзынгмæ.

Иучысыл йæ зæрдæ дардта, уыцы рудзынгыл хызæгтæ кæй ис, ууыл, фæлæ йыл нæ разынди. Рудзынджы æдде уыди парахат, аргъауау, рæсугъд дуне. Ноджы дзы уыд, чызг æй зыдта, хæрздæфгæнаг æмæ сатæг уæлдæф. Йæ тæвд рустæн æмæ къухтæн уый ахæм æхцон уаид!

Хæстæгдæр балæууыд æмæ æнкъардæй акасти рудзынгæй. Цы федта, уымæй йæ цæстытæ æвиппайды цинæй байдзаг сты: рудзынджы дæле зынди тыргъы уæлхæдзар, хæдзары дуары раз цы 'рбацæуæн уыди, уый сæрмæ. Уыцы ныв фенгæйæ, ноджы тынгдæр æрæнкъард ис. Ехх, уым куы фестид!

Йæ алыварс сагъæсхуызæй акаст. Кæмдæр фæсте аззад æнуд æмæ тæвд уат, ноджы тæвддæр – йæ сынтæг. Фæлæ Поллианнæйы уыцы сынтæгæй хицæн кодта афтид æмæ тæссаг саудалынг, æмæ уыцы талынджы цæуын хъуыдис размæ ивæзт къухтимæ, уырзæй сгаргæйæ. Афтæмæй та йæ разы рудзынджы 'дде уыди, мæйы рухс кæмæ калд, уыцы уæлхæдзар, æхсæвы сатæг уæлдæф.

Ехх, æмæ йæ хуыссæн уым куы фестид, рудзынджы æдде! Иуæй-иутæ уынджы куы фæфынæй кæнынц! Зæгъæм, йæ райгуырæн горæты, ныгуылæны, чехоткæйæ рынчын чи уыдис, уыцы Джоель Хартлийы хъуыди сатæг уæлдæфы фынæй кæнын.

Æвиппайды Поллианнæйы зæрдыл æрлæууыд, боныгон цары рудзынджы цур зæгæлтыл ауыгъдæй æнæхъæн рæгъ голлæгтæ кæй федта, уый. Ненси дзырдта, сæрды сæ зымæгон дзаумæттæ бафснайынц, зæгъгæ. Поллианнæ, уырзæй сгаргæйæ, бахæццæ ис голлæгтæм. Иу дзы равзæрста, æхсызгон

нæрст æмæ фæлмæн чи уыдис, ахæм (уым уыди мисс Поллийы сæрак кæрц), æмæ уый хуыссæнæн сбæззыдаид. Стæй ма иу, тæнæгдæр, йæ дыууæ ’мбисы йын кæрæдзиимæ баиу кæнгæйæ, уымæй уыди баз саразæн. Æмæ ма ноджыдæр иу – хъæццулы бæсты. Ахæм тæнæг уыд, æмæ, цыма афтид уыдис, афтæ зынди. Фырцинæй йæхи дæр нал æмбæрста, афтæмæй, ныфджынæй асæпп-сæпп ласта мæйы рухсæй дзаг рудзынгмæ. Фегом æй кодта, йæ уаргъ æддæмæ асхуыста æмæ йæ фæдыл йæхæдæг дæр рабырыд. Арæхстгай рудзынг сæхгæдта. Сæ диссаджы къæхтыл уыйбæрц цыдæртæ цы бындзытæ хæссынц, уыдон дзы нæ ферох сты!

Цы алæмæты сатæг уыди уæлхæдзар! Поллианнæ фырцинæй, чысыл ма хъæуа, гæппытæ кæнын ма райдайа. Йæ риуы дзаг арф улæфыди сатæг уæлдæф. Тасмачъийæ конд уæлхæдзар йæ къæхты бын тасыд, йæ къæс-къæсæй буар цыма хуынчъытæ кодта, фæлæ уый Поллианнæйы зæрдæмæ фæцыдис. Æртæ хатты уæлхæдзарыл иу кæронæй иннæмæ ацыди. Тæвд гыццыл уаты фæстæ æхсызгонæй банкъардта гом æмæ уæрæх тыгъдад. Уæлхæдзар ахæм уæрæх, стæй ахæм тъæпæн уыдис, æмæ дзы Поллианнæ æппындæр ахауынæй нæ тарсти. Æппынфæстаг райгондæй сулæфыд æмæ сæрак кæрцæй конд гобаныл йæхи дзæбæх ауагъта. Иннæ голлаг базы бæсты йæ сæры бын бакодта. Æртыккагæй йæхи æрæмбæрзта æмæ йæхи фынæй кæнынмæ ’рцæттæ кодта.

– Цы хорз у, хызæгтæ кæй нæма ’рбаластой, уый, – загъта Поллианнæ, кодта, хуыссæнхъæлдзæгæй стъалытæм кæсгæйæ, – науæд ам нæ фынæй кæнин.

Уыцы рæстæг бынæй, тыргъимæ æмкъул уаты, мисс Полли фæдисæй йæ уæлæ акодта йæ халат æмæ йæ къæхтæ туфлиты нытъуысты. Йæ цæсгом уыди фæлурс æмæ тарстхуыз. Иу минут раздæр телефонæй Тимотимæ адзырдта æмæ ризгæ хъæлæсæй загъта:

– Сыстут рæвдздæр!.. Тагъддæр рацу дæ фыдимæ! Фанартæ райсут! Чидæр уæлхæдзары рацу-бацу кæны. Уардиты хызæгыл кæнæ æндæр искуыд сбырыдис, æвæццæгæн, æмæ ныр йæ бон у цары скæсæйнаг рудзынгыл хæдзармæ 'рбахизын. Цары дуар сæхгæдтон, фæлæ... рæвдздæр, рæвдздæр!

Цасдæр рæстæджы фæстæ Поллианнæ æрфынæй ис, фæлæ йæ уалынмæ фанарты рухс æмæ кæйдæр хъæлæба райхъал кодтой. Йæ цæстытæ байгом кодта æмæ ауыдта Тимотийы. Уый лæууыди, тыргъы сæрмæ цы асин æрбавæрдтой, ууыл. Ноджы ма федта Зæронд Томы. Уый цары рудзынгæй рацæйхызт, йæ фæстæ та зынди йæ мадыхо.

– Поллианнæ, уый цы хуыйны? – ныхъхъæр ласта мисс Полли.

Чызг хуыссæнхъæлдзæгæй йæ цæстытæ æууæрдгæ рабадтис.

– О, мистер Том... мæ мадыхо Полли! – къуызгæ сдзырдта Поллианнæ. – Цæмæй фæтарстыстут? Чехоткæ мыл нæй... Джоель Хартлийы хуызæн. Ахæм тæвд мын уыди... уаты. Фæлæ æз рудзынг сæхгæдтон, мæ мадыхо Полли, æмæ бындзытæ... уыцы микробты хæдзармæ нæ бахæсдзысты.

Тимоти æвиппайды фæцыдæр ис. Зæронд Том дæр, фæдисонау, фанар мисс Поллийы къухы фæсагъта æмæ йæ фырты фæдыл фæраст. Мисс Полли йæхи тыхæй баурæдта æмæ, нæлгоймæгтæ куы ацыдысты, уæд карзæй загъта:

– Поллианнæ, ныртæккæ уыцы дзаумæттæ æри æмæ ардæм рацу!.. Цавæр æнахуыр сывæллон дæ! – ныхъхъæр сылгоймаг фæстæдæр. Йæ иу къухæй фанарыл хæцыд, иннæмæй Поллианнæйы йæ фæдыл кодта, афтæмæй цары асинтæм фæцæйцыд.

Æхсæвы сатæг уæлдæфы фæстæ тæвд цар Поллианнæмæ фæкаст ноджы æнуддæр, фæлæ ницы сдзырдта, æрмæст арф ныуулæфыди. Асинты уæллаг къæпхæныл мисс Полли карзæй загъта:

– Поллианнæ, æхсæвæй ма цы баззад, уый мемæ арвитдзынæ. Хызæгтæ ’рбаласдзысты райсом, фæлæ дæ уæдмæ мæ цæст нал сисдзынæн. Æз уый мæ хæсыл нымайын.

Поллианнæ фырдисæй, цингæнгæ, ныхъхъæр кодта:

– Демæ? Дæ хуыссæны? Мæн афтæ тынг фæндыд искæимæ фынæй кæнын... комитеты сылгоймагимæ нæ, фæлæ, хион мын чи у, ахæм искæмæ! Уыдон мæ царды фагæй фылдæр уыдысты. Ехх! Ахæм цин кæнын, уыцы хызæгтæ кæй нæма ’рбаластой, ууыл! Ды нæ цин кæнис?

Дзуапп нæ райста. Мисс Полли размæ цыди. Раст зæгъгæйæ, йæхи æнкъардта æнахуыр æдыхæй. Поллианнæ куы ’рбацыд, уæдæй фæстæмæ йæ мисс Полли бафхæрдта æртыккаг хатт æмæ та ’ртыккаг хатт дæр стыр диссаг федта: чызг та йын йе ’фхæрд ногæй стыр хорзæхыл банымадта. Уымæ гæсгæ, йæхи ахæм æдыхæй кæй æнкъардта, уым диссагæй ницы уыди.

# 8 СÆР

## ПОЛЛИАННÆ УАЗÆГУАТЫ АЦЫД

Мисс Харрингтоны хæдзары бæлвырд фæтк фæзынди. Кæд уый, мисс Полли фыццаг кæй снысан кодта, ахæм фæтк нæ уыдис, уæддæр. Поллианнæ хуыйын райдыдта, гаммæтæ цагъта, хъæрæй касти æмæ къæбицы хæринаг кæныныл ахуыр кодта; фæлæ уыцы куыстытæй иуыл дæр, мисс Поллийы цас фæндыд, уыйбæрц сахаттæ нæ хардз кодта. Бирæ рæстæг ын-иу баззад «æнæуи цардæн», уымæн æмæ сихоры фæстæ йæ рæстæг иууылдæр, зæгъæн ис, йæхи куыд фæндыд, афтæ 'рвыста. Æрмæст дзырдæй: мисс Полли бар цæмæн нæ ратта, ахæмæй хъуамæ мацы бакæна.

Æниу, зын зæгъæн уыдис, улæфыны рæстæг фылдæр Поллианнæйы хъуыд æви мисс Поллийы. Уымæн æмæ июлы мæйы фыццаг бонты мисс Полли иу æмæ дыууæ хатты нæ загъта: «Мæнæ цы 'нахуыр сывæллон ис!» Алы хуыйыны æмæ кæсыны урочы фæстæ дæр-иу иуырдыгæй стыр дисы бафтыд, иннæмæй та-иу тынг сфæлмæцыдис.

Ненсийæн йæ хъуыддæгтæ хуыздæр цыдысты. Уый нæдæр фæлмæцгæ, нæдæр дис кодта. Æртыццæгтæ æмæ сабаттæ йын æцæг бæрæгбонтæ систы.

Харрингтонты хæдзармæ хæстæг, Поллианнæ кæимæ хъаза,

ахæм чызджытæ æмæ лæппутæ нæ уыди. Хæдзар æрбынат кодта горæтгæрон, æмæ кæд иннæ хæдзæрттæ тынг дард нæ уыдысты, уæддæр дзы йæ карæнтæ нæ уыд. Æниу, чызг цыма ууыл æппындæр нæ хъынцъым кæны, афтæ зынди.

– Æз ууыл нæ маст кæнын, – дзырдта Поллианнæ Ненсийæн. – Æз амондджын дæн, мæ бон уынгты цæуын, хæдзæрттæм æмæ адæммæ кæсын кæй у, уымæй. Æз уарзын адæмы. Ды та, Ненси?

– Уарзын сæ, зæгъгæ, нæ зæгъдзынæн… се 'ппæты уарзæн куыд ис? – дзуапп радта Ненси.

Райдзаст бон у, зæгъгæ, уæд-иу Поллианнæ лæгъстæ кодта, цæмæй йын «аразгъор-базгъор» кæнынæн бар радтой æмæ горæты уынгты атезгъо кæна. Ахæм тезгъоты рæстæг-иу арæх сæмбæлдис иу Нæлгоймагыл. Йæхинымæр æй афтæ хуыдта, уыцы бон-иу суанг дæс лæгыл куы фембæлд, уæддæр.

Нæлгоймаг дардта даргъ сау сюртук æмæ æрттиваг цилиндр – «æнæуи нæлгоймæгтæ» ахæм дзаумæтты никуы цыдысты. Йæ цæсгом уыди хæрз даст æмæ фæлурс, цилиндыры бынæй зындысты урс сæрыхъуынтæ. Йæ фæсонтæ-иу уыцы æмрастæй хаста. Цыдис тагъд, фæлæ кæддæриддæр иунæгæй, æмæ йын Поллианнæ цæмæндæр тæригъæд кодта. Чи зоны, уымæн æм сдзырдта иуахæмы.

– Куыд дæ, сэр? Хорз бон у, æвæдза! – загъта чызг хъæлдзæгæй, куы йæм баввахс ис, уæд.

Нæлгоймаг сонтæй йæ алыварс акаст, стæй æрлæуыди.

– Уый ды… мæнмæ дзурыс? – бафарста цъæхснаг хъæлæсæй.

– О, сэр, – йæ мидбылты бахудти Поллианнæ. – Æз афтæ загътон: «Хорз бон у, æвæдза!»

– Æ? О! Гъым! – бахъуыр-хъуыр кодта нæлгоймаг æмæ дарддæр ацыд.

Поллианнæ ныххудти. «Цы худæг у», – ахъуыды кодта йæхинымæр.

Дыккаг бон та ногæй хæрхæмбæлд фесты.

– Абон зноны хуызæн хорз бон нæу, фæлæ йын уæддæр ницы у! – ныххъæр кодта хъæлдзæгæй Поллианнæ.

– Цы? Куыд? – бахъуыр-хъуыр та кодта лæг, æмæ Поллианнæ цингæнгæ ныххудти.

Æртыккаг хатт та йæм куы сдзырдта, уæд нæлгоймаг æваст æрлæууыди.

– Чызг, байхъус-ма, чи дæ, алыхатт мæм цæмæн сдзурыс?

– Мæ ном хуыйны Поллианнæ Уиттиер, æмæ мæм ды ахæм иунæг фæкастæ. Ныхасмæ мæм кæй æрлæууыдтæ, ууыл æз ахæм цин кæнын, æмæ... Ныр базонгæ стæм... æрмæст дын æз дæ ном нæма зонын.

– Хуыцауыстæн, кæй зыдтон... – Нæлгоймаг йæ ныхас кæронмæ нæ фæци, афтæмæй йæ фæндагыл атындзыдта.

Поллианнæ йæ фæдыл акаст æмæ йæ цин бамынæг ис, йæ худгæ былты кæрæттæ дæлæмæ ’рцыдысты.

– Æвæццæгæн мæ нæ бамбæрста... фæлæ нæ базонгæдзинадæн уый æрмæст йæ райдиан уыди. Йæ ном ын нæма зонын, – йæхинымæр дзурæгау загъта чызг, æмæ дарддæр ацыди йæ фæндагыл.

Уыцы бон миссис Сноуæн роды къæхтæй фых холодец фæцæйхаста. Къуыри иу хатт-иу мисс Полли Харрингтон æнæмæнг миссис Сноуæн исты арвыста. Дзырдта-иу, зæгъгæ, афтæ кæнын йæ хæсыл нымайы, уымæн æмæ миссис Сноу мæгуыр æмæ рынчын у. Уымæй уæлдай, иу аргъуаны уæнгтæ сты, æмæ аргъуанæн йæ хæс у рынчынæн æххуыс кæнын. Мисс Полли арæхдæр йæ хæс дыццæджы æххæст кодта, сихоры фæстæ, стæй йæхæдæг нæ, фæлæ-иу Ненсийы арвыста. Фæлæ ацы бон ахæм бар йæхицæн лæгъстæйæ ракуырдта Поллианнæ, æмæ Ненси сразы ис, мисс Поллийы куы бафарста, уый фæстæ.

– Кæй дзы суæгъд дæн, уый ма мын æхсызгон дæр у, – загъта Ненси, Поллианнæимæ хибарæй куы баззадысты, уæд, – кæд


Мæ ном хуыйны
Поллианнæ Уиттиер,
æмæ мæм ды
ахæм иунæг фæкастæ
– Сыстут рæвдздæр!..
Тагъддæр рацу
дæ фыдимæ!
Фанартæ райсут!
Чидæр уæлхæдзары
рацу-бацу кæны.
Уыцы бон
миссис Сноуæн
роды къæхтæй
фых холодец
фæцæйхаста

ахæм куыст де ’вджид бакæнын аив нæу, уæддæр. Мæгуырæг, худинаг у, худинаг!

– Æмæ мæнæн уыцы хæс мæ зæрдæмæ цæуы, Ненси.

– Уырдæм иу хатт куы ацæуай, уæд дæ зæрдæмæ нал фæцæудзæн, – загъта Ненси æнкъардæй.

– Цæуылнæ?

– Уымæн æмæ уый никæй зæрдæмæ фæцæудзæн. Адæм ын тæригъæд куы нæ кæниккой, уæд райсомæй изæрмæ йæ разы иу уд дæр нæ фæлæууид, ахæм зындзæрæн у. Йæ чызг тæригъæд у, уый йæм кæсы.

– Цæмæн, Ненси?

Ненси йе уæнгтыл хæрдмæ схæцыд æмæ загъта:

– Æргомæй дын куы зæгъон, уæд, цыфæнды ма ’рцæуæд, миссис Сноуы хъуыдымæ гæсгæ, алцыдæр раст нæу. Суанг къуыритæ дæр, уый куыд фæнды, ахæм фæткыл нæ цæуынц. Кæд къуырисæр вæййы, уæд æй фæфæнды, цæмæй уа хуыцаубон. Холодец ын куы ’рбахæссай, уæд æнæмæнг зæгъдзæн, карчы цъиу кæй бахæрид, зæгъгæ. Карчи цъиу ын куы ’рбахастаис, уæд та дын загътаид, фысы бас тынг арæх кæй æрымысы!

– Цы худæг ус у, – ныххудти Поллианнæ. – Æз æм æхсызгонæй ацæудзынæн, фæнды мæ йæ фенын. Æвæццæгæн, тынг диссаг... æмæ æнахуыр у. Æз уарзын æнахуыр адæмы.

– Гъым! Миссис Сноу æнахуыр кæй у, уый бæлвырд у... Мæ зæрдæ дарын, ахæмтæ кæй нал ис, ууыл... хорз æмæ! – загъта Ненси мæстыйæ.

Гыццыл æмæ фыдуынд хæдзары кулдуарæй бахизгæйæ, Поллианнæ хъуыды кодта Ненсийы ныхæстыл. Йæ цæстытæ цæхæр калдтой, «æнахуыр» миссис Сноуы фенынмæ нал хъæцыд.

Дуар ын фæлладхуызæй фæлурс æрыгон чызг байгом кодта.

– Дæ бон хорз, – райдыдта Поллианнæ уæзданæй. – Мисс Полли Харрингтон мæ ’рбарвыста, миссис Сноуы фенын мæ тынг фæнды.

– Æцæг зæгъыс? Йæ фенын тынг кæй фæнды, ахæм ды фыццаг дæ, – загъта чызг мынæг хъæлæсæй, фæлæ Поллианнæ уыцы ныхæстæ нæ фехъуыста. Чызг фæзылд æмæ, бахизæны кæрон цы дуар уыди, уый цурмæ бацыд. Поллианнæйы рынчыны уатмæ бауагъта æмæ уайтагъд дуар ахгæдта.

Чызг исдуг хорзау нал фæци. Йæ цæстыты уæлтъыфылтæ тыбар-тыбур кодтой, цалынмæ йын уаты дзыдзырухсыл фæцахуыр сты, уæдмæ. Æппынфæстаг уаты иннæ кæрон ауыдта сылгоймаджы. Уый хуыссæны рабадти. Поллианнæ йæм тагъдгомау бауад.

– Куыд дæ, миссис Сноу? Мæ мадыхо Полли йæ зæрдæ дары, ацы бон дзæбæхдæр кæй дæ, ууыл, æмæ дын мæнæ холодец æрбарвыста.

– Холодец? – схъуыр-хъуыр кодта мæсты хъæлæсæй сылгоймаг. – Кæй зæгъын æй хъæуы, бузынг, фæлæ мæ абон фысы бас хъуыди.

Поллианнæ йе ’рфгуытæ уæлиау систа.

– Æцæг? Æз та афтæ ’нхъæлдтон, æмæ дын холодец куы ’рбахæссынц, уæд дæ карчы цъиу фæхъæуы, – загъта чызг.

– Цы? – Рынчын цæхгæр фæзылд йæ хуыссæны.

– Нæ, ницы, – хатыр курынмæ фæци Поллианнæ. – Кæй зæгъын æй хъæуы, бирæ уæлдай дзы нæй. Ненси мын дзырдта, холодец дын куы ’рбахæссынц, уæд дæ карчы цъиу фæхъæуы, зæгъгæ, фысы бас та – карчы цъиу дын куы ’рбахæссæм, уæд. Фæлæ, чи зоны, Ненси исты фæхæццæ кодта.

Рынчыл йæхиуыл схæцыд æмæ хуыссæны рабадти. Уый йын стæмхатт æнтыст, фæлæ йæ Поллианнæ нæ зыдта.

– Зæгъ-ма мын, мисс Налат, ды чи дæ? – бафарста рынчын.

Поллианнæ хъæлдзæгæй ныххудти.

– Мæнæн мæ ном бынтон æндæр у, миссис Сноу... æмæ æз ууыл цин кæнын! Де ’вæрд ном та Хадшибæйæ фыддæр у. Мæ ном хуыйны Поллианнæ Уиттиер, æз дæн мисс Поллианнæ

Харрингтоны хæрæфырт, æмæ ныр йемæ цæрын. Абон дын холодец æз уымæн æрбахастон.

Уыцы ныхæстæм рынчын байхъуысти раст бадгæйæ, уый дзурæг уыдис йæ цымыдисдзинадыл. Фæлæ та холодецы кой куы фехъуыста, уæд æнæбонæй базтыл æрхауд.

– Хорз, бузныг. Дæ мадыхо, кæй зæгъын æй хъæуы, уæздан адæймаг у, фæлæ мæм абон æппындæр хæрын нæ цæуы, стæй мæ фысы бас хъæуы... – æваст фæхъус ис. Уый фæстæ дарддæр дзырдта, йæ ныхасы сæр цæхгæр фæивгæйæ. – Ацы ’хсæв мæ цæстытæ æппындæр не ’рцъынд кодтон!

– Ехх, æз афтæ куы уаин, – ныуулæфыди Поллианнæ. Холодец гыццыл стъолыл æрæвæрдта æмæ бандоныл бæстон бадт æркодта. – Цас рæстæг сæфы фынæй кæнгæйæ! Афтæ дæм нæ кæсы?

– Рæстæг сæфы, фынæй кæнгæйæ? – Миссис Сноуы хъæлæсы хъуысти дызæрдыгдзинад.

– О, афтæмæй та уыцы рæстæг уаид цæрæн! Ахæм хъыг мын у, нæ бон æхсæв дæр цæрын кæй нæу!

Рынчын ногæй йæхи сраст кодта æмæ хуыссæны сбадти.

– Стыр диссаг мæм кæсыс! Бауай-ма рудзынджы размæ æмæ ’мбæрзæн аиуварс кæн, – барджынæй загъта рынчын. – Цыхуызæн дæ, уый фенын мæ фæнды.

Поллианнæ, худгæйæ, сыстад, фæлæ тынг хъæлдзæг нæ уыди.

– Ныр мын мæ дзыгъуыртæ фендзынæ, – ныуулæфыд чызг, рудзынджы цурмæ бацæугæйæ. – Æз та цин кодтон, талынг кæй у æмæ кæй нæ зынынц, ууыл. Ныр дæ бон у... О-о! – фæхъæр кодта Поллианнæ, хуыссæны ’рдæм куы разылдис, уæд. – Мæ фенын дæ кæй бафæндыд, уый мын ахæм æхсызгон у, уымæн æмæ дæ ныр æз дæр уынын! Ахæм рæсугъд дæ, уый мын ничи загъта!

– Æз? Рæсугъд? – бафарста сылгоймаг æнкъард мидбылхудтимæ.

– О, нæ йæ зыдтай?

– Нæ зыдтон, – дзуапп радта миссис Сноу.

Миссис Сноу рацарди дыууиссæдз азы, æмæ уыдонæй фынддæс азы дæргъы ’рмæстдæр уымæ бæллыд, цæмæй, йæ алыварс цыдæриддæр ис, уыдон, цавæр сты, ахæмтæ ма уой. Цинагæй сæ ницы уыдта, цин кæнынæн та йын рæстæг нæ уыди.

– Цы стыр сау цæстытæ дын ис, дæ дзыккутæ та – сау æмæ къæбæлдзыг! – цъыбар-цъыбур кодта Поллианнæ. – Æз сау æмæ къæбæлдзыг дзыккутæ бирæ уарзын, уæларвмæ куы атæхон, уæд райсын æнхъæл цæмæн дæн, уыцы хæрзтæй иу сты. Стæй дæ уадултæ ахæм диссаджы фæлмæн сырх сты! О, о, миссис Сноу, тынг рæсугъд дæ! Мæнмæ гæсгæ, дæхимæ кæсæнмæ куы бакæсис, уæд æй бамбарис.

– Кæсæнмæ! – бахъуыр-хъуыр кодта рынчын, базтыл æрхаугæйæ. – О, кæй зæгъын æй хъæуы, фæстаг рæстæджы мæхи кæсæны раз арæх нæ рæсугъдтæ кодтон… стæй, мæнау, æнæхъæн бон дæ фæсонтыл æнæзмæлгæйæ куы хуыссис, уæд дæ дæхи аразыны мæт нæ уаид.

– Кæй зæгъын æй хъæуы, – сразы ис Поллианнæ, тæригъæдгæнгæйæ. – Фæлæ ма фæлæуу… бар ратт, æмæ дын дæхи фенын кæнон! – ныхъхъæр кодта чызг. Гæппытæгæнгæ, къамоды размæ базгъордта æмæ дзы къухы даргæ гыццыл кæсæн райста. Фæстæмæ хуыссæны ’рдæм куы фæцæйцыди, уæд æрлæууыд æмæ рынчыныл, аргъгæнæгау, йæ цæст æрхаста. – Кæд дæ фæнды, уæд дын дæ сæр æндæрхуызон ныффасдзынæн, – загъта Поллианнæ. – Дæ хорзæхæй, бар мын ратт!

– Æз… кæд дæ фæнды, уæд, – загъта миссис Сноу хъуырхъуыргæнгæйæ, – фæлæ не сбаддзысты мæ дзыккутæ…

– Бузныг. Æз бирæ уарзын искæй дзыккутæ фасын, – ныццин кодта Поллианнæ. Хъавгæ кæсæн æрæвæрдта æмæ сæрвасæн райста. – Æнæмæнг, абон мын бирæ нæ бантысдзæн… куыд рæсугъд дæ, уый равдисынмæ нал хъæцын. Фæлæ дын

искуы дæ дзыккутæ иууылдæр зæрдиагæй ныффасдзынæн, куыд æмбæлы, афтæ сыл бакусдзынæн! – зæрдæ бавæрдта чызг, йæ фæлмæн æнгуылдзтæй сылгоймаджы ныхы сæрмæ цы къæбæлдзыгуытæ уыди, уыдонмæ 'вналгæйæ.

Фондз минуты бæрц Поллианнæ архайдта цæрдæг æмæ рæвдз. Хивæнд бецыкк-иу куы сæрвасæнæй афæлмæн кодта, куы-иу къæбутыл чи ныппыхцыл, уыцы дзыккутæ хæрдмæ сфаста, куы та-иу базыл уæлдæр схæцыд, цæмæй сæр хуыздæр зына, уый тыххæй.

Рынчынæн-иу йе 'рфгуытæ тынг нылхынцъ сты æмæ-иу чызджы митыл мæсты худт бакодта. Нæ йæ уырныдта, йæ фыдæбонæй исты рауайдзæн, уый.

– Фæдæн! – ныуулæфыд Поллианнæ. Йæ разы цы дурын уыд, уырдыгæй дидинæг фелвæста æмæ йæ сау сæрыхъуынты, йæхимæ гæсгæ, æппæты хуыздæр кæм сфидаудзæн, уым ныссагъта. – Ныр цæттæ стæм æмæ нæм бакæсæн ис! – Æмæ йæм цингæнгæ кæсæн балæвæрдта.

– Гъым! – схъуыр-хъуыр кодта миссис Сноу, йæхимæ лæмбынæг кæсгæйæ. – Æз сырх дидинджытæ фылдæр уарзын. Æниу, уæддæр изæрмæ бахус уыдзæн, æмæ цы уæлдай у!

– Мæнмæ гæсгæ, кæй бахус уыдзæн, ууыл хъуамæ цин кæнай, – ныххудти Поллианнæ, – уымæн æмæ дын уæд ног ныссадзын æхсызгон уыдзæн. Мæнæн мæ зæрдæмæ тынг цæуы, дæ дзыккутæ афтæ фаст кæй сты, уый, – хатдзæг скодта чызг, райгондæй йæ куыстмæ кæсгæйæ. – Дæуæн та?

– М-м, чи зоны. Фæлæ… бирæ нæ фæлæудзысты, уымæн æмæ æз æдзухдæр хуыссæны дыууæрдæм здыхсын.

– Афтæ у, фæлæ æз ууыл дæр цин кæнын, – йæ сæр разыйы тылд бакодта Поллианнæ, – уымæн æмæ дын сæ уæд мæ бон уыдзæн ногæй ныффасын. Стæй, мæнмæ гæсгæ, ды хъуамæ цин кæнай, сау кæй сты, ууыл. Саутæ урс базыл бур сæрыхъуынтæй хуыздæр зынынц, мæнæ мæн хуызæттæй.

– Чи зоны, фæлæ сау сæрыхъуынтæ никуы уарзтон – сæ урсытæ тынг раджы разынынц, – не сразы ис миссис Сноу. Ныхас кодта мæстыгæрæй, фæлæ, раздæрау, кæсæн дардта йæ разы.

– Æз та сау сæрыхъуынтæ ахæм бирæ уарзын! Æз саулагъз куы уаин, уæд тынг цин кæнин, – ныуулæфыди Поллианнæ.

Миссис Сноу кæсæн æруагъта æмæ мæстыйæ разылдис:

– Мæ бынаты куы уаис, уæд цин нæ кæнис… сау дзыккутыл, стæй æндæр истæуыл дæр… мæнау дæ ам æнæхъæн бон хуыссын куы хъæуид, уæд!

Поллианнæ йе 'рфгуытæ фелхынцъ кодта, арф хъуыдыты аныгъуылд.

– О, тынг зын уаид… ахæм уавæры исты ссарын… – загъта чызг, цыма йæхинымæр дзырдта, уыйау.

– Цы ссарын?

– Цин цæуыл кæнай, уый.

– Æмæ цæуыл ис цин кæнæн, алы бон дæр хуыссæны рынчынæй куы хуыссай, уæд? Уым бирæ циндзинад нæй, – мæстыйæ загъта миссис Сноу. – Кæд дæуæн дæ хъуыды æндæр у, уæд ма мын æй зæгъ, дæ хорзæхæй, цæуыл хъуамæ цин кæнон?

Миссис Сноуы дисæн кæрон нал уыди, Поллианнæ куы фæгæпп ласта æмæ йæ армытъæпæнтæ кæрæдзиуыл куы 'рцавта, уæд.

– Тынг хорз! Уый тынг зын уыдзæн, æцæг? Мæнæн цæуын афон у, фæлæ æз фæндагыл хъуыды кæндзынæн, æмæ, чи зоны, иннæ хатт исты зæгъдзынæн. Хæрзбон. Тынг æхсызгон мын у, уазæгуаты дæм кæй æрбацыдтæн, уый. Хæрзбон, – загъта ногæй къæсæры раз.

– Уый дын гъе! Цымæ уымæй цы зæгъынмæ хъавыд? – хъæрæй загъта миссис Сноу æмæ йæхимæ бакасти.

– Ацы чызг зоны дзыккутимæ архайын… бæгуы, – хъуыр-хъуыр кодта йæ фындзы бын. – Раст куы зæгъон, уæд

æй æз зонгæ дæр нæ кодтон, афтæ рæсугъд уæвæн сын ис, уый. Фæлæ уæддæр цы пайда ис уымæй? – ныуулæфыд сылгоймаг. Гыццыл кæсæн йæ къухæй хуыссæнмæ ’рхауд æмæ мæстыйæ йæ сæр азылдта.

Чысыл фæстæдæр миссис Сноуы чызг Милли уатмæ куы бацыд, уæд кæсæн нырма уыди хуыссæны, кæд ныр хъæццулы бын арф æмбæхст æрцыдис, уæддæр.

– Мамæ… æмбæрзæн гом куы у! – ныхъхъæр кодта Милли. Дисгæнгæйæ, касти куы рудзынгмæ, куы та йæ мады дзыккуты цы дидинæг сагъд уыдис, уымæ.

– Æмæ цы? – загъта рынчын. – Уæдæ рынчын кæй дæн, уый тыххæй цæрæнбонты хъуамæ талынджы бадон?

– Нæ, кæй зæгъын æй хъæуы, нæ,– тагъдгомау сдзырдта Милли æмæ хосы авг райста. – Æрмæст… ды йæ дæхæдæг хорз зоныс, дæ уатмæ дын рухсы цъыртт æрбауадзын бирæ архайдтон, фæлæ не сразы дæ.

Миссис Сноу æнæдзургæйæ йе ’хсæвхуыссæн хæдоны папаритæм февнал-февнал кодта æмæ, хъуыр-хъуыргæнгæйæ, загъта:

– Мæнмæ гæсгæ, хъуамæ искæмæн уый йæ хъуыдыйы ’рцыдаид æмæ мын ног æхсæвхуыссæн хæдон балæвар кодтаид… фысы басы бæсты… исты ногдзинадæн уæд та!

– Мамæ!

Диссаг нæ уыди, Милли хорзау кæй нал фæцис æмæ йæ улæфæнтæ кæй ахгæдтой, уый. Йæ чъылдыммæ къамоды æвæрд уыд дыууæ ног æхсæвхуыссæн хæдоны, æмæ цалдæр мæйы йæ мадæн фæлæгъстæ кодта, цæмæй сæ йæ уæлæ скæна.

# 9 СÆР

## НÆЛГОЙМАГ

Поллианнæ Нæлгоймагыл ногæй куы сæмбæлд, уæд къæвда уарыд, фæлæ йын уæддæр хъæлдзæг мидбылхудтæй салам радта.

– Абон зæрдæ боныхъæдæй нæ райы. Ды та куыд хъуыды кæныс? – хъæлдзæгæй загъта чызг. – Къæвда æдзух кæй нæ фæуары, уый мæнæн æхсызгон у!

Ацы хатт Нæлгоймаг ницы сдзырдта, стæй йæм кæсгæ дæр нæ ракодта. Поллианнæмæ афтæ фæкаст, цыма йæ нæ фехъуыста. Уымæ гæсгæ, иннæ хатт (уый та уыдис дыккаг бон) салам радта ноджы хъæрдæрæй. Йæхимæ гæсгæ, афтæ бакæнын хъуыди æнæмæнг, уымæн æмæ Нæлгоймаг цыди, йæ къухтæ йæ фæсонтыл сæвæргæйæ, æмæ касти зæхмæ. Фæскъæвда ракаст диссаджы хур, райсомы уæлдæф уыди сыгъдæг æмæ сатæг. Уыцы райдзаст нывы раз Поллианнæмæ Нæлгоймаджы хуыз фæкасти тынг æнахуыр. Уыцы бон ын сæрмагонд хорзæхы хуызы радтой бар райсомæй атезгъо кæнынæн.

– Куыд дæ? – цъыбар-цъыбур кодта Поллианнæ. – Æз тынг цин кæнын, абон знон кæй нæу, ууыл, ды та?

Нæлгоймаг цæхгæр фæлæууыд. Йæ цæсгом уыди мæстджын æмæ хъуынтъыз.

– Байхъус-ма, чызг, ацы фарст ныртæккæ хъуамæ кæронмæ алыг кæнæм, – райдыдта мæстыгæрæй. – Боныхъæдæй уæлдай, мæнæн бирæ хъуыддæгтæ ис. Æз, хур кæсы æви нæ, уый зонгæ дæр нæ кæнын.

Поллианнæйы цæсгом ныррухс ис:

– Æз дæр дын уый зæгъын, сэр. Æз æй афтæ дæр зыдтон, кæй ницы зоныс, уый, æмæ дын æй зæгъгæ дæр уымæн кодтон.

– О… – сдзуырнмæ хъавыдис лæг, фæлæ æваст фæхъус ис, йæ ныхæсты мидис æм куы бахъардта, уæд. – Э? Цы?

– Æз дæр дын æй уымæн загътон, цæмæй хур кæй кæсы, уый фенай, стæй æндæр ахæмтæ. Æз æй зыдтон, куыддæр æрлæууай æмæ йыл ахъуыды кæнай, афтæ бацин кæндзынæ. Науæд æппындæр бæрæг нæ уыд, кæй йæ зоныс, уый!

– Кæй зыдтон, уыцы сывæллæттæй… – ныхъхъæр кодта Нæлгоймаг æмæ æнæбонæй йæ къух ауыгъта. Размæ фæцæйцыд, фæлæ дыууæ къахдзæфы куы акодта, уæд æлхынцъæрфыгæй разылди. – Байхъус-ма, дæхицæн ныхасæмбалæн, дæхи карæн чи у, ахæм искæй цæуылнæ ссарыс?

– Бæргæ, сэр, фæлæ Ненси афтæ зæгъы, нæ алфамбылай сывæллæттæ нæй, зæгъгæ. Æмæ йыл тынг нæ маст кæнын. Æз ас адæмы къаддæр нæ уарзын, чи зоны, æмæ фылдæр, уымæн æмæ хæрзгæнæг комитеты сылгоймæгтыл сахуыр дæн.

– Гъым! Хæрзгæнæг комитеты сылгоймæгтæ… уый дын гъе! Æмæ мæн дæр уыдонæй иуыл нымайыс? – Нæлгоймаджы былтыл мидбылхудт сцæйхъазыд.

Поллианнæ хæларзæрдæйæ ныххудти:

– Нæ, сэр, хæрзгæнæг комитеты сылгоймæгты хуызæн æппындæр нæ дæ… кæй зæгъын æй хъæуы, уыдонæй æвзæрдæр нæ дæ… чи зоны, æмæ хуыздæр. Мæн фидарæй уырны, ды, куыд зыныс, уымæй бирæ хуыздæр дæ.

Нæлгоймаджы хъуырæй цыдæр æнахуыр зæл сирвæзт.

– Кæйзыдтон!.. – ныхъхъæр та кодта уый; йæ ныхас кæронмæ нæ фæци, фæзылд æмæ дарддæр ацыди.

Сæ иннæ фембæлды йын, хынджылæггæнæгау, комкоммæ йæ цæстытæм бакаст. Полианнæмæ афтæ фæкасти, цыма уымæй йæ цæсгом зæрдæмæдзæугæдæр фæцис.

– Дæ бон хорз, – салам ын радта лæг æнæрвæссонæй. – Æвæццæгæн, абон хур кæй кæсы, уый зæгъын хуыздæр уыдзæн, æцæг?

– Æмæ дæ уый дзурын дæр нæ хъæуы, – хъæлдзæгæй йæ сæр батылдта Поллианнæ. – Куыддæр дæ федтон, афтæ йæ бамбæрстон, кæй йæ зоныс, уый!

– Æцæг?

– О, сэр. Дæ цæстыты йæ ауыдтон, æмбарыс… дæ мидбылхудты.

– Гъым! – загъта Нæлгоймаг æмæ дарддæр ацыдис.

Уый фæстæ-иу Поллианнæйæн алыхаттдæр дзуапп радта æмæ-иу йемæ фыццаг дæр сдзырдта, кæд-иу, «дæ бон хорз» зæгъгæйæ, иннæрдæм азылд, уæддæр. Фæлæ суанг уый дæр Ненсимæ стыр диссаг фæкаст, иухатт Поллианнæимæ тезгъо куы кодта æмæ уыцы салам куы фехъуыста, уæд.

– Поллианнæ! – ныддис кодта уый. – Ацы адæймаг демæ ныхас кодта!

– О, уый алыхатт дæр сдзуры… ныр, – бахудти Поллианнæ.

– Алыхаттдæр? О, Хуыцау! Зоныс æй, чи у, уый? – бафарста Ненси.

Поллианнæйæн йæ цæсгом ныттар æмæ йæ сæр батылдта.

– Мæнмæ гæсгæ, чи у, уый зæгъын æй ферох. Æмбарыс, æз ын мæхи бацамыдтон, уый та нæ.

Ненси йæ цæстытæ ныдздзагъыр кодта.

– Уый никуы никæимæ фæдзуры… æмæ афтæ кæны бирæ азты дæргъы. Æрмæстдæр ын гæнæн куы нал вæййы, уæд… хъуыддаджы фæдыл кæнæ æндæр исты ахæм. Уый у Джон

Пенделтон. Цæры хæрз иунæгæй, Пенделтон-Хиллы къуыбырыл цы стыр хæдзар ис, уым. Суанг æм хæринаггæнæг дæр нæй, æмæ бон æртæ хатты фысымуатмæ фæцæуы. Æз зонын Салли Майнеры, хæрæндоны кусæджы, уым ын лæггад уый фæкæны. Куыд зæгъы, афтæмæй, цы йæ хъæуы, уый зæгъынæн дæр йæ дзых тыххæй байгом кæны. Салли йæ æнæуи дæр фæзоны – æрмæст исты аслам хæринаг уæд! Йæ бон у, æмæ йæ зæгъгæ дæр ма кæна, афтæ дæр æй фæзоны!

Поллианнæ йæ сæр æмбаргæ тылд бакодта.

– Зонын æй. Мæгуыр куы уай, уæд аслам истытæй ирвæзын фæхъæуы. Мах-иу мæ фыдимæ хæрæндоны арæх хордтам. Арæхдæр истам хъæдур æмæ кæсаг. Æмæ-иу кæрæдзийæн дзырдтам, хъæдур бирæ кæй уарзæм… афтæ-иу дзырдтам, гогызмæ кæсгæйæ. Æмбарыс, йæ аргъ уыдис æртиссæдз центы! Мистер Пенделтон хъæдур уарзы?

– Уарзы? Цы уæлдай у, уарзы йæ æви нæ? Уый æппындæр мæгуыр нæу. Джон Пенделтонмæ бирæ ’хца ис – йæ фыдæй йын баззад. Æгас горæты дыккаг ахæм хъæздыг адæймаг нæй. Куы йæ бафæндид, уæд доллæртæ дæр хæрид…

Поллианнæ ныккæл-кæл кодта:

– Цыма искæмæн йæ бон у гæххæттын доллæртæ хæрын æмæ уый не ’мбарын! Ауиилын уал сæ бафæлварæд!

– Ха! Æз æрмæстдæр, хъæздыг кæй у, уый зæгъынмæ хъавыдтæн, – йе уæхсчытæ базмæлын кодта Ненси. – Фæлæ йе ’хца нæ хардз кæны, афтæ гъе. Æмбырд сæ кæны!

– Æвæццæгæн, муртагкæгтæн, – ахъуыды кодта Поллианнæ. – Уый тынг хорз у! Ахæм адæймæгтæ алцæмæйдæр сæхи æнæхай фæкæнынц æмæ сæ ныхы фыстæй разы вæййынц. Æз æй зонын, мæнæн æй мæ фыд дзырдта.

Ненсийæн æваст йæ дзых фегом ис, цыма дзы мæстыгæр дзырдтæ рацæйирвæзт, уыйау, фæлæ Поллианнæйы æнæхин æмæ рухс цæсгом куы федта, уæд ницыуал загъта.


Кæд дæ фæнды, уæд дын дæ ср æндæрхуызон ныффасдзынæн
– Ахæм æлгъаджы йæ бон йе скъаппы дарын куыд у?
← Джон Пенделтон.
Уый цæры хæрз иунæгæй Пенеделтон-Хиллы къуыбырыл цы стыр хæдзар ис, уым.
...Иуæй-иутæ афтæ зæгъынц, йе скъаппы стæгдар ис, зæгъгæ.

– Гъым! – ӕрмӕстдӕр ма афтӕ бакодта. Фӕлӕ уый фӕстӕ, цымыдисаг ӕм цы каст, уымӕ ногӕй раздӕхтис ӕмӕ дзырдта дарддӕр: – Демӕ кӕй дзуры, уый тынг диссаг у, ӕцӕгдӕр, ӕнахуыр цыдӕр у. Уый никӕимӕ фӕныхас кӕны, йӕ диссаджы стыр хӕдзары иунӕгӕй цӕры, ӕмӕ йын, куыд дзурынц, афтӕмӕй, алы зынаргъ дзауматӕй йедзаг у. Иуӕй-иуты хъуыдымӕ гӕсгӕ, ӕдылыдзӕф у, иннӕтӕм гӕсгӕ – ’нӕдзӕрин, чидӕртӕ та зӕгъынц, йе скъаппы стӕгдар ис, зӕгъгӕ.

– О, Ненси, – ныккӕрзыдта Поллианнӕ. – Ахӕм ӕлгъаджы йӕ бон йе скъаппы дарын куыд у? Аппарӕд ӕй, ӕмӕ фӕцис!

Ненси ныххудти. Бамбӕрста, Поллианнӕ «скъаппы стӕгдар» комкоммӕ кӕй бамбӕрста, уый, фӕлӕ йӕ рӕдыд барӕй не сраст кодта.

– Иууылдӕр дзурынц, цыдӕр сусӕг кӕны, зӕгъгӕ, – дарддӕр кодта йӕ ныхас. – Цалдӕргай азты балцы ацӕуы – къуыри уым, къуыри ам, – ӕмӕ ӕрмӕстдӕр алы муртагкаг бӕстӕтӕм... Мысырмӕ, Азимӕ, цыдӕр ӕдзӕрӕг быдырмӕ – Сахарӕмӕ... Ӕмбарыс, цӕй кой кӕнын, уый?

– О, миссионер у, – йӕ сӕр разыйы тылд бакодта Поллианнӕ.

Ненси ӕнахуыр худт ныккодта.

– Ӕз афтӕ нӕ загътон... Куы ’рыздӕхы, уӕд та чингуытӕ фӕфыссы... цыдӕр диссӕгтӕ, ӕнахуыр цыдӕртӕ... уыцы бӕстӕты цы бибитӕ ссары, уыдоны тыххӕй цыма. Ам та йӕ капекк бахардз кӕнын дӕр нӕ фӕнды, ӕнӕуи цӕрынӕн уӕд та.

– Кӕй зӕгъын ӕй хъӕуы, кӕд сӕ муртагкӕгтӕн ӕмбырд кӕны, уӕд, –загъта Поллианнӕ. – Фӕлӕ уый тынг худӕг ӕмӕ ӕнахуыр лӕг у, миссис Сноуы хуызӕн, ӕцӕг ӕндӕрхуызон ӕнахуыр.

– Чи зоны, ӕмӕ афтӕ у... чи зоны, – худгӕйӕ загъта Ненси.

– Ӕз ныр ноджы тынгдӕр цин кӕнын, мемӕ кӕй сдзуры, уый, – ныуулӕфыди Поллианнӕ райгондӕй.

# 10 СÆР

## ÆНÆНХЪÆЛÆДДЖЫ ЛÆВАР МИССИС СНОУÆН

Поллианнæ миссис Сноумæ ногæй бæрæггæнæг куы ацыд, уæд æй, раздæрау, баййæфта талынг уаты.

– Мамæ, ацы чызджы мисс Полли 'рбарвыста, – фехъусын кодта Милли фæлладхуызæй æмæ ацыди. Поллианнæйы рынчынимæ хибарæй ныууагъта.

– Уый ды дæ! – райхъуысти хуыссæнæй мæсты хъæлæс. – Хъуыды дæ кæнын. Мæнмæ гæсгæ, дæу чифæндыдæр бахъуыды кæндзæн, иу хатт дæ куы фена, уæд. Тынг хъыг мын у, знон кæй не 'рбацыдтæ, уый. Знон куы 'рбацыдаис, уый мæ ахæм тынг фæндыд.

– Æцæг? Уæдæ мын æхсызгон у, знон абонæй тынг дард кæй нæу, уый, – ныххудти Поллианнæ. Хуыссæны размæ цæрдæг бауад æмæ чыргъæд арæхстгай бандоныл æрæвæрдта. – Ногæй та дæм талынг куы у! Æппындæр дæ нæ уынын! – фæхъæр ласта чызг. Рудзынджы размæ бацыд æмæ æмбæрзæнтæ аиуварс кодта. – Мæн фæнды фенын, амæй размæ дын дæ сæр куыд ныффастон, афтæ фаст у æви нæ... Охх, афтæ фаст нæу! Цæй, ницы кæны, уый ма мын æхсызгон дæр у, уымæн æмæ мын, чи зоны, бар раттай... чысыл фæстæдæр. Ныр та мæ фæнды, цæмæй дын цы 'рбахастон, уый фенай.

Сылгоймаг тыхстзмæлд бакодта.

– Цыма æддаг бакастæй хæринаджы ад хуыздæр свæййы, – фелхыскъ æй кодта рынчын, фæлæ уæддæр йæ цæстытæ чыргъæды ’рдæм сарæзта.

– Цæй, цы дзы ис?

– Базон æй! Цы дæ хъæуид? – Поллианнæ цингæнгæ чыргъæды размæ багæпп ласта.

Рынчын йе ’рфгуытæ нылхынцъ кодта.

– Æппындæр мæ зæрдæ ницы зæгъы, – ныуулæфыд миссис Сноу. – Хæринæгтæ иууылдæр иу ад кæнынц.

Поллианнæ ныххудти.

– Нæ, нæ! Базон æй! Цы бахæрын дæ фæндид?

Миссис Сноу, цы зæгъа, уый нæ зыдта. Йæхæдæг дæр æй нал æмбæрста, афтæмæй, бирæ азты дæргъы, цы йын нæй, уымæ бæллын сахуыр ис. Уымæ гæсгæ йæм афтæ фæкаст, цыма, цы йæ хъæуы, уымæн уайтагъд зæгъæн дæр нæ уыди, цалынмæ, цы йæм ис, уый базона, уæдмæ. Фæлæ исты зæгъын хъуыдис. Ацы æнахуыр сывæллон æнхъæлмæ касти дзуаппмæ.

– Кæй зæгъын æй хъæуы, фысы бас…

– Æз дын æрбахастон бас! – ныхъхъæр кодта цингæнгæ Поллианнæ.

– Фæлæ мæ цыма уый нæ хъуыдис, – ногæй ныуулæфыд рынчын, ныр, цы йæ хъуыдис, уый бæлвырд зонгæйæ. – Мæн хъуыди карчы цъиу.

– Уый дæр æрбахастон, – ныххудти Поллианнæ.

Миссис Сноу дисгæнгæ разылд.

– Дыууæ дæр? – бафарста уый.

– О, стæй дын роды къæхтæй фых холодец дæр æрбахастон, – цин кодта Поллианнæ. – Æз сфæнд кодтон: иу хатт хъуамæ, цы дæ хъæуы, уый райсай. Æмæ мах Ненсиимæ ууыл бацархайдтам. Кæй зæгъын æй хъæуы, алцæмæй дæр фæйнæ гыццылы… фæлæ алцыдæр ис! Мæнæн ахæм æхсызгон у, карчы

цъиу дæ кæй ærхъуыдис, уый, – дзырдта райгондæй чызг, йæ чыргъæдæй æртæ гыццыл къусы сисгæйæ. – Зоныс, æз фæндагыл хъуыды кодта, стуры ахсæн, хъæдындз кæнæ мæм цы нæй, ахæм æндæр исты куы 'рцагурай, уæд цы уыдзæнис, ууыл... Уый тынг æвзæр уыдаид, уымæн æмæ æз ахæм зæрдиагæй архайдтон! – Поллианнæ хъæлдзæгæй ныххудти.

Рынчын хъусæй лæууыд. Афтæ зынди, цыма йæхинымæр, цы фесæфта, ахæм цыдæр агуры.

– Мæнæ! Иууылдæр дын сæ уадзын, – фехъусын кодта Поллианнæ, йе 'ртæ къусы стъолыл рæнхъæй равæргæйæ. – Чи зоны дæ райсом фысы бас ærхъæуа. Абон та дæхи куыд хатыс? – уæздан фарстæй фæци йæ ныхас.

– Бузныг, тынг æвзæр, – схъуыр-хъуыр кодта миссис Сноу, æмæ, фылдæр хатт куыд уыд, афтæ та ærынкъард ис. – Райсомæй мæ бон фынæй кæнын дæр нæ баци. Мæ сыхаг Нелли Хиггинс музыкæйы уроктæ исын райдыдта, æмæ мын йæ гаммæтæ мæ сæрызонд фæцæйцæуын кодтой. Æнæхъæн райсом мæ удхарæй амардта, иу минут дæр не 'рлæууыди! Цы кæнон, уымæн ницыуал зонын!

Поллианнæ тæригъæдгæнгæ йæ сæр батылдта.

– Æмбарын дæ, уый тынг зын у! Миссис Уайт дæр иу хатт ахæм уавæры уыди. Уый сылгоймæгты хæрзгæнæг комитеты уæнг у. Уыцы рæстæг ноджы стæгнизæй хъæрзыдта, æмæ йæ бон хуыссæны рафт-бафт кæнын дæр нæ уыд. Æмæ дзырдта, зæгъгæ, разил-базил куы кæнид, уæд ын бирæ 'нцондæр уаид, зæгъгæ. Дæуæн дæ бон у?

– Мæ бон у... цы?

– Рафт-бафт кæнын, ома, змæлын, цæмæй уыцы гаммæтæй тынг куы стыхсыс, уæд дæ буары уавæр фæивай.

Миссис Сноу чызгмæ дисхуызæй касти.

– Кæй зæгъын æй хъæуы, мæ бон змæлын у, куыддæриддæр мæ фæнды, афтæ, фæлæ сынтæджы, – дзуапп радта мæстыгомау.

– Уæдæ дæ бон ууыл уæддæр у цин кæнын, нæ? Миссис Уайтæн та йæ бон нæ уыди. Стæгнизы рыстæй рафт-бафтгæнæн нæй. Уый фæстæ мын дзырдта, йæ ходыгъды хъустæ нæ уыдысты, зæгъгæ, уæд æнæмæнг сæрра уыдаид… Уый æппындæр хъусæй нæ хъусы…

– Ходыгъды хъустæ? Цæй кой кæныс?

Поллианнæ ныххудти.

– О, хæдæгай, æз дын алцы куы нæма радзырдтон. Ферох мæ ис, миссис Уайты кæй нæ зоныс, уый. Хъуыддаг уый мидæг ис, æмæ йæ ходыгъд, мисс Уайт, уыди къуырма… бынтон къуырма. Цæрынмæ та сæм уымæн æрбацыд, цæмæй хæдзары куыстытæм фæкæса æмæ рынчын миссис Уайтмæ зила. Уый æвирхъау цыдæр уыд! Цæмæй йын исты бамбарын кæна, уый тыххæй-иу æй ахæм хъæр кæнын бахъуыд! Æмæ-иу уый фæстæ уынджы иннæ фарс пианинойыл цæгъдын куы райдыдтой, уæд-иу миссис Уайтæн æхсызгон уыди, йæ бон музыкæйы зæлтæ хъусын кæй у, уый; æмæ йын-иу уæд, кæй йæ нæ хъусы, уый тыххæй ахæм зын нал уыди. Уымæн æмæ-иу йæ цæстытыл ауад, йæ ходыгъды хуызæн къуырма у, зæгъгæ, уæд уый стыр бæллæх уаид. Зоныс, уый дæр хъазгæ кодта, æз æй сахуыр кодтон.

– Хъазгæ?

Поллианнæ йæ армытъæпæнтæ кæрæдзиуыл æрцавта.

– Хæдæгай! Бынтондæр мæ ферох ис, æз уæддæр æрхъуыды кодтон, дæ бон цин кæнын цæуыл у, уый, миссис Сноу!

– Мæ бон цин кæнын у? Цы зæгъынмæ хъавыс уымæй?

– Æз дын зæрдæ куы бавæрдтон! Ферох дæ ис? Ды мæ куырдтай, цæмæй дын зæгъон, дæ бон цин кæнын цæуыл у, уый… ома, цин кæнын, кæд æдзух хуыссæны хуыссыс, уæддæр.

– А-а, уый! – загъта сылгоймаг. – О, уыди ахæм ныхас, фæлæ æз уый æнхъæл нæ уыдтæн, æмæ ды ууыл мæхицæй фылдæр фæхъуыды кæндзынæ.

– О, ӕз бирӕ хъуыды кодтон, – сцин кодта Поллианнӕ, – ӕмӕ ссардтон. Фӕлӕ уый ӕнцон нӕ уыди. Цас зындӕр, уыйас хъӕлдзӕгдӕр. Раст куы зӕгъон, уӕд мӕ бон бирӕ рӕстӕг ӕрхъуыды кӕнын ницы уыд, фӕлӕ уӕддӕр ӕрымысыдтӕн!

– Ӕцӕг? Уый цы у цымӕ?

Поллианнӕ арф ныуулӕфыди.

– Ӕз хъуыды кодтон… Ды хъуамӕ цин кӕнай, иннӕ адӕм дӕ уавӕры кӕй не сты, ууыл… ома, иууылдӕр рынчын кӕй не сты ӕмӕ хуыссӕны кӕй нӕ хуыссынц, ӕмбарыс? – загъта чызг.

Миссис Сноу ӕм мӕстыйӕ ныдздзагъыр.

– Ӕцӕг? – ныхъхъӕр кодта уый, тынг ӕхсызгон чи нӕ уыдис, ахӕм хъӕлӕсы уагӕй.

– Ныр та дын хъазты тыххӕй радзурдзынӕн, – ныфсджынӕй загъта Поллианнӕ. – Ды дзы ӕхсызгонӕй хъаздзынӕ, уымӕн ӕмӕ дын тынг зын уыдзӕн! Цас зындӕр, уыйас хъӕлдзӕгдӕр! Кӕс-ма, хъуыддаг уый мидӕг ис… – Ӕмӕ райдыдта дзурын ӕнцойгӕнӕн лӕдзджыты ӕмӕ куклайы хабар.

Куыддӕр йӕ ныхас фӕци, афтӕ Милли дуары цур февзӕрд.

– Поллианнӕ, дӕ мадыхо дӕм дзуры, – загъта хъуынтъызӕй ӕмӕ уазалӕнгасӕй. – Сыхы иннӕ фарс Харлоуты хӕдзармӕ телефонӕй ӕрбадзырдта ӕмӕ загъта, цӕмӕй фӕрӕвдздӕр кӕнай ӕмӕ, цалынмӕ нӕ баталынг ис, уӕдмӕ гаммӕтӕ ацӕгъдай.

Поллианнӕ ӕвӕндонӕй сыстад.

– Хорз, – ныуулӕфыд чызг. – Фезгъорын. – Ӕнӕнхъӕлӕджы ныххудти: – Ӕвӕццӕгӕн, ӕз хъуамӕ цин кӕнон, згъорынӕн мын къӕхтӕ кӕй ис, ууыл. Афтӕ нӕу, миссис Сноу?

Дзуапп нӕ райста. Миссис Сноу хуыссыд, йӕ цӕстытӕ уыдысты ӕхгӕд. Милли тынг бадис кодта, уымӕн ӕмӕ йӕ мады хауд рустыл ауыдта цӕссыгтӕ.

– Хӕрзбон, – загъта Поллианнӕ, къӕсӕры цур фӕстӕмӕ фӕкӕсгӕйӕ. – Тынг хъыг мын у, дӕ сӕр ныффасын мын кӕй нӕ бантыст, уый. Фӕлӕ, чи зоны, иннӕ хатт…

Июлы бонтæ кæрæдзи ивтой æмæ Поллианнæйæн æцæг амондджын рауадысты. Йæ мадыхойæн æй цингæнгæйæ арæх дзырдта. Фæлæ йын-иу мисс Полли фæлладæй дзуапп радта:

– Тынг хорз, Поллианнæ. Мæнæн, кæй зæгъын æй хъæуы, æхсызгон у, дæ бонтæ ахæм амондджын кæй сты, уый, фæлæ мæ зæрдæ дарын, æнтыстджын дæр ма кæй сты, ууыл. Науæд уый нысан кæнид, æз мæ хæс кæй ницæмæ дарын.

Фылдæрхатт ын-иу Поллианнæ уый фæстæ хъæбыстæ æмæ батæ кæнын райдыдта, æмæ та-иу мисс Полли хорзау нал фæци. Фæлæ иухатт Поллианнæ йæ хъуыды загъта. Уый уыди, уазджыты уаты иумæ куы хуыдтой, уæд.

– Мæ мадыхо Полли, уæдæ ды афтæ зæгъынмæ хъавыс, æмæ бонтæ амондджын кæй сты, уый фаг нæу? – бафарста сагъæсхуызæй.

– Раст уый зæгъынмæ хъавын.

– Хъуамæ ма ноджы æнтыстджын дæр уой?

– Æнæмæнг.

– Æнтыстджын та цы нысан кæны?

– Уый… æнæуи хъуамæ уой æнтыстджын… Хъуамæ исты пайда хæссой, исты фæстиуæг сæ разына. Цавæр æнахуыр сывæллон дæ!

– Уæдæ æнæуи цин кæнын пайда нæу? – стыхсти Поллианнæ.

– Кæй зæгъын æй хъæуы, нæу.

– Мæнæ цы ’взæр у! Уæдæ дæуæн мæ хъазт дæ зæрдæмæ нæ фæцæуудзæн, æмæ тæрсын, кæй никуы дзы хъаздзынæ, уымæй.

– Нæ хъаздзынæн? Цæмæй?

– Уыцы хъазтæй, мæ фыд мæ цæмæй… – Поллианнæ йæ былтæ йæ армæй нытътъæпп ласта. – Нæ, ницы…

Мисс Полли йе ’рфгуытæ нылхынцъ кодта.

– Абон уал фаг у, Поллианнæ, – загъта сылгоймаг, æмæ хуыйыны урок ууыл ахицæн ис.

Уыцы бон Поллианнæ, йæ уатæй асинтыл куы ’рцæйцыд, уæд æрдæгфæндагыл амбæлди йæ мадыхойыл.

– Мæ мадыхо Полли, мæнæ цы хорз у! – ныхъхъæр кодта чызг. – Мæнмæ цæуыс! Рацу! Æз уазджытæ уарзын! – Асинтыл хæрдмæ ныййарц ис æмæ йæ уаты дуар уæрæх байгом кодта.

Мисс Поллийæн æппындæр йæ хæрæфыртмæ бацæуын йæ зæрды нæ уыд. Уый фæцæйцыдис пармæ, йæ урс фæсмын кæлмæрзæнмæ, уыдис æвæрд рудзынджы раз, нæзыйæ конд асыччы. Йе сты дисæн, нæзыйæ конд асыччы цур нæ, фæлæ Поллианнæйы гыццыл уаты æмрасткъуух дæрзæг бандæттæй иуыл февзæрдис. Поллианнæ куы фæзынд, уæдæй фæстæмæ мисс Полли бирæ хæттытты бафиппайдта, æваст, цы кæнынмæ хъавыд, уый кæй нал бакæны.

– Æз уарзын уазджытæ, – уаты пæррæстытæгæнгæ дзырдта Поллианнæ, цыма паддзахы чызг уазæджы йæ галуаны суазæг кодта, уыйау. – Уæлдайдæр та мын мæхи уат куы ис, уæдæй фæстæмæ, æгасæй дæр мæн, æмбарыс? Кæй зæгъын æй хъæуы, уат мын алыхаттдæр уыди, фæлæ-иу уый æххуырст уат уыди. Æмæ ахæм уæттæ хи уаты хуызæн адджын не сты, æцæг? Ай та мæхи уат у, æцæг?

– О, – загъта мисс Полли, стгæ кæй не скæны æмæ йæ кæлмæрзæнмæ кæй нæ цæуы, ууыл дис кæнгæйæ.

– Æмæ ныр ацы уат бауарзтон, кæд дзы гауызтæ, æмбæрзæнтæ, нывтæ æмæ, афтæ тынг цæмæ бæллыдтæн, уыдон нæй, уæддæр... – Поллианнæ æвиппайды фæхъус æмæ къæмдзæстыгæй асырх. Ныхас иннæрдæм аздахынил бафæлвæрдта, фæлæ йæ мадыхо цæхгæр фæурæдта.

– Цы загътай, Поллианнæ?

– А-ахæмæй ницы... мæ мадыхо Полли, æцæгæй. Афтæ мæ æнæуи схауди.

– Чи зоны, – тызмæгæй дзуапп радта Мисс Полли, – фæлæ кæд райдыдтай, уæд дын, мæнмæ гæсгæ, дæ ныхасы иннæ хай дæр фехъусдзынæн.

– Уым уадиссагæй ницы ис, æз æнæуи афтæ ’нхъæлдтон,

гауызтæ, хызгонд æмбæрзæнтæ æмæ алы ахæм цыдæртæ мын кæй уыдзæн, æмбарыс... Фæлæ, æнæмæнг...

– Афтæ ’нхъæлдтай?! – цæхгæр æй фæурæдта мисс Полли.

Фырæфсæрмæй Поллианнæ ноджы тынгдæр ныссырх ис.

– Мæнæн, æнæмæнг, афтæ ’нхъæлын не ’мбæлд, – рæстытæ кодта йæхи. – Фæлæ уый афтæ ’рмæст уымæн уыди, æмæ сæм æдзухдæр бæллыдтæн... фæлæ мын никуы уыдысты. Аргъуанæн кæй рауæлдай кæнынц, уыдонимæ нæм, æцæг, дыууæ гыццыл гауызы ’рбахауд, фæлæ уыдон гыццылтæ уыдысты, æмбарыс, стæй дзы иуыл милы тæппытæ уыди, иннæ та – хуынчъытæ. Нывтæ дæр нæм дыууæ уыди æрмæстдæр; иу дзы мæ фыд... ома, хорз дзы чи уыди, уый ауæй кодтам, æвзæр та алæбырыд. Афтæ куы нæ уыдаид, уæд, кæй зæгъын æй хъæуы, фыццаг бон, тыргъы æмæ асинтыл фæцæйцæугæйæ, æз афтæ ’нхъæл нæ уыдаин, цыма мын ам рæсугъд уат уыдзæн... æмæ... æмæ... Фæлæ, æцæгæй, мæ мадыхо Полли, уый иу минутæй фылдæр нæ ахаста, чи зоны, цалдæр минуты, уый фæстæ та æз цин кодтон, къамодыл кæсæн кæй нæй æмæ мæ дзыгъуыртæ кæй нæ уындзынæн, ууыл. Стæй, мæ рудзынгæй цы ныв зыны, уымæй ма рæсугъддæр цы ис, æмæ ды ахæм зæрдæхæлар уыдтæ, æмæ...

Мисс Полли æваст сыстади. Йæ цæсгом, артау, сыгъди.

– Æгъгъæд у, Поллианнæ, – карзæй загъта мадыхо, – фаг фæдзырдтай.

Уый фæстæ сæрыстырхуызæй бынмæ ныццыд æмæ æрмæст фыццаг уæладзыджы æрлæууыд йæ зæрдыл, цармæ йæ урс фæсмын кæлмæрзæнмæ кæй фæцæйцыди, уый.

Суткæ дæр нæма рацыди, афтæ мисс Полли фидарæй Ненсийæн загъта:

– Абон Поллианнæйы дзаумæттæ дæлæмæ ’рхæсдзынæ, кæм вæййы, уый бынмæ цы уат ис, уырдæм. Æз ахæм уынаффæ рахастон: нырæй фæстæмæ мæ хæрæфырт уым фынæй кæндзæн.

– Хорз, æхсин, – загъта Ненси, йæхинымæр та ахъуыды кодта: «Мæнæ цы хорз у!» Æмæ минуты фæстæ цингæнгæ Поллианнæмæ хъæр кодта:

– Поллианнæ, æхсызгон хабар! Иу уæладзыг дæлдæр фынæй кæндзынæ, ацы уатæн йæ бынмæ цы уат ис, уым… о, о!

Поллианнæйæн йæ цæсгомы хуыз фæлыгъди:

– Ды афтæ зæгъынмæ хъавыс… Ненси, уымæн уæвæн нæй… Æцæг? Æцæгдæр?

– Фендзынæ йæ, æцæг, æцæгдæр афтæ кæй у, уый, – зæрдæ бавæрдта Ненси, скъаппæй къабатæ исгæйæ. – Дæ дзаумæттæ мын дæлæмæ ахæссын бафæдзæхстой, æмæ уыцы хъуыддаг мæ зæрды ис тагъддæр бакæнын, цалынмæ йæ фæнд нæ аивта, уæдмæ.

Поллианнæ йæм кæронмæ нал байхъуыста. Тæссаг уыди, йæ сæр кæй ныппырх кæндзæн, уымæй, уымæн æмæ асинтыл дæлæмæ ныййарц ис, дыгай къæпхæны сæрты гæпп кодта, афтæмæй; дыууæ дуары ныггуыпп ласта æмæ бандон сфæлдæхта. Æппынфæстаг бахæццæ йæ нысанмæ – йæ мадыхо Поллимæ.

– О, мæ мадыхо Полли, мæ мадыхо Полли! Уый æцæг у? Уыцы уаты алцыдæр куы ис: гауыз, æмбæрзæнтæ, æртæ нывы, æдде чи ис, уый нæ нымайгæйæ, уымæн æмæ уым дæр рудзгуытæ уыцырдæм арæзт сты! О, мæ мадыхо Полли!

– Тынг хорз, Поллианнæ. Æхсызгон мын у, уыцы ивддзинадæй разы кæй дæ, уый. Фæлæ кæд уыцы дзаумæттæ дæ зæрдæмæ афтæ тынг цæуынц, уæд сæ кæй хъахъхъæндзынæ, ууыл мæ зæрдæ дарын. Æндæр ницы зæгъын. Поллианнæ, дæ хорзæхæй, бандон сис. Стæй дуар фæд-фæдыл дыууæ хатты ныггуыпп ластай. – Мисс Полли ныхас кодта карз хъæлæсы уагæй, фæлæ цæмæдæр гæсгæ йæ цæстытæ доны разилынмæ кæй хъавынц, уый æмбæрста. Мисс Полли та ахæм æнкъарæнтыл ахуыр нæ уыди.

Поллианнæ бандон систа.

– О, зонын æй, дуар нытътъæпп кодтон, уый, – басасти, цингæнгæйæ. – Æмбарыс, уаты тыххæй нырма æрдæбон базыдтон æмæ, мæнмæ гæсгæ, ды дæр æй нытътъæпп кодтаис, куы... – Поллианнæ йæ ныхас кæронмæ нæ фæцис æмæ та йæ мадыхомæ дисгæнгæ бакаст. – Мæ мадыхо Полли, дæ царды мидæг дуар никуы нытътъæпп ластай?

– Мæнмæ гæсгæ, никуы! – Бæрæг уыди, Мисс Полли тынг кæй смæсты ис.

– Мæ мадыхо Полли, уый æвирхъау цыдæр у! – Поллианнæйы цæсгомыл зынди, йæ мадыхойæн тынг кæй тæригъæд кæны, уый.

– Æвирхъау цыдæр? – йæ фæдыл сдзырдта мисс Полли. Ноджы ма исты загътаид, фæлæ дисы бафтыди.

– О, æмбарыс, ахæм æнкъарæн дæм куы фæзындаид, цыма æнæмæнг дуар нытътъæпп кæнын хъæуы, зæгъгæ, уæд æй ныггуыпп ластаис. Кæд æй нæ ныггуыпп кодтай, уæд уый та нысан кæны, дæ царды мидæг ахæм тынг цин кæй ницæуыл кодтай... науæд æй нытътъæпп кодтаис, дæ бон не суыдаид дæхи бауромын. Мæнæн тынг хъыг у, афтæ тынг цин кæй ницæуыл кодтай, уый!

– Поллианнæ! – тыхулæфтгæнгæ ныхъхъæр кодта мисс Полли. Фæлæ Поллианнæ уæдмæ уым нал уыди, æмæ уыцы хъæрæн дзуапп радта æрмæстдæр дуар гуыпп. Поллианнæ азгъордта Ненсимæ, цæмæй йын йæ дзаумæттæ дæлæмæ хæссын феххуыс кæна.

Мисс Полли уазджыты уаты бадгæйæ баззад. Кæй зæгъын æй хъæуы, йæ ивгъуыд царды... зыдта цин кæнын!

# 11 СÆР

## ДЖИММИ БИН

Ралæууыд августы мæй. Йемæ ’рбахаста бирæ диссæгтæ æмæ ивддзинæдтæ. Æниу, уыдонæй иу дæр Ненсимæ æнахуыр нæ фæкаст, уымæн æмæ, Поллианнæ сæ хæдзары куы ’рцард, уæдæй фæстæмæ диссæгтæм æнхъæлмæ касти .

Фыццаг сæм фæзынди гæдыйы лæппын. Поллианнæ йæ ссардта хæдзарæй чысыл дарддæр, фæндагыл, тæригъæддаг уаст кодта, афтæмæй.

Сыхæгты фæрафæрс-бафæрс кодта, æмæ йæ хицау куы нæ рабæрæг, уæд æй Поллианнæ сæхимæ ’рбахаста, цыма уым æппындæр диссагæй ницы уыди, уый хуызæн.

– Хицау ын кæй нæ разындис, уый мын æхсызгон у, – загъта йæ мадыхойæн, – уымæн æмæ мæн тынг фæндыд, нæхимæ йæ куы ’рбахæссин, уый. Æз уарзын гæдытæ. Æз æй зыдтон, махмæ кæй цæрдзæн, ууыл ды дæр кæй бацин кæндзынæ.

Мисс Полли бакаст гыццыл фæныкхуыз къуыбармæ æмæ ныккæрзыдта: Поллианнæйы хъæбысы уыди кæуинаг хъысмæты æцæг фæлгонц. Мисс Поллийæн гæдытæ æнæуынон уыдысты, суанг рæсугъд, æнæниз æмæ сыгъдæг чи уыди, уыдон дæр.

– Фу! Поллианнæ! Уæртæ цы чъизи у, стæй цы фыдуынд у! Рынчын кæй у, уый гуырысхойаг нæу; хæлмæгтæй æмæ сыстытæй йедзаг!

– Зонын æй. Ехх, мæгуырæг, – фæлмæн хъæлæсæй дзырдта Поллианнæ, гæдыйы лæппыны тарст цæстытæм кæсгæйæ. – Æнæхъæнæй дæр ризгæ кæны… ахæм тарст кæны. Æмбарыс, нæма йæ зоны, нæхицæн æй кæй ныууадздзыстæм, уый.

– Уый æнæуи дæр ничи зоны, – тызмæгæй загъта мисс Полли.

– Нæ, нæ, алчидæр æй зоны, – йæ сæр батылдта Поллианнæ, мадыхойы ныхæстæ раст нæ бамбæрста. – Æз æй алкæмæндæр дзырдтон, йæ хицау куы нæ фæзына, уæд æй мах нæхицæн кæй райсдзыстæм. Æз æй зыдтон, ды йæ тынг æхсызгонæй суазæг кæндзынæ… ахæм гыццыл æмæ æнамонды уынджы ныууадзæн куыд ис!

Мисс Полли йæ дзых бахæлиу кодта, цыдæр зæгъынмæ хъавыди, фæлæ дзæгъæлы. Поллианнæ куы ’рбацыд, уæдæй нырмæ йæм-иу арæх фæзынди æнахуыр æдыхдзинад, æмæ та йыл ногæй фæуæлахиз.

– Æз æй зыдтон, – рæвдз дзырдта дарддæр Поллианнæ, æмæ йæ хъæлæсы уагæй бæрæг уыди, бузныг дзы кæй у, уый, – ахæм дзæбæх, мæгуыр æмæ иунæг гæдыйы лæппын цæмæй æнæ хæдзарæй хъеллау кæна, уымæн  ды бар кæй нæ ратдзынæ, уымæн æмæ хæрз æрæджы мæн райстай. Æз миссис Фордæн дæр афтæ загътон, хæдзармæ ’рбахæссын мын æй бауадздзынæ æви нæ, зæгъгæ, мæ куы бафарста, уæд. Мæнæн ма комитеты сылгоймæгтæ уæддæр уыдысты, гæдыйы лæппынæн та æппындæр ничи ис. Æз æй зыдтон, раст афтæ кæй хъуыды кæныс, уый, – цингæнгæ загъта чызг æмæ уатæй разгъордта.

– Поллианнæ, Поллианнæ, – нæ разы кодта мисс Полли, – æз нæ…

Фæлæ Поллианнæ уæдмæ къæбицмæ азгъордта æмæ хъæр кодта:

– Ненси, Ненси, æрбакæс-ма ацы дзæбæх гæдыйы лæппынмæ; мæ мадыхо Полли нæ иумæ хъомыл кæндзæнис.

Гæдытæ æвирхъау æлгъаг кæмæ кастысты, уыцы мисс Полли та уаты йæ къæлæтджыны бадти æмæ йын фырмæстæй æмæ фырæнæбонæй улæфт нал фаг кодта.

Дыккаг бон хæдзары фæзындис къæбыла, гæдыйы лæппынæй чъизидæр æмæ тæригъæддагдæр, æмæ та мисс Полли, фырдисæй йæ дзыхы ныхас дæр нал бадти, афтæмæй, йæхи федта зæрдæхæлар аудæджы хуызы. Поллианнæ та йын уый дæр æнæхинæй йæ бар бакодта. Кæд ын къæбылатæ гæдытæй æнæуынондæр уыдысты, уæддæр мисс Поллимæ, куыд рабæрæг ис, афтæмæй, чызджы ныхмæ дзурынæн хъару нал уыди.

Къуыри дæр нæма рацыд, афтæ Поллианнæ хæдзармæ ’рбакодта иу гыццыл лæппуйы, бызгъуыртæ дзаумæтты, æмæ та барджынæй æрдомдта, цæмæй ууыл дæр аудой. Æппынфæстаг Мисс Полли, цы зæгъа, уый ссардта. Уый та уыдис афтæ.

Цыппæрæмы райдзаст райсом скодта, æмæ та Поллианнæ миссис Сноуæн холодец ахаста. Ныр систы æрдхæрдтæ. Сæ хæлардзинад райдыдта, Поллианнæ сæм уазæгуаты æртыккаг хатт куы уыд, миссис Сноуæн хъазты тыххæй куы радзырдта, уæдæй фæстæмæ. Æмæ ныр миссис Сноу уыцы хъазтæй йæхæдæг дæр хъазыди Поллианнæимæ. Кæй зæгъын æй хъæуы, нырма йын бынтон хорз нæ уадис. Æдзух алцæмæй хъаст кодта, æмæ йын ныр истæуыл цин кæнын æнцон нæ уыди. Фæлæ йын Поллианнæ, ныфсытæ ’вæргæйæ, амыдта, йæ рæдыдтыл ын хъæлдзæгæй худти, æмæ афтæмæй миссис Сноу дæр фæцалх ис цин кæныныл. Абон та Поллианнæйæн суанг афтæ дæр ма загъта, йæ холодецыл ын цин кæй кæны, уымæн æмæ йæ тынг хъуыдис. Нæ йæ зыдта, уыцы бон пасторы ус дæр миссис Сноуæн стыр къусы дзаг холодец кæй æрбарвыста, уый Милли Поллианнæйæн къæсæры раз кæй фехъусын кодта.

Уыдæттыл хъуыдыгæнгæйæ, Поллианнæ æваст иу лæппуйы ауыдта.

Лæппуйæн уыди тынг тæригъæддаг хуыз, фæндаджы

кæрон бадти æмæ æнкъардæй цыдæр къæцæл саст кардæй лæгъз кодта.

– Салам, – бахудтис æм Поллианнæ.

Лæппу йæм бакаст æмæ уайтагъд йæ цæстытæ азылдта.

– Салам, – дзуапп ын радта уазалæнгасæй.

– Куыд кæсын, афтæмæй, ды холодецыл дæр нæ бацин кодтаис, – лæппуйы раз æрлæугæйæ, ныххудти Поллианнæ.

Лæппу тыхстхуызæй базмæлыд. Дисгæнгæ йæм бакаст, æмæ та ногæй йæ къуымых кардæй къæцæл лæгъз кæнын райдыдта.

Поллианнæ иучысыл хъуыдытæ кæнгæ алæууыд, уый фæстæ кæрдæгыл йæ разы æрбадти. Кæд æдзухдæр афтæ дзырдта, «комитеты сылгоймæгтыл сахуыр ис» æмæ, сæ сыхæгтæм сывæллæттæ кæй нæй, ууыл «тынг нæ маст кæны», зæгъгæ, уæддæр мысыд йæхи карæн сывæллæты. Уымæ гæсгæ, фидарæй сфæнд кодта ацы фембæлдæй, цас гæнæн ис, уыйас спайда кæнын.

– Мæ ном хуыйны Поллианнæ Уиттиер, – уæзданæй райдыдта чызг. – Дæуæн та?

Лæппу та ногæй тыхстхуызæй базмæлыд. Суанг ма лæугæ дæр скодта, фæлæ фæстæмæ ’рбадти.

– Джимми Бин, – схъуыр-хъуыр кодта тызмæгхуызæй.

– Мæнæ цы хорз у! Ныр базонгæ стæм. Мæнæн æхсызгон у, ды дæр мын дæхи кæй бацамыдтай, уый… науæд, æмбарыс, иуæйиутæ афтæ нæ фæкæнынц. Æз цæрын мисс Полли Харрингтоны хæдзары. Ды та?

– Никуы.

– Никуы? Уымæн уæвæн нæй, алчидæр искуы фæцæры, – загъта Поллианнæ.

– Æз та нæ цæрын… ныр. Ног бынат агурын.

– О-о! Æмæ кæм агурыс?

Лæппу йæм æнæвввæрсон каст бакодта.

– Æдылы! Куы йæ зонин, уæд æй агурин!

Поллианнæ йæ сæр банкъуыста. Æнæмæнг, ацы лæппу хорз хъомылгонд нæ уыд, стæй йæ нæ фæндыд, цæм æй исчи æдылы хона. Фæлæ уæддæр иннæтæй хицæн кодта… ас адæмы хуызæн нæ уыд.

– Æмæ кæм цардтæ… раздæр? – бафарста чызг.

– Фарстыты бын мæ куыд фæкодта! – мæстыйæ ныуулæфыд лæппу.

– Æндæр гæнæн мын нæй, – загъта Поллианнæ сабырæй, – науæд дын дæ хабæрттæ куыд базондзынæн. Ды фылдæр куы дзурис, уæд æз та – къаддæр.

Лæппу ныххудтис, фæлæ уайтагъд фæхъус. Ныххудти æнæуæндонæй, стæй æнæбары, фæлæ куы сдзырдта, уæд йæ цæсгомы æнгас раздæрæй зæрдæмæдзæугæдæр уыди.

– Хорз, уæдæ хъусгæ кæн! Æз дæн Джимми Бин. Цæуы мыл дæс азы, тагъд мыл иуæндæс сæххæст уыдзæн. Фарон сидзæрты хæдзармæ бахаудтæн, фæлæ сывæллæттæй йедзаг у, æмæ дзы мæнæн бынат нæ разынди. Стæй сæ, мæнмæ гæсгæ, райсой мæ, уый фæндгæ дæр нæ кодта. Æмæ æз дæр ралыгътæн. Мæн фæнды, цæрæн кæм ис, ахæм бынат ссарын, фæлæ йæ нæма ссардтон. Мæн хъæуы æцæг хæдзар… хуымæтæг, директоры бæсты мад кæм уа, ахæм. Дæхицæн хæдзар куы уа, уæд дын бинонтæ дæр уыдзæн. Мæ фыд куы амард, уæдæй нырмæ мын бинонтæ нæ уыди. Æмæ ныр ахæм хæдзар агурын. Цыппар раны бафæлвæрдтон… фæлæ сæ нæ бафæндыд… кæд сын, кæй зæгъын æй хъæуы, кусгæ кæндзынæн, уый загътон, уæддæр. Цæй, цы ма дæ хъæуы? – уыцы фæстаг ныхæстæ лæппу загъта ризгæ хъæлæсæй.

– Æвирхъау хъуыддаг! – тæригъæдгæнгæ ныуулæфыд Поллианнæ. – Никæй бафæндыди дæ райсын? Æз дæ хорз æмбарын, уымæн æмæ… мæ фыд куы амард, уæд мæнæн дæр, хæрзгæнæг комитеты сылгоймæгтæй уæлдай, ничиуал уыди, мæ мадыхо Полли мæ цалынмæ йæхимæ нæ райста, уæдмæ… –

Поллианнæ æвиппайды фæхъус. Йе 'нгасыл бæрæг уыд, цыдæр диссаджы хъуыды йæм кæй фæзындис, уый. – Æз дын хæдзар ссардтон! – ныхъхъæр кодта цингæнгæйæ. – Мæ мадыхо Полли дæ райсдзæн... æз æй зонын, æнæмæнг дæ райсдзæнис! Ау, мæн куы райста! Ау, Флаффи æмæ Баффийы куы райста, чи сæ уарза æмæ сæхи цы фæкæной, уый сын куы нæ уыдис, уæд! Æмæ уыдон æрмæстдæр куыдз æмæ гæдыйы ләппынтæ куы сты. Цом, æз æй зонын, мæ мадыхо Полли дæ райсдзæн! Уый ахæм дзæбæх æмæ зæрдæхæлар у, æмæ йын зæгъæн дæр нæй!

Джимми Бины къæсхуыр цæсгом фæхъæлдзæгдæр:

– Æцæг? Райсдзæн мæ? Æз кусдзынæн, æрбакæс-ма мæм, æз тыхджын дæн. – Йæ гыццыл мæллæг къух рафистæг кодта æмæ йæ хæцъæфтæ балхъывта.

– Æнæмæнг дæ райсдзæнис! Мæ мадыхо Поллийæ хуыздæр дунейыл сылгоймаг нæй... ныр, мæ мад æрвон зæд куы феста-дис, уæд... Æмæ йæм цас уæттæ ис, уый та! – дзырдта дарддæр Поллианнæ. Фæгæпп кодта æмæ ләппуйы цонгыл рахæцыд. – Тынг стыр хæдзар нын ис. Фæлæ, чи зоны, – бафтыдта иучы-сыл тыхстхуызæй, мисс Поллийы хæдзары 'рдæм куы азгъорд-той, уæд, – чи зоны, дæу, цары цы уат ис, уым фынæй кæнын бахъæудзæн. Æз дæр раздæр уым фынæй кодтон. Фæлæ ныр рудзгуытыл хызæгтæ ис, æмæ дзы тынг тæвд нæ уыдзæн. Стæй бындзытæ не 'рбатæхдзысты æмæ сæ къæхтыл уыцы... микробты не 'рбахæсдзысты. Ды уый тыххæй исты фехъуы-стай? Уый ахæм диссаг у! Чи зоны, æмæ дын мæ мадыхо уыцы чиныг бакæсынæн бар ратдзæнис, кæд коммæгæс уай, уæд... ома, куы нæ хъусай, уæд. Дæуыл дæр дзыгъуыртæ куы ис, – бафтыдта йæ ныхасмæ æмæ ләппуйыл йæ цæст æрхаста, – æмæ ды дæр, кæсæн дзы кæй нæй, ууыл цин кæндзынæ. Рудзынгæй цы ныв зыны, уый та цыфæнды нывæй дæр хуыздæр у. Мæн фидарæй уырны, уыцы уаты дын фынæй кæнын æхсызгон уыдзæн, – пыф-пыф кодта Поллианнæ, æвиппайды, цы улæфт


– Æз дæн Джимми Бин. Цæуы мыл дæс азы, тагъд мын иуæндæс сæххæст уыдзæн. Фарон бахаудтæн сидзæрты хæдзармæ…
– Æз æй зыдтон,  ахæм дзæбæх, мæгуыр æмæ иунæг гæдыйы лæппын цæмæй æнæ хæдзарæй хъеллау кæна, уымæн  ды бар кæй нæ ратдзынæ…
Дыккаг бо хæдзары фæзындис къæбыла, гæдыйы лæппынæй ноджы чъизидæр æмæ тæригъæддагдæр.

ма йæм баззад, уый йæ æрмæст дзурынæн кæй нæ хъæуы, уый бамбаргæйæ.

– Уый дын гъе! – бадис кодта Джимми Бин æмæ уый фæстæ бафтыдта. – Æз æнхъæл дæр нæ уыдтæн, æмæ искæмæн йæ бон, згъоргæйæ, уыйбæрц дзурын у.

Поллианнæ ныххудти.

– Ды ууыл хъуамæ цин кæнай æрмæстдæр, – дзуапп радта чызг, – уымæн æмæ, цалынмæ æз дзурын, уæдмæ дæ бон хъусæй лæууын у.

Хæдзары цурмæ куы бахæццæ сты, уæд Поллианнæ йе ’мбалы комкоммæ бакодта йæ мадыхомæ.

– Мæ мадыхо Полли! – цингæнгæ ныхъхъæр кодта Поллианнæ. – Æрбакæс-ма, кæй ссардтон, уымæ! Уый Флаффи æмæ Баффийæ бирæ хуыздæр у. Уый дын æцæг удæгас лæппу... хъомыл кæнынæн. Цары фынæй кæнынил дæр разы у... рай-дианы, æмбарыс. Афтæ мын зæгъы, кусын æй фæнды, зæгъгæ, фæлæ фылдæр рæстæг мæхи бахъæудзæн, цæмæй йемæ хъазон!

Мисс Полли тынг ныффæлурс ис, уый фæстæ сырх-сырхид афæлдæхт. Алцы нæ бамбæрста, фæлæ, цы бамбæрста, уый дæр масты фаг уыди.

– Поллианнæ, уый цы хуыйны? Уый цавæр чъизи лæппу у? Кæцæй йæ æрбакодтай? – карзæй бафарста сылгоймаг.

«Чъизи лæппу» исдуг фæстæдæр алæууыд æмæ дуары ’рдæм бакаст. Поллианнæ хъæлдзæгæй ныххудти:

– О, хæдæгай, кæй зæгъын æй хъæуы! Йæ ном зæгъын мæ куы ферох ис! Æз Нæлгоймагæй хуыздæр нæ дæн... О, чъизи у, ома, лæппу, Флаффи æмæ Баффи, хæдзармæ сæ куы ’рбахастон, уæд куыд уыдысты, афтæ. Фæлæ йæ куы ныхсæм, уæд йæ бакаст бирæ фæхуыздæр уыдзæн. Охх, ногæй та мæ фæцæйрох ис, – ныххудти чызг. – Йæ ном хуыйны Джимми Бин.

– Æмæ ам цы кусы?

– Мæ мадыхо Полли, æрдæбон дын æй куы бамбарын кодтон!

– Поллианнæ фырдисæй йæ цæстытæ ныдздзагъыр кодта. – Уый дæуæн у. Æз æй дæумæ ’рбакодтон, цæмæй ам цæра. Тынг æй фæнды, хæдзар æмæ йын бинонтæ куы уаид, уый. Ды мемæ, стæй Флаффи æмæ Баффиимæ тынг зæрдæхæлар уыдтæ, æз ын æй радзырдтон. Æмæ уыимæ дæр, æнæмæнг, зæрдæхæлар уыдзынæ, уымæн æмæ уый цыфæнды гæды æмæ къæбылайæ дæр хуыздæр у.

Мисс Полли къæлæтджыныл йæхи аппæрста æмæ ризгæ къухæй йæ хъуырыл ныххæцыд. Раздæры æдыхдзинад та йыл уæлахиз кæнын райдыдта, бæрæг уыдис, йæ фæсонтæ зынæй кæй сæмраст кодта, уый.

– Æгъгъæд у, Поллианнæ. Дæ митæй амæй æнæхъоладæр нæма уыд. Раст цыма мын дзæгъæл гæдытæ æмæ æнаккаг куыйтæ фаг нæ уыдысты, уыйау. Ноджы ма æрбакодтай цавæрдæр мæгуыргуры, бызгъуыртæ дзаумæтты…

Лæппуйы цæстытæ æваст цæхæртæ акалдтой, йæ роцъо хæрдмæ систа æмæ дыууæ сæрæттæн мисс Поллийы раз февзæрдис. Хъæбатырæй йын бакасти йæ цæсгоммæ.

– Æз мæгуыргур нæ дæн, æхсин, стæй мæн дæуæй ницы хъæуы. Æнæмæнг, мæ зæрды уыдис кусын – цæрæнбынат æмæ хæринаджы хардзыл! Æмæ æз уæ зæронд хæдзармæ не ’рбацыдаин, ацы чызг мын куыд зæрдæхæлар æмæ дзæбæх дæ, стæй мæ райсынмæ тынг бæллыс, зæгъгæ, куы нæ загътаид, уæд. Æндæр ницы! – Фæзылдис æмæ фидар къахдзæфтæй уатæй рацыди. Йæ хуыз ахæм сæрыстыр уыди, æмæ искæмæ худæг фæкастаид, уыйбæрц тæригъæддаг куы нæ уыдаид, уæд.

– О, мæ мадыхо Полли! – ныхъхъæрзыдта Поллианнæ. – Æз æнхъæлдтон, æмæ, ам куы цæра, уæд цин кæндзынæ! Фидарæй мæ уырныдта, цин…

Мисс Полли йæ къух хæрдмæ систа æмæ ацамыдта, цæмæй чызг ныхъхъус уа. Æппынфæстаг мисс Поллийы нервытæ нал бафæрæзтой. Лæппуйы ныхæстæ – «хæларзæрдæ æмæ

дзæбæх» – нырма йæ хъустыл уадысты, æмæ та йыл раздæры æдыхдзинад уæлахиз кæй кæны, уый банкъардта. Фæлæ йæ хъару æмæ йæ бархъомысы фæстаг муртæ æрæмбырд кодта.

– Поллианнæ! – ныхъхъæр ласта карзæй. – Ныууадз ма æппынæдзух уыцы «цин» дзурын! «Цин», «цин», «цин» – райсомæй изæрмæ! Афтæ мæм кæсы, цыма тагъд сæрра уыдзынæн!

Поллианнæй фырдисæй хæлиудзыхæй аззад:

– Мæ мадыхо Полли, – мынæг хъæлæсæй загъта чызг, – æз æнхъæлдтон, æмæ ды цин кæныс, æз цин… Охх! – Æмæ, йæ былтæ йæ армытъæпæнæй нытъттъæпп кæнгæйæ, уатæй разгъордта.

Джимми Бин, хæдзары раз цы бæлæстæ зади, уыдоны кæронмæ бахæццæ, Поллианæ йæ куы æрбаййæфта, уæд.

– Лæппу! Лæппу! Джимми Бин! Фæлæуу-ма, цыдæр дын зæгъон… тынг хъыг мын у… – тыхулæфтгæнгæ йын фæлæбурдта йæ къухмæ.

– Цы дзы ис хъыгагæй? Æз дæу аххосджын нæ кæнын, – тарæрфыгæй дзуапп радта лæппу. – Фæлæ æз мæгуыргур нæ дæн! – бафтыдта зæрдæбынæй йæ ныхасмæ.

– Нæ дæ, æнæмæнг! Фæлæ ды мæ мадыхомæ хъуамæ мæсты ма кæнай! – ныххатыдис æм Поллианнæ. – Чи зоны, æз дæ раст нæ бацамыдтон, æмæ йын дæу тыххæй алцы радзурын мæ бон не сси. Уый æцæгдæр хæларзæрдæ, стæй тынг дзæбæх у, æдзухдæр ахæм уыди. Фæлæ æз, æвæццæгæн, алцы, куыд æмбæлы, афтæ нæ бамбарын кодтон. Мæн афтæ тынг фæндыд, цæмæй дын хæдзар æмæ бинонтæ ссарон!

Лæппу йе уæнгтыл схæцыд æмæ азылди, хъавыдис цæуынмæ.

– Ницы кæны, мæхæдæг исты ссардзынæн. Фæлæ бахъуыды кæн: æз мæгуыргур нæ дæн.

Поллианнæйæн йе ’рфгуытæ фелхынцъ сты, арф ныхъхъуыды кодта. Æвиппайды фæзылд, йæ цæсгом ныррухс ис.

– Байхъус-ма, æз мæнæ цы бакæндзынæн! Абон сихоры фæстæ хæрзгæнæг комитеты сылгоймæгтæ сараздзысты æмбырд. Фехъуыстон æй, мæ мадыхо Полли йæ дзырдта. Æмæ æз уыцы ’мбырды дæ кой ракæндзынæн. Мæ фыд-иу æдзухдæр афтæ кодта, исты-иу æй куы хъуыдис, уæд… муртагкæгты уырныдзинадмæ раздахынæн кæнæ аргъуанæн ног гауызæн…

Лæппу мæстджынæй разылдис.

– Æз муртагкаг æмæ ног гауыз нæ дæн! Стæй… Хæрзгæнæг комитет та цы у?

Поллианнæ йæм дисхуызæй æмæ мæстыйæ бакасти:

– Джимми, кæм хъомыл кодтай? Хæрзгæнæг комитет цы у, уый ма зон!

– Гъемæ хорз… Кæд дæ дзурын нæ фæнды… – бахъуыр-хъуыр кодта лæппу цæуынæввонгæй.

Поллианнæ йæм уайтагъд багæпп ласта:

– Уый… уый… уый афтæ æнæуи бирæ сылгоймæгтæ… уыдон иумæ æрæмбырд вæййынц, хуыйынц, æхсæвæр фæцæттæ кæнынц æмæ… ныхæстæ фæкæнынц. Хæрзгæнæг комитет уый у. Уыдон тынг зæрдæхæлар сты… ома, уым, мæ хæдзары, мæхи чи сты, уыдон. Ацырдыгон сылгоймæгты нæ федтон, фæлæ, мæнмæ гæсгæ, уыдон дæр зæрдæхæлар сты. Æз тæккæ ацы бон ацæудзынæн æмæ сын дæ кой ракæндзынæн.

Лæппу ногæй сонтæй фæзылди:

– Æгъгъæд! Ды, æвæццæгæн, афтæ ’нхъæлыс, цыма æз, иуы бæсты мæ бирæ устытæ мæгуыргур куыд хондзысты, уымæ хъусынмæ слæудзынæн! Иу дæр мын дзы фаг у!

– Æмæ дæу уырдæм цæуын нæ хъæуы, – сразы кæныныл æй архайдта Поллианнæ. – Æз мæхæдæг ацæудзынæн æмæ сын зæгъдзынæн.

– Ды ацæудзынæ?

– О, æмæ ацы хатт хъуыддаг хуыздæр саразыныл бацархайдзынæн, – тагъдгомау дзырдта дарддæр Поллианнæ, лæппу

фæфæлмæндæр ис, уый бафиппайгæйæ. – Фидарæй мæ уырны, уыдоны ’хсæн, чи дæ райса, ахæм разындзæн.

– Æз кусдзынæн. Уый зæгъын сын ма ферох кæн, – бафæдзæхста лæппу.

– Ма тыхс, нæ ферох кæндзынæн, – хъæлдзæгæй зæрдæ бавæрдта Поллианнæ. Ацы хатт фидарæй æууæндыд, хъуыддаг кæй рамбылдта, ууыл. – Райсом дын исты бæрæг зæгъдзынæн.

– Кæм фембæлдзыстæм?

– Фæндаджы раз, абон дæ кæм ссардтон, уым, – миссис Сноуы хæдзары раз.

– Хорз, æрбацæудзынæн. – Лæппу хъусæй алæууыд, стæй дарддæр дзырдта. – Чи зоны, сидзæрты хæдзармæ уал баздæхон. Æмбарыс, æндæр, ме ’хсæв кæм арвитон, уый нæй... Нырма абон райсомæй ралыгътæн. Нал раздæхдзынæн, уый сын нæ загътон, науæд мæ фæстæмæ нæ бауадзиккой... Фæлæ сидзæрты хæдзары иуцасдæр мæхи куы нæ равдисон, уæд мæт нæ кæндзысты. Уыдон бинонты хуызæн не сты. Уыдонæн уæлдай нæу, нымады дæр сæм нæ дæн!

– Зонын æй, – йæ сæр разыйы тылд бакодта Поллианнæ, æмбаргæ цæстытæй йæм касти. – Фæлæ мæн фидарæй уырны, райсом куы фембæлæм, уæд дæуæн уыдзæнис æцæг хæдзар æмæ, нымады кæмæ уыдзынæ, ахæм бинонтæ! Хæрзбон! – хъæрæй загъта чызг æмæ хæдзары ’рдæм араст ис.

Уыцы рæстæг сæ мисс Полли рудзынгæй хъахъхъæдта æмæ лæппуйы фæдыл æнкъардæй касти, цалынмæ фæндаджы фæзилæнмæ бахæццæ æмæ нал зынди, уæдмæ. Уый фæстæ ныуулæфыд, разылдис æмæ сабыргай асинтыл хæрдмæ сцæйцыд. Ныфсхаст æмæ хъаруджын мисс Поллийы ахæм уавæры никуы ничи федта. Лæппуйы ныхæстæ нырма йæ хъустыл уадысты: «Ды ахæм дзæбæх æмæ зæрдæхæлар дæ». Цыдæр æнахуыр æнкъарæн фæзынди йæ зæрдæйы, цыма æнусмæ цæмæйдæр æнæхай фæци, уыйау.

# 12 СÆР

## ХÆРЗГÆНÆГ КОМИТЕТ

Хæрзгæнæг комитеты æмбырды бон Харрингтонты хæдзары сихор ацыдис æнæдзургæйæ. Поллианнæ цалдæр хатты исты сдзурын бафæлвæрдта, фæлæ йын нæ бантыст; фылдæр та уымæн, æмæ цыппар хатты дæр, фырæфсæрмæй сырх-сырхид афæлдæхгæйæ, дзырд «цин» æрдæгыл аскъуыйнын бахъуыди. Фæндзæм хатт мисс Полли фæлладæй йæ сæр банкъуыста.

– Цæй, мæ хур, зæгъ æй, кæд дæ фæнды, уæд, – ныуулæфыд сылгоймаг. – Фæлтау дзур… афтæ стыхсыны бæсты.

Поллианнæйы тар цæсгом фæрухсдæр.

– Бузныг, мæ мадыхо. Тынг зын мын уаид… Æмбарыс, æз уыцы хъазтæй ахæм бирæ фæхъазыдтæн.

– Цы куыстай? – бафарста йæ мисс Полли.

– Хъазтæй хъазыдтæн… мæ фыд мæ кæй… – Поллианнæ фæхъус æмæ та асырх. Бамбæрста, кæй та сцæйрæдыд, уый.

Мисс Полли йе ’рфгуытæ нылхынцъ кодта, фæлæ ницы загъта. Дарддæр сихор ацыди бынтон æнæдзургæйæ.

Чысыл фæстæдæр мисс Полли телефонæй пасторы усæн загъта, йæ сæр кæй риссы æмæ абон хæрзгæнæг комитеты æмбырдмæ кæй нæ ацæудзæн. Мисс Полли йæ уатмæ куы

ссыд ӕмӕ дуар куы сӕхгӕдта, уӕд Поллианнӕ йӕ мадыхойӕн фӕтӕригъӕд кодта. Фӕлӕ, Джимми Бины хъуыддагыл цы ӕмбырды дзурдзысты, уым йӕ мадыхо кӕй нӕ уыдзӕн, ууыл цин нӕ кӕнын йӕ бон нӕ уыд. Нӕ дзы ферох ис, мадыхо Джимми Бины «гыццыл мӕгуыргур» кӕй схуыдта, уый, ӕмӕ йӕ нӕ фӕндыд, цӕмӕй ӕгас хӕрзгӕнӕг комитеты раз ахӕм хъуыддаг ногӕй ӕрцӕуа.

Чызг зыдта, ӕмбырд дыууӕ сахатыл кӕй райдайдзӕн, уый, стӕй кӕй уыдзӕн аргъуаны цур, сывӕллӕты дины скъолайы, мисс Поллийы хӕдзарӕй цыппар километры дарддӕр. Уымӕ гӕсгӕ ахӕм пълан скодта, цӕмӕй уырдӕм ӕртӕ сахатмӕ бахӕццӕ уа.

– Мӕн фӕнды, цӕмӕй иууылдӕр уым уой, – загъта йӕхинымӕр. – Дыууӕ сахатыл куы фӕзӕгъынц, уӕд цӕугӕ та ӕртӕмӕ ’рбакӕнынц, ӕмӕ сылгоймӕгтӕй Джимми Бины райсын кӕй бафӕнда, уый, миййаг, уым куы нӕ уа.

Сабыр, фӕлӕ фидар къахдзӕфтӕй Поллианнӕ схызти дины скъолайы асинтыл. Дуар байгом кодта ӕмӕ вестибюлмӕ бахызти. Уатӕй хъуысти сылгоймӕгты дзӕнгӕда ӕмӕ худын. Поллианнӕ иу уысм алӕууыд, стӕй уаты дуар бакодта.

Мидӕмӕ куы бахызт, уӕд сылгоймӕгтӕ фӕхъус сты ӕмӕ йӕм цымыдисӕй кастысты. Поллианнӕ размӕ акъахдзӕф кодта. Ныр хъуыддаг лыг кӕнын афон куы ’рцыд, уӕд цыдӕр ӕнахуыр тас банкъардта. Сылгоймӕгтӕн сӕ фылдӕр – ӕнӕзонгӕтӕ, цыфӕндыйӕ дӕр, йӕ уарзон хӕрзгӕнӕг комитеты сылгоймӕгтӕ нӕ уыдысты.

– Ӕгас цӕут, – сдзырдта чызг. – Мӕ ном хуыйны Поллианнӕ Уиттиер. Ӕз… сымахӕй мӕ чидӕртӕ зонынц, мӕнмӕ гӕсгӕ. Ӕз та уе ’ппæты дӕр зонын, куыд комитет, афтӕ.

Ӕваст фӕхъус, ӕмбырды уӕнгтыл йӕ цӕст ахаста. Сылгоймӕгтӕй иуӕй-иутӕ зыдтой мисс Поллийы ӕна-

хуыр хæрæфырты, уый дæр уыдис сæ комитетæй. Стæмтæй фæстæмæ, чызджы кой фехъуыстой, фæлæ дзы ныр иу дæр нæ зыдта, уыцы минут цы зæгъын хъуыди, уый.

– Æз… æз æрбацыдтæн… иу хъуыддаджы фæдыл, – схæц-æрхæцгæнгæ, загъта Поллианнæ, йæ цæстытæ зæхмæ саразта æмæ ныссабыр. Йæхæдæг дæр æй нæ бафиппайдта, йæ фыды ныхæстæ кæй дзырдта, уый.

Æмбырды бадджытæ иучысыл базмæлыдысты.

– Уый дæ… дæ мадыхо æрбарвыста, мæ зынаргъ? – бафарста йæ миссис Форд, пасторы ус.

Поллианнæ фæсырх ис:

– Нæ, æз мæхæдæг æрбацыдтæн. Æмбарут, æз хæрзгæнæг комитеты сылгоймæгтыл сахуыр дæн. Мæ фыд æмæ мæ уыдон хъомыл кодтой. – Сылгоймæгтæй иу ныххудти, пасторы ус та йе 'рфгуытæ нылхынцъ кодта.

– Хорз, мæ зынаргъ. Цавæр хъуыддаг у?

– Уыцы… уыцы хъуыддаг баст у Джимми Бинимæ, – ныуулæфыди Поллианнæ. – Кæм цæра, уый йын нæй, цæры сидзæрты хæдзары. Уый та сывæллæттæй йедзаг у, æмæ сæ нæ хъæуы… афтæ йæм кæсы. Æмæ йæ фæнды, цæмæй йын æндæр хæдзар уа, исты хуымæтæг, директоры бæсты мад кæм уа… стæй, кæй хъæудзæн, ахæм бинонтæ… Тагъд ыл иуæндæс азы сæххæст уыдзæн. Æз ахъуыды кодтон, чи зоны, сымахæй искæй бафæнддзæн лæппуйы райсын.

– Уый та дын ног диссаг! – схъуыр-хъуыр кодта сылгоймæгтæй иу. Чысыл раздæр Поллианнæйы ныхæсты фæстæ иууылдæр ныхъхъус сты. Поллианнæ тыхстхуызæй æмбырды бадджытыл йæ цæст ахаста.

– Хæдæгай, кусгæ кæй кæндзæн, уый зæгъын мæ ферох ис, – бафтыдта йæ ныхæстæм чызг.

Фыццаг ничи ницы сдзырдта; уый фæстæ йæ дыууæ сылгоймаджы хынц фарст кæнын райдыдтой. Цыбыр рæстæгмæ

Джимми Бины тыххæй алцыдæр базыдтой, æмæ цыренæй ныхас кодтой.

Поллианнæ сæм хъуыста, æмæ тынгæй-тынгдæр тыхсти. Цы хъуыста, уыдæттæй бирæ цыдæртæ нæ бамбæрста. Фæлæ цасдæр рæстæг куы рацыд, уæд фембæрста, уыцы сылгоймæгтæй иуы дæр Джимми Бинæн йæ хæдзары дуæрттæ байгом кæнын кæй нæ фæнды, уый. Алчидæр дзы иннæмæ амыдта, уымæн сывæллон нæй, зæгъгæ. Фæлæ йæ райсынил чи сразы уа, ахæм дзы иу дæр нæ разындис. Уæд пасторы ус загъта, комитет Джиммийы цард æмæ ахуыры хардз йæхимæ райсæд, зæгъгæ, ахæм стыр æхцатæ Индийы сывæллæттæн æрвитыны бæсты. Сылгоймæгтæй бирæтæ ныхасы бар ракуырдтой, цалдæрæй дзы иумæ дæр ма сдзырдтой, раздæрæй ноджы хъæрдæрæй æмæ мæстыгæрæй. Куыд рабæрæг ис, афтæмæй, сæ комитет зындгонд уыди, Индийы миссионерон куыстыл бирæ ’хца кæй хардз кодта, уымæй. Æмæ сылгоймæгтæй бирæтæ загътой, худинаг кæй уыдзæн, сæ комитет цы ’хцатæ рахицæн кæны, уыдон ацы аз фаронæй къаддæр куы фæкæной, уæд. Уыцы ныхæстæй дæр Поллианнæ цыдæртæ нæ бамбæрста. Афтæ уадис, цыма сын, æхца хардз цæуыл æрцæудзысты, уый ахсджиаг нæу. Æрмæст цавæрдæр хыгъды сæ комитеты бакомкоммæ цы ’хцайы нымæц нысангонд уыдзæн, уый хъуамæ фыццаг бынат бацахса! Куыд у сæ бон афтæ хъуыды кæнын! Уыдæттæ æххæстæй бамбарын тынг зын уыди. Æппынфæстаг уынджы Поллианнæ æхцонæй сатæг уæлдæф сулæфыди. Фæлæ тынг æрæнкъард ис, уымæн æмæ зыдта, райсом Джимми Бинæн куыд зын уыдзæни зæгъын, хæрзгæнæг комитет йе ’хца иууылдæр индиаг лæппуты хъомыл кæнынæн арвитын кæй сфæнд кодта, сæхи горæты та иу лæппуйы хъомыладыл мæт кæй нæ кæны. Уымæн æмæ уый «хыгъды нысангонд не ’рцæудзæн», кæсæнцæстытæ кæуыл уыд, уыцы бæрзонд сылгоймаг куыд загъта, афтæмæй.


– Мæ мадыхо
Полли!
Мæнæ дын
æцæг
удæгас лæппу…
– Раст цыма мын
дзæгъæл гæдытæ
æмæ æнаккаг
куыйтæ фаг нæ уыдысты,
уыйау. Ноджы ма цавæрдæр
мæгуыргуры æрбакодтай,
бызгъуыртæ дзаумæтты…
– Æгас цæут…
Мæ ном хуыйны
Поллианнæ Уиттиер
Æз æрбацыдтæн
иу хъуыддаджы фæдыл.

«Кæй зæгъын æй хъæуы, муртагкагтыл æхца хардз кæнын хорз у, цæмæй сын мацыуал æрвитой, уый мæн фæндгæ дæр нæ кæны, – ныуулæфыд фæллад æмæ æнкъардæй Поллианнæ, фæндагыл йæхинымæр тæрхæттæ кодта, афтæмæй. – Фæлæ сæхи афтæ дарынц, цыма, сæ разы цы лæппутæ ис, уыдон сæ койы аккаг дæр не сты, æмæ хъуыды кæнынц æрмæстдæр, дард чи ис, уыдоныл. Æниу, мæн фæндид, цæмæй сын ахсджиагдæр уа Джимми Бины хъысмæт, хыгъды æхцайы нымæц куыд рæзы, уый нæ фæлæ!»

# 13 СÆР

## ПЕНДЕЛТОН-ХИЛЛЫ ХЪÆД

Хæрзгæнæг комитет æмбырд кæм скодта, уырдыгæй рацæугæйæ, Поллианнæ хæдзармæ нæ ацыд, фæлæ араст ис Пенделтон-Хиллмæ, бæрзонд, бæлæстæй йедзаг къуыбырмæ. Уыцы «улæфæн» бон тынг уæззау уыди (афтæ хуыдта нæдæр хуыйыны, нæдæр-иу къæбицы хæринаг кæныны уроктæ куы нæ уыдис, уыцы стæм бонтæ). Поллианнæ фидарæй æууæндыд: ныр Пенделтон-Хиллы сабыр цъæх хъæды атезгъо кæнынæй хуыздæр ницы уыдзæн. Уымæ гæсгæ барст къахдзæфтæй къуыбырмæ сцæйхызт, хур зынг ын йæ фæсонтæ кæй судзы, уый ницæмæ даргæйæ.

– Хæдзары хъуамæ уон æхсæзæмы ’рдæгыл, – дзырдта йæхинымæр, – хъæды уылты раздæхын бирæ ’хсызгондæр уыдзæн, кæд уый тыххæй къуыбыры сæрмæ сбырын хъæуы, уæддæр.

Пенделтон-Хиллы хъæд тынг рæсугъд уыди. Поллианнæ дзы раздæр уыдис, æмæ йæ зыдта. Фæлæ йæм абон хъæд ноджы диссагдæр фæкастис, кæд дыккаг бон Джимми Бинмæ цы хабар æнхъæлмæ кæсы, ууыл хъынцъым кодта, уæддæр.

– Афтæ хъæрæй цы сылгоймæгтæ уынаффæ кодтой, уыдон иууылдæр ам, къуыбырыл, куы фестиккой, – ныуулæфыди Поллианнæ, цъæх-цъæхид арвмæ скæсгæйæ. Уый зындис,

хурæй чи ныррухс, уыцы бæлæсты кæрдæгхуыз цъуппыты ’хсæнæй. – Мæн фидарæй уырны, ам куы фестиккой, уæд сæ хъуыдытæ аивиккой æмæ Джимми Бины сæхимæ райсиккой, – загъта чызг, йæ рæстдзинадыл фидарæй æууæндгæйæ. Фæлæ уыцы ныфсæн цавæр бындур ис, уый йæхицæн дæр йæ бон зæгъын нæ уыди.

Æвиппайды кæцæйдæр куыдзы рæйын райхъуысти. Уалынмæ йæ размæ иу къæбыла рæйгæ разгъордта.

– Салам! – Поллианнæ йæм йæ къух бадардта. Куыдзы раздæр кæй федта, уый гуырысхойаг нæ уыди. Базыдта йæ! Уый Нæлгоймажы, мистер Джон Пенделтоны къæбыла у! Поллианнæ размæ æдзынæг ныккаст, куыдзы хицауы фенынил йæ зæрдæ дардта. Фæлæ цалдæр минуты рацыд, æмæ Пенделтон нæ зынди. Къæбыла уыди цыдæр æнахуыр, фæдисхуыз, йæ рæйынæй не ’нцад, Поллианнæйы раз фæндагыл дыууæрдæм кодта. Йæ фæдыл цæугæйæ, чызг бахæццæ фæрсаг фæндагмæ. Куыдз йæ рæзты, фатау, ныййарц, рæйдта æмæ ниудта.

– Нæ, нæ! Ацы фæндаг хæдзармæ нæ кæны, – ныххудти Поллианнæ, дарддæр цыдис, афтæмæй.

Куыдз цыма æрра сси. Поллианнæйæ фæрсаг фæндаджы ’рдæм дыууæрдæм кодта, тæригъæддаг ниуд кæнгæйæ. Бæрæг уыди, йæ чысыл буары алы змæлд, йæ тар цæстыты алы лæгъстæгæнаг каст дæр æххуысмæ кæй сидынц, уый. Æппынфæстаг æй Поллианнæ бамбæрста æмæ атындзыдта йæ фæдыл.

Куыдз, агъуыдау, размæ азгъордта, æмæ уалынмæ Поллианнæ фембæрста, йæхи афтæ æнахуыр цæмæн дардта, уый: къæдзæхы рæбын, фæрсаг фæндагæй цалдæр метры дарддæр, æнæзмæлгæйæ хуыссыди цавæрдæр адæймаг.

Поллианнæйы къахы бын æвиппайды къалиу ныккъæрцц ласта, æмæ лæг йæ сæр разылдта. Чызг фыртæссæй ныхъхъæр кодта:

– Мистер Пенделтон! Дæхи æвзæр хатыс?

– Ævzær? Næ! Aфтæ æнæуи хурмæ хуыссын, – загъта нæлгоймаг мæстыйæ. – Байхъус-ма, æппын ницы æмбарыс æви?

Поллианнæ ныуулæфыд æмæ лæджы гуымиры фарстæн комкоммæ дзуапп радта:

– Æз... æз тынг бирæ цыдæртæ нæ зонын, фæлæ цæмæдæрты арæхсын. Комитеты сылгоймæгтæ мæ сæ фылдæр, мисс Роусонæй фæстæмæ, æмбаргæ хуыдтой. Иу хатт сæ афтæ дзургæ фехъуыстон, – уыдон, кæй сæ хъусын, уый нæ зыдтой.

Нæлгоймаг хъуынтъызæй бахудти.

– Хорз, хорз, бахатыр кæн. Мæнæ ацы æнамонд къахы тыххæй... Ныр байхъус лæмбынæг. – Йæ ныхас фæурæдта æмæ тыхæй йæ къух йæ хæлафы дзыппы нытътъыста. Дæгъæлты баст systa, иу дзы фæхицæн кодта, йе стыр æмæ йæ амонæн æнгуылдзты 'хсæн æй нылхъывта. – Ацы фæндагыл фондз минуты бæрц куы ауайай, уæд мын мæ хæдзар фендзынæ. Мæнæ ацы дæгъæл фæрсаг дуарæй у, хæдзары дуары цур цы 'мбæрзт бахизæн ис, уымæй. Цæй кой кæнын, уый æмбарыс?

– О, сэр! Мæ мадыхомæ дæр ахæм ис. Иухатт тыргъы сæр фынæй кодтон... ома, нæ бафынæй дæн... ссардтой мæ.

– Цы? Хорз, хорз; хæдзармæ куы бацæуай, уæд вестибюлы фаллаг кæрон уаты дуар бакæндзынæ æмæ стыр фыссæн стъолыл телефон фендзынæ. Зоныс дзы пайда кæнын?

– О, сэр! Иухатт, мæ мадыхо Полли куы...

– Нырткæккæ нæ дæ мадыхо Поллимæ не 'вдæлы, – загъта нæлгоймаг, æмæ йæ цæсгом фыррыстæй нынцъылдтæ, уымæн æмæ иннæрдæм æрзилын бафæлвæрдта. – Телефоны чиныджы дохтыр Томас Чилтоны номыр ссардзынæ. Чиныг хъуамæ къæпсырыл ауыгъд уа, фæлæ, гæнæн ис, уым ма разына. Æнæуи йæ базондзынæ?

– О, сэр! Æз мæ мадыхо Поллийы чиныджы кæсын ахæм бирæ уарзын. Уым худæг мыггæгтæ бирæ ис æмæ...

– Дохтыр Чилтонæн зæгъ, Джон Пенделтон йæ къах асаста

æмæ Чысыл Цæргæсы къæдзæхы рæбын Педелтон-Хиллы хуыссы, зæгъгæ. Уадз æмæ ардæм адæмимæ, стæй хæссæнтимæ рацæуа. Дарддæр цы кæнын хъæуы, уый зондзæнис.

– Дæ къах асаст? О, мистер Пенделтон, уый тынг æвзæр у, – ныккæрзыдта Поллианнæ. – Фæлæ æз тынг цин кæнын, ам кæй разындтæн… Мæ бон нæу…

– Дæ бон у, æрмæст дæ, цыма, нæ фæнды! Ацу æмæ бакæн, цы дын загътон уый, дзæгъæл дзырд мауал кæн! – ныхъхъæрзыдта нæлгоймаг æнæбонæй.

Поллианнæ йæ кæуын фæурæдта æмæ ацыди. Ныр-иу, хур цы бæлæсты кæрдæгхуыз цъуппытæ ныррухс кодта æмæ се ’хсæнæй цы æрвгъуыз тæмæнтæ зындис, уыдонмæ скæсынмæ нал æрлæуууыд. Лæмбынæг касти йæ къæхты бынмæ, цæмæй, тагъд згъоргæйæ, къалиуыл кæнæ дурыл ма фæкæла.

Æмæ уайтагъд хæдзар ауыдта. Раздæр дæр æй федта, фæлæ йæм афтæ хæстæг никуыма уыди. Тыргътæ, цæджындзтæ æмæ егъау бацæуæн цы фæныкхуыз хæдзарæн уыд, уымæй, зæгъæн ис, фæтарсти. Фæлæ æрмæстдæр иу уысм афæстиат. Стыр æрдузы сæрты ныййарц ис, хæдзары алыварс æрзылд æмæ фæрсаг дуары цур февзæрди. Йе ’нгуылдзтæй дæгъæл уыйбæрц фелхъывта, æмæ йын бандзыг сты. Уымæ гæсгæ йын гуыдыр бакæнын æнцон нæ уыди. Фæлæ æппынфæстаг уæззау нывæфтыд дуары æвдузæнтæ сабыргай байгом сты.

Поллианнæ йæ уæлфт фæурæдта. Алы минут дæр зынаргъ кæй уыди, уый æмбæрста, фæлæ уæддæр иу уысм бафæстиат æмæ вестибюлы сæрты уæрæх æмæ талынг бахизæнмæ акаст. Йæ сæры хъуыдытæ зилдух кодтой. Уый уыди Джон Пенделтоны хæдзар, «Сусæгдзинады хæдзар». Йæ хицауæй фæстæмæ йæм бацæуыны бар никæмæн уыди. Йе скъæппытæй иуы æмбæхст уыди стæгдар. Поллианнæйы та хъуыдис уыцы тæссаг хæдзары уатмæ иунæгæй бацæуын, телефонæй дохтырмæ фæдзурын æмæ йын зæгъын, хæдзары хицау ныртæккæ кæй хуыссы…

Поллианнæ ныхъхъæр ласта æмæ, алырдæм нал касти, афтæмæй, зилгæдымгæйау, бахизæны сæрты батахт æмæ дуар фегом кодта.

Уат уыди стыр, тар хæдзары дзаума æмæ ’мбæрзæнтæй йын уыди æнтъыснæг хуыз (бахизæны дæр ахæмтæ уыдис ауыгъд). Фæлæ йæм, ныгуылæны ’рдыгæй рудзынгæй хур касти æмæ пъолыл даргъ сызгъæрин тæлм ауагъта. Хуры рухсæй тохнайы хуылфы сугты таргомау æрхуы бынæвæрæн ферттив-ферттив кодта, йæ тынтæ, уаты астæу, фыссæн стъолыл цы телефон уыдис, уымæн йе ’рттиваг згъæрыл ныдзæвыдысты. Поллианнæ йæ къахфындзтыл стъолмæ базгъордта.

Телефоны чиныг къæпсырыл нæ разынд, зæххыл лæзæрыди. Фæлæ йæ Поллианнæ ссардта æмæ ризгæ æнгуылдзæй дамгъæ «ч» -йы рæзты Чилтоны мыггагмæ ’рхæццæ ис. Телы иннæ кæрон дохтыр Чилтон дзуапп радта йæхæдæг, æмæ йын зыр-зыргæнгæ, мистер Пенделтон цы бафæдзæхста, уыдæттæ иууылдæр радзырдта. Стæй дохтыры цыбыр фæрстытæн дæр дзуапп радта. Уый фæстæ хæтæл æрæвæрдта; кæй йын фенцондæр, уымæ гæсгæ арф ныуулæфыди. Йæ алыварс цы уыди, уыдæттæм ма ’рмæстдæр иу æхсгæ каст фæкодта; ауыдта сырх хъуымацæй æмбæрзæн, къулты æмвæтæнæг – чингуыты скъæппытæ, быронæй йедзаг пъол, стъолыл æмтъерыйæ – дзаумæттæ, бирæ ’хгæд дуæрттæ (Хуыцау йæ зонæг, стæгдар дзы æмбæхст кæцыйы фæстæ уыди) æмæ рыг, рыг, алкуыдæр рыг. Æмæ фæстæмæ стыр нывæфтыд дуары цурмæ разгъордта. Нырма уыдис æрдæгæхгæд, куыд æй ныуувагъта, афтæ.

Цасдæр рæстæджы фæстæ, суанг фыдбылыз кæуыл æрцыд, уымæ дæр диссаджы цыбыр фæкасти, Поллианнæ хъæды февзæрдис.

– Цæй, цы хабар у? Дæ бон мидæмæ бацæуын не сси? – бафарста нæлгоймаг.

Поллианнæ йæ цæстытæ ныдздзагъыр кодта.

– Сси! Æмæ мæнæ дæн, – дзуапп радта чызг. – Цыма, хæдзармæ куы нæ бахаудаин, уæд ам уаин! Дохтыры дæр тагъд ардæм хъæуы, адæмимæ æмæ, цы ма бахъæудзæн, уыдæттимæ. Фæндаг зоны, зæгъгæ, загъта, ме 'ххуыс æй нæ хъæуы. Иунæгæй уымæн раздæхтæн. Демæ куы уаин, уый мæ фæндыд.

– Æцæг? – æнкъардæй бахудти нæлгоймаг. – Мæ бон афтæ зæгъын нæу, æмæ дæ фæндæй тынг райгонд дæн. Мæнмæ гæсгæ, ныхасæмбалæн æндæр искæй ссарын хуыздæр уыдаид.

– Ды афтæ, тынг мæсты кæй дæ... уый тыххæй дзурыс?

– Де 'ргом ныхасæй бузныг. О, афтæ у.

Поллианнæ фæлмæн бахудти.

– Фæлæ мæсты æрмæст æддаг бакастæй дæ... дæ зæрдæ ахæм нæу!

– Æцæг æви цы? Цæмæй йæ зоныс? – бафарста лæг æлхыскъæмхасæн.

– О, уый цæмæйдæрты базонæн ис... мæнæ, зæгъæм... куыдзимæ дæхи куыд дарыс, уымæй, – загъта Поллианнæ, йæ рæсугъд æмæ даргъ æнгуылдзтæм ын амонгæйæ; лæджы къух æвæрд уыди куыдзы зæлдаг сæрыл, уый хуыссыди йæ разы. – Худæг у, фæлæ куыйтæ æмæ гæдытæ адæймаджы зæрдæ иннæ адæмæй хуыздæр фæзонынц. Афтæ нæу? Фæлæуу-ма, æз дын фæхæцдзынæн дæ сæрыл, – загъта æваст Поллианнæ.

Нæлгоймаг йæ рыст нæ урæдта, уый, йæ цæсгом цалдæр хатты куыд анцъылд ис, уымæй бæрæг уыди, суанг хъæрзгæ дæр скодта. Æппынфæстаг бамбæрста, Поллианнæйы уæрджытæ, йæ сæр раздæр цы дурыл уыди, уымæй фæлмæндæр кæй сты, уый.

– Афтæ... хуыздæр у, – загъта сабырæй.

Уый фæстæ ницыуал сдзырдта. Чызг ын йæ цæсгоммæ каст æмæ ахъуыды кодта, кæд, миййаг, фынæй бацис, зæгъгæ. Фæлæ нæ, фынæйы хуызæн нæ уыд. Афтæ йæм фæкаст, цыма йæ былтæ афтæ тынг, цæмæй ма хъæрза, уымæн нылхъывта. Поллианнæ йæхæдæг, чысыл ма хъæуа, хъæрæй ма скæуа, æдыхæй куыд хуыссыди, уымæ кæсгæйæ. Йæ иу къухы 'нгуылдзтæ уыдысты æлхъывд, иуырдæм æй аппæрста æмæ не змæлыд. Иннæ къухæн йæ арм æнæбары байгом æмæ куыдзы сæрыл æрæнцадис. Куыдз та æнкъард æмæ зæрдæуынгæггæнæг цæстытæй каст йæ хицауы цæсгоммæ, æмæ уый дæр не змæлыди.

Минуттæ сабыргай кæрæдзи ивтой. Хур ныгуылæны 'рдæм фæкъул ис, æмæ бæласты бын талынгæй талынгдæр кодта. Поллианнæ бадтис æнæзмæлгæйæ, цыма улæфгæ дæр нæ кодта, уыйау. Цавæрдæр цъиу йæ рæзты атахти. Æхсæрæг къалиуыл йæ фæлмæн къæдзил ратил-батил кодта, зæгъæн ис, Поллианнæйæн йæ тæккæ фындзы бын бадтис, афтæмæй. Фæлæ уæддæр йæ гыццыл цырд цæстытæ нæ иста, æнæзмæлгæйæ чи хуыссыд, уыцы куыдзæй.

Æппынфæстаг куыдз йæ хъустæ хæрдмæ схъил кодта æмæ нынниудта, уый фæстæ срæйдта. Иннæ уысм Поллианнæ айхъуыста хъæлæстæ. Уайтагъд сæ хицæуттæ дæр разындысты – æртæ нæлгоймаджы хæссæнтæ æмæ 'ндæр дзаумæттимæ. Се 'ппæты бæрзонддæр – лæгъз даст нæлгоймаг рæвдаугæ цæстытимæ (Поллианнæ йæ раздæр федта, уый уыди дохтыр Чилтон) – рог къахдзæфтæй æрбаввахс ис.

– Цæй, мæ гыццыл æхсин, рынчынгæсæй хъазыс, куыд кæсын, афтæмæй!

– Нæ, сэр, – бахудти Поллианнæ. – Æз ын æрмæстдæр йæ сæрыл хæцыдтæн… Иу хос дæр ын нæ радтон. Фæлæ, ам кæй фæдæн, уый мын æхсызгон у.

– Мæнæн дæр, – йæ сæр разыйы тылд бакодта дохтыр æмæ рынчынмæ кæсыныл фæци.

# 14 СÆР

## ХОЛОДЕЦ

Джон Пенделтон йæ къах куы асаста, уыцы бон Поллианнæ æхсæвæрмæ иучысыл айрæджы кодта, фæлæ йæ хъуыддаг хорз рауад.

Дуары раз Ненси йæ размæ фæцис.

– Кæй ма дæ федтон, – загъта Ненси, фенцондæр ын, уый йыл бæрæг уыди. – Æстæмы ’рдæг у ныр.

– Зонын æй, – дзуапп радта Поллианнæ тыхстхуызæй, – фæлæ аххосджын нæ дæн… æцæг зæгъын, нæ дæн аххосджын. Æмæ, мæнмæ гæсгæ, суанг мæ мадыхо Полли дæр мæ азымдджын нæ кæндзæн.

– Ахæм фадат ын нæ фæуыдзæн! – загъта Ненси тынг райгондæй. – Ацыди!

– Ацыди? – хорзау нал фæци Поллианнæ. – Афтæ зæгъынмæ куы нæ хъавыс, цыма мæн тыххæй ацыд? – Æмæ йæхиуыл æрхудти. Райсомæй цы ’рцыдис, уыдæттæ йæ сæрымагъзы атахтысты: йæ мадыхойы хъомыл кæнын кæй нæ бафæндыд, уыцы лæппу, дзæгъæл гæды æмæ куыдз, æнæхцон «цин» æмæ тобæгонд «фыд», æдзух дæр-иу йæ рохгæнаг æвзагæй чи схаудис, уыдон. – Ау, уый мæн тыххæй у?

– Дæу тыххæй уыйбæрц нæ, – хинджылæггæнгæ загъта Ненси,

– фылдæр йæ бостойнаг хойы тыххæй. Уый æнæнхъæлæджы амардис. Дæ ацыды фæстæ Мисс Полли телеграммæ райста. Æрыздæхдзæн æрмæст æртæ боны фæстæ. Мæнмæ гæсгæ, ныр нæ бон цин кæнын у! Хæдзары дыууæйæ æфсиниуæг кæндзыстæм, æз æмæ ды, дыууæйæ, дыууæйæ!

Фæлæ Поллианнæ, цыма тынг æвирхъау хабар фехъуыста, уый хуызæн фæци:

– Цин кæнын! О, Ненси, æмæ уый зиан куы у!

– Æмæ æз цин зианы тыххæй нæ кæнын, фæлæ... – Ненси æвиппайды йæ ныхас фæурæдта. Йæ цæстытæ хинæйдзаг æрттывд фæкодтой. – Цыма мæ хъазын ды нæ ахуыр кодтай, уыйау, – загъта, уайдзæф кæнгæйæ.

Поллианнæ сагъæсхуызæй йе 'рфгуытæ нылхынцъ кодта.

– Мæ бон ницы у бакæнын, Ненси, – загъта чызг æмæ йæ сæр банкъуыста. – Æвæццæгæн, ис ахæм цыдæртæ, æмæ хъазты домæнтимæ нæ иу кæнынц... æмæ мæн фидарæй уырны — зиан уыцы цыдæртæй иу у. Зианы хъуыддаджы, цин цæуыл кæнай, ахæмæй ницы ис.

Ненси ныххудти.

– Нæ бон цин кæнын у, мах зиан кæй нæу, ууыл, – къахæгау загъта Ненси. Фæлæ йæ Поллианнæ нæ фехъуыста. Уый райдыдта Джон Пенделтоны æнамонд хабары кой кæнын, æмæ йæм минуты фæстæ Ненси хæлиудзыхæй хъуыста.

Поллианнæ æмæ Джимми дыккаг бон фембæлдысты. Лæппуйæн тынг фæхъыг ис, хæрзгæнæг комитеты сылгоймæгтæ цыдæр гыццыл индусты уымæй хуыздæрыл кæй банымадтой, уый.

– Чи зоны, уым уадиссагæй ницы ис, – ныуулæфыд Джимми. – Кæй зæгъын æй хъæуы, цы нæ зоныс, уый алыхаттдæр, цы зоныс, уымæй хуыздæр фæкæсы... Зæгъæм, дзидзайы карст тæбæгъы иннæ кæрон алыхаттдæр стырдæр фæзыны. Мæн дæр фæндид, цæмæй мæнмæ дæр уым, дард кæмдæр, исчи

ахæм цæстæй ракæса. Индийы дæр искæй мæн райсын куы бафæндид, уæд тынг хорз уаид.

Поллианнæ йæ армытъæпæнтæ кæрæдзиуыл нытътъæпп ласта.

– Æнæмæнг! Раст афтæ, Джимми! Æз дæу тыххæй мæхи хæрзгæнæг комитетмæ ныффысдзынæн. Æцæг, уыдон Индийы не сты, фæлæ ныгуылæны… фæлæ уый дæр тынг дард у, зæгъæн ис, æмæ иу сты. Уырдыгæй ардæм куы фæцыдаис, уæд ды дæр афтæ хъуыды кæнис!

Джиммийы цæсгом барухс ис:

– Афтæ дæм кæсы, цыма мæ уыдон… æцæгдæр… райсдзысты?

– Райсдзысты, æнæмæнг! Ау, уыдон Индийы гыццыл лæппуты хъомыл кæнынæн æхца нæ фервитынц? Ацы хатт та сæ бон у афтæ ахъазын, цыма ды дæр индиаг лæппу дæ. Мæнмæ гæсгæ, ды уыдонæй дард дæ, æмæ дæ сæ хыгъды фæнысан кæндзысты. Банхъæлмæ кæс, æз сæм писмо арвитдзынæн. Æз миссис Уайтмæ ныффысдзынæн. Нæ, миссис Джоунсмæ хуыздæр у. Миссис Уайтмæ æхца æппæты фылдæр ис, фæлæ дæтгæ та фылдæр миссис Джоунс ракæны. Куы йыл ахъуыды кæнай, уæд худæг у, нæ?.. Фæлæ дæ, мæнмæ гæсгæ, мæ сылгоймæгтæй исчи райсдзæнис.

– Хорз, фæлæ хæринаг æмæ цæрæнбынаты хардзыл кусгæ кæй кæндзынæн, уый ныффыссын дæ ма ферох уæд, – бафтыдта Джимми. – Æз мæгуыргур нæ дæн, бизнес та бизнес у, кæд ныхас хæрзгæнæг комитетыл цæуы, уæддæр. – Фæкъуыхцы ис, стæй загъта. – Æмæ, мæнмæ гæсгæ, кæм дæн, уым уал куы баззайон, уæд хуыздæр уыдзæн… цалынмæ дзуапп нæ райсай, уæдмæ.

– Æнæмæнг, – йæ сæр разыйы тылд бакодта Поллианнæ. – Уæд, кæм дæ ссарон, уый зондзынæн. Уырны мæ, уыдон дæ райдзысты. Ау, мæ мадыхо Полли мæн нæ райста… Байхъус-ма! – хъæрдæрæй загъта чызг. – Куыд дæм кæсы, æз дæр мæ мадыхо Поллийæн индиаг чызджы хуызæн уыдтæн?

– Кæй зонын, уыцы чызджытæй дæуæй диссагдæр нæй, – бахудти Джимми, цæуынмæ хъавгæйæ.

Пенделто-Хиллы цы ’намонд хабар æрцыд, уымæй рацыди къуыримæ ’ввахс, æмæ иу райсом Поллианнæ йæ мадыхойæн загъта:

– Мæ мадыхо Полли, ацы къуыри миссис Сноуæн холодец куы нæ ахæссон, уæд ды уый ныхмæ исты зæгъдзынæ? Мæн уырны, миссис Сноу нæ фæтæргай уыдзæн... ацы хатт.

– Поллианнæ! Цы та æрхъуыды кодтай? – ныуулæфыди мисс Полли. – Цы неординарон сывæллон дæ!

Поллианнæ иучысыл сагъæсхуызæй йе ’рфгуытæ нылхынцъ кодта:

– Мæ мадыхо Полли, «неординарон» та цы у? Неординарон чи у, уымæн йæ бон ординарон уæвын нæу, æцæг?

– Кæй зæгъын æй хъæуы, нæу.

– Уæдæ уæд алцыдæр хорз у! Мæнæн æхсызгон у, неординарон кæй дæн, уый, – Поллианнæйы цæсгом ныррухс ис. – Æмбарыс, миссис Уайт æдзух афтæ дзырдта, зæгъгæ, мисс Роусон ординарон сылгоймаг у... æмæ йæ æппындæр нæ уарзта. Алыхаттдæр-иу загъд кодтой, æмæ-иу мæ фыды бахъуыд... ома, æз уый зæгъынмæ хъавын, æмæ, комитеты иннæ сылгоймæгтæй хъауджыдæр, цæмæй уыдон кæрæдзиимæ фидауой, уый тыххæй нæ бирæ архайын хъуыдис, – сраст кодта йæхи Поллианнæ. Иучысыл тыхулæфт кодта, уымæн æмæ иуырдыгæй уыдис йæ фыды аргъуаны хылты кой ма кæныны тобæгонд Сциллæ,* иннæрдыгæй та – йæ мадыхойы фæдзæхст, йæ фыды кой ма кæныны Харибдæ,[2] æмæ се ’хсæн йæ нау раласыныл архайдта.

– Хорз, хорз – загъта мисс Полли. – Цæй кой фæнды ма ракæнæм, алцыдæр комитеты сылгоймæгтæм аздахыс!

– О, – хъæлдзæгæй бахудти Поллианнæ. – Афтæ у, æвæццæгæн, фæлæ, æмбарыс, уыдон мæ хъомыл кодтой æмæ...

---

[2] *Сциллæ æмæ Харибдæ – рагон грекъаг мифмæ гæсгæ дыууæ æвирхъау цæрæгойы. Уыдон цардысты Мессины донкъубалы раз æмæ наудзæуджыты ныхъуырдтой (уавæр Сциллæ æмæ Харибдæйы æхсæн – дыууæрдыгæй фыдбылыз куы фенхъæлмæ кæсы, уæд)*

– Ӕгъгъæд у, Поллианнæ, – тызмæгæй йын йæ ныхас аскъуыдта мисс Полли. – Ӕмæ уæдæ уыцы холодецæн йæ хабар цæй мидæг ис?

– Дæ зæрдæмæ цы нæ фæцæуа, ахæмæй ницы, мæ мадыхо Полли! Ды мæ уымæн холодец хæссын уагътай, æмæ, мæнмæ гæсгæ, ацы хатт мæ амæн дæр бауадздзынæ. Ӕмбарыс, саст къахимæ æдзух хуысгæ нæ фæкæнынц, миссис Сноуы хуызæн, æмæ иу кæнæ дыууæ хатты фæстæ миссис Сноу алцыдæр райсдзæн...

– «Уымæн»? «Саст къах?» Цæй кой кæныс?

Поллианнæ йæм дисхуызæй бакаст, фæлæ стæй йæ цæсгом фæрухсдæр.

– О, хæдæгай, куы мæ ферох ис! Ды куы ницы зоныс. Уыцы хабар æрцыд, ам куы нæ уыдтæ, уæд. Раст, Бостонмæ куы ацыдтæ, уыцы бон æй хъæды ссардтон. Мæн бахъуыдис йæ хæдзары дуар бакæнын, дохтырмæ æмæ адæммæ телефонæй фæдзурын, йæ сæрыл ын хæцын æмæ æндæр ахæмтæ. Уый фæстæ ацыдтæн æмæ йæ уæдæй нырмæ нæма федтон. Ӕмæ Ненси миссис Сноуæн ацы къуыри холодец куы фыхта, уæд ахъуыды кодтон, ацы хатт æй уымæн куы ахæссин, уæд куыд хорз уаид, зæгъгæ. Ӕрмæстдæр ацы хатт! Мæ мадыхо Полли, уадзыс мæ?

– О, о, кæй зæгъын æй хъæуы, – æвæндонæй сразы ис мисс Полли иучысыл фæлладæй. – Чи у, зæгъыс, уыцы адæймаг?

– Нæлгоймаг, ома, мистер Джон Пенделтон.

Мисс Полли, чысыл ма хъæуа, йæ бандонæй ма фесхъиуа.

– Джон Пенделтон?!

– О, йæ ном мын Ненси загъта. Чи у, уый зоныс?

Мисс Полли дзуапп нæ радта, фæлæ йæ бафарста:

– Ӕмæ йæ ды зоныс?

Поллианнæ йæ сæр разыйы тылд бакодта:

– О! Уый алыхаттдæр мемæ фæдзуры æмæ мæм бахуды...


– Дохтыр Чилтонæн зæгъ, Джон Пенделтон йæ къах асаста æмæ Чысыл Цæргæсы къæдзæхы рæбын Педелтон-Хиллы хуыссы, зæгъгæ.
– Фæлæ… æз, холодец Джон Пенделтонæн цы ’фсонæй хъуамæ ’рвыст æрцæуа, уый нæ уынын, Поллианнæ.
Телы иннæ кæрон дохтыр Чилтон дзуапп радта йæхæдæг.

ныр. Æмбарыс, уый æрмæст æддаг бакастæй у мæстыгæр. Æз ацæуыдзынæн æмæ йын холодец ахæсдзынæн. Къæбицы куы уыдтæн, уæд Ненси афтæ загъта, сцæттæмæ йæ бирæ нал хъæуы, зæгъгæ, – фæци йæ ныхас Поллианнæ, дуармæ фæцæйцæугæйæ.

– Поллианнæ, фæлæуу ма! – мисс Поллийы хъæлæс азæлыд æнæнхъæлæджы карзæй. – Æз мæ фæнд аивтон. Хуыздæр уыдзæн абон холодец миссис Сноуæн ахæссын... фылдæр хатт куыд вæййы, афтæ. Æндæр ницы зæгъын. Ныр дæ бон ацæуын у.

Поллианнæйы цæсгом ныттар ис.

– Мæ мадыхо Полли, уый дарддæр дæр ахæм уавæры уыдзæн. Æдзухдæр уыдзæнис рынчын æмæ нырма бирæ цыдæртæ райсдзæн, æмбарыс? Уый та йæ къах асаста, æмæ къах та æнусмæ нæ уыдзæн... ома, саст къах. Иу къуырийы размæ йæ асаста.

– О, хъуыды йæ кæнын. Æз фехъуыстон, ивгъуыд къуырийы мистер Пенделтоныл æнамонд хабар кæй æрцыдис, уый, – загъта миссис Полли тынг æнæрвæссонæй. – Фæлæ... æз, холодец хаш Джон Пенделтонæн цы ’фсонæй хъуамæ ’рвыст æрцæуа, уый нæ уынын, Поллианнæ.

– Æз æй зонын, æддаг бакастæй... мæстыгæр кæй у, уый, – сразы ис Поллианнæ æнкъардæй, – æвæццæгæн, дæ зæрдæмæ уымæн нæ цæуы. Фæлæ йын æз, ды йæ кæй рарвыстай, уый не схъæр кодтаин. Загътаин ын, мæнæй у, зæгъгæ. Мæнæн цæуы мæ зæрдæмæ. Æз цин кæнин, холодец ын куы ахæссин, уæд.

Мисс Полли ногæй йæ сæр банкъуыста. Уый фæстæ æвиппайды æрлæууыд æмæ æнахуыр сабыр хъæлæсæй бафарста:

– Чи дæ, уый зоны, Поллианнæ?

Чызг ныуулæфыд:

– Мæнмæ гæсгæ, нæ зоны. Иухатт ын мæхи бацамыдтон, фæлæ мæм никуы сдзуры мæ номæй... никуы.

– Кæм цæрыс, уый зоны?
– Нæ, никуы йын æй загътон.
– Уæдæ йæ нæ зоны, ды… мæ хæрæфырт кæй дæ, уый?
– Æнхъæл нæ дæн.
Иуцасдæр сыбыртт нæ райхъуысти. Мисс Полли касти Поллианнæмæ æмæ йæ цыма нæ уыдта. Чызг иу къахæй иннæуыл ралæуу-балæуу кодта, йæ улæфтытæ хъуыстысты. Æвиппайды мисс Полли фестъæлфыд æмæ сыстадис.
– Хорз, Поллианнæ, – загъта та уыцы æнахуыр хъæлæсæй, æнæуи куыд никуы дзырдта, афтæ. – Дæ бон у… дæ бон у мистер Пенделтонæн холодец дæхи лæвары хуызы ахæссын. Фæлæ йæ дæ зæрдыл дар: æз æй не 'рвитын. Бацархай ууыл, цæмæй афтæ ма банхъæла, цыма йæ æз арвыстон!
– Хорз… Бузныг, мæ мадыхо Полли, – дзуапп радта райгондæй Поллианнæ æмæ уатæй ралыгъдис.

# 15 СÆР

## ДОХТЫР ЧИЛТОН

Поллианнæ Пенделтон-Хиллмæ дыккаг хатт куы ’рбацыд, уæд æм мистер Педелтоны стыр фæныкхуыз хæдзар бынтон æндæрхуызон фæкасти. Рудзгуытæ уыдысты гом, фаллаг кæрты цавæрдæр ацæргæ сылгоймаг хуыссæны цъæрттæ бæндæныл ауыгъта, бацæуæны раз та лæууыдис дохтыр Чилтоны дыдзæлхыг.

Поллианнæ фæрсаг дуары цурмæ бацыди. Фæлæ ныр дзæнгæрæгыл бахæцыд – абон йе ’нгуылдзтæ æндзыг нæ уыдысты, фырадæргæй дæгъæл куы нылхъывта, уæд куыд уыдис, афтæ.

– Дæ бон хорз. Æз мистер Пенделтонæн холодец æрбахастон, роды къæхтæй фых у, – бахудти Поллианнæ.

– Бузныг, – загъта сылгоймаг, чызджы къухтæй мигæнæн райсгæйæ. – Цы йын-иу зæгъон? Чи йæ ’рбарвыста?

Уыцы рæстæг дохтыр бахизæнмæ рацыди. Сылгоймаджы ныхæстæ фехъуыста æмæ уыциу рæстæг Поллианнæйы цæсгомы фыдæнхъæл æнгас бафиппайдта. Æмæ рæвдз размæ ракъахдзæф кодта.

– А-а! Холодец? – бафарста, цингæнгæйæ. – Тынг хорз! Дæу, æвæццæгæн, нæ рынчыны фенын фæнды?

– О, сэр, – ныррухс ис чызг.

Сылгоймаг дохтыры коммæ бакаст, кæд дисы бафтыди, уæддæр. Уайтагъд Поллианнæйы йæ фæдыл акодта.

Дохтыры фæстæ цы лæппу лæууыд, уый (дæсны санитар, рынчынтæм кæсыны специалист, æрбацыди æввасхдæр стыр горæтæй) фыртыхстæй ныхъхъæр ласта:

– Дохтыр, мистер Педелтон афтæ нæ загъта, цæмæй йæм макæй уадзой?

– О, афтæ у, – йæ сæр разыйы тылд бакодта дохтыр. – Фæлæ ам ныр хицау æз дæн, æмæ уыцы бæрн исын мæхимæ. – Стæй сусæгхуызæй бафтыдта: – Ды йæ, кæй зæгъын æй хъæуы, нæ зоныс, фæлæ уыцы чызг, æрвылбон авджы дзагæй кæй нуазай, ахæм хъæддыхгæнæг хосæй хуыздæр у. Кæд Джон Пенделтоны йе ’нтъыснæгæй исчи фервæзын кæндзæн, уæд ацы чызг.

– Æмæ чи у?

Дохтыр иу уысм фæкъуыхцы ис:

– Уый у нæ горæты зындгонддæр цæрджытæй иуы хæрæфырт. Йæ ном хуыйны Поллианнæ Уиттиер. Æз… Ацы чызджы мын хæстæгдæр базонын нырма нæ бантыст, фæлæ йæ мæ рынчынтæй бирæтæ зонынц… æмæ мын уый тынг æхсызгон у!

Санитар йæ мидбылты бахудти:

– Æцæг? Æмæ уыцы æвдадзы хос уæд цæмæй конд у?

Дохтыр йæ сæр банкъуыста:

– Нæ йæ зонын. Куыд раиртæстон, афтæмæй, цы ’рцыд кæнæ цы хъуамæ ’рцæуа – алцæуыл дæр цин кæны. Æз æдзухдæр фехъусын йæ хъæлдзæг ныхæсты кой, æмæ мæ бон бамбарын цас у, уымæ гæсгæ, сæ сæйраг мидис у «цин кæнын». Æз æрмæстдæр иу хъуыддагмæ бæллын, – бафтыдта лæг, тыргъмæ фæцæйцæугæйæ, – мæ бон-иу æй рафыссын куы уаид… Æмæ, хосты къопп куыд рафыссын кæнæ балхæнын, афтæ-иу æй балхæнæн дæр куы уаид. Æниу, уый хуызæттæ дунейы бирæ куы уаиккой, уæд нæ дыууæйы бахъæуид уадздзагтæ кæнæ алдымбыдтæ

уæй кæнын, науæд та къанаутæ къахын, уымæн æмæ æгуыст фæуаиккам.

Уыцы рæстæг Поллианнæйы дохтыры фæдзæхстмæ гæсгæ Джон Пенделтоны уатмæ бахæццæ кодтой. Йæ фæндаг цыди библиотекæйыл. Æмæ кæд рæвдз уади, уæддæр ын рæстæг уыдис, цæмæй ивддзинæдтæ бафиппайа. Рудзгуыты сырх æмбæрзæнтæ æмæ чингуыты скъæппыты рæгътæ ныр дæр уым уыдысты, фæлæ пъолыл бырон нæ уыди, стъол – хæрзæфснайд, рыджы мур никуы зынди. Телефоны чиныг ауыгъд уыдис къæпсырыл, тохнайы æрхуы бынæвæрæн та фырсыгъдæгæй цæхæртæ калдта.

«Сусæг» дуæрттæй иу гом разындис, æмæ лæггадгæнæг чызджы уыцы дуармæ бакодта. Поллианнæ хъæздыг арæзт хуысснæуаты куы февзæрди, уæд сылгоймаг тарст хъæлæсæй загъта:

– Сэр, кæд бар ратдзынæ… мæнæ иу чызг… холодец æрбахаста. Дохтыр загъта, цæмæй дæм æй æрбакæнон.

Поллианнæ нæлгоймагимæ хибарæй баззад, уый æнæзмæлгæйæ æмæ тарæрфыгæй хуыссыди йæ фæсонтыл.

– Байхъусут-ма, æз уын афтæ нæ загътон… – райхъуысти мæсты хъæлæс. – А, уый ды дæ! – йæ хъæлæс фæфæлмæндæр, афтæмæй загъта лæг, Поллианнæ хуыссæнмæ куы ’рбаввахс ис, уæд.

– О, сэр, – бахудти Поллианнæ. – Æз ахæм цин кæнын, кæй мæ ’рбауагътой, ууыл! Æмбарыс, раздæр мын уыцы ус, чысыл ма хъæуа, мæ холодец ма байса. Ахæм тарст фæкодтон, куы нæ дæ фенон , зæгъгæ. Фæлæ нæм уыйфæстæ дохтыр рацыди æмæ мын æрбацæуыны бар радта. Уый ахæм дзæбæх разындис.

Мистер Пенделтоны былтыл æнæбары мидбылхудт фæзынд, фæлæ зæгъгæ æрмæстдæр кодта:

– Гъым!

– Холодец дын æрбахастон, – дзырдта дарддæр Поллианнæ. –

Роды къæхтæй фых у. Кæй йæ уарзыс, ууыл мæ зæрдæ дарын, – бафæрсæгау кодта Поллианнæ.

– Никуы йæ хордтон. – Йæ мидбылхудт æвиппайды фæцыдæр, æмæ мистер Пенделтон, раздæрау, тарæрфыгæй ракасти.

Поллианнæйы цæсгомыл иу уысм фыдæнхъæлдзинады фæд фæзынд, фæлæ мигæнæн стъолыл æрæвæрдта æмæ хъæлдзæгæй загъта:

– Нæ хордтай? Уæдæ йæ кæд нæ хордтай, уæд дæ бон, кæй йæ нæ уарзыс, уый зæгъын нæу! Æмæ мын, кæй йæ нæ хордтай, уый æхсызгон дæр ма у. Куы йæ хордтаис æмæ куы зыдтаис…

– О, о… Æз бæлвырд уый зонын æмæ… мæнæ ацы минут ам мæ фæсонтыл хуыссын æмæ ма, æвæццæгæн, афтæ фæхуысдзынæн… суанг тæрхоны бонмæ.

Поллианнæйæн цыма йæ зæрдæ сæнкъуысти.

– Нæ! Тæрхоны бонмæ уымæн уæвæн нæй. Уæд архангел Гавриил йæ сыкъайæ ныууасдзæн, кæд уый, æнхъæл куыд стæм, уымæй раздæр не ʼрцæуа, уæд... Кæй зæгъын æй хъæуы, æз æй зонын, Библимæ гæсгæ, æнхъæл куыд стæм, уымæй раздæр, чи зоны, æрцæуа, фæлæ æз уый æнхъæл нæ дæн, æмæ ʼрцæуа… ома, æнæмæнг, æз Библийыл æууæндын, фæлæ, мæнмæ гæсгæ, тæрхоны бон афтæ тагъд не ʼрхæццæ уыдзæн æмæ…

Джон Пенделтон æваст хъæлæсыдзаг ныххудти. Уыцы рæстæг санитар уатмæ ʼрбахызт æмæ, уыцы худт куы фехъуыста, уæд цæхгæр фæзылди, æнæуынæрæй фæцыдæр. Йæ цæсгомы хуыз уыди, йæ чъирийæн уазал уæлдæфæй тас кæй у, уый фенгæйæ, духовкæйы дуар рæвдз чи ахгæдта, ахæм хæринаггæнæджы цæсгомы æнгæс.

– Æнхъæл дæн, æмæ ныссуйтæ дæ, нæ? – бафиппайдта Джон Пенделтон.

Чызг ныххудти.

– Чи зоны. Фæлæ æз уый зæгъынмæ хъавыдтæн, æмæ къæхтæ æнусмæ не сты… ома, саст къæхтæ, æмбарыс… Уый,

сдзæбæхгæнæн кæмæн нæй, ахæм низ нæу, миссис Сноуы хуызæн. Уæдæ дæ низ тæрхоны бонмæ нæ ахæсдзæн. Æмæ, мæнмæ гæсгæ, ды хъуамæ ууыл цин кæнай.

– О, цин кæнын, – хъуынтъызæй дзуапп радта мистер Пенделтон.

– Стæй дæуæн æрмæстдæр дæ иу къах асаст. Æмæ дæ бон цин кæнын у, дыууæ дæр кæй нæ асастай, ууыл, – Поллианнæ хъазты тæмæны бацыд.

– Кæй зæгъын æй хъæуы! Мæнæ цы хорз у! – ныппырык ласта нæлгоймаг æнæрвæссонæй, йе ’рфгуытæ хæрдмæ сисгæйæ. – Хъуыддагмæ ахæм цæстæй кæсгæйæ, мæ бон цин кæнын у, цыппæркъахыг кæй нæ дæн, æмæ ссæдз къахы кæй нæ асастон!

Поллианнæ ныххудти.

– О, уый та ноджы хуыздæр! – хъæлдзæгæй загъта чызг. – Æз зонын, цыппæркъахыг цы у, уый, уымæн бирæ къæхтæ ис. Æмæ дæ бон цин кæнын у…

– Æнæмæнг, – аскъуыдта йын йæ ныхас нæлгоймаг, раздæры маст азæлыд йæ хъæлæсы, – мæнæн, æвæццæгæн, мæ бон цин кæнын у , цы ма ис, уыдонæй алцæуыл дæр: санитарыл, дохтырыл æмæ, къæбицы чи ис, уыцы ’лгъыст сылгоймагыл!

– О, сэр! Æрмæстдæр ма дæ цæстытыл ауайын кæн, уыдон ам куы нæ уаиккой, уæд куыд æвзæр уаид!

– Куы нæ… цы?

– Æрмæст ма, зæгъын, ахъуыды кæн, уыдон ам куы нæ уаиккой æмæ ды бынтон иунæгæй, æнæ фæкæсæгæй, куы хуыссис, уæд куыд æвзæр уаид!

– Цыма ам ацы уавæры кæй хуыссын, хъуыддаг уый мидæг нæй! – мæстыйæ не сразы ис мистер Педелтон. – Дæу та ма ноджы фæнды, цæмæй, уыцы æдылы сылгоймаг мын мæ хæдзар кæй сфæлдахы æмæ уый «æфснайын» кæй хоны, ууыл æз цин кæнон! Лæппу та – йæ хъузон, разæнгард æй кæны æмæ уый «рынчынмæ

кæсын» хоны. Сæ дыууæйы дæр чи ардауы, уыцы дохтыры кой нал кæнын. Æмæ ма, уымæй уæлдай, уыдон се ’ппæт дæр æнхъæлмæ кæсынц, æз сын уый тыххæй кæй бафиддзынæн, уымæ, стæй чысыл нæ!

Поллианнæ тæригъæдгæнгæ йе ’рфгуытæ нылхынцъ кодта:

– О, зонын æй. Æнæмæнг, æппæтæй зындæр – æхца… Уыйбæрц рæстæг фæстауæрц куы фæкодтай, æмæ…

– Куы… цы?

– Фæстауæрц… хъæдур æмæ кæсæгтæ фелхæдтай. Байхъус-ма, хъæдур уарзыс? Æви гогызы фыд равзарис, фæлæ хъуыддаг æрмæст уый мидæг ис, æмæ йæ аргъ æхсай центы у?

– Цæй кой кæныс?

Поллианнæйы цæсгомыл мидбылхудт ахъазыд:

– Де ’хцайы кой… дæхи алцæмæй æнæхай кæнгæйæ, муртагкæгтæн кæй фембырд кодтай… Æз æй базыдтон, æмæ афтæмæй, мæстыгæр кæй нæ дæ, уый бамбæрстон. Ненси мын æй загъта.

Нæлгоймагæн йе ’фсæр фырдисæй дæлæмæ ’рхауди.

– Ненси дын афтæ загъта, æз æхца кæй æмбырд кæнын, цæмæй… Æмæ Ненси чи у, уый мæ бон базонын у?

– Нæхи Ненси. Мæ мадыхо Поллийы лæггадгæнæг.

– Мадыхо Полли? Уый та чи у?

– Мисс Полли Харрингтон. Æз уыимæ цæрын.

Нæлгоймаг фесхъиуæгау кодта.

– Мисс… Полли… Харрингтон! – мынæг хъæлæсæй сдзырдта лæг. – Уыимæ цæрыс?!

– О, æз йæ хæрæфырт дæн. Уый мæ райста хъомыл кæнынмæ… мæ мады тыххæй, æмбарыс. Уый йæ хо уыди. Æмæ мæ фыд… уæлæрвтæм куы ацыд, цæмæй йемæ, ме ’фсымæртимæ, стæй мæ хотимæ баиу уа, уæд мын ам, зæххыл, ничиуал баззад, хæрзгæнæг комитеты сылгоймæгтæй фæстæмæ. Æмæ мæ уæд мæ мадыхо Полли йæхимæ райста.

Мистер Пенделтон дзуапп нæ радта. Урс базыл йæ цæсгом зынди урс-урсидæй, ахæм урсæй, æмæ Поллианнæ фæтарст. Фестади йæ бынатæй.

– Æвæццæгæн, куы ацæуон, уæд хуыздæр, уыдзæн, – загъта чызг. – Æз… æз мæ зæрдæ дарын, холодец… дæ зæрдæмæ кæй фæцæуудзæн.

Нæлгоймаг йæ сæр разылдта, йæ цæстытæ байгом сты. Сæ талынг арфы цыдæр æнахуыр рыст зынди, суанг æй Поллианнæ дæр бафиппайдта æмæ бадис кодта.

– Уæдæ ды мисс Полли Харрингтоны хæрæфырт дæ, – фæлмæнæй загъта уый.

– О, сэр.

Нæлгоймаджы тар цæстытæ, раздæрау, кастысты чызджы цæсгоммæ, цалынмæ Поллианнæйыл катай нæ бахæцыд, уæдмæ:

– Мæнмæ гæсгæ йæ… ды зоныс.

Джон Пенделтоны былтыл æнахуыр мидбылхудт фæзынди.

– О, æз æй зонын, – фæдызæрдыг ис, фæлæ уый фæстæ дарддæр дзырдта худæнбылæй. – Фæлæ… дæ бон афтæ зæгъын нæу, æмæ мын уыцы холодец мисс Полли Харрингтон æрбарвыста.

Поллианнæ кæй ныфсæрмы ис, уый бæрæг уыди:

– Нæ, сэр, уый нæ уыдис. Уый мын загъта, цæмæй ды мацыхуызы ахъуыды кæнай, цыма йæ уый æрбарвыста.

– Æз æнæуи дæр афтæ хъуыды кодтон, – загъта нæлгоймаг æмæ иннæрдæм азылд. Поллианнæ ноджы тынгдæр ныкъкъæмдзæстыг æмæ йæ къахфындзтыл уатæй рацыди.

Кулдуары цур æм æнхъæлмæ касти дохтыр. Санитаримæ ныхæстæ кодта.

– Цæй, Поллианнæ, хæдзарæмæ дæ аласон, ахæм æхсызгондзинады аккаг мæ скæндзынæ? – бафарста дохтыр, мидбылты худгæйæ. – Чысыл раздæр цæуынмæ хъавыдтæн, фæлæ стæй загътон, æххæст дæм, зæгъын, банхъæлмæ кæсон.

– Бузныг, сэр. Кæй мæм фенхъæлмæ кастæ, уый мын æхсызгон у. Æз балцы цæуын бирæ уарзын, – райдзастхуызæй загъта Поллианнæ, цæмæй йæ дыдзæлхыгмæ схизын кæна, уый тыххæй йæм йæ къух куы радардта, уæд.

– Æцæг? – бахудти дохтыр æмæ санитарæн йæ сæрæй акуывта. – Куыд зонын, афтæмæй, ды бирæ цыдæртæ уарзыс. Афтæ нæу? – бафтыдта лæг, дыдзæлхыг фæндагыл рæвдз куы атылдис, уæд.

Поллианнæ ныххудти.

– Нæ зонын, фæлæ, æвæццæгæн, афтæ у, – сразы ис чызг. – Царды цы ис, уыдонæй алцыдæр уарзын. Фæлæ цыдæртæ тынг нæ уарзын – хуыйын, хъæрæй кæсын æмæ æндæр ахæмтæ. Уый цард нæу.

– Цард нæу? Уæдæ цы у?

– Мæ мадыхо Полли афтæ зæгъы, уыдæттæ иууылдæр цæрынил ахуыр кæнынц, зæгъгæ, – ныуулæфыди Поллианнæ æнкъардæй.

Дохтыр та бахудт, фæлæ йæ мидбылхудт иучысыл æнахуыр уыди.

– Афтæ зæгъы? Æз дзы æндæр æнхъæл нæ уыдтæн.

– О, – дзуапп радта Поллианнæ. – Фæлæ æз бынтон æндæрхуызон хъуыды кæнын. Мæнмæ гæсгæ, цæрынил ахуыр кæнын нæ хъæуы. Цыфæнды куы уа, уæддæр æз афтæ нæ кæнын.

Дохтыр арф ныуулæфыди.

– Фæлæ уæддæр, мæ чызг, махæй иуæй-иуты... хатгай бахъæуы, – бафиппайдта лæг æмæ ныхъхъус.

Поллианнæ йæм сусæгæй бакаст æмæ йын фæтæригъæд кодта. Дохтыры цæсгом ахæм æнкъард уыди, æмæ чызг сагъæсы бацыд, йæ бон ын исты саразын куы уаид, уæд куыд хорз уаид, зæгъгæ. Æмæ, чи зоны, уый тыххæй бафиппайдта:

– Дохтыр Чилтон, мæнмæ гæсгæ, дохтыры куыстæй æхсызгондæр ацы дунейы куыст нæй.

Дохтыр æм дисхуызæй разылд:

– Æхсызгондæр? Æдзухдæр æмæ алкуыдæр хъизæмæрттæ куы уынын, уæд?

Чызг йæ сæр батылдта.

– Зонын æй, фæлæ ды æххуыс куы кæныс... афтæ нæу? Æмæ уыл, æнæмæнг, цин кæныс! Афтæмæй ды æдзух не 'ппæтæй амондджындæр дæ.

Дохтыры цæстытæ æнæнхъæлæджы судзгæ цæссыгтæй айдзаг сты. Йæ цард æрвыста хæрз иунæгæй. Нæдæр ын бинойнаг уыди, нæдæр хæдзар, æрмæстдæр, пансионы кæй баххуырста, уыцы дыууæ уаты, æмæ сæ уыциу рæстæг кусæнуат дæр скодта. Йæ куыст ын тынг зынаргъ уыди. Æмæ йæм ныр, Поллианнæйы рухс цæстытæм кæсгæйæ, афтæ фæкаст, цыма йын чидæр йæ къух рæвдаугæйæ йæ сæрыл æрæвæрдта æмæ йын раарфæ кодта. Ныр æй зыдта, боны уæззау куыст æмæ фæлмæцыд æгъуыссæг æхсæвтæ, ногæй та цы ныфсыл фæхæст ис, уымæй цух кæй никуы уыдзысты.

– Хуыцау дын арфæ ракæнæд, мæ чызг, – загъта лæг, фыртыхстæй схæц-æрхæц кодта, афтæмæй. Уый фæстæ, йæ рынчынтæ тынг хорз кæй зыдтой æмæ уарзтой, уыцы хъæлдзæг мидбылхудтимæ бафтыдта: – Æвæццæгæн, дохтыры дæр, йæ рынчынты хуызæн, уыцы хъæддыхгæнæг хосæй ахуыпп кæнын фæхъæуы!

Уыцы ныхæстæ фехъусгæйæ, Поллианнæ хъуыдыты аныгъуылд. Дзыдзæлхыджы разæй фæндаджы сæрты æхсæрæг фæцæйзгъордта, æмæ уый фæрцы йæ хъуыдытæй феуæгъд ис.

Дохтыр Поллианнæйы йæ хæдзары дуары цур рахизын кодта. Ненси тыргъмæ куы рагæпп ласта, уæд æм бахудтис æмæ рæвдз ацыди.

– Дохтыримæ диссаджы дзæбæх рабалц кодтон, – фехъусын кодта Поллианнæ, къæсæртыл сцæйзгъоргæйæ. – Ненси, дохтыр Чилтон ахæм дзæбæх у!

– Æцæг æви цы?

– О, æмæ йын æз загътон, йæ куыстæй хуыздæр дунейы кæй нæй.

– Цытæ дзурыс! Рынчынтæм цæуын… кæнæ ноджы æвзæрдæр: рынчынæфсон чи кæны, уыдонмæ? – Ненсийы цæсгомыл фæзынд дызæрдыгдзинад.

Поллианнæ хъæлдзæгæй ныххудти:

– О, о, уый дæр мын афтæ загъта. Фæлæ суанг ам дæр цин кæнынæн ис æфсон ссарæн! Базон ма йæ!

Ненси йе 'рфгыутæ нылхынцъ кодта æмæ хъуыдыты аныгъуылд. Ненси æмбаргæ уыди, йæхимæ гæсгæ, йæ бон уыди хъазтæй хъазын. Æмæ-иу «хæслæвæрдтæн» æхсызгонæй дзуапп агуырдта; афтæ хуыдта Поллианнæйы фарстытæ.

– Ссардтон! – ныххудти чызг. – Миссис Сноуæн цы загътай, уый ныхмæ кæй сæвæрæн ис, уыцы хъуыды!

– Ныхмæвæрд хъуыды? – загъта Поллианнæ. Кæй стыхсти, уый йыл бæрæг уыд.

– О, ды йын загътай, иннæ адæмтæ уый хуызæн рынчын кæй не сты, ууыл йæ бон цин кæнын у, зæгъгæ. Афтæ нæу?

– О, – загъта Поллианнæ.

– Уæдæ дохтырæн та йæ бон цин кæнын у, иннæты хуызæн кæй нæу, ууыл… ома, цы рынчынты дзæбæх кæны, уыдоны хуызæн, – хъæлдзæгæй хатдзæг скодта Ненси.

Ныр та Поллианнæйы рад уыди йе 'рфгуытæ нылхынцъ кæнынæн.

– О, – басасти уый, – афтæ дæр ис гæнæн, фæлæ æз бынтон афтæ нæ загътон, æмæ… Куыд æй загътай, уый мæ зæрдæмæ нæ цæуы. Уый, æнæмæнг, бынтон афтæ нæу, ома, рынчын кæй сты, ууыл хъуамæ цин кæна… Ненси, ацы хъазтæй иуæй-иухатт ахæм æнахуыр фæхъазыс, – загъта чызг, хæдзармæ фæцæйцæугæйæ.

Йæ мадыхойы баййæфта уазджыты уаты.

– Чи дæ ’рбаласта, уыцы лæг чи у, Поллианнæ? – бафарста мисс Полли карзæй.

– Мæ мадыхо Полли, уый дохтыр Чилтон у! Зоныс æй?

– Дохтыр Чилтон! Цы йæ хъæуы… ам?

– Хæдзармæ мæ ’рбаласта. Æз мистер Пенделтонæн холодец ахастон æмæ…

Мисс Полли  йæ сæрыл рæвдз хæрдмæ схæцыд:

– Поллианнæ, афтæ нæ банхъæлдта, цыма йын æй æз арвыстон?

– Нæ! Ды йæ кæй нæ арвыстай, уый йын загътон!

Мисс Полли сырх-сырхид афæлдæхт:

– Загътай?!

Поллианнæ йæ цæстытæ ныдздзагъыр кодта, йæ мадыхо дзы разы нæу, уый фенгæйæ.

– Мæ мадыхо Полли, афтæ мын нæ загътай!

Мисс Полли арф ныуулæфыд:

– Поллианнæ, æз дын загътон, цæмæй дæ хъус бадарай æмæ афтæ ма банхъæла, цыма йæ æз арвыстон! Уый æмæ йын коммæ, æз æй кæй нæ арвыстон, уый зæгъын та иу не сты.

– Æз æй не ’мбарын, цы уæлдай дзы ис, уый, – бахъуыр-хъуыр кодта Поллианнæ, йæ чъилджын худ, йæ мадыхо Полли йын хæдзары цы иунæг къæпсыр снысан кодта, ууыл сауындзынæмæ фæцæйцæугæйæ.

# 16 СÆР

## СЫРХ УАРДИ ÆМÆ КÆЛМÆРЗÆН

Иу къæвда бон, Поллианнæ мистер Пенделтонмæ уазæгуаты куы уыд, уымæй къуыри рацыдис, афтæ, Тимоти мисс Поллийы хæрзгæнæг комитеты 'мбырдмæ аласта. Хæдзармæ 'рбацыд æртæ сахатыл. Йæ уадултæ уыдысты æнахуыр сырх, рог æмæ уымæл уæлдæфæй йæ дзыккутæ ныппыхцыл сты.

Поллианнæ йæ мадыхойы раздæр ахæмæй никуы федта.

– О-о! Мæ мадыхо Полли, дæуæн дæр къæбæлдзыг дзыккутæ куы ис! – цингæнгæ ныхъхъæр кодта чызг; мадыхо уазджыты уатмæ куы 'рбахызт, уæд йæ разы фырцинæй йæ къахфындзтыл æркаф-æркаф кодта.

– Æгæнон сывæллон, цы мын ис?

Поллианнæ йæ мадыхойы алыварс гæппытæ кæнын райдыдта.

– Æз та йæ зонгæ дæр нæ кодтон, кæй дын ис, уый! Уымæн гæнæн куыд ис, цæмæй адæймагæн ахæмтæ уа, æмæ уый мачи зона? Куыд дæм кæсы, мæнæн ахæмтæ уыдзæн? Ома, цалынмæ уæларвмæ нæ атахтæн, уæдмæ, зæгъынмæ хъавын, – дзырдта Поллианнæ, йæ дзыккутæ бынмæ ивазгæйæ. – Фæлæ уæддæр сау нæ уыдзысты. Сау дзыккуйæн бамбæхсæн нæй.

– Поллианнæ, цы зæгъынмæ хъавыс? – бафарста йæ мисс Полли. Йæ чъилджын худ йæ сæрæй фелвæста æмæ йæ пыхцыл дзыккутæ бадзæбæх кæнынил архайдта.

– Нæ, нæ, мæ мадыхо Полли, цæй-ма! Ма сæ лæгъз кæн! Æз уыдонæй куы зæгъын, уыцы дзæбæх сау къæбæлдзгуытæй. О, мæ мадыхо, цы рæсугъд сты!

– Æдылы ныхæстæ! Поллианнæ, хæрзгæнæг комитетмæ уыцы гыццыл дзæгъæлдзуйы тыххæй ахæм æнæхъола фарст сæвæрынмæ цæмæн ацыдтæ?

– Уыдон æдылы ныхæстæ не сты, – ныллæууыди Поллианнæ, дзуапп радта æрмæст уайдзæфы фыццаг хайæн. – Ды йæ зонгæ дæр нæ кæныс, ахæм дзыккуттимæ цы рæсугъд дæ, уый! Мæ мадыхо Полли, дæ сæр ныффасын ма мæ бауадз, миссис Сноуы куыд ныффастон, афтæ. Стæй мын бар ратт, цæмæй дын дæ сæрыхъуынты дидинæг ныссадзон! Афтæмæй дæ куы фенин, уый мæ ахæм тынг фæнды! Ды миссис Сноуæй бирæ рæсугъддæр уыдзынæ!

– Поллианнæ! – мисс Полли дзырдта тызмæгæй, уæлдайдæр та уымæн, æмæ чызджы ныхæстæй æнахуыр циндзинад банкъардта. Раздæр та кæмæн уыди уæлдай, йæхæдæг дæр æмæ йæ дзыккутæ дæр цыхуызæн сты, уый? Раздæр æй кæй фæндыди рæсугъдæй фенын? – Поллианнæ, мæ фарстæн мын дзуапп нæ радтай. Хæрзгæнæг комитетмæ уыцы æнæхъола фарст сæвæрынмæ цæмæн ацыдтæ?

– О, ныр æй зонын. Фæлæ йæ уæд нæ зыдтон, æнæхъола у, уый, цалынмæ нæ ацыдтæн æмæ, сæ хыгъд цы бауыдзæнис, уый сын Джиммийы хъысмæтæй ахсджиагдæр у, уый нæ базыдтон, уæдмæ. Æмæ уый фæстæ мæхи хæрзгæнæг комитетмæ писмо ныффыстон. Джимми уыдонæй дард у, æмбарыс? Æмæ æз ахъуыды кодтон, чи зоны, уыдонæн индиаг лæппуйæн бабæздзæн... Мæ мадыхо Полли, æз дæр дæуæн индиаг чызг уыдтæн?.. Мæ мадыхо Полли, дæ сæр ныффасын мæ бауыадзынæ?


– Холодец дын ærбахастон, роды къæхтæй фых у. Кæй йæ уарзыс, ууыл мæ зæрдæ дарын...
Хъуыддагмæ ахæм цæстæй кæсгæйæ, мæнæн, чи зоны, мæ бон цин кæнын у, цыппæркъахыг кæй нæ дæн æмæ ссæдз къахы кæй нæ асастон, ууыл!
Дохтыр Чилтон
Йæ цард æрвыста хæрз иунæгæй. Нæдæр ын бинойнаг уыд, нæдæр хæдзар, æрмæст, пансионы кæй баххуырста, уыцы дыууæ уаты, æмæ сæ уыциу рæстæг кусæнуат дæр скодта.

Мисс Полли йæ къух йæ хъуырыл сæвæрдта; раздæры æдыхдзинад ыл уæлахиз кæй кæны, уый æмбæрста.

– Поллианнæ, абон мын сылгоймæгтæ, куыд сæм бацыдтæ, уый куы радзырдтой, уæд тынг фефсæрмы дæн! Æз...

Поллианнæ æркаф-æркаф кодта, йæ къахфындзтыл уæлæмæ-дæлæмæ кæнгæйæ.

– Ды нæ загътай, ды нæ загътай, дæ сæр ныффасын мæ бон у æви нæ, – цингæнгæ цъыбар-цъыбур кодта, – æмæ мæн фидарæй уырны, уый дæр, иубон мистер Пенделтоны холодецы хабар куыд рауади, раст афтæ кæй у: ды йын æй нæ арвыстай, фæлæ дæ нæ фæндыд, цæмæй йын æй æз зæгъон... Афтæ фæлæууу, æз сæрвасæн радавон.

– Поллианнæ, Поллианнæ! – нæ разы кодта мисс Полли, уатæй рацæугæйæ. Тыхулæфтгæнгæ цырд йæ фæдыл асинтыл схызти.

– О-о, ардæм цæуыс? – мисс Поллийыл йæ уаты раз сæмбæлди Поллианнæ. – Уый та уымæй хуыздæр! Мæнæ сæрвасæн дæр. Ныр ам æрбад. Æз ахæм цин кæнын, дæ сæр ныффасын мæ кæй бауагътай, ууыл!

– Поллианнæ, æз... æз...

Мисс Полли йæ ныхас кæронмæ нæ фæцис. Ныллæг бандоныл кæсæнджын стъолы раз куыд февзæрд, уый æмбаргæ дæр нæ бакодта. Поллианæйы фæлмæн æмæ цырд къухты бын йæ дзыккутæ бæзджын уылæнтæй дæлæмæ 'ркалдысты.

– Цы рæсугъд дзыккутæ дын ис, – къæр-къæр кодта чызг, – миссис Сноуы дзыккутæй бирæ бæзджындæр сты! Фæлæ дæу, кæй зæгъын æй хъæуы, фылдæр дзыккутæ хъæуы, уымæн æмæ ды æнæниз дæ æмæ вæййыс адæм 'хсæн. Мæнмæ гæсгæ, адæмæн тынг æхсызгон уыдзæн, куы дын сæ феной... стæй дисы дæр бафтдзысты, уымæн æмæ сæ æгæр бирæ фембæхстай. О, мæ мадыхо Полли, æз дæ ахæм рæсугъд скæндзынæн, æмæ дæм иууылдæр ныккæсдзысты!

– Поллианнæ! – райхъуысти дзыккуты бынæй къуызгæ æмæ тарст хъæлæс. – Æз… æз æй нæ зонын, ахæм æдылы митæ кæнынæн дын бар цæмæн дæттын, уый.

– Мæ мадыхо Полли, мæнмæ гæсгæ, адæмæн дæумæ кæсын æхсызгон куы уаид, уæд цин кæнис! Ды рæсугъд дзаумæттæм кæсын нæ уарзыс? Æз рæсугъд адæммæ куы фæкæсын, уæд бирæ амондджындæр вæййын, уымæн æмæ фыдуындтæм куы фæкæсын, уæд сын тынг тæригъæд фæкæнын.

– Фæлæ… фæлæ…

– Æмæ æз уарзын искæй дзыккутæ фасын, – цингæнгæ цъыбар-цъыбур кодта Поллианнæ. – Æз хæрзгæнæг комитеты сылгоймæгтæй сæ дзыккутæ бирæтæн ныффастон, фæлæ уыдонæй иуæн дæр дæ хуызæн рæсугъд сæрыхъуынтæ нæ уыдис. Æниу, миссис Уайтæн тынг рæсугъд уыдысты; иухатт æй сарæзтон, æмæ диссаджы рæсугъд уыди… Мæ мадыхо Полли, æз цыдæр æрхъуыды кодтон! Фæлæ уый сусæг цыдæр у, æмæ дын æй нæ зæгъдзынæн. Ныр дæ сæрыфаст, зæгъæн ис, цæттæ у, æмæ æз иу минутмæ ауайон. Æрмæст мын дзырд ратт… дзырд мын ратт, дæ бынатæй кæй нæ фезмæлдзынæ æмæ сусæгæй кæй нæ кæсдзынæ, цалынмæ раздæхон, уæдмæ!

Мисс Полли хъæрæй ницы сдзырдта, фæлæ йæхинымæр загъта, йæ хæрæфырты æнæхъола куыст уайтагъд кæй фехалдзæн æмæ йæ сæрыхъуынтæ, куыд æмбæлы, афтæ кæй ныффасдзæн. «Сусæгæй кæсыны» тыххæй та… Цыма йын цы уæлдай у!

Мисс Полли стъолы кæсæнмæ æнæбары бакасти. Цы федта, уымæй йæ рустæ ахæм сырх ныййисты, æмæ… уый куы федта, уæд ноджы тынгдæр ныссырх ис.

Йæ цæсгом æрыгон нæ уыдис, о, фæлæ фыртыхстæй æмæ æхсызгон дисæй – хъæлдзæг, сырх-сырхид рустæ, цæхæркалгæ цæстытæ. Тар сæрыхъуынтæ нырма уымæл уыдысты. Сæрибар уылæнтæй йæ ныхыл æрбадтысты, къæбæлдзгуытæ

къæбутмæ ’рхæццæ сты æмæ уырдыгæй диссаджы æвæрдæй дæлæмæ ’рцыдысты.

Мисс Полли стыр дисы бацыд. Кæсæны цы ныв федта, уый йæ зæрдæмæ фæцыди, æмæ йæ сæр, арæхдæр ын куыд фаст вæййы, афтæ ныффасын кæй сфæнд кодта, уый дæр дзы æрбайрох ис, цалынмæ Поллианнæ фæстæмæ уатмæ не ’рбазгъордта æмæ йын йæ къæхты уынæр нæ айхъуыста, уæдмæ. Йæ бынатæй нæма фезмæлыд, афтæ йын чызг йæ цæстытæ фындзыкæлмæрзæнæй абаста.

– Поллианнæ, цы кусыс? – ныхъхъæр кодта мисс Полли.

Поллианнæ ныххудти:

– Мæн фæнды, цæмæй дын уый æнæнхъæлæджы лæвар уа. Сусæгæй кæй кæсдзынæ, уымæй тæрсын, æмæ дын дæ цæстытæ фындзыкæлмæрзæнæй бабастон. Ныр æнцад абад. Минутæй фылдæр ын нæ хъæуы, уый фæстæ дæ бакæсын бауадздзынæн.

– Поллианнæ, – райдыдта мисс Полли, куырмæджы сыстыныл архайгæйæ. – Ныртæккæ йæ райхал! Цы кусыс? – тыхулæфтгæнгæ загъта сылгоймаг. Йе уæхсджытыл цыдæр фæлмæн æрцъыгъгъуыт ласта, уый банкъардта.

Фæлæ Поллианнæ ноджы хъæлдзæгдæрæй ныххудти. Ризгæ æнгуылдзтæй мадыхойы уæхсчытыл аив уылæнтæй рог кæлмæрзæн айтыдта. Уый чырыны бирæ азты дæргъы фæлæууыди, æмæ сбур ис, лавандæйы тæф кодта. Ивгъуыд къуыририйы Ненси цар куы ’фснайдта, уæд Поллианнæйы размæ фæци. Æмæ йæм абон ахæм хъуыды фæзынд: кæддæр йæ райгуырæн горæты миссис Уайты куыд сфæлыста, афтæ абон та йæ мадыхо Поллийы сараздзæн.

Йæ куыст куы фæцис, уæд Поллианнæ райгондæй, цы дзы рауадис, ууыл йæ цæст æрхаста æмæ бафиппайдта, иу хахх ма дзы кæй нæ фаг кæны, уый. Æмæ уæд йæ мадыхойы рæвдз тыргъы ’рдæм аласта. Уым нырма зындис æрæджиауы сырх уарди, къухæй йæм баххæссæн уыди.

– Поллианнæ, уый цы кусыс? Кæдæм мæ ласыс? – бафарста мисс Полли. – Поллианнæ, æз нæ…

– Æрмæстдæр тыргъмæ… иу минут æрмæст! Ныртæккæ цæттæ уыдзынæ, – пыф-пыф кодта Поллианнæ. Систа уарди æмæ йæ мисс Поллийы галиу хъусы сæрмæ къæбæлдзыг сæрыхъуынты ныссагъта. – Афтæ! – цингæнгæ хъæр кодта чызг, æлхынцъ райхæлдта æмæ фындзыкæлмæрзæн иуварс фехста. – О, мæ мадыхо Полли, мæнмæ гæсгæ, афтæ дæ кæй сфæлыстон, ууыл тынг ныццин кæндзынæ!

Мисс Полли, цыма йæ арв æрцавта, уый хуызæн фæци, минуты бæрц йæхимæ кæсæнмæ касти, фæлæ стæй уыциу хъæр ныккодта æмæ йæ уатмæ ныййарц ис.

Поллианнæ, йæ мадыхойы тарст цæстæнгас фæстаг хатт кæдæм арæзт уыд, уыцырдæм акасти; тыргъы гом рудзынгæй ауыдта дыдзæлхыг, хæдзары ’рдæм æрбазылд. Рохтыл чи хæцыд, уыцы нæлгоймаджы уайтагъд базыдта. Цингæнгæ йæ сæр рудзынгæй радардта æмæ ныхъхъæр ласта:

– Дохтыр Чилтон, дохтыр Чилтон! Мæнмæ ’рбацыдтæ? Æз мæнæ дæн.

– О, – бахудти дохтыр æмæ бафтыдта: – Дæ бон дæлæмæ ’руайын нæу?

Поллианнæ йæ мадыхойы баййæфта хуыссæнуаты, цæсгом – сырх-сырхид, йæ цæстæнгас – мæсты. Йæ кæлмæрзæн йæ уæлæ цы булавкæтæй хæцыд, уыдон мæстыгæрæй рæдывта.

– Поллианнæ, дæ бон куыд уыди афтæ бакæнын? – хъæрзыд сылгоймаг. – Ахъуыды ма кæнæд исчи! Уый хуызæн мæ ныццарæзта, ноджы ма мæ ахæм ран слæууын кодта, æмæ мæ… федтой!

Поллианнæ фыртæссæй марды хуызæн фæцис:

– Тынг рæсугъд уыдтæ… диссаджы рæсугъд, мæ мадыхо Полли, æмæ…

– Рæсугъд! – æлгъгæнгæ ныхъхъæр кодта мисс Полли;

кæлмæрзæн фехста æмæ ризгæ къухтæй йæ сæрыхъуынтæм фæлæбурдта.

– Мæ мадыхо Полли, цæй-ма, цæй-ма, уадз дæ дзыккутæ афтæ!

– Уадзон? Æндæр мæт дæр мæ нал ис! – Мисс Полли йæ дзыккутæ йæ къæбуты ’рдæм ахæм ивæзт акодта, æмæ йæ къухы, лæдзджыты хуызæн, сраст сты.

– Цы рæсугъд уыдысты! – скæуынмæ йæ бирæ нал хъуыди, афтæмæй загъта Поллианнæ æмæ, чиугæ, рацыди уатæй.

Дохтыр Поллианнæмæ ’нхъæлмæ касти, йæ дыдзæлхыджы бадгæйæ.

– Рынчынæн дæ хосæн рафыстон, æмæ мæ йæ хосы фæдыл рарвыста, – фехъусын кодта дохтыр. – Ацæудзынæ мемæ?

– Цы зæгъынмæ хъавыс… аптекæмæ ацæуон? – бафарста Поллианнæ. – Æз иу раздæр цыдтæн аптекæмæ… комитеты сылгоймæгтæн.

Дохтыр худæнбылæй йæ сæр батылдта:

– Бынтон афтæ нæу. Ныхас мистер Пенделтоныл цæуы. Абон дæ куы фенид, уый йæ фæнды, кæд ахæм хорз разындзынæ æмæ йæм ацæуыныл сразы уыдзынæ, уæд. Къæвда куы фæцис, уæд дæ фæдыл рацыдтæн. Разы дæ цæуыныл? Уый фæстæ дæм бацæудзынæн æмæ дæ ’хсæз сахатæй раздæр фæстæмæ ’рбаласдзынæн.

– Тынг мæ фæнды ацæуын! – хъæрæй загъта Поллианнæ. – Банхъæлмæ кæс, æрмæст мæ мадыхо Поллийæ бар ракурон.

Цалдæр минуты фæстæ, йæ чъилджын худ йæ къухы, афтæмæй раздæхтис. Йæ цæсгом уыди æнкъард.

– Дæ мадыхо дæ нæ уагъта? – хъавгæ бафарста дохтыр, сæ фæндагыл куы абалц кодтой, уæд.

– Н-нæ, – ныуулæфыди Поллианнæ. – Уый… уый, тæрсын, æгæр тынг фæндыд, цæмæй ацæуон.

– Æгæр тынг фæндыд?

Поллианнæ та ныуулæфыд.

– О, мæнмæ гæсгæ, кæй мæ стыхсти, уый зæгъынмæ хъавыд. Афтæ мын загъта: «О, о, кæдæмфæнды цу! Раздæр кæй нæ ацыдтæ, уый мын тынг хъыг у!»

Дохтыр бахудти, фæлæ æрмæст йæ былтæй. Иуцасдæр ницы сдзырдта, уый фæстæ æнæныфсæй бафарста:

– Цалдæр минуты размæ тыргъы рудзынджы цур, миййаг... дæ мадыхойы нæ федтон дæ разы?

Поллианнæ арф ныуулæфыд:

– О, æмæ, мæнмæ гæсгæ, хъуыддаг уый мидæг ис. Æмбарут, мæ мадыхойы диссаджы рæсугъд сфæлыстон кæлмæрзæнæй, цары йæ ссардтон. Йæ дзыккутæ йын дзæбæх ныффастон æмæ йын дзы уарди ныссагътон. Тынг рæсугъд уыди. Дæумæ рæсугъд нæ фæкаст?

Дохтыр иуцасдæр хъусæй фæлæууыд. Куы сдзырдта, уæд йæ хъæлæс ахæм мынæг уыд, æмæ йын Поллианнæ йæ ныхæстæ тыхæй фехъуыста:

– О, Поллианнæ... Мæнмæ гæсгæ, уыди... диссаджы рæсугъд.

– Æцæг? Мæнæ мын цы æхсызгон у! Æз ын æй зæгъдзынæн, – райгондæй йæ сæр батылдта Поллианнæ.

Фæлæ стыр диссагæн дохтыр æваст ныхъхъæр кодта:

– Ма зæгъ! Мацы хуызы, æз... тæрсын... уый курæг дæн, цæмæй йын уый тыххæй мацы зæгъай.

– Цæуылнæ, дохтыр Чилтон? Цæуылнæ? Мæнмæ гæсгæ, дæуæн æхсызгон уыдзæн...

– Фæлæ уымæн, чи зоны, нæ, – фескъуыдта дохтыр чызджы ныхас.

Поллианнæ хъуыдыты ацыди.

– Чи зоны... æвæццæгæн, уымæн æхсызгон нæ уыдзæн, – ныуулæфыд чызг. – Ныр æй æрхъуыды кодтон: дæу кæй федта, уый тыххæй алыгъди. Æмæ ма уый фæстæ ноджы загъта, куы йæ «ныццарæзтой», уæд æй федтой, зæгъгæ.

– Æз дæр афтæ банхъæлдтон, – загъта дохтыр мынæг хъæлæсæй.

– Æмæ уæддæр, цæмæн, уый не ’мбарын, – бафиппайдта Поллианнæ дисгæнгæ, – тынг рæсугъд куы уыд!

Дохтыр ницы загъта. Æрмæст, Джон Пенделтон йæ саст къахимæ цы дурæйконд хæдзары хуыссыд, уый размæ куы бахæццæ сты, уæд сдзырдта.

# 17 СÆР

## «РАСТ ЧИНЫДЖЫ КУЫД ВÆЙЙЫ, АФТÆ»

Ацы хатт Джон Пенделтон Поллианнæйæн салам радта мидбылты худгæйæ.

– Дæ бон хорз, Поллианнæ. Мæнмæ гæсгæ, ды тынг зæрдæхæлар адæймаг дæ, науæд мæм абон бæрæггæнæг не ’рбацыдаис.

– Цытæ дзурыс, мистер Пенделтон! Мæнæн æхсызгон уыд æрбацæуын!

– Демæ мæхи тынг тызмæг дардтон: иубон мын холодец куы ’рбахастай, уæд, стæй мæ саст къахимæ куы ссардтай, уæд дæр. Æз дын, æнхъæлдæн, уый тыххæй бузныг дæр нæма загътон. Ныр мæ фидарæй уырны, æмæ йыл суанг дæхæдæг дæр хъуамæ басæттай, ахæм æнæгъдау саламы фæстæ мæм бæрæггæнæг кæй æрбацыдтæ, уымæй тынг зæрдæхæлар разындтæ!

Поллианнæ ’фсæрмхуызæй бадти.

– Кæй дæ ссардтон, уый мын æхсызгон уыд... æз, æнæмæнг, афтæ зæгъынмæ нæ хъавын, æмæ, дæ къах кæй асаст, уый мын уыд æхсызгон, – йæхи сраст кодта чызг.

Джон Пенделтон бахудти:

– Æмбарын æй. Де ’взаг дæ хъуыдытимæ арæх нæ фидауы. Фæлæ, куыдфæнды куы уа, уæддæр дын бузныг зæгъын, æмæ,

уыцы бон цы сарæзтай, уымæ гæсгæ дæ тынг хъæбатыр чызгыл нымайын. Холодецы тыххæй дæр бузныг.

– Фæцыд дæ зæрдæмæ? – цымыдисгæнгæ бафарста Поллианнæ.

– Тынг. Æнхъæлдæн, æмæ абон... дæ мадыхо Полли ницыуал рарвыста, æцæг? – бафарста лæг æмæ йæ мидбылты бахудти.

Йæ уазæгæн уыди тынг æнкъард хуыз.

– Н-нæ, сэр. – Фæкъуыхцы ис, фæлæ уый фæстæ сырхытæгæнгæ загъта: – Холодец дын мæ мадыхо Полли кæй нæ рарвыста, уый дын куы загътон, уæд мæ дæ хъыджы бацæуын нæ фæндыд.

Джон Пенделтон дзуапп нæ радта. Ныр йæ мидбылты нал худти. Йæ бакомкоммæ кастис æмæ афтæ зынд, цыма йæ цæстæнгас, йæ разы цы дзаума уыд, уыдоны мидæг ахызт, стæй суанг уатæй дарддæр. Иуцасдæр рæстæджы фæстæ ныуулæфыд æмæ Поллианнæйы ’рдæм разылдис. Куы сдзырдта, уæд йæ хъæлæс, раздæрау, уыди мæстыгæр. – Цæй, уыдæттæ ницы сты! Æз дæм уый тыххæй нæ фæдзырдтон, цæмæй, ацы хатт та куыд мæсты кæндзынæн, уымæ бакæсай. Байхъус-ма! Библиотекæйы, телефон кæм лæууы, уыцы стыр уаты, стыр авгæхгæд скъаппы бинаг тæрхæгыл, къуымы, тохнайы раз, ис нывæфтыд лагъз. Кæд уыцы æлгъыст сылгоймаг уым йæхирдыгонау нæма бафснайдта, уæд уым уыдзæн. Ардæм æй рахæсс. Уæззау у, фæлæ, мæнмæ гæсгæ, сарæхсдзынæ.

– О, æз тынг тыхджын дæн! – хъæлдзæгæй фехъусын кодта Поллианнæ, йæ бынатæй фæгæпп кæнгæйæ. Минуты фæстæ лагъзимæ æрбаздæхт.

Поллианнæ мистер Пенделтонимæ цы ’рдæгсахат арвыста, уый йæм диссаг фæкаст. Лагъз уыди алы хæзнатæй йедзаг – цымыдисаг лыстæг дзауматæй. Мистер Пенделтон сæ бирæ азты дæргъы фембырд кодта, балцы куы цыди, уæд. Алкæцыдæр дзы баст уыди цымыдисаг цауимæ, шах-

мæттæй хъазæн зырнæйзылд гуыртæй райдай æмæ суанг Индийæ ласт нефритæй конд чысыл хуыцаугондæй фæу.

Уыцы гуымирыйы таурæгъмæ байхъусыны фæстæ Поллианнæ æнкъардæй загъта:

– Чи зоны, Хуыцауы бæсты ахæм кукла кæмæн ис, уыцы гыццыл лæппуйы Джимми Бины бæсты хъомыл кæнынмæ райсын хуыздæр у. Уый ма, Хуыцау уæларвыл кæй ис, уый уæддæр зоны. Фæлæ уæддæр уымæ бæллын, цæмæй Джиммийы дæр райсой... индиаг лæппутимæ.

Джон Пенделтон æй цыма нæ фехъуыста. Иу ранмæ нымдзаст, афтид цæмæдæр кæсæгау. Фæлæ йæ хъуыдытæй тагъд феуæгъд ис æмæ лагъзæй ног дзаума систа, цæмæй та йын йæ хабар ракæна.

Уый уыди алæмæты ’рдæгсахат, фæлæ нæма фæци, афтæ Поллианнæ бамбæрста, диссаджы ныв æфтыд лагъзы цы дзауматæ уыд, æрмæст уыдоны нæ, фæлæ ма бирæ цæйдæрты кой кæй кæнынц: Поллианнæйы, Ненсийы, мадыхо Поллийы, стæй Поллианнæ æнæуи йæ бонтæ куыд фервиты, уыдæтты; ноджы ма дзырдтой йæ раздæры царды дард ныгуылæйнаг горæты.

Хæрзбон зæгъынæн афон куы ’рцыд, уæд Джон Пенделтон, уыцы карз нæлгоймагæй Поллианнæ кæй никуыма фехъуыста, ахæмæй хъæлæсы уагæй загъта:

– Мæ гыццыл чызг, мæн фæндид, арæхдæр мæм куы цæуис, уый, хорз? Æз иунæг дæн, æмæ мæ хъæуыс. Ноджы ма æндæр æфсон дæр ис, æмæ дын æй зæгъдзынæн. Райдианы, чи дæ, уый куы базыдтон, уæд афтæ ’нхъæлдтон, цыма мæ дæ фенын никуыуал бафæнддзæн. Мæ зæрдыл мын æрлæууын кодтай... бирæ азты ферох кæнын цы архайдтон, уый. Мæхицæн загътон: ногæй дæ фендмæ никуыуал бабæлдзынæн. Дохтыр мæ алы бон дæр фарста, æбаласа дæ, уымæн бар дæттын æви нæ, æмæ-иу «нæ», зæгъгæ, загътон. Фæлæ цасдæр рæстæджы фæстæ æз бæлвырд базыдтон, дæ фенын мæ кæй фæнды!

Уымæн æмæ, кæй дæ нæ уынын, уый мын мæ зæрдыл ноджы тынгдæр æрлæууын кæны, ферох кæнын мæ афтæ тынг цы фæндыдис, уый. Ныр мæ фæнды, арæхдæр мæм куы цæуис... Разы дæ, мæ зынаргъ?

– Æнæмæнг, мистер Пенделтон, – загъта Поллианнæ. Йæ цæстыты сыгъди æмæнкъарæн; йæ разы базтыл чи хуыссыд, уыцы ’нкъард нæлгоймагæн тæригъæд кодта. – Æз-иу æнæмæнг æрбацæуудзынæн!

– Бузныг, – фæлмæнæй загъта Джон Пенделтон.

Тæккæ уыцы изæр Поллианнæ, Ненсиимæ тыргъы бадгæйæ, диссаджы нывæфтыд лагъзы æмæ, йæ хуылфы цы диссæгтæ æмбæхст уыд, уыдоны кой кодта.

– Ахъуыды ма кæнæд исчи, – ныуулæфыди Ненси, – уыцы диссаджы дзауматæ дын иууылдæр равдыста æмæ дын сæ хабæрттæ ракодта... Алыхаттдæр ахæм мæсты вæййы, æмæ иу ныхас дæр никæимæ скæны, никæимæ!

– Ненси, мæстыгæр нæу, уый æрмæст æдде бакæсгæйæ афтæ зыны, – не сразы ис Поллианнæ, хæлардзинадыл иузæрдион уæвгæйæ. – Алкæмæ дæр ахæм тызмæг цæмæн кæсы, уый не ’мбарын. Хуыздæр æй куы базониккой, уæд, бæлвырд, афтæ нал хъуыды кæниккой. Фæлæ йæ суанг мæ мадыхо Полли дæр нæ уарзы. Холодец ын арвита, уый дæр æй нæ фæндыд. Æмæ ахæм тарст кодта, афтæ куы банхъæла, уый йæ рарвыста, зæгъгæ.

– Уый, æвæццæгæн, йæ хæсыл нæ нымайы,– йе уæхсчытæ базмæлын кодта Ненси. – Фæлæ мæм стыр диссаг кæсы, дæу кæй бауарзта, уый. Кæй зæгъын æй хъæуы, æз дæ æвзæрæй ницы зæгъынмæ хъавын... Фæлæ, сывæллæтыл æнувыд чи у, ахæм адæймаг нæу, нæу!

Поллианнæ хъæлдзæгæй ныххудти.

– Уæдæ бауарзта, Ненси, – сразы ис чызг. – Æрмæст æз афтæ нæ хъуыды кæнын, æмæ æнувыд уыдис... ома, æдзухдæр афтæ



Йæ цæсгом æрыгон нæ уыдис,
о, фæлæ фыртыхстæй æмæ
æхсызгон дисæй – хъæлдзæг…
– Æз хæрзгæнæг комитеты
сылгоймæгтæй сæ
дзыккутæ бирæтæн
ныффастон,
фæлæ уыдонæй
иуæн дæр дæу хуызæн
рæсугъд сæрыхъуынтæ
нæ уыди.
Уыдон дзырдтой йæ раздæры
царды тыххæй дард
ныгуылæйнаг горæты.
Лагъзы уыди йедзаг хæзнатæй –
цымыдисаг лыстæг дзауматæй.
Мистер Пенделтон сæ фембырд
кодта, балцы куы цыди,
уыцы бирæ азты

нæ уыд. Абон йæхæдæг басаст, иу рæстæг æм афтæ кæй касти, цыма йæ мæ фенын никуыуал бафæнддзæн, уымæн æмæ йын æз йæ зæрдыл æрлæууын кæнын, ферох кæнын æй цы фæндыдис, уый. Фæлæ фæстæдæр...

– Уый та куыд? – фæурæдта йæ Ненси тыхстхуызæй. – Афтæ загъта, ферох кæнын æй цы фæндыд, уый йын йæ зæрдыл æрлæууын кæныс?

– О, фæлæ фæстæдæр...

– Æмæ уый цы у? – дзуапп райсынил архайдта Ненси.

– Нæ йæ загъта. Æнæуи загъта, цыдæр ахæм кæй уыди, уый.

– Сусæгдзинад! – нымдгæнгæ æмæ тарстхуызæй мынæг хъæлæсæй сдзырдта Ненси. – Уымæн дыл афтæ фæцахуыр ис уайтагъд. Уый, раст чиныджы куыд вæййы, афтæ у... Æз ахæмтæ бирæ бакастæн: «Леди Моны сусæгдзинад», «Сæфт бындар», «Азтæ сусæг æмбæхсæны»... Алкæцыййы дæр уыди сусæгдзинæдтæ кæнæ 'ндæр исты ахæмтæ. Ахъуыды ма кæнæд исчи! Мæ фындзы бын – удæгас чиныг, æз та уыйбæрц рæстæг зонгæ дæр ницы кодтон! Ныр ма мын, мæ хур, радзур, цыдæриддæр дын загъта, уыдæттæ. Уый ахсджиаг у! Диссаг нæу, афтæ дыл кæй фæцахуыр ис, уый, диссаг нæу, диссаг нæу!

– Ницы мыл фæцахуыр! – фæхъæр ласта Поллианнæ. – Йемæ фыццаг æз сдзырдтон. Чи дæн, уый дæр нæ зыдта, цалынмæ йын холодец нæ ахастон æмæ йын, мæ мадыхо Полли йæ кæй нæ рарвыста, уый нæ бамбарын кодтон, уæдмæ, æмæ...

Ненси æвиппайды фæгæпп кодта æмæ йæ армытъæпæнтæ кæрæдзиуыл nыкъкъæрц ласта.

– О, зонын æй, зонын! – фæхъæр кодта Ненси æмæ та уайтагъд Поллианнæйы раз абадти. – Зæгъ-ма мын, дзæбæх ахъуыды кæн æмæ мын раст дзуапп ратт. Мисс Поллийы хæрæфырт дæ, уый куы базыдта, уæд æй дæ фенын нал фæндыд, æцæг?

– О, иу бон ын мæхи бацамыдтон, æмæ мын абон, уæд цæуыл ахъуыды кодта, уый загъта.

– Æз æй афтæ дæр зыдтон, – цин кодта Ненси. – Æмæ йын мисс Поллийы дæр холодец æрвитын нæ фæндыди, нæ?
– Нæ фæндыд.
– Æмæ йын ды загътай, уый йæ кæй нæ рарвыста?
– О, æз…
– Æмæ, йæ хæрæфырт дæ, уый куы базыдта, уæд йæхи цыдæр æнахуыр дарын райдыдта, нæ?
– О, йæхи иучысыл æнахуыр дардта… холодецы тыххæй, – басасти Поллианнæ, сагъæсхуызæй йæ ных нынцъылд кодта.
Ненси уæлдæф арф сулæфыди.
– Уæдæ æз алцыдæр бамбæрстон! Байхъус-ма, мистер Джон Пенделтон уыди мисс Полли Харрингтоны уарзон! – загъта цингæнгæйæ, фæлæ раздæр сусæгæй фæстæмæ фæкасти.
– Цытæ дзурыс, Ненси, уымæн гæнæн нæй! Йæ зæрдæмæ нæ цæуы, – не сразы ис Поллианнæ.
Ненси йæм æнæрвæссонæй бакаст:
– Кæй зæгъын æй хъæуы! Æмæ уæдæ куыд хъуамæ уа! Хыл куы сты!
Поллианнæ йæм нырма æнæууæнкхуызæй касти, æмæ та Ненси ногæй уæлдæф арф сулæфыди; йæ разы æрбадт æмæ æхсызгонæй хабар дзурын райдыдта.
– Хъуыддаг уый мидæг ис. Де 'рбацыдæй чысыл раздæр мын мистер Том загъта, мисс Поллийæн кæддæр уарзон кæй уыди, уый. Æз ыл нæ бауæндыдтæн. Мисс Полли æмæ чи – уарзон! Фæлæ мæ мистер Том фидарæй бауæндын кодта, афтæ кæй уыдис, ууыл, стæй мын загъта, уыцы лæг ныр дæр нæ горæты кæй цæры. Ныр æй базыдтон! Кæй зæгъын æй хъæуы, уый у Джон Пенделтон. Ау, йæ царды сусæгдзинад нæй? Ау, йе стыр хæдзары иунæгæй нæ цæры æмæ иу ныхас дæр искæимæ скæны? Мисс Поллийы хæрæфырт кæй дæ, уый куы базыдта, уæд йæхи цыдæр æнахуыр нæ дардта? Æмæ уый фæстæ нæ басаст, ферох кæнын цы архайы, уый йын йæ зæрдыл

ӕрлӕууын кӕныс, ууыл? Алцӕмӕй дӕр бӕрӕг у, ныхас мисс Поллийыл кӕй цӕуы!.. Ӕмӕ уый та… афтӕ нӕ загъта, холодец ын никуы арвыстаид, зӕгъгӕ?.. Уый афтӕ у, бӕлвырд!

–О-о! – ныуулӕфыди Поллианнӕ ӕмӕ фырдисӕй йӕ цӕстытӕ ныдздзагъыр кодта. – Фӕлӕ, Ненси, мӕнмӕ гӕсгӕ, сӕ кӕрӕдзийы куы уарзиккой, уӕд бафидыдтаиккой. Уыйбӕрц рӕстӕг сӕ дыууӕ дӕр хӕрз иунӕг уыдысты. Мӕнмӕ гӕсгӕ, ӕхсызгонӕй баиу уыдаиккой.

Ненси ныффут ласта:

– Уарзгӕйӕ куыд ӕмӕ цы вӕййы, уымӕн бирӕ мбарыс! Нырма ӕгӕр гыццыл дӕ. Фӕлӕ кӕд дунейы, дӕ хъазты кой дӕ кӕнын дӕр чи нӕ бауадздзӕн, ахӕмтӕ ис, уӕд уыдон сты, чи фӕхыл ис, уыцы уарзӕттӕ! Адонӕн дӕр сӕ хъуыддаг афтӕ у. Ӕдзух, мигъау, хъуынтъызӕй нӕ цӕуы? Ӕмӕ уый дӕр… – Ненси фӕкъуыхцы ис. Кӕимӕ ӕмӕ кӕй кой кӕны, уый афоныл ӕрымысыд. Ӕваст ныххудти: – Ӕниу, ӕз афтӕ нӕ зӕгъдзынӕн, ӕмӕ уыдоны дӕр хъазты тӕмӕны куы бацӕуын кӕнис, уӕд уый ӕвзӕр уаид – бафидауын сын ӕхсызгон куыд уа, афтӕ!.. Уый дын таурӕгъ, гъе! Се 'ппӕтӕн дӕр сӕ цӕстытӕ рабыриккой – мисс Полли ӕмӕ уый! Фӕлӕ, мӕнмӕ гӕсгӕ, ацы ран зӕрдӕдарӕн нӕй, нӕй!

Поллианнӕ ницы сдзырдта. Фӕлӕ чысыл фӕстӕдӕр хӕдзармӕ куы бацыд, уӕд йӕ цӕсгом уыди тынг сагъӕсхуыз.

# 18 СÆР

## АРВÆРДЫН

Августы мæйы Поллианнæ арæх цыди Пенделтон-Хиллы стыр хæдзармæ, фæлæ йæм йæ цыдтытæ тынг æнтыстджын нæ кастысты. Афтæ зæгъæн нæ уыд, æмæ мистер Пенделтон йæ фенынмæ нæ бæллыд, – арæх-иу æм æрвитгæ дæр акодта. Фæлæ-иу æм уазæгуаты куы 'рбацыд, уæд-иу йæ хуыз, йæ разы кæй ис, уымæй амондджындæр нæ уыди. Цыфæнды куы уа, уæддæр Поллианнæмæ афтæ касти. Йемæ ныхас кодта, о, бирæ æнахуыр æмæ рæсугъд дзауматæ йын æвдыста: чингуытæ, нывтæ æмæ алы диссæгтæ. Фæлæ, раздæрау, мæстыйæ æмæ æргомæй, æнæбон кæй у, уымæй хъаст кодта. Бæрæг уыдис, иу хæдзары цы адæмимæ цæры, уыдоны зынæн кæй быхсы, æмæ йын йæ хæдзары цы «уаг» сæвæрдтой, уымæ мæстæй кæй скъуыны. Æниу, афтæ зынди, цыма Поллианнæмæ æхсызгонæй хъуыста, æмæ-иу уый дæр æнæрлæуæгæйæ дзырдта. Уарзта дзурын, фæлæ фидарæй никуы 'ууæндыд, йæ цæстытæ хæрдмæ куы сиса, уæд ын йæ хъизæмайраг цæстытæ кæй нæ фендзæн; æмæ-иу уымæй йæ зæрдæ ныммæгуыр. Бæлвырд никуы зыдта, йæ ныхæстæй йын – кæд уыдоны аххос уыд, уæд – кæцы фæхъыг ис, уый. Хъазты кой ракæнын æмæ, цæмæй дзы ахъаза, уый

тыххæй йын балæгъстæ кæнын не ’нтысти, фæндонæй йæм кæй байхъусдзæн, ууыл фидарæй æууæндгæйæ. Дыууæ хатты хъазты кой сцæйкодта, фæлæ йын дыууæ хатты дæр, йæ фыд цы загъта, уымæй дарддæр ацæуын нæ бантыст, уымæн æмæ-иу Джон Пенделтон уайтагъд ныхас иннæрдæм аздæхта.

Ныр Поллианнæ гуырысхо нал кодта, Джон Пенделтон кæддæр йæ мадыхо Поллийы уарзон кæй уыдис, ууыл. Афтæ йæм каст, цыма сæ дыууæ дæр тынг æнамонд уыдысты. Йæ иузæрдион æмæ уарзæгой зæрдæйы ’ппæт хъарутæй бæллыдис уымæ, цæмæй сын исты хуызы сæ цард амондджын скæна.

Æрмæст, цы кæнын хъæуы, уый нæ зыдта. Мистер Педелтонæн-иу йæ мадыхойы кой кодта, æмæ-иу æм хъуыста: куы уæзданæй, куы мæстыйæ, фæлæ-иу арæхдæр йæ тызмæг былтыл мидбылхудт фæзындис. Мадыхойæн дæр-иу мистер Пенделтоны кой кодта – растдæр зæгъгæйæ, йæ кой кæнын фæлвæрдта. Фæлæ-иу мисс Полли бирæ нæ байхъуыста, алыхаттдæр-иу ныхас иннæрдæм аздæхта. Æниу, æндæр искæй кой кæнын-иу куы райдыдта, зæгъæм, дохтыр Чилтоны, уæддæр-иу йæхи афтæ дардта. Йæ мадыхойы йын кæлмæрзæн æмæ уардиимæ тыргъы федта мистер Чилтон, æмæ йæ Поллианнæ уый æфсон кодта. Афтæ зынди, цыма мисс Полли уæлдай тынгдæр нæ уарзта дохтыр Чилтоны. Поллианнæ уый базыдта, иухатт тынг куы суазал ис æмæ хуысгæ рынчын куы фæци, уæд.

– Изæрмæ куы нæ фæхуыздæр уай, уæд дохтырмæ арвитдзынæн, – загъта мадыхо.

– Æцæг? Уæдæ æз изæрмæ февзæрдæр уыдзынæн, – ныххудти Поллианнæ, – уымæн æмæ мæн тынг фæнды, цæмæй мæм дохтыр Чилтон æрбацæуа.

Мадыхо карзæй дзуапп радта:

– Уый дохтыр Чилтон нæ уыдзæн, Поллианнæ. Дохтыр Чилтон нæ бинонты дохтыр нæу. Æз арвитдзынæн дохтыр Уорренмæ… кæд дæхи æвзæрдæр æнкъарай, уæд.

Фæлæ Поллианнæйæн йæ уавæр нæ февзæрдæр ис, æмæ дохтыр Уорренмæ нæ фæдзырдтой.

– Уый дæр мын æхсызгон у, – загъта Поллианнæ йæ мадыхойæн уыцы изæр. – Дохтыр Уоррен цæуы мæ зæрдæмæ, фæлæ æз дохтыр Чилтоны фылдæр уарзын æмæ тæрсын, куы нæ мæм æй æрбахуыдтаиккой, уæд фæтæргай уыдид. Мæ мадыхо Полли, куы дæ срæсугъд кодтон, уæд дæ æнæнхъæлæджы кæй федта, уым уый аххосæй ницы ис, – фæци йæ ныхас æнкъардæй.

– Æгъгъæд, Поллианнæ. Мæн æппындæр нæ фæнды дохтыр Чилтоны… кæнæ йе 'нкъарæнты кой кæнын, – фидарæй загъта мисс Полли.

Поллианнæ йæм раздæр æнкъардæй дызæрдыггæнгæ бакаст, уый фæстæ ныуулæфыд:

– Ахæм сырх рустæ дын куы вæййы, уæд дæм кæсын бирæ фæуарзын, æмæ мæ ахæм тынг фæнды, ногæй дын дæ сæр куы ныффасин, уый. Кæд… Мæ мадыхо Полли! – Фæлæ мадыхо уæдмæ тыргъмæ рахызти.

Августы мæйы Поллианнæ иу сæумæрайсом Джон Пенделтонмæ уазæгуаты ацыд. Æвиппайды базыл фæрсырдæм æвæрдæй ауыдта фæйлаугæ уаддзаг, æрвхуыз, сызгъæрин æмæ кæрдæгхуыз фæлгъуыызтимæ. Йæ фæрстæ та уыдысты сырх æмæ фиалкæхуыз. Поллианнæ ныццин кодта.

– О, мистер Пенделтон, мæнæ ма гыццыл арвæрдын! Æцæг арвырон дæм уазæгуаты фæзынд! – хъæрæй загъта чызг æмæ йæ армытъæпъæнтæ кæрæдзиуыл æрцавта. – О-о! Мæнæ цы рæсугъд у! Ам кæцæй февзæрд?

Мистер Пенделтон бахудти, фæлæ тынг хъæлдзæгæй нæ; уыцы райсом уæлдай мæстджын уыдис.

– Мæнмæ гæсгæ, рудзынджы фæстæ цы авгджын тæвдбарæн ис, уый фарсæй «фæзынди», – загъта æнæбары. – Æнæуи йæм хур нæ фæкæсы… æрмæст æй райсомæй ныррухс кæны.

– Мæнæ цы рæсугъд у! Хур æй саразы? Уый дын гъе! Мæ тæвдбарæн куы уаид, уæд æй æз бон-изæрмæ хурмæ дарин!

– Æмæ дзы уæд бирæ пайда нæ уаид, – ныххудти нæлгоймаг. – Куыд дæм кæсы, уæд уынджы тæвд æви уазал у, уый базонис?

– Уæлдай мын нæ уаид, – мынæг хъæлæсæй загъта Поллианнæ, базыл цы рæсугъд æрттиваг уадздзæгтæ уыдис, уыдонæй цæстытæ атонын нал куымдтой. – Цыма исчи æдзух арвыроны куы цæрид, уæд ма йæ уыдæттæ æндавиккой!

Мистер Пенделтон ногæй бахудти. Уарзæгой æнгасæй касти Поллианнæйы цæсгоммæ. Уый фæстæ йæм æвиппайды иу хъуыды фæзынд.

Йæ хуыссæны раз цы дзæнгæрæг уыд, уымæ февнæлдта…

– Норæ, – загъта лæг, ацæргæ сылгоймаг дуары цур куы фæзындис, уæд, – дæ хорзæхæй, уазджыты уаты тохнайы уæлвæйнæгыл цы  цырагъдарæнтæ ис, уыдонæй ма иу æрбахæсс.

– Хъусын дæм, сэр, – загъта лæггадгæнæг рохстхуызæй. Минуты фæстæ ’рбаздæхтис. Хуыссæны размæ куы фæцæй-цыд, уæд йæ къахдзæфтимæ хъуысыд сабыр æмæ ’хсызгон дзæгъ-дзæгъ; уый уыдис, йæ къухы цы рагон цырагъдарæн уыд, уый уынæр.

– Бузныг. Ам æй стъолыл æрæвæр, – ацамыдта мистер Пенделтон. – Ныр синаг райс æмæ йæ рудзынгыл фæрсырдæм айтындз, фæлгæты къæпхæнтыл æй бабæтт. Хорз, бузныг, – загъта лæг, сылгоймаг ын йæ ныхас куы сæххæст кодта, уæд. Уатæй куы рацыд, уæд Поллианнæмæ худгæ цæстытæй бакасти. – Поллианнæ, цырагъдарæн ма ардæм æри.

Чызг æй дыууæ къухæй райста æмæ йæм æй радта. Уæд мистер Пенделтон цырагъдарæны дзæнхъа дуртæ кæрæдзийы

фæдыл æфтауын райдыдта, цалынмæ хуыссæныл йæ разы дыууадæс нæ баисты, уæдмæ.

– Мæ зынаргъ, райс сæ ныр, æмæ, Норæ рудзынгыл цы лент аивæзта, ууыл сæ æрцауындз. Кæд дæ æцæгдæр арвыроны цæрын фæнды, уæд, мæнмæ гæсгæ, афтæмæй диссаджы арвырон сараздзыстæм, æмæ ды уым цæрдзынæ!

Поллианнæ куыддæр, хурæй цы рудзынг ныррухс, ууыл фыццаг æртæ дуры ацауыгъта, афтæ бамбæрста, дарддæр цы уыдзæнис, уый. Ахæм тыхст скодта, æмæ йæ ризгæ æнгуылдзтæ нал арæхстысты. Йæ куыст куы фæци, уæд фырцинæй ныхъхъæр ласта æмæ фæстæрдæм агæпп кодта. Хъæздыг æмæ тызмæг уат æвиппайды аргъауы бæстæ фестади. Алырдыгæй кафыдысты зынгтæ: сырх, кæрдæгхуыз, фиалкæхуыз æмæ бурбын сырхытæ, сызгъæрин æмæ æрвгъуызтæ. Къултæ, пъол, хæдзары дзаума æмæ хуыссæн йæхæдæг дæр цæхæркалгæ ферттывдтытæй тæмæнтæ калын райдыдтой.

– О-о, мæнæ цы рæсугъд у! – мынæг хъæлæсæй загъта Поллианнæ æмæ ныххудти. – Суанг хурмæ дæр хъазын æрцыд! – хъæр кодта чызг. Ферох дзы ис, мистер Пенделтонæн æй кæй нæ бамбардзæн, уый. – Ехх, æмæ мæм ахæм дуртæ бирæ куы уаид! Куыд тынг мæ фæнды, мæ мадыхо Поллийæн дзы куы раттин, стæй миссис Сноуæн æмæ... бирæ 'ндæртæн. Мæнмæ гæсгæ, уыдон æнæмæнг бацин кæниккой. Суанг мæ мадыхо Полли дæр ахæм арвыроны куы цæрид, уæд ахæм цин кæнид, æмæ йæ бон дуар ма ныггуыпп кæна, уый не суаид! Куыд дæм кæсы?

– Дæ мадыхойы дын æз куыд хъуыды кæнын, афтæмæй, цалдæр призмæйы нæ, фæлæ фылдæр исты хъæуы, цæмæй дуæрттæ гуыппытæ кæнын райдайа... фырцинæй. Фæлæ, байхъус-ма, цæй кой кодтай? Цавæр хъазты кой?

Поллианнæ йæм дисхуызæй бакаст, стæй арф ныуулæфыди:

– Куы мæ ферох ис. Ды хъазты тыххæй куы ницыма зоныс. Нырма йæ гъер фæхъуыды кодтон.

– Уæдæ мын æй радзур!

Ацы хатт Поллианнæ алцыдæр радзырдта сæрæй – æнцой-гæнæн лæдзджытæ хъуамæ кукла кæй уыдаиккой, уымæй райдыдта. Мистер Пенделтонмæ нæ касти – цæхæркалгæ алыхуызон тæппытæй йæ цæстытæ нæ иста.

– Афтæ у хабар, – ныуулæфыд чызг, йæ таурæгъ дзырд куы фæцис, уæд. – Ныр æй зоныс, «хуры дæр хъазын æрфæндыди», зæгъгæ, цæмæн загътон, уый.

Минуты бæрц иу сыбыртт нæ райхъуыст. Уый фæстæ Поллианнæ хуыссæны ’рдыгæй айхъуыста сабыр æмæ саст хъæлæс:

– Чи зоны. Фæлæ, мæнмæ гæсгæ, Поллианнæ, призмæтæн сæ рæсугъддæр ды дæ.

– Æмæ æз, хур мæм куы фæкæсы, уæд кæрдæгхуыз, фиалкæхуыз æмæ рæсугъд сырх тæппытæ нæ феппарын!

– Æцæг? – бахудти нæлгоймаг, æмæ йæм Поллианнæ куы бакаст, уæд бадис кодта, уымæн æмæ йæ цæстытæ доны разылдысты.

– Нæ, – загъта чызг, фæхъус æмæ та бафтыдта æнкъардæй: – Тæрсын, мистер Пенделтон, хур мын кæд мæ дзыгъуыртæ фылдæр кæны, æндæр мын хорзæй ницы дæтты. Мæ мадыхо Полли афтæ зæгъы, уый сæ скæны, зæгъгæ!

Нæлгоймаг ныххудти. Æмæ та йæм Поллианнæ ногæй бакасти – уыцы худт азæлыд кæуыны хуызæн.

# 19 СÆР

## ÆНАХУЫР КУРДИАТ

Сентябры Поллианнæ скъоламæ ацыди. Фыццаг фæлварæн равдыста, йæ кармæ гæсгæ æвзæр цæттæ кæй нæ уыди, уый. Цыбыр рæстæгмæ йе 'мгæртты 'хсæн бæрæг дарын райдыдта.

Скъола цæмæйдæрты Поллианнæйæн æнæнхъæлæджы лæвар разынди, бирæ цæмæйдæрты ахæм лæвар скъолайæн сси Поллианнæ йæхæдæг дæр. Æниу, уайтагъд сæ дыууæ дæр – скъола æмæ Поллианнæ – хуыздæр æрдхæрдтæ систы. Æмæ Поллианнæ загъта йæ мадыхойæн, скъоламæ цæуын дæр цард кæй у, кæд раздæр ууыл гуырысхо кодта, уæддæр. Фæлæ йын кæд йæ ног уроктæ цины хос уыдысты, уæддæр Поллианнæйæ нæ ферох сты йæ зæронд æрдхæрдтæ. Кæй зæгъын æй хъæуы, ныр сыл, раздæры хуызæн, йæ бон бирæ рæстæг хардз кæнын нæ уыди, фæлæ йæ бон цас уыдис, уыйас сæ рохуаты нæ уагъта. Æмæ, æвæццæгæн, уыдонæй æппæты тынгдæр разы чи нæ уыд, уый – мистер Пенделтон. Иу сабаты йемæ уый фæдыл æрныхас кодта.

– Байхъус-ма, Поллианнæ, ам цæрын дæ нæ фæнды? – бафарста йæ нæлгоймаг. – Æппындæр дæ куы нал уынын.

Поллианнæ ныххудти – мистер Пенделтон ахæм худæг уыди!

– Афтæ мæм касти, цыма, дæ разы исчи куы вæййы, уæд уый дæ зæрдæмæ нæ фæцæуы, – дзуапп радта чызг.

Нæлгоймаг зулаивæй бахудти.

– О, фæлæ афтæ раздæр уыди, дæ диссаджы хъазтæй мæ цалынмæ хъазын нæ сахуыр кодтай, уæдмæ. Æмæ мын ныр æхсызгон у, æнувыдæй мæм кæй зилынц, уый! Ницы кæны, ацы дыуупæ боны мæ къахыл слæудзынæн æмæ уæд, мæ хæдзары чи змæлы, уыдонæн сæ хъуыддæгтæм æркæсдзынæн! – загъта лæг. Йе 'нцойгæнæн лæдзджытæй иу систа æмæ дзы хъазгæйæ Поллианнæмæ февзыста. Уыцы бон бадтысты стыр чиныгдоны.

– Ды æппындæр цин нæ кæныс, æрмæст дзургæ афтæ кæныс, – Поллианнæ йæ былтæ рацъупп ласта, тохнайы раз цы куыдз фынæй кодта, уымæ кæсгæйæ. – Дæхæдæг дæр æй зоныс, æдзух хъазгæ кæй нæ фæкæныс, уый, мистер Пенделтон. Кæй нæ фæхъазыс, уый зоныс!

Нæлгоймагæн æвиппайды йæ цæсгомы æнгас фæивта.

– Растдæр мæ уымæн хъæуыс, мæ чызг… цæмæй мын хъазын феххуыс кæнай. Мæ хæдзары цæрдзынæ, хорз?

Поллианнæ йæм дисхуызæй бакаст:

– Хынджылæг кæныс, мистер Пенделтон?

– Нæ кæнын. Хъæуыс мæ. Разы дæ?

Поллианнæ цыма æрæнкъард ис, афтæ зынди.

– Мæ бон нæу, мистер Пенделтон. Куы йæ зоныс, мæ бон кæй нæу, уый. Æз… мæ мадыхо Поллийы дæн.

Нæлгоймаджы цæсгом иу уысммæ цыдæрхуызон фæцис. Поллианнæ йæ афтæ дæр нæ бамбæрста, цы уыдис, уый.

– Ды уый дæ… – Мæстыйæ хæрдмæ схæцыди йæхиуыл. – Гæнæн ис, æмæ дæ рауадза мæнмæ, – фæци йæ ныхас фæлмæндæрæй. – Сразы уыдзынæ… куы дæ уадза, уæд?

Поллианнæ йе 'рфгуытæ нылхынцъ кодта, арф хъуыдыты ацыд.

– Мæ мадыхо Полли ахæм… хæларзæрдæ уыди мемæ, – райдыдта сабыргай чызг. – Комитеты сылгоймæгтæй уæлдай мын куы ничиуал баззад, уæд мæ йæхимæ райста…

Æмæ та нæлгоймаджы цæсгомыл ногæй цыдæр тыхст уылæн аленк кодта. Фæлæ ацы хатт куы сдзырдта, уæд йæ хъæлæс зæлыд сабыр æмæ æнкъардæй:

– Поллианнæ, бирæ азты размæ æз тынг уарзтон иу сылгоймаджы. Мæ зæрдæ дардтон, искуы йæ ацы хæдзармæ кæй æрбакæндзынæн, ууыл. Нæ хæдзары иумæ куыд амондджын уыдзыстæм, уый мæ бæллицты уыдтон.

– Æмбарын дæ, – сдзырдта Поллианнæ.

– Фæлæ… цыбыр дзырдæй, нæ баиу стæм. Цæуылнæ, уый ахсджиаг нæу. Нæ баиу стæм, æмæ фæцис. Æмæ мын уæдæй нырмæ ацы фæныкхуыз дурты амад у æрмæстдæр цæрæнбынат, райгуырæн хæдзар мын никуы уыди. Уымæн æмæ, цæмæй хæдзар скæнай, Поллианнæ, уый тыххæй хъæуынц сылгоймаджы къухтæ, уарзон адæймаджы зæрдæ, сывæллон… Мæнæн та уыдæттæ нæ уыди. Ныр мæ хæдзары цæрынныл разы дæ, мæ зынаргъ?

Поллианнæ фæгæпп ласта. Йæ цæсгом ныррухс ис.

– Мистер Пенделтон, ды афтæ зæгъынмæ хъавыс, æмæ… уыйбæрц рæстæг æрмæст сылгоймаджы къух æмæ зæрдæмæ бæллыдтæ?

– О, Поллианнæ.

– Æз ахæм цин кæнын! Уæдæ уæд алцыдæр хорз у, – йæ зæрдæ фæрогдæр æмæ сулæфыдис. – Ныр дæ бон нæ дыууæйы дæр æрбакæнын у, æмæ уæд алцыдæр уыдзæни тынг хорз!

– Æрбакæнын… уæ… дыууæйы? – бафарста нæлгоймаг сагъæсхуызæй.

Поллианнæйы цæсгомыл фæзынди дызæрдыгдзинад.

– Кæй зæгъын æй хъæуы, мæ мадыхо Полли нæма сразы ис, фæлæ мæн фидарæй уырны, ныр мæнæн куыд лæгъстæ

кæныс, афтæ йын куы балæгъстæ кæнай, уæд сразы уыдзæн, æмæ уæд, æнæмæнг, нæ дыууæ дæр ардæм æрбацæудзыстæм!

Нæлгоймаджы цæстыты фæзынди æнæхин тас.

– Дæ мадыхо Полли æрбацæудзæн… ардæм!

Поллианнæ йæ цæстытæ ныдздзагъыр кодта.

– Уырдæм уæ фæнды ацæуын? – бафарста чызг. – Уыцы хæдзар ахæм рæсугъд нæу, фæлæ у хæстæгдæр…

– Поллианнæ! Цæй кой кæныс? – бафарста нæлгоймаг ацы хатт тынг фæлмæнæй.

– Ау, куыд цæй кой кæнын? Кæм цæрдзыстæм, уый кой, – дзуапп радта Поллианнæ æнæхинæй. – Афтæ нæ загътай, уыйбæрц азты дæргъы мæ мадыхо Поллийы къух æмæ зæрдæмæ бæллыдтæ, зæгъгæ, цæмæй ацы фæныкхуыз дурты кæрийæ æцæг хæдзар саразай æмæ…

Мистер Педелтоны хъуырæй цыдæр æнахуыр хъæр сирвæзт. Сдзурынмæ хъавыд æмæ йæ къух хæрдмæ систа, фæлæ йæ уайтæккæ æдыхæй æрæппæрста.

– Сэр, дохтыр æрбацыд, – фехъусын кодта лæггадгæнæг.

Поллианнæ уайтагъд фæгæпп ласта.

Джон Пенделтон æм тыхстхуызæй разылдис.

– Поллианнæ, зæрдиагæй дæ курын, мæ курдиаты кой макæмæн скæн… нырма, – лæгъстæ кодта мынæг хъæлæсæй.

Поллианнæйы рустæ райдзаст мидбылхудтæй бадзыхъхъ сты.

– Æнæмæнг! Цыма йæ нæ зонын, уый зæгъын ын дæхи кæй фæнды! – хъæлдзæгæй загъта чызг æмæ уатæй разгъордта.

Джон Пенделтон æнæбонæй къæлæтджыны æнцойгæнæныл йæхи аппæрста.

– Цы ’рцыдис? – бафарста йæ дохтыр минуты фæстæ, йæ рынчыны цонджыхъулыл тугдадзинты цавд куыд стынг ис, уымæ хъусгæйæ.

Джон Пенделтоны былтыл æнахуыр мидбылхудт фæзынди.


– Уæдæ æз алцыдæр бамбæрстон! Хъус-ма, мистер Джон Пенделтон уыди мисс Полли Харрингтоны уарзон.
– Байхъус-ма, Поллианнæ, ам цæрын дæ нæ фæнды?
– Мæ бон нæу, мистер Пенделтон. Куы йæ зоныс, мæ бон кæй нæу, уый. Æз… мæ мадыхо Поллийы дæн.

– Дæ хъæддыхгæнæг хос… фегæр ис, æнхъæлдæн, – ныххудти лæг, дохтыры цæстытæ Поллианнæйы фæдыл куыд кæсынц, уый бафиппайгæйæ; чызг бæлæсты ’хсæнты фæцæйзгъордта.

# 20 СÆР

## ÆЦÆГДЗИНАД РАБÆРÆГ

Хуыцаубоны-иу Поллианнæ райсомæй ацыд аргъуанмæ æмæ дины скъоламæ, сихоры фæстæ та Ненсиимæ тезгъо кодтой. Мистер Пенделтонмæ уазæгуаты куы уыди, уый фæстæ дæр хуыцаубоны хъавыди атезгъо кæнынмæ. Фæлæ дины скъолайæ хæдзармæ куы фæцæйцыд, уæд æй фæндагыл йæ дыдзæлхыгыл æрбаййæфта мистер Чилтон æмæ бæхы баурæдта.

– Хæдзармæ дæ баласон? Ахæм бар мын дæттыс, Поллианнæ? – бафарста дохтыр. – Ныхасаг мын ис демæ. Ныр дæр дæумæ фæцæйцыдтæн, аныхас кæнынмæ, – загъта дохтыр Чилтон, Поллианнæ йæ цурмæ куы сцæйхызти, уæд. – Мистер Пенделтон лæгъстæ кæны, цæмæй йæм абон уазæгуаты ’рбацæуай. Куыд зæгъы, афтæмæй, уый тынг ахсджиаг у.

Поллианнæ хъæлдзæгæй йæ сæр батылдта.

– О, зонын æй, æрбацæудзынæн.

Дохтыр æм дисхуызæй бакаст.

– Фæлæ мæ сразы хъæуы, ууыл фидарæй не ’ууæндын, – загъта дохтыр Чилтон æмæ йæ цæстытæ хинæйдзаг æрттывд фæкодтой. – Знон, мæ зынаргъ, мæнмæ гæсгæ, рынчыны фылдæр тыхсын скодтай, сабыр нæ фæлæ.

Поллианнæ ныххудти:

– Уый мæн тыххæй нæ уыд, æцæгæй… ома, мæн тыххæй уыйбæрц нæ уыди, фылдæр – мæ мадыхо Поллийы.

Дохтыр фестъæлфыд æмæ чызгмæ разылдис.

– Мадыхо… Полли! –ныхъхъæр кодта лæг.

Поллианнæ фырцинæй йæ бандоныл хæрдмæ фæхауди.

– О, уый ахæм æхсызгон, ахæм диссаг у, раст чиныджы куыд вæййы афтæ, æмбарыс? Æз дын æй радзурдзынæн! – срæцугъта чызг, æвиппайды фæныфсджындæр ис. – Мистер Пенделтон мын лæгъстæ кодта, цæмæй йæ макæмæн зæгъон, фæлæ йæ ды кæй базондзынæ, уый ныхмæ, æнæмæнг, ницы зæгъдзæн. Уый афтæ зæгъынмæ хъавыд, цæмæй йæ уымæн ма зæгъон.

– Уымæн?

– О, мæ мадыхо Поллийæн. Кæй зæгъын æй хъæуы, уый фæнды, цæмæй йын æй йæхæдæг зæгъа, æз нæ фæлæ. Уарзæттæ сты, æмæ уæдæ куыд!

– Уарзæттæ! – Дохтыр уыцы дзырд куы сдзырдта, уæд бæх, агъуыдау, йæхи размæ фехста, цыма йын йæ рохтæ цæхгæр раивæзтой, уый хуызæн.

– О, – цингæнгæ йæ сæр батылдта Поллианнæ. – Хъуыддаг уый мидæг ис, æмбарыс? Цалынмæ мын æй Ненси нæ загъта, уæдмæ йæ нæ зыдтон. Уый афтæ зæгъы, бирæ азты размæ мæ мадыхо Поллийæн уыди уарзон, фæлæ фæхыл сты, зæгъгæ. Райдианы, чи уыди, уый нæ зыдта. Фæлæ йæ ныр мах сбæрæг кодтам. Уый у мистер Пенделтон!

Дохтырыл бæрæг уыд, йе уæнгтæ кæй æрлæмæгъ сты, уый. Рохтыл цы къухæй хæцыд, уый æнæбары йæ уæрджытыл æрхауди.

– О! Æз… уый нæ зыдтон, – загъта сабырæй.

Поллианнæ йæ ныхасыл фæтагъд кодта, уымæн æмæ Харрингтонты хæдзармæ ’рбахæстæг сты.

– Æз ахæм цин кæнын! Алцыдæр тынг хорз у! Мистер

Пенделтон мæм хатыди, цæмæй йæ хæдзары цæрыныл сразы уон, фæлæ æз мæ мадыхо Поллийы нæ ныууагътаин… уый мемæ тынг хæларзæрдæ уыди. Уый фæстæ мын сылгоймаджы къух æмæ зæрдæйы кой ракодта, æмæ æз базыдтон, ныр дæр ма уыдонмæ кæй бæллы, уый. Æмæ æз ахæм цин ныккодтон! Уымæн æмæ йæ кæд йемæ бафидауын фæнды, уæд алцыдæр хорз уыдзæн, æмæ йæм æз æмæ мæ мадыхо Полли иумæ ацæудзыстæм цæрынмæ… науæд та нæм уый æрбацæудзæн. Кæй зæгъын æй хъæуы, мæ мадыхо Полли нырма ницы зоны, стæй нын нырма алцæуыл баныхас кæнын нæма бантыст, æмæ йæ, æвæццæгæн, уымæн фæнды абон мæн фенын.

Дохтыр æваст йæ мидбылты бахудти.

– Мистер Пенделтоны æнæмæнг дæу фенын цæмæн фæнды, уый æз тынг хорз æмбарын, – загъта лæг æмæ бацæуæны раз бæхы баурæдта.

– Уæртæ мæ мадыхо рудзынджы раз лæууы! – хъæрæй загъта Поллианнæ, фæлæ уайтагъд йæ ныхасмæ бафтыдта. – Нæ, æвæццæгæн, мæм афтæ фæкаст. Кæй йæ уынын, ууыл гуырысхо нæ кодтон.

– Нæ, нал ис уым… ныр, – загъта дохтыр. Мидбылхудт æвиппайды фæцыдæр ис йæ цæсгомæй.

Уыцы бон Поллианнæ мистер Пенделтоны баййæфта тынг тыхстхуызæй.

– Поллианнæ, – уайтагъд райдыдта лæг. – Æнæхъæн æхсæв, знон мын цы загътай, ууыл хъуыды кодтон… бирæ азты дæ мадыхо Поллийы къух æмæ зæрдæ райсынмæ кæй бæллыдтæн… Цы зæгъынмæ хъавыдтæ уымæй?

– Кæддæр кæрæдзийы нæ уарзтат? Æз тынг цин кодтон, дæ раздæры æнкъарæнтæ кæй бахъахъхъæдтай, ууыл.

– Уарзтам? Дæ мадыхо Полли æмæ æз?

Нæлгоймаджы хъæлæсы æргом дис фехъусгæйæ, Поллианнæ йæ цæстытæ ныдздзагъыр кодта:

– Мистер Пенделтон, уый мын Ненси загъта!

Нæлгоймаг ныххудти:

– Уый дын гъе! Тæрсын, Ненси… фæрæдыдис!

– Уæдæ сымах… кæрæдзийы нæ уарзтат? – зæрдæсастæй бафарста Поллианнæ.

– Никуы!

– Æмæ хъуыддаг æппындæр, чиныджы куыд вæййы, афтæ нæу?

Нæлгоймаг ныхъхъус, хъуыдытæгæнгæ, рудзынгмæ касти.

– Афтæмæй алцыдæр ахæм хорз уыди, – кæуын хъæлæсæй загъта Поллианнæ. – Мæн афтæ тынг фæндыд, цæмæй ардæм цæрынмæ ’рбацæуон… мæ мадыхо Поллиимæ.

– Æмæ дæ иунæгæй æрбацæуын нæ фæнды? – бафарста нæлгоймаг, йæ сæр æм нæ разылдта, афтæмæй.

– Кæй зæгъын æй хъæуы, нæ фæнды. Æз мæ мадыхойы дæн.

Нæлгоймаг æм тызмæгхуызæй разылд:

– Цалынмæ дæ мадыхойы нæ уыдтæ, уæдмæ та дæ мады уыдтæ. Æмæ æз дæ мады уарзтон бирæ азты размæ.

– Мæ мады?

– О, демæ уый тыххæй ныхасгæнинаг нæ уыдтæн, фæлæ, чи зоны, куы йæ зонай, уæд хуыздæр… – Джон Пенделтонæн йæ цæсгом ныффæлурс, зынæй кæй дзуры, уый йыл бæрæг уыд. Поллианнæ йæм хæлиудзыхæй каст. – Æз уарзтон дæ мады, фæлæ уый… мæн нæ уарзта. Цасдæр рæстæджы фæстæ ацыд… дæ фыдимæ. Æмæ ’рмæст уæд бамбæрстон, куыд тынг æй уарзтон, уый. Афтæ мæм фæкаст, цыма æгас дуне дæр фесæфти мæнæн… фæлæ уый ахсджиаг нæу… Бирæ азты дæргъы æз уыдтæн мæстыгæр, мæстыгæнаг, уарзын чи нæ зыдта æмæ кæй ничи уарзта, ахæм зæронд лæг – кæд мыл нырма æхсай азы дæр нæ цæуы, уæддæр, Поллианнæ. Фæлæ иуахæмы ды æрбабырстай мæ цардмæ, афтæ бирæ кæй уарзыс, уыцы дзæнхъа дурты хуызæн. Мæ зæронд æмæ хъуынтъыз дунейы мын

дæ райдзаст цины сæнтсырх, сырх-сырхид æмæ сызгъæрин тæппытæ ныппырх кодтай. Иуцасдæр рæстæджы фæстæ, чи дæ, уый базыдтон, æмæ… уæд ахъуыды кодтон, дæ фендмæ никуыуал бабæлдзынæн, зæгъгæ. Мæн нæ фæндыд, цæмæй мын исты мысын кæна… дæ мады. Фæлæ… дæхæдæг æй зоныс, цы дзы рауад, уый. Хъуамæ дæм фæдзырдтаин. Ныр мæ хъæуыс кæддæриддæр. Поллианнæ, æрбацæуыдзынæ мæм цæрынмæ… ныр?

– Мистер Пенделтон, æз… – Поллианнæйы цæстытæ доны разылдысты. – Æмæ мæ мадыхо Полли та!

Нæлгоймаг йæ къух ауыгъта:

– Æмæ æз та цы фæуыдзынæн? Куыд дæм кæсы, æнæ дæу мæ бон истæуыл «цин кæнын» суыдзæн? Мæ царды ды куы фæзындтæ, æрмæст уæд райдыдтон цин кæнын! Фæлæ кæд мæхи гыццыл чызг суыдзынæ, уæд æз цин кæндзынæн… алцæуыл дæр. Æмæ дæу дæр амондджын скæныныл бацархайдзынæн, мæ зынаргъ! Дæуæн æнæхххæст бæллиц нæ уыдзæн. Ме ’хца иууылдæр фæстаг центы онг ацæудзысты ууыл, цæмæй дæу амондджын скæной.

Поллианнæйæн уыди мæсты хуыз.

– Мистер Пенделтон, æмæ, ау, æз ууыл сразы уыдаин, цæмæй… мæгуыртæн кæй фембырд кодтай, уыцы ’хцатæ иууылдæр мæныл бахардз кæнай!

Нæлгоймаджы цæсгом фæсырх. Цыдæр зæгъынмæ хъавыд, фæлæ Поллианнæ дарддæр дзырдта:

– Стæй, дæумæ цас æхца ис, уыйбæрц кæмæ ис, уый æз нæ хъæуын, цæмæй цин кæна æмæ амондджын уа, уымæн. Ды иннæты дæ лæвæрттæй ахæм амондджын скæныс! Æмæ æрмæст уый тыххæй дæр дæ бон цин кæнын у! Æрмæст уыцы дзæнхъа дуртыл куы ахъуыды кæнай, мæнæн æмæ миссис Сноуæн кæй балæвар кодтай… Стæй Ненсийæн йæ гуырæнбонмæ цы сызгъæрин æхца…

– О, о… уыдæттæ ницы сты, – йæ ныхас ын аскъуыдта мистер Пенделтон. Уыцы рæстæг йæ цæсгом сырх-сырхид афæлдæхт, æмæ, æвæццæгæн, уый диссаг нæ уыд, уымæн æмæ раздæр Джон Пенделтон рæдау лæвæрттæй зындгонд нæ уыди горæты. – Уыдон æдылы ныхæстæ сты. Уый стæмхатт уыди… цы уыдис, уый та – иууылдæр дæ фæрцы! Уыдæттæ ды лæвар кодтай, æз нæ фæлæ! О, ды, – загъта та нæлгоймаг, чызджы мæсты æнгасæн дзуапп ратгæйæ. – Æмæ уымæй ноджы хуыздæр зыны, куыд тынг мæ хъæуыс, уый, мæ чызг, – бафтыдта лæг узæлгæ хъæлæсæй: – Кæд искуы… кæд мæ искуы дæ «хъæлдзæг» хъазтæй хъазын бахъæуа, Поллианнæ, уæд дæу бахъæудзæнис ам цæрын æмæ мемæ хъазын.

Поллианнæйы ныхыл æнкъард æнцъылдтæ фæзынд.

– Мæ мадыхо Полли тынг хæларзæрдæ уыд мемæ, – райдыдта чызг, фæлæ йæ нæлгоймаг цæхгæр фæурæдта.

– Кæй зæгъын æй хъæуы, уый демæ хæларзæрдæ уыди! Фæлæ мæ сæр лыгмæ дæттын, цæмæй ды мæ хæдзары уай, уый мæн куыд фæнды, афтæ уымæ мисс Полли æмбисы бæрц дæр нæ бæллы.

– Мистер Пенделтон, уый цин кæны, æз æй зонын…

– Цин кæны?! – аскъуыдта йын йæ ныхас лæг. – Ард хæрын, мисс Полли, цин кæнын цы у, уый зонгæ дæр нæ кæны! Уый æрмæст йæ хæс æххæст кæны. Æз æй зонын. Уый у хæсы сылгоймаг. Æмæ йæ хæс цы нысан кæны, уый мæхиуыл дæр бавзæрстон. Æз сæттын, ацы фæстаг фынддæс æви ссæдз азы нæ ахастытæ хорз нæ уыдысты. Фæлæ йæ æз зонын. Алчидæр æй зоны… Æмæ «цин» чи кæна, ахæм сылгоймаг нæу. Цин кæнын цы у, уый зонгæ дæр нæ кæны. Цæмæй мæ хæдзары ’рцæрай, уый кой куы кæнæм, уæд та… æрмæст ма йæ фæрсгæ бакæн, æмæ фендзынæ, кæдæра не сразы уаид!.. Ехх, мæ чызг, куыд æхсызгон мæ хъæуыс! – хъыгзæрдæйæ фæци йæ ныхас.

Поллианнæ йæ бынатæй сыстад, арф ныуулæфыди.

– Хорз, æз æй бафæрсдзынæн, – загъта æнкъардæй. – Афтæ зæгъынмæ нæ хъавын, æмæ мæ демæ цæрын нæ фæнды, мистер Пенделтон, фæлæ... – йæ ныхас кæронмæ нæ фæци, ныхъхъус ис, стæй бафтыдта: – Цыфæнды куы уа, уæддæр æз цин кæнын, знон ын кæй ницы загътон, ууыл... уымæн æмæ уæд уый дæр бафæндыдаид.

Джон Пенделтон тарæрфыгæй бахудти:

– О, Поллианнæ, æз дæр афтæ хъуыды кæнын. Тынг хорз у, знон ын кæй ницы загътай, уый.

– Æз æй никæмæн загътон... æрмæстдæр дохтырæн; фæлæ уый нымады нæ цæуы.

– Дохтырæн! – ныхъхъæр кодта мистер Пенделтон, цырд фæзилгæйæ. – Дохтыр... Чилтонæн?

– О, уымæн. Абон мæм, мæ фенын дæ кæй фæнды, уый зæгъынмæ куы ’рбацыдис, уæд.

– Кæйдæриддæр... – схъуыр-хъуыр кодта нæлгоймаг æмæ къæлæтджыны йæхи аппæрста. Уый фæстæ ногæй раст сбадти æмæ æнæнхъæлæджы цымыдисхуызæй бафарста. – Æмæ цы загъта дохтыр Чилтон?

Поллианнæ йе ’рфгуытæ нылхынцъ кодта.

– Нæ йæ хъуыды кæнын. Уадиссагæй ницы, мæнмæ гæсгæ. О, хæдæгай, уый загъта, мæ фенын дæ цæмæн фæнды, уый хорз кæй æмбары.

– Æцæг? – сдзырдта Джон Педелтон. Æмæ Поллианнæ бадис кодта, уыцы ныхæстæ фехъусгæйæ, ахæм æнахуыр худт кæй ныккодта, ууыл.

# 21 СÆР

## ПОЛЛИАННÆЙЫ УЫНАФФÆ

Арв тагъд талынг кодта. Поллианнæ Джон Пенделтоны хæдзарæй дæлæмæ куы ’рцæйзгъордта, уæд уарынхуыз уыди. Æрдæгфæндагыл фембæлд Ненсийыл, йæ къухы зонтыкк, афтæмæй. Фæлæ уæдмæ арв раирд ис, æмæ къæвдахуыз нал уыди.

– Æвæццæгæн, мигътæ иувæрсты ацæудзысты, – фехъусын кодта Ненси, йæ цæст арвыл ахæсгæйæ. – Æз æнæуи дæр афтæ ’нхъæл уыдтæн, мисс Полли мæ ацы зонтыккимæ дæ размæ куы рарвыста, уæд. Йæ мæт дæуыл уыди!

– Йæ мæт? – рохстхуызæй загъта Поллианнæ, æмæ уый дæр мигътæм скасти.

Ненси «гъым», зæгъгæ, фæкодта.

– Мæнмæ гæсгæ, цы загътон, уый нæ фехъуыстай, – тæргайхуызæй бафиппайдта Ненси. – Æз афтæ зæгъын: дæ мадыхо дыл мæт кодта!

– Охх, – ныуулæфыд Поллианнæ, рæхджы йæ мадыхомæ цы фарст раттын хъуыд, уый æрымысгæйæ. – Хатыр, нæ мæ фæндыд, цæмæй фæтæрса, уый.

– Æз та цин кæнын! – хъæрæй загъта Ненси. – Цин, цин!

Поллианнæ йæм дисгæнгæ нымдзаст:

– Цин кæныс? Мæ мадыхо Полли мыл мæт кæй кодта, ууыл цин кæныс? Ненси, хъазтæй афтæ хъазæн нæй!.. Исчи ахæм хъуыддагыл цин кæны! – нæ разы кодта чызг.

– Ам хъазтæй ницы ис, – загъта та Ненси. – Мæнæн хъазын мæ хъуыдыйы дæр нæ уыд. Ды, куыд кæсын, афтæмæй не ’мбарыс, мисс Полли дыл мæт кæй кодта, уый цы нысан кæны!

– Нысан кæны, мæт кæй кодта, уый, æмæ уым та æхсызгонæй ницы ис! – ныллæууыди Поллианнæ. – Цы ма хъуамæ нысан кæна?

Ненси хивæндæй йæ сæр батылдта.

– Уæдæ дын æз, цы нысан кæны, уый зæгъдзынæн. Уый нысан кæны, кæдæй-уæдæй йæм адæймаджы æууæлтæй цыдæр кæй райхъал ис, æмæ æдзух æрмæстдæр йæ хæс кæй не ’ххæст кæны!

– Ненси, – нæ разы кодта Поллианнæ. – Мæ мадыхо Полли алыхаттдæр йæ хæс æххæст кæны. Уый у... хæсы сылгоймаг! – Поллианнæ, йæхæдæг дæр æй нæ бамбæрста, афтæмæй, æрдæгсахаты размæ Джон Пенделтонæй цы ныхæстæ фехъуыста, уыдон рафæзмыдта.

Ненси ныххудти:

– Раст дæ, ахæм у... æмæ кæддæриддæр ахæм уыд, мæнмæ гæсгæ. Фæлæ ды куы ’рбацыдтæ, уæдæй фæстæмæ ахæм нал у.

Поллианнæйæн йæ цæсгом фæивта, тыхстхуызæй йе ’рфгуытæ нылхынцъ кодта.

– Ненси, иу цæмæйдæр дæ куы бафæрсин, уый мæ фæнды, – ныуулæфыд чызг. – Куыд дæм кæсы, мæ мадыхо, йемæ кæй цæрын, уымæй разы у? Ам... куы нал цæрин, уæд ын зын уаид?

Ненси сонт каст бакодта чызджы сагъæсхуыз цæсгоммæ. Уыцы фарстмæ æнхъæлмæ рагæй каст æмæ дзы тарстис. Арæх-иу йæхи фарста, цымæ йын цы зæгъдзæнис, цавæр дзуаппыл бауæнддзæн Поллианнæ? Фæлæ ныр... ныр гуырысхотæ фидар уырнындзинад фестадысты, мисс Полли йæ зонтык-

кимæ Поллианнæйы размæ куы рарвыста, уæд, æмæ ма Ненси уыцы фарстыл цин дæр бакодта. Фидарæй æууæндыд, абон чызджы уарзтмондаг зæрдæ кæй басабыр кæндзæн, ууыл.

– Йемæ кæй цæрыс, уымæй разы у? Ам куы нал уаис, уæд ын зын уаид? – ныхъхъæр кодта Ненси. – Раст цыма дын уый кой нæ кæнын, уыйау! Ау, дæ размæ мæ нæ рарвыста, арвыл чысыл мигъы къуымбил куы ауыдта, уæд? Ау, дæ дзаумæттæ мын иууылдæр дæлæмæ не ’рхæссын кодта, цæмæй дын рæсугъд уат уа, уый тыххæй, куыд дæ фæндыдис, афтæ? Куы ’рхъуыды кæнæм, райдианы кæй смæсты… – Афойнадыл йæхи фæурæдта æмæ ныххуыфыдис. – Нæ мæ фæнды искæй хъуыддæгты мæ фындз тъыссын, – тагъд-тагъд дзырдта дарддæр, тыхулæфт кæнгæйæ. – Фæлæ мæнæ ацы гыццыл хабæрттæ æвдисынц, ды ам кæй дæ, уый фæрцы фæлмæндæр æмæ зæрдæхæлардæр кæй сси, уый: гæды æмæ къæбыла, стæй ныр мемæ куыд ныхас кæны, æмæ… ох, бирæ цыдæртæ! Ам куы нал уаис, уæд дæ куыд тынг мысид, уый зæгъын дæр зын у, – фæци йæ ныхас Ненси, цы тæссаг æргом ныхас дзы рацæйирвæзт, уый арфдæр бамбæхсынил архайгæйæ. Фæлæ суанг ныр дæр цæттæ нæ уыди, Поллианнæйы цæсгом æвиппайды цы цинæй ныррухс ис, уый фенынмæ.

– О, Ненси! Æз ахæм цин кæнын… ахæм цин кæнын! Ды йæ зонгæ дæр нæ кæныс, мæ мадыхо Поллийы кæй хъæуын, ууыл æз куыд тынг цин кæнын, уый!

«Ау, ныр ма йæ куыд ныууадздзынæн! – хъуыды кодта Поллианнæ чысыл фæстæдæр, асинтыл йæ уатмæ сцæйцæугæйæ. – Æз æй кæддæриддæр зыдтон, мæ мадыхо Поллиимæ цæрын мæ кæй фæнды, уый. Фæлæ йæ æз зонгæ дæр нæ кодтон, куыд тынг мæ фæнды, цæмæй мæ мадыхо Поллийы дæр мемæ цæрын фæнда!»

Поллианнæ зыдта, йæ уынаффæ мистер Пенделтонæн фехъусын кæнын æнцон хъуыддаг кæй нæ уыдзæнис, уый,

æмæ нырма разæй чи уыд, уыцы ныхасæй тарсти. Бирæ йæ уарзта æмæ йын тæригъæд кодта, уымæн æмæ йæм афтæ касти, цыма тынг хъизæмар кæны. Бирæ азты хъуынтъызæй æмæ иунæгæй цæргæйæ, ахæм æнамонд кæй сси æмæ уыцы хъуыддаджы азымджын йæ мад кæй у, уымæй йæ зæрдæ рысти. Æмæ хъуыды кодта, ацы стыр фæныкхуыз хæдзар, йæ хицау ногæй куы сæнæниз уа, уæд цыхуызæн суыдзæн, ууыл: сабыр æмæ æмыр уæттæ, быронæй йедзаг пъол, стъолыл дъолгъо-молгъойæ – алы дзауматæ. Йæ зæрдæ фæйнæрдæм рæдывта, нæлгоймаг иунæгæй куыд хъизæмар кæны, уымæ кæсгæйæ. Фæндыдис æй, ахæм искæй ссарæн куы уаид, чи... Цины хъæримæ йæ бынатæй фæгæпп ласта. Диссаджы хъуыды йæм фæзынд!

Куыддæр ын уæгъд рæстæг фæцис, афтæ азгъордта Пенделтон-Хиллмæ æмæ уайтагъд стыр чиныгдоны мистер Пенделтоны раз февзæрди. Нæлгоймаг йæ рæсугъд æмæ даргъ къухтæ æвдæлонхуызæй къæлæтджыны фæрстыл æрæвæрдта; иузæрдион чысыл къæбыла хуыссыди йæ къæхты раз.

– Цæй, Поллианнæ, мæ царды кæронмæ мемæ «цындзинадæй» хъаздзынæ æви нæ? – бафарста рæвдаугæйæ.

О! – ныхъхъæр кодта Поллианнæ. – Æз дын, дунейы æппæты хъæлдзæгдæр цы ис, уый æрхъуыды кодтон, æмæ...

– Нæ дыууæйæн? – фæбæлвырддæр кодта Джон Пенделтон. Йæ былты кæрæттæ иучысыл дæлæмæ 'рцыдысты.

– Н-нæ, фæлæ...

– Поллианнæ, ау, ды мын «нæ» зæгъдзынæ? – зæрдæмæхъаргæ хъæлæсæй йын аскъуыдта йæ ныхас.

– Æз... мæ бон нæу, мистер Пенделтон, æцæг дын зæгъын. Мæ мадыхо Полли...

– Не сразы ис... дæ... рауадзыныл?!

– Æз ... нæ йæ бафарстон, – загъта Поллианнæ æрхæндæгхуызæй.

– Поллианнæ!

Чызг йæ цæстытæ иннæрдæм азылдта, йæ хæлары тæргай æмæ тызмæг цæстæнгасæн нæ бафæрæзта.

– Фæрсгæ дæр æй нæ бакодтай?!

– Мæ бон нæ уыди, сэр… æцæгæй, – схæц-æрхæцгæнæгæ дзырдта Поллианнæ. – Æмбарыс, æз уый базыдтон… æнæфæрсгæйæ. Мæ мадыхо Поллийы фæнды, цæмæй йемæ цæрон, æмæ… æмæ мæн дæр фæнды йемæ баззайын, – хъæбатырæй басасти чызг. – Ды йæ дæхæдæг дæр зоныс, мемæ куыд зæрдæхæлар у! Æмæ… æмæ хатгай фæхъуыды кæнын, цыма уый дæр иуæй-иу хабæрттыл цин кæнын райдыдта… бирæ цæуылдæрты. Зоныс æй, раздæр цин кæнын кæй нæ зыдта, уый. Дæхæдæг мын æй загътай. О, мистер Пенделтон, мæ бон нæу мæ мадыхо Поллийы ныууадзын… ныр!

Дзæвгар рæстæг иу сыбыртт нæ райхъуыст. Сабырдзинад хæлдта æрмæст тохнайы арты къæрцц-къæрцц. Æппынфæстаг нæлгоймаг сдзырдта.

– О, Поллианнæ, æмбарын æй. Дæ бон æй нæу ныууадзын… ныр. Æмæ дын нал лæгъстæ кæндзынæн, – фæстаг дзырд ахæм сабырæй азæлыд, æмæ, зæгъæн ис, нæ райхъуыст, фæлæ йæ Поллианнæ фехъуыста.

– Ды алцы нæма зоныс, – тæвдæй загъта чызг. – Дунейы ис æппæты хъæлдзæгдæр хъуыддаг, æмæ йæ дæ бон саразын у… æцæгдæр, ис!

– Уый мæнæн нæу, Поллианнæ.

– Дæуæн у! Дæхæдæг æй загътай. Ды дзырдтай, зæгъгæ, хæдзар æрмæстдæр… сылгоймаджы къух æмæ зæрдæйæ, стæй сабийæ сырæзы! Æмæ ис… сывæллон… æз нæ, æмбарыс, фæлæ ’ндæр…

– Цыма мæн, дæу йеддæмæ, исчи хъæуы! – загъта нæлгоймаг мæстыйæ.

– Бафæнддзæн дæ… алцыдæр куы базонай, уæд! Ды ахæм дзæбæх æмæ зæрдæхæлар дæ! Æрмæст дзæнхъа дуртæ, сыз-


– Æз уарзтон дæ мады, фæлæ уый… мæн нæ уарзта. Æмæ цасдæр рæстæджы фæстæ ацыди… дæ фыдимæ.
– Æз æй тынг хорз æмбарын, Джон Пенделтоны дæу æвæстиатæй фенын цæмæн фæнды, уый.
– Куыд дæм кæсы, мæ мадыхо, йемæ кæй цæрын, уымæй разы у? Ам… куы нал цæрин, уæд ын зын уаид?

гъæрин æхца æмæ, муртагкæгтæн кæй æмбырд кæныс, уыцы ’хцатыл куы ахъуыды кæнай....

– Поллианнæ! – йæ ныхас ын аскъуыдта нæлгоймаг тынг мæстыйæ. – Ацы хатт уыцы æдылыдзинадæн кæрон скæнын хъæуы! Æз дын уый зæгъын бирæ хатт фæлвæрдтон! Мæ цæрæнбонты муртагкæгтæн иунæг цент дæр никуы арвыстон! Афтæ гъе!

Къæйныххуызæй йæ роцъойыл хердмæ схæцыди æмæ йæхи ’рцæттæ кодта, цæмæ æнхъæлмæ каст, уый фенынмæ – рыст æмæ фыдæнхъæлдзинад Поллианнæйы цæстыты. Фæлæ дзы стыр дисæн нæ уыди нæдæр рыст, нæдæр фыдæнхъæлдзинад, æрмæстдæр цин æмæ дис.

– Ехх, ехх! – ныхъхъæр кодта чызг æмæ йæ армытъæпæнтæ кæрæдзиуыл нытътъæпп ласта. – Æз ахæм цин кæнын! Ома, – йæхи сраст кодта Поллианнæ, æфсæрмхуызæй фæсырх ис, афтæмæй, – æз уый зæгъынмæ нæ хъавын, æмæ мæгуыртæн тæригъæд нæ кæнын. Фæлæ æз тынг цин кæнын, Индийы цы гыццыл лæппутæ ис, уыдон дæу кæй нæ хъæуынц, ууыл. Уымæн æмæ иннæтты ’рмæстдæр уыдон хъæуынц. Æмæ уый мæнæн тынг æхсызгон у, уымæн æмæ, кæд афтæ у, уæд Джимми Бины суазæг кæндзынæ. Æз æй зонын, ды йæ райсдзынæ!

– Райсдзынæн... кæй?

– Джимми Бины. Уый уыдзæни «саби», æмбарыс? Æмæ йын æхсызгон уыдзæн. Къуырийы размæ йын, суанг æй мæхи херзгæнæг комитеты сылгоймæгты дæр райсын кæй нæ фæнды, уый загътон, æмæ тынг æрынкъард ис. Фæлæ йæ ныр куы базона... уæд ахæм цин кæндзæн!

– Уый кæндзæн, æз та нæ! – загъта мистер Пенделтон фидарæй. – Поллианнæ, уый æдылы ми у!

– Ды афтæ зæгъынмæ хъавыс, æмæ йæ нæ райсдзынæ?

– О, уый зæгъынмæ хъавын.

– Уый дæуæн диссаджы «саби» уаид, – тыхæй сфæрæзта

Поллианнæ. Скæуынмæ йæ бирæ нал хъуыдис. – Æмæ ды дæр иунæг нæ уаис… Джиммииæ.

– Нæ йыл гуырысхо кæнын, – дзуапп радта нæлгоймаг. – Фæлæ… æз хуыздæрыл нымайын иунæгæй цæрын.

Цы бирæ къуыритæ рацыд, уыдоны дæргъы Поллианнæ ныр фыццаг хатт æрымысыд, кæддæр ын Ненси цы загъта, уый. Æмæ мæстыйæ йæ ныфс бахаста зæгъынмæ:

– Ды, æвæццæгæн, афтæ хъуыды кæныс, цыма дзæбæх удæгас лæппу, де скъаппы цы зæронд стæгдар дарыс, уымæй хуыздæр нæ уыдзæн, фæлæ мæнмæ афтæ нæ кæсы!

– Стæгдар?

– О! Ненси загъта, скъаппы йæ дарыс, зæгъгæ.

– Æз… – Æнæнхъæлæджы нæлгоймаг йæхи къæлæтджыныл аппæрста æмæ ныккæл-кæл кодта. Худти зæрдæбынæй, ахæм зæрдиагæй, стæй ахæм хъæрæй, æмæ Поллианнæйæн йæ цæстысыгтæ фемæхстысты. Мистер Педелтон уый куы бафиппайдта, уæд йæ цæсгомы æнгас уайтагъд фæивта. – Поллианнæ, мæнмæ гæсгæ, ды раст дæ… куыд дæм кæсы, уымæй бирæ растдæр, – загъта рæвдаугæ хъæлæсæй. – Раст куы зæгъон, уæд æй æз зонын, «дзæбæх удæгас лæппу», ме скъаппы цы стæгдар дарын, уымæй хуыздæр кæй уыдзæнис, уый; æрмæст… мах алыхатт ивыныл разы нæ вæййæм. Поллианнæ, иуæй-иухатт хуыздæрыл фæнымайæм, не скъæппыты цы стæгдартæ ис, уыдоныл хæцын… Фæлæ мын, æвæццæгæн, ды уыцы лæппуйы тыххæй фылдæр базонын кæндзынæ…

Æмæ йын Поллианнæ алцыдæр радзырдта. Чи зоны, уавæр фæрогдæр ис худынæй, чи зоны та, Джимми Бины зæрдæмæхъаргæ таурæгъ, Поллианнæ тæвдæй кæй дзырдта, уый, ныридæгæн æнахуыр фæлмæн чи сси, уыцы зæрдæ фæцагайдта. Цыфæндыйæдæр уыцы изæр Поллианнæ æмæ Джимми Бин иннæ сабаты хуынд уыдысты Пенделтон-Хиллмæ.

– Æз ахæм цин кæнын! Мæн фидарæй уырны, дæ зæрдæмæ кæй фæцæудзæнис, уый, – загъта Поллианнæ, «хæрзбон» дзургæйæ. – Мæн тынг фæнды, цæмæй Джимми Бинæн хæдзар уа… æмæ, кæй хъæуа, ахæм бинонтæ, æмбарыс?

# 22 СÆР

## ПОЛ ФОРД

Поллианнæ мистер Пенделтонæн Джимми Бины хабар куы радзырдта, раст уыцы бон пастор Пол Форд тезгъо кодта хъæды. Йæ зæрдæ дардта, æрдзы сабырдзинад ын, йæ аргъуаны мæтæй йæ зæрдæйы цы æлхынцъытæ фæзынд, уыдон райхалын кæй баххуыс кæндзæн.

Пол Форд тынг тыхст уыди. Цы аргъуан ын бабар кодтой, уым афæдзы дæргъы иу мæйæ иннæмæ хъуыддæгтæ зауу-атмæ ʼрцыдисты. Æппынфæстаг æм афтæ фæкаст, цыма ныр, кæдæмфæнды ма фæзил, алырдыгæй хахуыртæ, хылтæ, хæлæгдзинад æмæ дам-думтæй фæстæмæ ницыуал ис. Куы быцæу, куы лæгъстæ, куы уайдзæфтæ кодта, куы та-иу сыл йæ къух ауыгъта æмæ зæрдæбынæй куывта. Фæлæ абон басасти, уавæр хуыздæр нæ, фæлæ ʼвзæрдæр кæй фæцис, ууыл.

Йæ дыууæ викарийы ницæйы тыххæй кæрæдзийы ныхмæ систы, æмæ уыцы ницыйæ бирæ хъæлæбаты фæстæ æцæг æвзаринаг фарст рауади. Йæ аргъуаны цырддæр æмæ сæрæндæр æртæ сылгоймаджы хæрзгæнæг комитетæй сæхи систой, дам-думы чысыл стъæлфæн дзæгъæлдзыхты аххосæй стыр хъаугъа кæй расайдта, уымæн. Аргъуаны зарджыты къорд

ныххæлиу ис, иунæгæй зарын кæмæн æмбæлы, уый фæдыл кæй нæ бафидыдтой, уый тыххæй. Суанг Кæрæдзийæн æххуысы чырыстон æхсæнад дæр змæст уыди, уымæн æмæ йын йæ хицауады уæнгтæй дыууæйы æргомæй рафаудтой. Аргъуаны дины скъолайы ректор æмæ дыууæ ахуыргæнæджы сæ куыст куы ныууагътой, уæд уымæн йæ бон бафæразын нал уыд, æмæ фæлмæцыд пастор йæхи æрсабыр кæнынмæ ацыдис хъæдмæ. Уым куывта æмæ хъуыдыты аныгъуылд.

Хъæды кæрдæгхуыз æрдынцары бын Пол Форд, йæ размæ цы хæс лæууыд, уый бæлвырд уынын райдыдта. Куыд æм касти, афтæмæй, хъуыддæгтæ сæ тæккæ тæмæнмæ бахæццæ сты. Æнæмæнг исты кæнын хъуыди, стæй æвæстиатæй.

Аргъуаны куыст ныллæууыд. Хуыцаубонтæ, иумæйаг кувæн бонтæ, миссионерон цай, æхсæвæртæ æмæ изæрты адæм къаддæрæй къаддæр кодтой. Аргъуаны пайдайæн зæрдиагæй чи лæггад кодта, ахæмтæ ма, æцæг, цалдæр баззади. Фæлæ уыдон дæр æмзæрдæйæ нæ архайдтой. Арæх не 'мбæрстой, сæ алыварс æрмæст, аргъгæнæг каст сæм цы цæстытæ кодтой æмæ, сæхи цæстæй цы федтой, уый кой кæнын сæ хуыздæр куыст кæмæн уыд, ахæм æвзæгтæ кæй уыди.

Æппæт уыдæттæм кæсгæйæ, Пол Форд хорз æмбæрста, уый аххосæй йæхæдæг, Хуыцауы лæггадгæнæг, стæй аргъуан, сахар æмæ чырыстон дин дæр хъизæмар кæй кæнынц, æмæ кæндзысты ноджы тынгдæр, кæд... Бæрæг уыди, исты кæнын кæй хъæуы, уый, стæй уайсахат. Фæлæ цы?

Пастор сабыргай йæ дзыппæй систа, хуыцаубонмæ кæй æрцæттæ кодта, уыцы фыстытæ, æлхынцъæрфыгæй сæм касти. Йæ раныхас цы ныхæсты бындурыл саразынмæ хъавыд, уыдон аивæй Библийæ куы бакаст, уæд йæ цæсгомы хуыз тызмæг уыди: «Сар уæ сæр, динамонджытæ æмæ фарисейтæ, цæстмæхъустæ! Сымах хæрут идæдзты хæдзæрттæ æмæ бирæ кувут цæстмæ. Уый тыххæй баййафдзыстут карз æфхæрд...

Сар уæ сæр, динамонджытæ æмæ фарисейтæ, цæстмæхъустæ! Моисейы Æгъдаумæ гæсгæ суанг битъына, хъонтхора æмæ зирайы дæсæймаг хай дæттут, йæ ахъаззæгтæ – рæстдзинад, иннæйы барæвдауын æмæ уырнындзинад та ницæмæ дарут. Сымахæн æмбæлд адæттæ кæнын æмæ уыдæттæ дæр рохуаты ма уадзын»*[3].

Уый уыди мастæй йедзаг æргом ныхас. Хъæды кæрдæгхуыз æрдынцары бын пасторы зæрдæбын хъæлæс зæлыди рæхойæн фидисау. Суанг мæргътæ æмæ æхсæрæгтæ дæр, цыма аргъуцгæнгæ тасы бацыдысты, уый хуызæн, ныхъхъус сты. Æмæ пасторæн йæ цæстытыл ауад, иннæ хуыцаубоны уыцы ныхæстæ йæ аргъуаны куыд азæлдзысты, уый.

Йæ аргъуаны адæм! Уыдон уыдысты йæ сывæллæттæ. Æмæ сын йæ бон афтæ зæгъын уыди? Йæ ныфс бахæсдзæн уыдæттæ зæгъынмæ? Æмæ йæ ныфс бахæсдзæн нæ зæгъынмæ?! Уыцы æргом ныхæстæ, йæхæдæг сæ куы нæ ’мбарын кæна, уæддæр адæймаджы зæрдæйы тас уагътой. Æмæ æнæрлæугæйæ куывта. Зæрдæбынæй куырдта æххуыс æмæ къухдариуæг. Ехх, куыд тынг, куыд уæлмонцæй бæллыд, цæмæй ныр, ацы уынгæг рæстæджы, раст фæндаг ссара, уымæ. Фæлæ цы фæндаг равзæрста, уый раст уыд æви нæ?

Пастор сабыргай йæ гæххæттытæ батыхта æмæ сæ фæстæмæ йæ дзыппы нывæрдта. Уый фæстæ, цыма, хъæрзгæ скодта, уыйау, ныуулæфыд, бæласы рæбын йæхи кæрдæгыл æруагъта æмæ йæ цæсгом йæ къухтæй сæхгæдта.

Раст æй уыцы ран ауыдта Поллианнæ, мистер Пенделтонæй сæхимæ куы ’рцæйздæхти, уæд. Ныхъхъæр кодта æмæ йæм базгъордта.

– Мистер Форд! Дæ къах нæ асастай… кæнæ æндæр исты? – тыхстхуызæй бафарста чызг.

Пастор йæ къухтæ йæ цæсгомæй айста, хæрдмæ скасти æмæ бафæлвæрдта йæ мидбылты бахудын:

– Нæ, мæ зынаргъ, нæ! Æз æнæуи… улæфын.

---

[3] *Матфейы Евангели 23:14, 23*

– О! – Поллианнæйæн фенцондæр æмæ сулæфыд, фæстæрдæм акъахдзæф кодта. – Уæд алцыдæр хорз у. Æмбарыс, мистер Пенделтоны куы ссардтон, уæд йæ къах саст уыди. Æцæг уый хуысгæ кодта, ды та бадгæ кæныс.

– О, æз бадгæ кæнын, ницы мæ у саст æмæ цъæл… дохтыртæ цы сдзæбæх кæной, ахæмæй ницы.

Йæ фæстаг ныхæстæ загъта тынг сабырæй, фæлæ сæ Поллианнæ фехъуыста. Пастормæ касти æмæ йын тынг фæтæригъæд кодта.

– Æз æй зонын, цы зæгъынмæ хъавыс, уый. Цыдæр дæ удхарæй мары. Мæ фыд-иу уыди ахæм уавæры… арæх. Мæнмæ гæсгæ, пастортæ ахæм уавæры арæх вæййынц. Æмбарыс, уыдоныл тынг стыр хæс æвæрд ис.

Пол Форд æм иучысыл дисхуызæй бакаст.

– Дæ фыд пастор уыди?

– О, сэр. Нæ йæ зыдтай? Æз æнхъæлдтон, алчидæр æй зоны. Уый ракуырдта мæ мадыхо Поллийы хойы, ома, мæ мады.

– Æмбарын æй. Фæлæ æз ам пасторæй цалдæр азы йеддæмæ нæ кусын, æмæ алы бинонты хабæрттæ нæ зонын.

– Æнæмæнг, сэр… ома, æнæмæнг, нæ, – бахудти Поллианнæ.

Иуцасдæр ничи ницы сдзырдта. Пастор, раздæрау, бæласы бын бадти æмæ афтæ зынд, цыма, Поллианнæ йæ разы кæй ис, уый дзы ферох ис. Йæ дзыппæй йæ гæххæттытæ систа, фæлæ сæм нæ касти. Зæххыл цы бæласы сыф уыд, уымæ нымдзаст, афтæмæй та уыцы хус сыфмæ æппындæр рæсугъдæй ницы уыди. Поллианнæ пастормæ каст æмæ йын тæригъæд кæнын райдыдта.

– Абон… тынг хорз бон у, – райдыдта чызг ныфсджынæй.

Иуцасдæр та сыбыртт нæ райхъуыст. Уый фæстæ пастор фестъæлфыд æмæ хæрдмæ скасти.

– Цы?.. О, тынг хорз бон у.

– Æмæ, кæд октябр у, уæддæр уазал нæу, – бафиппайдта Поллианнæ ноджы ныфсджындæрæй. – Мистер Пенделтоны

хæдзары ныридæгæн тохна ссыгътой, фæлæ уый хъармы тыххæй нæу, æрмæст æхсызгондзинадæн. Æз уарзын артмæ кæсын, ды та?

Поллианнæ йæ фарстæн дзуапп афтæ дæр нæ райста, кæд фæразонæй æнхъæлмæ фæкаст, уæддæр.

– Пастор кæй дæ, уый дæ зæрдæмæ цæуы?

Ацы хатт æм пастор скасти.

– Мæ зæрдæмæ цæуы... уый та цавæр æнахуыр фарст у! Æмæ мæ цæмæн фæрсыс уымæй, мæ зынаргъ?

– Æнæуи... Ахæм хуыз дын ис... æмæ мæ фыды ’рымысыдтæн. Уый дæр-иу ахæм уыди... хаттæй-хатт.

– Æцæг? – загъта пастор æмæ кæдæмдæр ныджджих.

– О. Æмæ-иу æй уæд бафарстон, ныр дæу куыд фæрсын, афтæ, пастор кæй у, уый йæ зæрдæмæ цæуы æви нæ?

Нæлгоймаг æнкъардæй бахудти.

– Æмæ-иу... цы загъта?

– Уый-иу загъта, æнæмæнг, йæ зæрдæмæ цæуы, зæгъгæ, фæлæ-иу, алкæддæр бафтыдта, «хъæлдзæггæнæг тексттæ» куы нæ уаиккой, уæд пасторæй иу минут дæр нæ фæлæууид.

– Цы... куы нæ уаид? – Пол Форд йæ цæстæнгас сыфæй фæхицæн кодта æмæ дисгæнгæ ныккасти Поллиннæйы хъæлдзæг цæсгоммæ.

– Мæ фыд сæ схуыдта афтæ, – ныххудти чызг. – Кæй зæгъын æй хъæуы, Библийы афтæ нæ хуыйнынц. Фæлæ уыцы тексттæ иууылдæр сты Библийы æмæ райдайынц ахæм дзырдтæй: «кæддæриддæр цин кæнут Хуыцауимæ»; «цин кæнут, рæстудтæ»; «сцин кæнут æмæ фырцинæй райут» æмæ æндæр ахæмтæ, æмбарыс? Ахæм бирæ сты! Иухатт мæ фыдæн бынтон зын куы уыдис, уæд сæ банымадта, æмæ разындысты астсæдæ.

– Астсæдæ!

– О, цин кæнын æмæ нын хъæлдзæг уæвын чи фæдзæхсы,

ахæмтæ, æмбарыс? Уымæн сæ схуыдта «хъæлдзæггæнæгтæ».

– О-о! – пасторæн йæ цæсгомы хуыз цыдæр æнахуыр сси. Йæ цæстæнгас сæмбæлыд, гæххæттыл цы раныхас уыди, уымæн йæ фыццаг дзырдтыл: «Сар уæ сæр...». – Æмæ дæ фыд... уарзта уыцы «хъæлдзæггæнæг тексттæ?» – бафарста лæг.

– Тынг, – аивæй йæ сæр разыйы тылд бакодта Поллианнæ. – Уый дзырдта, зæгъгæ, банымайын сæ куы сфæнд кодта, уыцы бон ын кæй фецондæр ис, ома, кæд Хуыцау æнæхъæн астсæдæ хатты цин кæнын æмæ хъæлдзæг уæвын бафæдзæхста, уæд Æй, æнæмæнг, фæнды, цæмæй афтæ... иучысыл уæддæр кæнæм. Æмæ мæ фыд йæхиуыл æрхудти, уымæн æмæ цин стæм хатт кодта. Фæлæ йын уый фæстæ уыцы тексттæ цыфæнды хъыджы дæр ныфс лæвæрдтой – хъуыддæгтæ-иу æвзæр куы цыдысты, хæрзгæнæг комитеты сылгоймæгтæ кæрæдзиимæ куы хыл кодтой... ома-иу истæй фæдыл сæ хъуыды куы нæ баиу, – сраст кодта йæхи чызг. – Уыцы текстты тыххæй мæ фыд хъазт æрымысыди. Мемæ райдыдта æнцойгæнæн лæдзджытæй. Фæлæ дзырдта, уыцы хъуыдыйыл «хъæлдзæггæнæг текстты» фæрцы фæхæст ис, зæгъгæ.

– Æмæ цавæр хъазт у? – бафарста пастор.

– Цæмæй алцæм дæр, цин кæнæн цæуыл ис, ахæм исты ссарай. Æмæ куыд загътон, афтæмæй, æнцойгæнæн лæдзджытæй райдыдтам.

Æмæ та Поллианнæ ногæй радзырдта йæ таурæгъ. Чысыл фæстæдæр Поллианнæ æмæ пастор, кæрæдзийы къухтыл хæцгæйæ, къуыбырæй дæлæмæ ’рцыдысты. Поллианнæйы цæсгом фырцинæй ныррухс ис. Уый уарзта ныхас кæнын æмæ йын ныр бауромæн нал уыд. Афтæ йæм каст, цыма, радзурын цæй тыххæй хъуыди, уыдæттæ тынг бирæ уыдысты: хъазт, йæ фыд, раздæры цард ныгуылæны. Æмæ пасторы зонын фæндыд алцæй тыххæй дæр. Къуыбыры рæбын сæ фæндæгтæ фæхицæн сты; алчидæр дзы ацыдис йæ фæндагыл.

Уыцы изæр Пол Форд, йæ кабинеты бадгæйæ, хъуыдыты аныгъуылд. Йæ разы стъолыл хæццæ-мæццæйæ — гæххæтты сыфтæ, раныхасæн рагацау кæй ныффыста, уыдон. Йе 'нгуылдзты 'хсæн цы къэрандас нылхъывта, уый та æндæр сыфты сæрмæ 'рлæууыди. Уыдон уыдысты сыгъдæг æмæ 'нхъæлмæ кастысты ног текстмæ. Фæлæ пастор, раздæр цы ныффыста, ууыл нæ хъуыды кодта, стæй цы фыссынмæ хъавыдис, ууыл дæр. Йæ сæнтты уыди дард – чысыл горæты ныгуылæны, иннæ пасторимæ; уый уыди мæгуыр æмæ рынчын, алцæуылдæр мæт кодта æмæ, зæгъæн ис, дунейы уыди хæрз иунæг, фæлæ лæмбынæг касти Библи, цæмæй дзы, Хуыцау цин кæнын æмæ хъæлдзæг уæвын цал хатты бафæдзæхста, уый ссара.

Иуцасдæр рæстæджы фæстæ Пол Форд феуæгъд ис йæ хъуыдытæй æмæ, йæ къухы бын цы сыфтæ уыди, уыдон бадзæбæх кодта. «Матфейы Евангели, 23:14-23», – ныффыста пастор, фæлæ уый фæстæ къэрандас фехста æмæ, цалдæр минуты размæ йæ бинойнаг стъолыл цы журнал ныууагъта, уый райста. Уæнгмард æмæ уазалцæстæй рæнхъытыл йæ цæст ахаста. Уалынмæ фæкомкоммæ ис ахæм ныхæстæм: «Иухатт фыд йæ фыртæн, сæумæрайсом йæ мадæн суг нысæттын кæй нæ бакуымдта, уый зонгæйæ, загъта:

– Том, фидарæй мæ уырны — ды цингæнгæйæ ацæудзынæ æмæ суг ныссæтдзынæ.

Æмæ Том æнæдзургæйæ суг сæттынмæ ацыди. Цæмæн? Уымæн æмæ йын фыд æргомæй бамбарын кодта, раст кæй бакæндзæн, уымæ йæм æнхъæлмæ кæй кæсы, уый. Зæгъæм, фыд загъта:

– Том, абон дæ мадæн суг ныссæтын нæ бакуымдтай, уый фехъуыстон. Тынг ныкъкъæмдзæстыг дæн дæу тыххæй. Ныртæккæ ацу æмæ йæ бакæн!

Мæнмæ гæсгæ, уый йæ фыртæй сугтæ афтæ дæр нал федтаид».

Пастор рохстæй йæ цæст дарддæр хаста рæнхъытыл æмæ ахæм ныхæстæм фæкомкоммæ ис:

«Нæлгоймæгтæ æмæ сылгоймæгтæн сæ уды æрдзон хъæддыхдзинад лæмæгъдæр нæ, фæлæ фидардæр кæнын хъæуы... Адæймагæн æппынæдзух йæ аиппыты кой кæныны бæсты йын йæ хорз миниуджыты кой ракæнут. Цы 'взæрдзинæдтыл фæцахуыр ис, уыдоны ахæстæй йæ раласут, феххуыс кæнут йæ хуыздæр æмæ йе 'цæг «æз»-æн, цæмæй йæ бон ныфсджынæй архайын æмæ уæлахиз кæнын уа! Хæрзаив, фæлмæнзæрдæ æмæ ныфсджын адæймаг у фæзминаг; уымæ кæсгæйæ, йæ алыварс чи ис, уыцы адæмæн сæ цард аивы. Адæмæй, сæ зонд æмæ сæ зæрдæтæ цæмæй дзаг вæййынц, уый разыны. Кæд адæймаг хæларзæрдæ æмæ æгъдауджын у, уæд рæхджы йæ сыхæгтæ дæр ахæмтæ суыдзысты. Фæлæ кæд бирæгъы каст кæны, æдзух йæ хъуыр-хъуыр цæуы æмæ иннæты фауы, уæд ын йæ сыхæгтæ дæр уымæй фиддзысты, уыимæ дывæрæй!.. Иннæтæм æвзæрæй исты куы агурат æмæ 'взæрдзинадмæ æнхъæлмæ куы кæсат, уæд æй райсдзыстут. Фæлæ уæ кæд, хорздзинад кæй ссардзыстут, уый фидарæй уырны, уæд уыцы хорздзинад райсдзыстут... Зæгъут уæ фырт Томæн, суг ныссæтын ын æхсызгон уыдзæн, уый кæй зонут, æмæ фендзыстут, уыцы куыст рæвдз æмæ æхсызгонæй кæй бакæндзæнис, уый!»

Пастор журнал иуварс авæрдта. Минуты фæстæ фестад æмæ нарæг уаты дыууæрдæм цæуын райдыдта. Уый фæстæ арф ныуулæфыд æмæ йæ фыссæн стъолы раз бандоныл йæхи æруагъта.

– Хуыцауы 'ххуысæй æз афтæ бакæндзынæн! – фæхъæр кодта пастор. – Æз зæгъдзынæн мæ аргъуаны адæмæн, мæ фырттæн æмæ мæ чызджытæн, суг сæттын сын æхсызгон уыдзæн, уый кæй зонын! Æз, сæ куыстыл цин куыд кæной, уыл бацархайдзынæн, æмæ сæ уæд, сæ сыхæгтæ цас суг ныссастой, уымæ кæсын нал æвдæлдзæн!

Йæ раздæры раныхас цы гæххæтты сыфтыл фыст уыдис, уыдонмæ фæлæбурдта æмæ сæ ныскъуыдтæ кодта. Ахæм æппæрст сæ акодта, æмæ «сар уæ сæр» февзæрди йæ бандоны иу фарс, «æгъдауы ахуыргæнджытæ æмæ фарисейтæ!» та – иннæ фарс. Æмæ та йæ кърандас урс лæгъз сыфыл ногæй згъорын райдыдта...

Иннæ хуыцаубоны Пол Форд йæ раныхасы сидти адæймаджы хуыздæр æууæлтæм, æмæ йæ сарæзта Библийы «хъæлдзæггæнæг тeксттæй» иуы бындурыл: «Хъæлдзæг ут Дунедарæгимæ æмæ цин кæнут, рæстудтæ; раст адæм, цин кæнут иууылдæр»[4].

[4] *Псалом 31:11*

# 23 СÆР

## ÆНАМОНД ХАБАР

Иухатт миссис Сноуы курдиатмæ гæсгæ Поллианнæ мистер Чилтоны исæнуатмæ бацыди, цæмæй, миссис Сноуæй цы хосы ном ферох ис, уый базона. Афтæ рауад, æмæ Поллианнæ дохтыр Чилтонмæ раздæр никуы уыди.

– Мæнмæ гæсгæ, фыццаг хатт дæн дæ хæдзары? Ай дæ хæдзар у? – бафарста чызг, цымыдисæй йæ алыварс кæсгæйæ.

Дохтыр æнкъардæй бахудти.

– О… афтæ у, – дзуапп радта лæг, гæххæтты сыфыл цыдæр фысгæйæ, – фæлæ ай у æрмæстдæр райгуырæн хæдзары ницæйаг фæлгонц. Адон сты æрмæст  дыууæ уаты, æндæр ницы. Нæ, ай хæдзар нæу.

Поллианнæ йæ сæр æмбаргæ тылд бакодта.

– Зонын æй. Хæдзар саразынæн хъæуынц сылгоймаджы къух æмæ зæрдæ кæнæ сывæллон, – загъта чызг.

– Цы? – дохтыр цæхгæр фæзылдис.

– Уый мын мистер Пенделтон загъта, – дзуапп радта Поллианнæ, – сылгомайджы къух æмæ зæрдæйы, стæй сабийы тыххæй. Дохтыр, æмæ ды дæхицæн сылгоймаджы къух æмæ зæрдæ цæуылнæ ссарыс? Уæд та Джимми Бины ды райсис, кæд мистер Пенделтоны нæ бафæнда, уæд?

Дохтыр Чилтон тыххудт ныккодта.

– Уæдæ мистер Пенделтон афтæ зæгъы, сылгоймаджы къух æмæ зæрдæ куы нæ уой, уæд хæдзарæн уæвæн нæй, зæгъгæ? – бафарста лæг, ныхас иннæрдæм аздахгæйæ.

– О, афтæ мын загъта. Фæлæ дæ цæуылнæ фæнды, дохтыр Чилтон?

– Нæ фæнды? Цы? – дохтыр ногæй фыссæн стъолмæ азылди.

– Сылгоймаджы къух æмæ зæрдæ ссарын. Хæдæгай... куы мæ ферох ис! – Поллианнæ фæсырх. – Æз дын хъуамæ загътаин, æвæццæгæн... мистер Пенделтон бирæ азты размæ мæ мадыхо Поллийы нæ уарзта, æмæ йæм уымæ гæсгæ... цæрынмæ нæ цæуæм. Æз дын дзырдтон, кæй ацæудзыстæм, уый... фæлæ фæрæдыдтæн. Искæмæн æй кæй нæ радзырдтай, ууыл мæ зæрдæ дарын, – фæци йæ ныхас сагъæсхуызæй.

– Нæ... никæмæн æй радзырдтон, – дзуапп радта дохтыр æнахуыр хъæлæсы уагæй.

– Уæдæ хорз у алцыдæр, – Поллианнæйæн фенцондæр æмæ арф ныуулæфыд. – Æмбарыс, æрмæстдæр æй дæуæн загътон... Афтæ мæм фæкаст, цыма мистер Пенделтонæн йæ цæсгом цыдæр худæг сси, алцыдæр дæуæн радзырдтон, уый куы базыдта, уæд.

– Æцæг? – дохтыры худæнбылæй ракаст.

– О, мæнмæ гæсгæ, уый нæ фæндыди, цæмæй йæ иннæтæ базоной... кæд æцæг нæу, уæд. Фæлæ ды сылгоймаджы къух æмæ зæрдæ цæуылнæ ссардтай, мистер Чилтон?

Минуты бæрц хъусæй лæууыдысты, фæлæ стæй дохтыр загъта:

– Алкæд сæ райсæн нæ вæйиы... куы сæ ракурай, уæд, мæ чызг.

Поллианнæ сагъæсгæнгæ йе 'рфгуытæ нылхынцъ кодта.

– Мæнмæ гæсгæ, дæуæн сæ дæ бон уыди райсын, – не сразы ис чызг. Йæ ныхæсты æргомæй азæлыд зæрдæлхæнæн.

– Бузныг, – ныххудти дохтыр, йе ’рфгуытæ хæрдмæ сисгæйæ. Уый фæстæ йæ ныхасмæ бафтыдта. – Тæрсын, дæуæй хистæр чи у, уыдонæй иуæй-иутæ… хъуыды кодтой æндæрхуызон. Цыфæнды куы уа, уæддæр уыдон… уыйбæрц æгъдауджын нæ разындысты, – бафиппайдта лæг.

Поллианнæ та йе ’рфгуытæ нылхынцъ кодта, фæлæ йæ цæстытæ æваст фырдисæй фæхъоппæг сты.

– Дохтыр Чилтон, афтæ зæгъынмæ хъавыс… Ды дæр мистер Пенделтоны хуызæн искæй къух æмæ зæрдæмæ бæллыдтæ… æмæ сæ дæ бон райсын не сси?

Дохтыр цалдæр хатты сыстади.

– Цæй, Поллианнæ, уый кой нæ кæндзыстæм… Дæхи искæй зындзинæдтæй цæуыл тыхсын кæныс? Тагъддæр азгъор миссис Сноумæ. Æз хосы ном ныффыстон, стæй, нуазын æй куыд хъæуы, уый дæр. Исты ма йæ хъуыдис?

Поллианнæ йæ сæр батылдта.

– Нæ, сэр, бузныг, – загъта чызг æнкъардæй, дуары ’рдæм фæцæйцæугæйæ. Бахизæнмæ куы рацыд, уæд æвиппайды фæзылдис æмæ зæрдæрухсæй ныхъхъæр кодта: – Цыфæнды куы уа, уæддæр æз цин кæнын, ма мады къух æмæ зæрдæмæ кæй нæ бæллыдтæ, ууыл! Хæрзбон, дохтыр!

Æнамонд цау æрцыд октябры фæстаг бон. Поллианнæ скъолайæ сæхимæ тагъд кодта æмæ, фæндагыл куы фæцæйцыд, уæд афтæ зынди, цыма, рæвдз цы хæдтулгæ ’рбаввахс кæны, уымæй йын тас нæу.

Фæстагмæ, цы ’рцыдис, уый бæлвырд зæгъын никæй бон уыдис. Афтæ цæмæн рауад æмæ азымджын чи у, уый бамбарын кæнын ничи фæрæзта. Фæлæ фæндзæм сахатыл Поллианнæйы, бирæ кæй уарзта, уыцы уатмæ бахастой. Чызг уыди лæмæгъ æмæ æнæбон, нæма æрчъицыдта. Мисс Поллийæн фыртæссæй йæ цæсгомы хуыз фæлыгъд, Ненси куыдта, æмæ афтæмæй


– Дохтыр Чилтон, æмæ ды дæхицæн сылгоймаджы къух æмæ зæрдæ цæуылнæ ссарыс?
Пол Форд йæ раныхасы сидти адæймагæн йæ хуыздæр æууæлтæм…
Мæ фыд дзырдта, зæгъгæ, «хъæлдзæггæнæг текстты» куы нæ уаиккой, уæд иу минут дæр пасторæй нæ фæлæууид.

чызджы дзаумæттæ раластой. Уыцы рæстæг горæтæй дохтыр Уоррен тæхгæ уадæй цыди йæ хæдтулгæйыл. Телефонæй йæм фæдзырдтой.

– Æмæ мадыхойæн йæ цæсгоммæ кæсын дæр нæ хъуыди, – куыдта Ненси. Дохтыр куы ’рбацыд æмæ æнæсымæй рынчыны сгарын куы райдыдта, уæд уый дыргъдоны Зæронд Томимæ ныхас кодта. – Æнæуи дæр бæрæг уыди, йæ хæс æй кæй не ’хсыны, уый. Адæймаг йæ хæс куы феххæст кæны, уæд йæ къухтæ зыр-зыр нæ фæкæнынц, стæй йæ цæстæнгас, цыма хуыссæнæй мæлæты зæды асурынмæ хъавы, ахæм нæ вæййы. Нæ, мистер Том, йæ цæстæнгас ахæм нæ вæййы!

– Тынг цæфтæ у? – ризгæ хъæлæсæй загъта зæронд лæг.

– Зын зæгъæн у, – загъта Ненси кæугæйæ. – Ахæм фæлурс у, раст марды хуызæн. Фæлæ мисс Полли загъта, æгас у, зæгъгæ, æмæ йæ уымæй хуыздæр чи хъуамæ зона: йæ улæфтмæ дæр ын хъуыста, стæй йæ зæрдæйы гуыпп-гуыппмæ.

– Æмæ йæ ничи зоны, цы йын бакодта уыцы… уыцы… – зæронд Томæн фыртыхстæй йæ цæсгомыл туджы цъыртт нал баззад.

Ненси йæ былтæ фæцъупп ласта:

– Ехх, фæндид мæ, мистер Том, исты аккаг дзырдæй йæ куы схонис… стæй хъæбæрдæрæй. Дæлдзæх фæуæд! Ахъуыды ма кæн – нæ чызгыл нын хæдтулгæ баскъæрдта! Ацы смаггæнаг хæдтулгæтæй рагæй дæр мæ удхæссæг уынын… рагæй дæр, рагæй!

– Цæф кæцы ран у?

– Нæ зонын, нæ зонын, – хъæрзæгау дзырдта Ненси. – Æрмæстдæр йæ ных лыг у, фæлæ тынг нæ, стæй мисс Полли куыд зæгъы, уымæ гæсгæ, тæссаг нæу. Фæлæ тæрсы, мидæгæй исты хъыгдард кæй баййæфта, уымæй, æмæ зæгъы, Поллианнæ комы хуыссы, зæгъгæ.

Зæронд Томы цæстыты худæн цæхæр ферттывта.

– Ненси, мисс Полли афтæ нæ загътаид. Мæнмæ гæсгæ, уый загъта «хуыссы комæйы», – бафиппайдта зæронд лæг.

– Цы? Нæ зонын, нæ зонын, – ныхъхъæрзыдта Ненси, йæ сæр батылдта æмæ цæуынæввонг фæзылд. – Дохтыры рацыдмæ ’нхъæлмæ кæсын нал фæразын. Бирæ ’хсинæгтæ... мæ царды мидæг æппæты фылдæр... тынг бирæ ’хсинæгтæ мын кæй нæй, уый мын тынг хъыг у, тынг хъыг, тынг! – хъæрджытæ кодта Ненси, æнæбонæй йæ къухтæ раздух-баздух кæнгæйæ.

Фæлæ дохтыры ацыды фæстæ дæр Ненсийæн йæ бон Зæронд Томæн бирæ зæгъын нæ уыди. Чызгæн йе стджытæй иу дæр саст нæ разынд, йæ сæр уыди уæлæнгай цæф. Дохтыр йæ сæр батылдта æмæ загъта, уавæр æрмæстдæр рæстæг равдисдзæн, зæгъгæ. Йæ ацыды фæстæ мисс Полли ноджы тынгдæр ныффæлурс. Поллианнæ нæма ’рчъицыдта, фæлæ ныр цыма фынæй кодта, афтæ зынди, бæллæн куыд уыдис, ахæм сабырæй. Горæтæй дæсны рынчынгæсы æрбахуыдтой æмæ йæм уыцы изæр æнхъæлмæ кастысты. Ног хабарæй æндæр ницы уыди. Ненси, дзыназгæйæ, азылд æмæ фæстæмæ къæбицмæ фæраст.

Поллианнæ ’рмæстдæр дыккаг райсом байгом кодта йæ цæстытæ, кæм ис, уый æрæмбæрста.

– Мæ мадыхо Полли, цы ’рцыд? Сбон ис? Цæуылнæ сыстын? – сдзырдта чызг. – Мæ мадыхо Полли, мæ бон сыстын куы нæу! – Æмæ йын сыстын куы нæ бантыст, уæд ногæй, хъæрзгæйæ, базыл æрхауди.

– Нæ, нæ, мæ зынаргъ... ырма змæлгæ дæр ма кæн, – цырд, фæлæ йæ мынæг хъæлæсæй сабыр кодта йæ мадыхо.

– Цы ’рцыдис? Мæ бон сыстын цæуылнæ у?

Мисс Полли хъизæмархуызæй урсхудджын сылгоймагмæ фæрсгæ каст бакодта. Уый рудзынджы раз лæууыд, æмæ

йæ Поллианнæ хуыссæнæй нæ уыдта. Йæ сæр разыйы тылд бакодта æмæ дзуапп радта æмырæй, афтид былтæй.

– Зæгъут ын æй.

Мадыхо Полли ныххуыфыди, йæ хъуыры цы къуыбар ныббадт æмæ йæ дзурын чи нæ уагъта, уый аныхъуырыныл архайдта.

– Знон дæ изæрæй хæдтулгæ скъуырдта. Фæлæ Хуыцауæн табу, фервæзтæ. Сабыр хуысс æмæ бафынæй кæныныл бацархай.

– Хæдтулгæ? А-а, о... æз... æз згъоргæ кодтон, – Поллианнæйы цыма арв æрцавта, уый хуызæн фæцис. Йæ къух йæ ныхмæ систа. – А-а-а... риссы!.

– О, мæ зынаргъ, фæлæ йæ мацæмæ дар. Æрмæст... сабыр хуысс.

– Мæ мадыхо Полли, мæхи ахæм æвзæр, ахæм æнахуыр æнкъарын! Мæ къæхтæ цыдæр æнахуыр сты... Æппындæр сæ не ’мбарын!

Рынчынгæсмæ лæгъстæгæнаг каст бакæнгæйæ, мисс Полли зынæй сыстад æмæ уаты рæбынмæ бацыди. Рынчынгæс хуыссæнмæ æрбаввахс ис.

– Чи зоны, ныхасы бар мæнæн ратдзынæ, – райдыдта сылгоймаг æнæмæт хъæлæсæй. – Базонгæ кæнынæн афон у, æмæ ныр мæхи бацамондзынæн. Мæ ном хуыйны мисс Хант, æз дæ мадыхойæн дæумæ кæсын æххуыс кæндзынæн. Æмæ дæ ’ппæты фыццаг цы куринаг дæн, уый, – мæнæ ацы гыццыл урс таблеткæтæ аныхъуыр.

Поллианнæйы касти ныфссастæй:

– Нæ мæ фæнды, цæмæй мæм кæсой... ома, æдзухдæр! Мæн сыстын фæнды. Куы йæ зонут, скъоламæ цæуын, уый. Ау, райсом скъоламæ нæ ацæудзынæн?

Мисс Полли цы рудзынджы раз лæууыд, уырдыгæй мынæг кæуын райхъуысти.

– Райсом? – бахудти сылгоймаг. – Афтæ тагъд дын ахæм бар нæ ратдзынæн. Фæлæ æрмæст ацы таблеткæтæ аныхъуыр, æмæ фендзыстæм, кæддæра дын нæ баххуыс кæниккой.

– Хорз, – сразы ис Поллианнæ, – фæлæ хъуамæ иннæбон скъоламæ ацæуон. Æмбарыс, фæлварæнтæ мын ис.

Минуты фæстæ ногæй дзурын райдыдта: скъолайы, хæдтулгæйы, йæ сæр куыд риссы, уый кой кодта. Фæлæ чысыл фæстæдæр йæ хъæлæс ныссабыр, уымæн æмæ йыл таблеткæтæ тых кæнын райдыдтой.

# 24 СÆР

## ДЖОН ПЕНДЕЛТОН

Поллианнæ скъоламæ нæ ацыд нæдæр «райсом», нæдæр «иннæбон». Æниу, йæхæдæг-иу æй, æрмæст бынтон куы ’рчъицыдта, уæд бамбæрста, æмæ-иу уæд хынцфарст кæнын райдыдта. Æнæхъæн къуыри бæлвырд ницы бамбæрста. Фæлæ уый фæстæ йæ тæвд æрхауд, йæ рыст иучысыл фæкъаддæр ис, æмæ æппынфæстаг йæхи æрæмбæрста.

– Уæдæ уый низ нæу, фæлæ цæф, – ныуулæфыд чызг. – Æз ахæм цин кæнын!

– Ц-цин, Поллианнæ? – бафарста йæ мадыхо. Уый бадти йæ хуыссæны раз.

– О, фæлтау, мистер Пенделтоны хуызæн, дæ къæхтæ саст уæд, миссис Сноуау, сдзæбæхгæнæн кæмæн нæй, ахæм низæй фæрынчыны бæсты. Саст къæхтæ бандæдзынц, низæн та, чи зоны, сдзæбæх кæнæн мауал уа.

Мисс Полли саст къæхты кой кæнгæ дæр не скодта. Æваст сыстад, уаты иннæ кæрон цы чысыл кæсæнджын стъол уыди, уый цурмæ бацыдис. Иу дзаумæ дзы иннæйы фæдыл иста. Цы куыста, уый бæрæг нæ уыд, йæхæдæг дæр æй не ’мбæрста. Хъæддых мисс Поллийы ахæмæй никуы ничи федта. Йæ цæсгом рохстхуыз нæ уыди, фæлæ, мардау, ныффæлурс ис.

Рудзгуытыл дзæнхъа дуртæ змæлыдысты æмæ Поллианнæ, цармæ цы хуызджын тæппытæ калдтой, уыдоны кафтмæ касти.

– Æз цин кæнын, дзуарæй рынчын кæй нæ дæн, ууыл, – загъта чызг райгондæй. – Хæбуздзыхъхъытæ дзыгъуыртæй æвзæрдæр уаиккой! Æмæ хъихъгæнаг хуыфæг кæй нæу, ууыл дæр цин кæнын. Иухатт дзы фæрынчын дæн: тынг æлгъаг низ у. Æмæ цин кæнын, аппендицит кæнæ фадынæг кæй нæу, ууыл, уымæн æмæ уыдон хæцгæ низтæ сты... ома, фадынæг, зæгъынмæ хъавын... уæд дын мемæ бадæн нæ уаид.

– Куыд кæсын, афтæмæй, бирæ цæуылдæрты цин кæныс, – ризгæ хъæлæсæй сдзырдта мисс Полли. Æмæ йын цыма йæ къабайы æфцæггот йæ улæфт æхгæдта, уыйау, йæ къух йæ хъуырыл сæвæрдта.

Поллианнæ ныххудти:

– О, цалынмæ мæ арвыронмæ кастæн, уæдмæ уыдæттыл хъуыды кодтон. Æз уарзын арвырон. Æмæ мын мистер Пенделтон ацы дзæнхъа дуртæ кæй балæвар кодта, ууыл æз ахæм цин кæнын! Æмæ ма цин кæнын, кæй нæма загътон, бирæ ахæм цæуылдæртыл. Бæлвырд æй нæма зонын, фæлæ æппæты фылдæр цин кæнын, хæдтулгæ мæ кæй скъуырдта, ууыл.

– Поллианнæ!

Чызг ногæй фæлмæнæй ныххудтис æмæ йæ мадыхомæ ’рттивгæ цæстытæй бакаст.

– Æмбарыс, куы мæ сцавта, уæдæй нырмæ мæ ды арæх хоныс «мæ зынаргъ», раздæр та афтæ никуы дзырдтай. Æз уарзын, афтæ мæ куы фæхонынц... ома, хиуæттæ, зæгъынмæ хъавын... Комитетæй мæ иуæй-иу сылгоймæгтæ дæр афтæ хуыдтой, æмæ мын, кæй зæгъын æй хъæуы, æхсызгон уыди, фæлæ мын дæу хуызæн хион куы уыдаиккой, уæд мын æхсызгондæр уыдаид. О, мæ мадыхо Полли, æз ахæм цин кæнын, мæн кæй дæ, ууыл!

Мадыхо Полли дзуапп нæ радта. Йæ къух та ногæй йæ хъуырыл февзæрдис, йæ цæстытæ доны разылдысты. Азылд æмæ уатæй рæвдз рацыди. Дуары къæсæрыл рынчынгæсимæ хæрхæмбæлд фесты.

Тæккæ уыцы бон сихоры фæстæ Ненси Зæронд Томмæ азгъордта. Уый скъæты бæхы дзауматæ сыгъдæг кодта. Йæ цæстытæ æррайы хуызæн уыдысты.

– Мистер Том, мистер Том, базон ма, цы ’рцыди! – Фырадæргæй тыхулæфт кодта. – Мин азы куы хъуыды кæнай, уæддæр æй нæ базондзынæ!

– Æмæ уæд фыдæбон кæнын дæр нæ хъæуы, – хъуыынтъызæй дзуапп радта зæронд лæг. – Уæлдайдæр та, дæс азæй фылдæр фæцæрын æнхъæл кæй нал дæн, уый хынцгæйæ. Уымæ гæсгæ дзургæ кæн, Ненси.

– Уæдæ хъус. Куыд æнхъæл дæ, ныртæккæ уазджыты уаты не ’хсинимæ чи бады? Чи, фæрсын дæ?

Зæронд Том йæ сæр батылдта.

– Ницы йын зонын...

– Æмæ йæ дæ бон зонын дæр нæу! Æз дын æй зæгъдзынæн. Уым ис... мистер Джон Пенделтон!

– Уымæн уæвæн нæй! Хынджылæг кæныс?

– Æппындæр нæ! Мæхæдæг ын бакодтон дуар: æнцойгæнæн лæдзджытимæ ’рбацыди! Йæ бæхтæ йæм ифтыгъдæй хæдзары цур æнхъæлмæ кæсынц. Цыма æппындæр, иу ныхас дæр чи никуы никæимæ скодта, уыцы тызмæг зæронд нæдзæрин нæу, уый хуызæн! Ахъуыды ма кæн, мистер Том, уый йæм æрбацæуæд!

– Æмæ цæуылнæ хъуамæ? – бафарста зæронд лæг къæйныхæй.

Ненси йæм худæн каст бакодта.

– Цыма йæ мæнæй хуыздæр нæ зоныс, уыйау!

– Цы-ы?

– Дæхицæй ницы зонæг ма араз, – мæстыгæрæй загъта Ненси. – Дæхæдæг мын дæ дзырдæппарæнтæй мæ сæр разилын кодтай!

– Цы зæгъынмæ хъавыс уымæй?

Ненси скъæты дуарæй хæдзары ’рдæм акаст æмæ зæронд лæгмæ хæстæгдæр бацыдис.

– Байхъус-ма! Кæддæр мисс Поллийæн уарзон уыди, уый мын ды нæ загътай? Æмæ мæм иухатт афтæ фæкаст, цыма дыууæ æмæ дыууæ кæрæдзимæ бафтауын мæ бон суыдзæн æмæ дзы рауайдзæн цыппар. Афтæмæй та, уый цыппар нæ, фæлæ фондз у!

Зæронд Том азылд æмæ дарддæр йæ куыст кодта.

– Кæд мын дæ зæрды исты зæгъын ис, уæд мын æй, куыд æмбæлы, афтæ бамбарын кæн, – загъта мæстыйæ. – Æз ам демæ ’нгуылдзтыл нæ нымайдзынæн!

Ненси ныххудти.

– Иу ныхасæй, æз иу цыдæр фехъуыстон, æмæ уый фæстæ ахæм хъуыдымæ ’рцыдтæн, цыма йæ уарзон уый уыди! – бамбарын кодта чызг.

– Мистер Пенделтон?!

– Фæрæдыдтæн, уый ныр бæргæ зонын. Мистер Пенделтон уарзта нæ дзæбæх чызджы мады, æмæ йæ уымæн фæндыд... цæй, афтæ фæуæд, – бафтыдта Ненси. Афоныл æрхъуыды кодта, Джон Пенделтон дзы йæхицæн чызг зæгъынмæ хъавыд, уый кæй никæмæн радзурдзæн, уымæй Поллианнæйæн зæрдæ кæй бавæрдта. – Уæдæй нырмæ адæмы фарстон æмæ базыдтон, мисс Поллиимæ бирæ азты дæргъы кæрæдзийæ сæхи дæрдты ласынц, уый; стæй, æстдæс азы йыл куы цыд, уæд сын сæ нæмттæ иумæ цы дам-думтæ бабастой, уыдоны тыххæй йын æнæуынон кæй сси.

– О, хъуыды йæ кæнын, – сразы ис Зæронд Том. – Æмæ уый уыди, мисс Дженни йын куы нæ бакуымдта æмæ ’ндæримæ

куы ацыд, уымæй æртæ æви цыппар азы фæстæдæр. Мисс Полли хабар зыдта æмæ йын, кæй зæгъын æй хъæуы, тæригъæд кодта. Йæ зæрды йæ басабыр кæнын уыди. Чи зоны, æгæр бацархайдта. Куыдфæнды куы уа, уæддæр ыл чидæр дам-думтæ æрымысыди, йæ фæдыл зилы, зæгъгæ, дзæгъæлдзырд кодтой.

– Цæмæй уый искæй фæдыл зила! – загъта Ненси.

– Дæ бон у, æмæ йæ мæнæн ма дзурай, фæлæ адæм йæ кой кодтой, – дзырдта дарддæр Зæронд лæг. – Æмæ уый иу чызг дæр, чысыл дæр æм сæрыстырдзинад куы уа, уæд нæ ныххатыр кæндзæн. Уæдмæ фæзындис иннæ дæр, æндæр. Уый йæ бауарзта, фæлæ та уыимæ дæр мæстыты бахауди. Уый фæстæ, сæтæлæгау, æхгæд зæрдæйæ цæрын райдыдта, зонын дæр æй никæйуал фæндыд. Йæ зæрдæ цыма дур ныццис.

– О, зонын æй, цыдæртæ фехъуыстон. Дуары цур æй куы ауыдтон, уæд мæ ’рхауынмæ дæр бирæ уымæн нал хъуыди. Уал азы кæрæдзимæ дзыхæй дæр нæ дзырдтой, æмæ йæм ныр фæзынди. Уазджыты уатмæ йæ ахуыдтон æмæ йын йе ’рбацыды тыххæй фехъусын кодтон.

– Æмæ уый та цы загъта? – Зæронд Том йæ улæфт фæурæдта.

– Ницы... фыццаг. Æнæзмæлгæйæ бадти, æмæ мæм афтæ фæкаст, цыма мæ нæ фехъуыста. Ногæй йæ зæгъынмæ куы хъавыдтæн, уæд мæм мынæг хъæлæсæй сдзырдта: «Зæгъ мистер Пенделтонæн: ныртæккæ фæцæуын». Æз рацыдтæн æмæ йын загътон. Уый фæстæ ардæм разгъордтон, цæмæй дын æй радзурон, – фæцис Ненси йæ ныхас, æмæ та фæстæмæ фæкаст.

– Гъым! – схъуыр-хъуыр кодта Зæронд Том æмæ ногæй йæ куыстмæ бавнæлдта.

Мистер Джон Пенделтоны Харрингтонты хæдзары, уазджыты уаты, бирæ ’нхъæлмæ кæсын нæ бахъуыди. Рæвдз къахдзæфты уынæрæй базыдта, мисс Полли кæй æрбав-


– Æз æрбацыдтæн Поллианнæ куыд у, уый базонынмæ.
– Дæлдзæх ныххауæд! Ахъуыды ма кæнæд исчи – нæ чызгыл нын хæдтулгæ баскъæрдта! Ацы смаггæнаг машинæтæй рагæй дæр мæ удхæссæг уыдтон... рагæй дæр, рагæй!
POI-015 BO
– Мæ мадыхо Полли,
мæхи ахæм æвзæр æмæ æнахуыр æнкъарын!
Мæ къæхтæ цыдæр æнахуыр сты.
Æппындæр сæ не ’мбарын.

вахс ис, уый. Йæ зæрды уыди сыстын, æмæ йе ’нцойгæнæн лæдзджытæм февнæлдта, фæлæ йæ уый къухы змæлдæй баурæдта. Йæ къух æм нæ балæвæрдта, йе ’нгасыл бæрæг уыди хиуылхæст.

– Æз æрбацыдтæн, Поллианнæ куыд у, уый базонынмæ, – райдыдта лæг схæц-æрхæцгæнгæ.

– Бузныг, йæ уавæр нæ аивта.

– Æмæ... цы кæны, уый зæгъынмæ нæ хъавыс? – ацы хатт Джон Пенделтоны хъæлæсы азæлыд зæрдæхсайд.

Сылгоймаджы зæрдæ суынгæг ис.

– Мæ бон нæу... Ехх, куы уаид мæ бон!

– Афтæ зæгъынмæ хъавыс... нæ йæ зоныс?

– Нæ зонын.

– Дохтыр... та?

– Мæнмæ гæсгæ, дохтыр Уоррен йæхæдæг дæр ницыуал зоны. Ныр уынаффæйы фæдыл Нью-Йоркæй иу специалистмæ фæдзырдта. Хъуамæ дохтырты æрæмбырд кæной.

– Æмæ... цæф кæцы ран у, уый зоныс?

– Йæ сæрыл иу чысыл цæф ис, иу-дыууæ цъæхы йæ буарыл... йæ астæуыстæг хъыгдард баййæфта. Æвæццæгæн, къæхтæ дæр уымæн бандзыг сты.

Мистер Пенделтоны хъуырæй мынæг хъæр сирвæзти. Иуцасдæр ницы сдзырдта, уый фæстæ фæсус хъæлæсæй бафарста:

– Æмæ Поллианнæ... цы цæстæй кæсы уымæ?

– Нæма йæ зоны, мæ бон ын æй нæу зæгъын.

– Æмæ уый хъуамæ... исты бамбæрстаид!

Мисс Полли, фæстаг рæстæг куыд фæцахуыр ис, афтæ та йæ хъуырмæ февнæлдта.

– О, йæ бон змæлын нæу, уый зоны, фæлæ афтæ ’нхъæлы, цыма йæ къæхтæ саст сты. Æмæ цин кæны, уымæн æмæ хуыздæрыл нымайы, дæуау, йæ къæхтæ асæттын, миссис Сноуы

низæй фæрынчыны бæсты, – уымæн æмæ «саст къæхтæ бандæдзынц, сдзæбæхгæн кæмæн нæй, уыцы низтæ та афтæмæй баззайынц». Афтæ дзуры æппынæдзух, æмæ мæм афтæ кæсы, цыма... нал бафæраздзынæн!

Кæд йæ цæстытæ доны зылдысты, уæддæр нæлгоймаг, фырхъизæмарæй йæ хуыз кæмæн фæцыд, уыцы цæсгом федта. Йæ хъуыдытæ йæ æнæбары раздæхтой, фæстаг хатт æй йæхимæ куы хуыдта, уæд ын Поллианнæ цы загъта, уымæ: «Мæ бон нæу мæ мадыхо Поллийы ныууадзын... ныр!» Æмæ уыцы мысинагмæ гæсгæ тынг фæлмæнæй бафарста, йæ хъæлæс ногæй куы фæфидардæр, уæд:

– Мисс Харрингтон,  Поллианнæйæн мæ хæдзары цæрын цас фæлæгъстæ кодтон, уый зоныс æви нæ?

– Дæ хæдзары!.. Поллианнæйæн!

Йæ хъæлæсы уагæй нæлгоймаджы ных фенцъылд ис, æмæ куы сдзырдта, уæд йæхи хъæлæс зæлыди карз æмæ хиуылхæцгæйæ.

– О. Æз дзы мæхицæн хъавыдтæн чызг зæгъынмæ, закъонмæ гæсгæ. Æмæ йын, кæй зæгъын æй хъæуы, мæ зæрды уыди мæ бынтæ ныууадзын.

Миссс Полли иучысыл фæфæлмæндæр ис. Поллианнæмæ цы диссаджы фидæн æнхъæлмæ каст, ууыл ахъуыды кодта. Æмæ сагъæсы бацыд: цымæ Поллианнæ фаг æмбаргæ æмæ кæрæф уыди, цæмæй бирæ 'хцамæ, стæй, ацы адæймаг æхсæнады цы бынат ахсы, уымæ ма схæлæг уа?

– Æз Поллианнæйы бирæ уарзын, – дзырдта дарддæр нæлгоймаг. – Æз æй уарзын, куыд йæхи, афтæ йæ мады тыххæй дæр. Æз цæттæ уыдтæн Поллианнæйæн, мæ зæрдæйы арфы фондз æмæ ссæдз азы цы уарзондзинад фæхъахъхъæдтон, уый раттынмæ.

«Уарзондзинад». Мисс Полли æвиппайды æрымысыд, сывæллоны йæхæдæг цæмæн райста, уый. Æмæ йын уыцы

мысинаг йæ зæрдыл æрлæууын кодта, Поллианнæ райсомæй цы ныхæстæ загъта, уыдон: «Æз уарзын, «мæ зынаргъ» мæ хиуæттæ куы фæхонынц!» Æмæ уыцы уарзтмондаг чызгæн лæвæрд цыди, фондз æмæ ссæдз азы дæргъы цы уарзт нæ бамынæг ис, уый. Поллианнæ фаг æмбаргæ уыд, цæмæй ахæм мондаггæнæнмæ схæлæг уа! Мисс Полли уый зæрдæсастæй бамбæрста. Æмæ ма бамбæрста æндæр цыдæр – æнæ Поллианнæйæ йæхи фидæн кæй баталынг уыдзæн.

– Æмæ?.. – бафарста сылгоймаг.

Мистер Пенделтон, мисс Поллийæн йæ хъæлæсыл йæ бар кæй нал цæуы, уый бамбаргæйæ, æнкъардæй бахудти.

– Не сразы ис, – дзуапп радта нæлгоймаг.

– Цæуылнæ?

– Дæу ныуадзын æй нæ бафæндыд. Афтæ зæгъы: ды йемæ тынг хæларзæрдæ уыдтæ, æмæ йæ фæнды демæ баззайын. Афтæ йæм кæсы, цыма дæу дæр фæнды, демæ куы цæрид, уый, – фæци йæ ныхас, бандонæй сцæйстгæйæ.

Мисс Поллимæ нæ бакасти, афтæмæй дуарырдæм цæхгæр фæзылд. Уыцы уысм айхъуыста цырд къахдзæфты уынæр æмæ федта, зыр-зыргæнгæ йæм кæй балæвæрдтой, уыцы къух.

– Дохтыр Поллианнæйы тыххæй исты бæлвырддæр куы зæгъа, уæд дын æй фехъусын кæндзынæн, – загъта мисс Полли ризгæ хъæлæсæй. – Хæрзбон, бузныг де 'рбацыдæй. Поллианнæ... бацин кæндзæнис.

# 25 СÆР

## ÆНХЪÆЛМÆ КÆСЫНÆЙ ХЪАЗТ

Джон Педелтон Харрингтонты хæдзары уазæгуаты куы уыд, уый фæстæ, дыккаг бон, мисс Полли сфæнд кодта Поллианнæйы дохтыры ’рбацыдмæ бацæттæ кæнын.

– Поллианнæ, мæ зынаргъ, – хъавгæ райдыдта мадыхо, – мæ зæрды ма ис ноджы иу дохтыры ’рбахонын, уадз æмæ дæ фена. Чи зоны, æмæ уыцы дохтыр исты ног уынаффæ рахæсса... цæмæй тагъддæр адзæбæх уай.

Поллианнæйы цæсгом фырцинæй ныррухс ис:

– Дохтыр Чилтоны? Мæ мадыхо Полли, мæн ахæм тынг фæнды, цæмæй нæм дохтыр Чилтон æрбацæуа! Æз æдзухдæр уымæ бæллыдтæн, фæлæ тарстæн, куы не сразы уай – амæй размæ дæ тыргъы кæй федта, уый тыххæй. Хъуыды йæ кæныс? Æз уымæн ницы дзырдтон. Фæлæ мын ныр ахæм æхсызгон у, дæу дæр дохтыр Чилтонмæ фæдзурын кæй бафæндыд, уый!

Мисс Поллийæн йæ цæсгомы хуыз фæцыд, уый фæстæ ныссырх æмæ та ногæй ныффæлурс. Фæлæ куы сдзырдта, уæд бæрæг уыди, сабыр æмæ æнæмæтæй дзурынил кæй архайы:

– Нæ, мæ зынаргъ! Æз дохтыр Чилтоны кой нæ кодтон. Уый ног дохтыр уыдзæн – зындгонд дохтыр Нью-Йоркæй, дæ хуызæн... цæфты тыххæй бирæ чи зоны, ахæм.

Поллианнæйы цæсгомыл дызæрдыгдзинад фæзынд:

– Мæн нæ уырны, дохтыр Чилтонæй фылдæр кæй зоны, уый.

– Рæдийыс, мæ зынаргъ.

– Мæ мадыхо Полли, мистер Пенделтонæн йæ саст къах дзæбæх кодта дохтыр Чилтон! Кæд… кæд ды уый ныхмæ ницы зæгъыс, уæд мæ фæндид, цæмæй нæм дохтыр Чилтон æрбацæуа… æцæг… тынг мæ фæндид!

Мисс Поллийæн йæ цæсгом сырх-сырхид афæлдæхт. Иу минуты бæрц ницы сдзырдта, уый фæстæ загъта рæвдаугæйæ, фæлæ, раздæрау, тызмæггомау æмæ фæндфидарæй:

– Æз разы нæ дæн, Поллианнæ. Æз цыфæндыдæр бакæндзынæн… Мæ зынаргъ, æз дæу тыххæй цыфæндыдæр бакæндзынæн, фæлæ дохтыр Чилтоны æрбахонынмæ нæ хъавын. Æмæ мыл бауæнд, уымæн йæ бон нæу дæ… цæфы тыххæй, райсом Нью-Йоркæй чи ’рбацæудзæн, уыцы зындгонд дохтыр цас æмбары, уыйбæрц зонын.

Поллианнæ уæддæр нæ састи.

– Мæ мадыхо Полли, ды дохтыр Чилтоны куы уарзис…

– Цы? – мадыхо Поллийæн йæ хъæлæс фæкарз, фæлæ та йæ рустæ ныссырх сты.

– Ды дохтыр Чилтоны мæн хуызæн куы уарзис æмæ уыцы иннæ дохтыры куы нæ уарзис, – ныуулæфыд Поллианнæ, – уæд, мæнмæ гæсгæ, дохтыр Чилтоны равзарис.

Уыцы рæстæг уатмæ ’рбацыди рынчынгæс. Мисс Полли рæвдз йæ бынатæй фестад.

– Тынг хъыг мын у, Поллианнæ, – загъта мадыхо тызмæгæй, – фæлæ ацы хатт бар мæнæн раттын бахъæудзæн, цæмæй уынаффæ æз рахæссон, уый тыххæй. Уымæй уæлдай, ныридæгæн алцыдæр лыггонд у: дохтыр райсом Нью-Йоркæй æрцæудзæн.

Фæлæ дыккаг бон нью-йоркаг дохтыр не ’рцыдис. Кæддæр-кæддæр æрбацыд телеграммæ. Уым хъусын кодтой, специ-

алист æнæнхъæлæджы кæй фæрынчын æмæ йын йе ’рцыды æмгъуыд аргъæвын кæй хъæуы. Уымæ гæсгæ, Поллианнæйæн йæ бон уыди лæгъстæ кæнын дарддæр, цæмæй йæ дохтыр Чилтонæй баивой.

Фæлæ мисс Полли, раздæрау, йæ сæр банкъуыста æмæ загъта: «Нæ, мæ зынаргъ», – æмæ тынг фæндфидарæй, фæлæ узæлгæйæ бафтыдта, цыфæнды дæр кæй бакæндзæн, уымæй фæстæмæ, цæмæй йæ зынаргъ Поллианнæ цин кæна.

Æнхъæлмæгæсæн бонтæ кæрæдзи ивтой, æмæ мисс Полли æцæгдæр алцыдæр кодта, цæмæй йæ хæрæфырт хъæлдзæг уа, уый тыххæй.

– Мæн уырнгæ дæр нæ бакодтаид! Ничи мæ бауæндын кодтаид ууыл! – дзырдта иу сæумæрайсом Ненси Зæронд Томæн. – Æвæццæгæн, æнæхъæн бон иу минут дæр ахæм нæ вæййы, æмæ мисс Полли нæ мæгуыр уæрыччы алыварс ма зилдух кæна, цы йын акæна, уымæ ’нхъæлмæ кæсгæйæ, гæдыйы йæм уæддæр бауадза... Афтæмæй къуыри размæ нæдæр Флаффийы, нæдæр Баффийы уатмæ бацæуын ницы хуызы бауагътаид! Ныр та сæ хуыссæныл сæрбихъуырæйттæ кæнын дæр уадзы, æрмæстдæр уый Поллианнæйы зæрдæмæ кæй цæуы, уый тыххæй! Æмæ йын йæ бон æндæр саразын куы ницыуал вæййы, уæд, рудзынгыл цы дзæнхъа дуртæ ауыгъд ис, уыдон дыууæрдæм кæнын райдайы, цæмæй, нæ чызг куыд фæзæгъы, афтæ, «арвæрдынтæ кафой». Æртæ хатты Тимотийы Коббы хъæрмуæттæм дидинджытæм арвыста, æмæ уый, адæм кæй хæссынц, уыдонæй уæлдай. Иу бон та бацыдтæн æмæ уынын: хуыссæны раз бады, рынчынгæс ын йæ дзыккутæ фасы, Поллианнæ та йæм кæсы æмæ хуыссæнæй уынаффæ кæны, йæ цæстытæ фырцинæй ныррухс сты, афтæмæй. Ацы ран дæлдзæх ныххауон, кæд мисс Полли æрвылбон ахæм сæрыфастимæ нæ цæуы, æрмæстдæр цæмæй нæ дзæбæх чызджы зæрдæ балхæна!

Зæронд Том ныххудти.

– Мæнмæ дæр диссаг фæкаст, мисс Поллийæн йæ бакаст, йæ ныхыл цы къæбæлдзгуытæ ис, уыдонимæ 'взæрдæр кæй нæу, – бафиппайдта лæг.

– Кæй зæгъын æй хъæуы, нæу, – дзуапп радта Ненси. – Кæдæй-уæдæй адæймаджы хуызæн сси... Зæгъæн ис, æцæгæйдæр у рæс...

– Дæхи хъахъхъæн, Ненси, – йæ ныхас ын аскъуыдта зæронд лæг хинæйдзаг мидбылхудтимæ. – Æрхъуыды-ма кæн, кæддæр рæсугъд кæй уыди, уый дын куы дзырдтон, уæд мын цы загътай!

Ненси йе уæнгтыл уæлæмæ схæцыд.

– Тынг рæсугъд æй не схондзынæ, æвæццæгæн, фæлæ сæттын, Поллианнæ йын цы лентытæ æмæ 'фцæгготт дарын кæны, уыдонимæ йæ хуыз æцæгæйдæр æндæр у.

– Æз дын дзырдтон, – сразы ис Том, – зæронд кæй нæу, уый дын дзырдтон.

Ненси ныххудти.

– Разы дæн, йæхи йын зæрондæй æвдисын, раздæры хуызæн, нал æнтысы, Поллианнæ куы нæма 'рбацыд, уæд куыд уыдис, афтæ. Байхъус-ма, мистер Том, йæ уарзон та чи уыди? Нæма йæ базыдтон, нæма!

– Нæ базыдтай? – бафарста зæронд лæг, æмæ йæ цæсгом цыдæр æнахуыр сси. – Уæдæ йæ нæ базондзынæ... мæнæй.

– О, мистер Том! Зæгъ-ма мын æй, – зæрдæлхæнæн хъæлæсы уагæй лæгъстæ кодта чызг. – Мæ бон бафæрсын кæй у, ахæмтæ ам бирæ ис, уый куы зоныс.

– Чи зоны, фæлæ уæддæр ис иу, дзуапп дын чи нæ ратдзæнис, ахæм, – бахудти Зæронд Том. Фæлæ æваст йæ цæстыты хинæйдзаг æрттывд æрмынæг ис. – Æмæ куыд у абон та нæ чызг?

Ненси йæ сæр батылдта. Уымæн дæр йæ цæсгом ныттар.

– Куыд уыдис, афтæ, мистер Том. Хорзæй дзы нырма ницы зыны, цы уынæм, уымæ гæсгæ. Хуыссæны хуыссы, фынæй кæны, дзуры, архайы худын æмæ цин кæнын: хур кæй аныгуылы, мæй кæй скæсы, уыдæттыл, стæй æндæр ахæмтыл. Зæрдæ фæйнæрдæм тоны, уымæ кæсгæйæ!

– Æз æй зонын, уый хъазт у... Хуыцау ын арфæ ракæнæд! – йæ сæр разыйы тылд бакодта Зæронд Том, йæ цæстытæ æрцъынд кæнгæйæ.

– Уæдæ дæуæн дæр уыцы хъазты кой кодта?

– О, уый мын æй раджы радзырдта, – зæронд лæг хъусæй фæлæууыд, уый фæстæ дарддæр кодта йæ ныхас. Йæ былтыл мидбылхудт ахъазыд. – Иухатт æз, ахæм зылын æмæ гуыбыр кæй сдæн, уый фæдыл хъуыр-хъуыр кодтон, æмæ куыд æнхъæл дæ, уыцы чызг мын цы загъта?

– Цæмæй йæ зонын? Мæнмæ гæсгæ, уым, цин цæуыл кæнай, ахæм исты зын ссарæн у!

– Уæдæ йæ бон сси! Загъта мын, зæгъгæ, мæ бон цин кæнын у, хуымтæ куы фæрувын, уæд мæ тынг гуыбыр кæнын кæй нæ хъæуы, ууыл, уымæн æмæ æнæуи дæр æмбисмæ гуыбыр дæн.

Ненси æнкъардæй бахудти.

– Уый мæнмæ диссаг нæ кæсы. Поллианнæ кæддæриддæр исты ссардзæнис. Мах йемæ уыцы хъазтæй хъазыдыстæм райдианæй, уымæн æмæ йын, кæимæ хъаза, уый нæ уыди... Фыццаг хъавыди йæ мадыхоимæ хъазын.

– Мисс Поллиимæ?!

Ненси ныххудти.

– Куыд кæсын, афтæмæй, ды не ’хсинæй цы хъуыды кæныс, уый мæ хъуыдыйæ тынг нæ хицæн кæны, – фæрæхуыста зæронды.

Зæронд Том æм тæргайхуызæй бакаст:

– Æз æрмæст ахъуыды кодтон, уый уымæ... æгæр диссаг фæкастаид, – сæрыстырхуызæй загъта зæронд лæг.

– Разы дæн, уыцы заман афтæ уыдаид,– бафиппайдта Ненси. – Фæлæ, мæнмæ гæсгæ, ныр афтæ нæ уаид. Ныр мæ не ’хсинæй цыфæндыдæр бауырндзæн... суанг, йæхæдæг уыцы хъазтæй хъазын кæй райдайдзæн, уый дæр!

– Æмæ йын, ау, чызг ницы загъта? Иу хатт дæр нæ? – бадис кодта Том. – Нæ горæты йæ, æвæццæгæн, алкæмæндæр радзырдта. Алырдыгæй хъусын йæ кой, уæлдайдæр та ныр, фыдбылызы куы бахаудис, уæд.

– Алкæмæндæр, мисс Поллийæ фæстæмæ. Поллианнæ мын раджы загъта, йæ бон ын хъазты тыххæй радзурын нæу, зæгъгæ, уымæн æмæ мадыхойы йæ фыды коймæ хъусын нæ фæнды. Æмæ уый та йæ фыды хъазт уыди, æмæ йæ дзурын куы райдыдтаид, уæд æй йæ кой скæнын бахъуыдаид. Уымæн ын æй никуы загъта, – бамбарын кодта Ненси.

– О, æмбарын æй, æмбарын, – зæронд лæг йæ сæр разыйы тылд бакодта. – Уый уыцы пастормæ ахæм мæсты кодта... Иууылдæр æм мæсты уыдысты, уымæн æмæ мисс Дженнийы йæ фæдыл аласта. Æмæ кæд мисс Полли сæ кæстæр у, уæддæр ын йæ бон уый ныббарын никуы сси. Уый мисс Дженнийы ахæм бирæ уарзта... уыцы заман. О, æмбарын æй, æмбарын. Æгæр стыр маст уыди, – сулæфыд лæг æмæ азылдис.

– О, вæййы афтæ... – ныуулæфыд Ненси дæр, æмæ фæстæмæ хæрæндонмæ араст.

Уыцы æнхъæлмæгæсæн бонтæ æнцон никæмæн уыдысты. Рынчынгæс йæхи хъæлдзæг дарын архайдта, фæлæ йæ цæстæнгасы зынди катай. Джон Уоррен тыхсти. Мисс Полли бирæ нæ дзырдта, фæлæ, суанг йе ’нгас ын фæлмæндæр цы дзыккутæ кодтой æмæ йæ хъуырыл цы æфцæгготы уыдис, уыдонæн дæр сæ бон бамбæхсын нæ уыд, бонæй-бонмæ кæй тайы æмæ фæлурсæй-фæлурсдæр кæй кæны, уый. Поллианнæ та къæбылаимæ хъазыд, гæдыйы зæлдаг хъуын даудта, дидинджытыл цин кодта, кæй йын æрвыстой, уыцы фæт-

къуытæ æмæ вареннæтæ хордта, йе ’нæниздзинады фæдыл йе ’мбæлтты æнæнымæц фæрстытæн, сæ арфæтæн æмæ салæмттæн дзуапп лæвæрдта. Фæлæ бонæй-бонмæ тадис æмæ фæлурсæй-фæлурсдæр кодта. Йæ гыццыл æмæ мæллæг къухты тыхст змæлдæй уæлдай тынгдæр фæбæрæг, раздæры цырд къæхтæ æппындæр кæй нал змæлынц, уый.

Хъазты кой куы кæнæм, уæд Поллианнæ уыцы бонты Ненсийæн дзырдта, ногæй скъоламæ куы ацæуа, миссис Сноуы куы бабæрæг кæна, мистер Пенделтонмæ куы базгъора æмæ дохтыр Чилтонимæ тезгъо кæнынмæ куы ацæуа, уæд куыд цин кæндзæн... Афтæ зынди, цыма уыцы циндзинæдтæ ныр нæ, фæлæ фидæны кæй уыдзысты, уый не ’мбары. Фæлæ Ненси уый æмбæрста, æмæ-иу арæх иунæгæй куыдта.

# 26 СÆР

## ГОМ ДУАР

Дохтыр Мид, зындгонд нью-йоркаг специалист, фæзынд къуырийы фæстæ. Уый уыдис бæрзонд æмæ бæзæрхыг нæлгоймаг, хæларзæрдæ цъæх цæстытимæ æмæ хъæлдзæг мидбылхудтимæ. Поллианнæйы зæрдæмæ уайтагъд фæцыд æмæ йын æй загъта. Уæзданæй ма ноджы бафтыдта:

– Мæ дохтыры хуызæн тынг дæ.

– Дæ дохтыры? – дохтыр Мид дисхуызæй дохтыр Уорренмæ бакаст. Уый цалдæр санчъехы дарддæр рынчынгæсимæ ныхас кодта. Дохтыр Уоррен асæй уыди ныллæг, сау цæстытæ æмæ сау цыргъ боцъоимæ.

– О, уый мæ дохтыр у, – бахудти Поллианнæ, йæ хъуыды йын бамбаргæйæ. – Дохтыр Уоррен мæ мадыхо Поллийы дохтыр у, мæнæн та – дохтыр Чилтон.

– О-о! – загъта дохтыр Мид цыдæр æнахуыр хъæлæсы уагæй. Йæ цæстытæ мисс Поллийыл афæстиат сты. Уый иучысыл фæсырх æмæ иннæрдæм азылди.

– О, – Поллианнæ фæдызæрдыг ис, фæлæ, æнæуи куыд æнæхин уыд, афтæмæй дзырдта дарддæр: – Æмбарыс, мæн æдзухдæр фæндыд, цæмæй мæм дохтыр Чилтон æрбацæуа, фæлæ мæ мадыхо Полли дæу равзæрста. Афтæ загъта, ды дохтыр

Чилтонæй фылдæр кæй зоныс… мæ саст къæхты тыххæй. Æмæ, æнæмæнг, кæд уый æцæг у, уæд мæ бон ууыл цин кæнын у. Афтæ нæу?

Дохтыр Миды цæсгомыл иу уысммæ, Поллианнæйæн йæ бон раиртасын кæй нæ уыд, ахæм æнгас фæзынд.

– Махæн дзуапп æрмæстдæр рæстæг ратдзæн, – загъта дохтыр фæлмæнæй æмæ сагъæсхуызæй дохтыр Уоррены ’рдæм разылд; уый та уыцы рæстæг хуыссæны цурмæ бацыди.

Фæстагмæ се ’ппæтдæр азымджын кодтой гæдыйы. Флаффи йæ налат къах æмæ йæ къæйных фындзæй дуар куы нæ ассыдтаид, уæд нæ байгом уыдаид æмæ Поллианнæ йæ мадыхойы ныхæстæ нæ фехъуыстаид.

Дохтыртæ, рынчынгæс æмæ мисс Полли тыргъы ныхас кодтой. Куыддæр Флаффи Поллианнæйы хуыссæнмæ багæпп ласта æмæ цингæнгæ «мяу», зæгъгæ, ныккодта, афтæ æвиппайды мисс Поллийы удаист хъæр райхъуыст:

– Нæ! Дохтыр, æрмæстдæр уый нæ! Афтæ зæгъынмæ хъавыс, æмæ чызг… йæ къахыл никуыуал слæудзæн?!

Æмæ бæстæ схъомпал ис. Раздæр уатæй, Поллианнæ фыртæссæй куыд ныхъхъæр кодта, уый фехъуысти: «Мæ мадыхо Полли, мæ мадыхо Полли!» Мисс Полли дуар гомæй куы ауыдта æмæ йын чызг йæ ныхæстæ фехъуыста, уый куы бамбæрста, уæд ныхъхъæрзыдта æмæ йæ царды фыццаг хатт йæ зæрдæ бахъарм ис. Рынчынгæс удаист хъæлæсæй фæхъæр кодта: «Фехъуыста йæ!» – æмæ, чиугæ, гом дуары ’рдæм азгъордта. Дохтыртæ дыууæйæ дæр мисс Поллиимæ баззадысты. Дохтыр Мидæн йæ бон йæ бынатæй фезмæлын дæр нал уыд – мисс Полли куы ’рцæйхаудис, уæд æй рацахста, дохтыр Уоррен та рохстхуызæй лæууыди йæ разы. Поллианнæ та ногæй йæ хъæлæсыдзаг куы ныхъхъæр кодта æмæ рынчынгæс дуар куы ахгæдта, уæд дохтыртæ ныфссастæй кæрæд-

зимæ бакастысты, æмæ, æппæты фыццаг бакæнын цы хъуыд, уый федтой – дохтыр Миды хъæбысы цы æнамонд сылгоймаг уыд, уый æрчъицын кодтой.

Уыцы рæстæг рынчынгæс Поллианнæйы хуыссæны фæныкхуыз гæдыйы ауыдта. Уый хъырныдта æмæ бынтон дзæгъæлы архайдта, мардау чи ныффæлурс æмæ йæ цæстæнгас æррайы хуызæн кæмæн сси, уыцы чызджы ’ргом йæхимæ раздахын.

– Мисс Хант, дæ хорзæхæй, мæ мадыхо Поллимæ ма фæдзур. Хъæугæ мæ кæны. Рæвдздæр, рæвдздæр!

Рынчынгæс дуар сæхгæдта æмæ цырд хуыссæны размæ бауади. Уымæн дæр йæ цæсгомыл туджы цъыртт нал баззад.

– Йæ... йæ бон нæу гъертæккæ ’рбацæуын, мæ чызг. Фæстæдæр æрбацæудзæн. Цы хабар у? Мæнæн дын мæ бон нæу... баххуыс кæнын?

Поллианнæ йæ сæр ныттылдта.

– Нæу. Æрдæбон цы загъта, уый базонын мæ фæнды! Фехъуыстай йæ? Мæн хъæуы мæ мадыхо Полли... уый цыдæр загъта. Мæн фæнды, цæмæй мын зæгъа, уый æцæг кæй нæу, æцæг кæй нæу!

Рынчынгæс сдзурынмæ хъавыд, фæлæ дзырдтæ не ссардта. Йе ’нгасæй йын Поллианнæ ноджы тынгдæр фæтарст.

– Мисс Хант, цы загъта, уый фехъуыстай? Уый æцæг у? О, уый æцæг нæу! Ау, мæ бон цæуын никуыуал суыдзæн?

– Цæй-ма, мæ чызг... нæ хъæуы, нæ хъæуы, – тыхæй йæхицæй ралæмæрста рынчынгæс. – Гæнæн ис, æмæ йæ уый нæ зоны. Чи зоны, фæрæдыд. Алцыдæр вæййы...

– Мæ мадыхо Полли афтæ дзырдта, уый йæ кæй зоны! Уый дзырдта, зæгъгæ, кæмæйфæндыдæр фылдæр кæй зоны мæ хуызæн саст къæхты тыххæй!

– О, о, мæ чызг, зонын æй. Фæлæ дохтыртæ дæр иуæй-иухатт фæрæдийынц. Æрмæст... ууыл ныр ма хъуыды кæн, мæ чызг.

Поллианнæ, агъуыдау, йæ къухтæ стылдта.

– Мæ бон нæу нæ хъуыды кæнын, – ныккуыдта чызг. – Ныр æрмæстдæр ууыл хъуыды кæндзынæн! Мисс Хант, куыд ацæудзынæн скъоламæ кæнæ мистер Пенделтонмæ, кæнæ миссис Сноумæ, кæнæ... кæнæ ’ндæр искуыдæм? – Тыхулæфтгæнгæ, удаистæй куыдта. Уалынмæ фенцади. Уый фæстæ йæ сæр хæрдмæ систа, æмæ, рынчынгæсмæ куы бакаст, уæд йæ цæстыты цыдæр æндæр тас ссыгъди. – Мисс Хант, мæ бон цæуын куы нал суа, уæд ма цин цæуыл кæндзынæн?

Мисс Хант хъазты тыххæй ницы фехъуыста, фæлæ фидарæй зыдта, рынчыны басабыр кæнын кæй хъæуы, уый. Кæд йæхиуыл дæр катай бахæцыд æмæ йæ ныфс асасти, уæддæр йæ къухтæ не ’руагъта. Ныр хуыссæны раз лæууыд, сабыргæнæн хостæ цæттæйæ даргæйæ.

– Цæй-ма, мæ чызг, адон уал бануаз, – лæгъстæ кодта рынчынгæс, – гыццылгай æрсабыр уыдзыстæм æмæ фендзыстæм, цы саразæн ис, уый. Арæх хъуыддаг, райдианы куыд фæкæсы, афтæ ’взæр нæ вæййы, куы йæ зоныс, мæ чызг.

Поллианнæ коммæгæсæй хос райста æмæ йæ, агуывзæйы йæм мисс Хант цы дон балæвæрдта, уыимæ аныхъуырдта.

– Зонын æй. Мæ фыд дæр-иу афтæ дзырдта, – загъта чызг цæссыгкалгæйæ. – Уый-иу дзырдта, зæгъгæ, ахæм æвзæр ницы ис, цæмæй уымæй æвзæрдæр мацы уа. Фæлæ йын, мæнмæ гæсгæ, никуы загътой, йæ бон цæуын кæй нал суыдзæн, уый. Æмæ йæ æз нæ зонын, уымæй æвзæрдæр ма цы хъуамæ уа... Ды та?

Мисс Хант дзуапп нæ радта. Не ’ууæндыд йæ хъæлæсыл.

# 27 СÆР

## УАЗÆГУАТЫ

Дохтыр Мидцы хатдзæгмæ ’рцыди, уый Джон Пенделтонæн зæгъынмæ арвыстой Ненсийы. Мисс Поллийæ нæ ферох ис йæ зæрдæвæрд, фæлæ йæхимæ цæуынæн кæнæ писмо фыссынæн хъару нæй, уый æмбæрста, æмæ уый кой кæнæн дæр нæ уыд. Æмæ йæм уæд ахæм хъуыды фæзынди: Ненсийы арвитын.

Ахæм заман уыдис, æмæ Ненси диссаджы цин ныккодтаид, «сусæг хæдзар» æмæ йæ хицауы фенынæн ын фадат куы фæуыдаид, уæд. Фæлæ ныр йæ зæрдæ æгæр тынг рысти, стæй ахæм уавæры цин цæуыл кодтаид. Йæ алыварс цы хæдзары дзаума уыд, уыдоныл уæлæнгай йæ цæст ахаста, хæдзары хицаумæ ’нхъæлмæ кæсгæйæ.

– Æз Ненси дæн, сэр, – æфсæрмыгæнгæ загъта чызг. Хæдзары хицау уатмæ куы ’рбахызт, уæд ын йæ дисхуыз æмæ фæрсгæ кастæн дзуапп ратта. – Мисс Харрингтон мæ ’рбарвыста, цæмæй дын… Поллианнæ цы уавæры ис, уый фехъусын кæнон.

– Æмæ?

Кæд фарст цыбыр уыди, уæддæр Ненси хорз бамбæрста, уыцы «æмæ»-йы цас мæт æмбæхст ис, уый.

– Æвзæр, мистер Пенделтон.

– Афтæ зæгъынмæ хъавыс... – фæкъуыхцы ис, æмæ Ненси æнкъардæй йæ сæр дæлæмæ 'руагъта.

– О, сэр. Дохтыр афтæ зæгъы, йæ бон цæуын кæй нал суыдзæн... никуы.

Минуты бæрц уаты сыбыртт нæ райхъуысти. Уый фæстæ нæлгоймаг сдзырдта, фыртыхстæй йæ хъæлæс зыр-зыр кодта:

– Мæгуыр чызг! Мæгуыр чызг!..

Ненси йæм бакаст, фæлæ уайтагъд йæ цæстытæ азылдта. Мæстыгæр, тызмæг æмæ карз Джон Педелтонæн ахæм хуыз уа, уымæн æнхъæл дæр нæ уыд. Чысыл фæстæдæр нæлгоймаг ногæй райдыдта дзурын, тынг сабырæй, раздæрау, ризгæ хъæлæсæй:

– Уый стыр бæллæх у... хуры рухсмæ макуыуал акаф! Мæ мæгуыр арвæрдыны чызг!

Æмæ та иуцасдæр сыбыртт нал райхъуысти. Уый фæстæ мистер Пенделтон бафарста:

– Йæхæдæг, кæй зæгъын æй хъæуы, ницыма зоны?

– Охх, зоны, сэр, – ныккуыдта Ненси, – æмæ уымæй ноджы зындæр у. Базыдта йæ! Дæлдзæх фæуæд уыцы гæды! Бахатыр кæн, схауди мæ, – æфсæрмхуызæй загъта чызг. – Гæды дуар батъæпп ласта, æмæ сын Поллианнæ сæ ныхæстæ фехъуыста. Афтæмæй йæ базыдта...

– Мæгуыр чызг! – ногæй ныуулæфыд нæлгоймаг.

– О, сэр. Куы йæ фенис, уæд æндæр ницы зæгъис, – дарддæр дзырдта Ненси, кæугæйæ. – Куы йæ базыдта, уæдæй нырмæ йæ дыууæ хатты йеддæмæ нæма федтон, фæлæ мæ зæрдæ фæйнæрдæм рæдывта, уымæ кæсгæйæ. Нырма ацы фыдбылызæн нæма ныффæрæзта æмæ æдзух фæхъуыды кæны, йæ бон бакæнын цы нал суыдзæн, ууыл... ныр! Стæй маст кæны, йæ бон цин кæнын кæй нал суыдзæн... Фæлæ ды, æвæццæгæн, хъазты тыххæй ницы зоныс? – бафтыдта Ненси хатыркурæг хъæлæсы уагæй.

– Циндзинадæй хъазыны тыххæй? – бафарста нæлгоймаг. – О, дзырдта мын æй.

– А-а, дзырдта! Алкæмæн дæр æй радзырдта, мæнмæ гæсгæ, стæмтæй фæстæмæ. Фæлæ дзы ныр йæхи бон хъазын нал у, æмæ йæ уый мары. Афтæ зæгъы, йæ бон цæуын кæй нал суыдзæн, уым, цин кæнæн цæуыл ис, ахæмæй æппындæр ницы уыны, зæгъгæ.

– Æмæ цæуыл цин кæна?

Ненси бынтон ныкъкъæмдзæстыг.

– Мæнмæ дæр афтæ фæкаст. Фæлæ æмбарыс, уый фæстæ ахъуыды кодтон: цин кæнæн цæуыл ис, ахæм исты куы ссарид, уæд ын æнцондæр уаид. Æмæ йын уæд йæ зæрдыл æрлæууын кæнын бафæлвæрдтон.

– Йæ зæрдыл æрлæууын кæнын? Цы? – Джон Пенделтоны хъæлæсы, раздæрау, зæлыдисты хъыг æмæ маст.

– Иннæты уыцы хъазтæй куыд хъазын кодта, уый – миссис Сноуы æмæ 'ндæрты, – стæй-иу сын цы дзырдта, уыдæттæ. Фæлæ мæ гыццыл уæрыкк æрмæстдæр кæуы æмæ дзуры, зæгъгæ, уыдæттæ иу кæй не сты… Афтæ зæгъы, ома, сдзæбæхгæнæн кæмæн нæй, ахæм цæнкуылæн, цин кæнын куыд хъæуы, уый дзурын æнцон у; фæлæ, ахæм цæнкуыл дæхæдæг куы уай, уæд искæй уынаффæтæм хъусын та æндæр хъуыддаг у. Иннæтæ йæ уавæры кæй не сты, ууыл куыд тынг цин кæны, уый æдзух йæхинымæр дзуры, фæлæ йæ цал хатты фæзæгъы, уал хатты æрмæст, йæ къахыл кæй нал слæудзæн, ууыл ахъуыды кæны.

Ненси ныхъхъус, фæлæ Джон Пенделтон ницы сдзырдта. Сбадти æмæ йæ цæстытæ йæ къухæй сæхгæдта.

– Уæд та йын загътон, раздæр æдзух афтæ кæй дзырдта, хъазын цас зындæр у, уыйас цымыдисагдæр, зæгъгæ, – мынæг хъæлæсæй дзырдта дарддæр Ненси. – Фæлæ афтæ зæгъы, æцæгдæр зын куы уа, уæд уый дæр æндæрхуызон кæй разыны… Цæй, мæнæн цæуын афон у, сэр…


Бонæй-бон тади æмæ фæлурсæй-фæлурсдæр кодта. Йæ гыццыл æмæ мæллæг къухты тыхст змæлдæй уæлдай тынгдæр фæбæрæг, раздæры цырд къæхтæ ныр æппындæр кæй нал змæлынц, уый.
– Нæ! Дохтыр, æрмæстдæр уый нæ! Афтæ зæгъынмæ хъавыс, æмæ чызг… йæ къахыл никуыуал слæудзæн?!
– Дуар æхгæд куы уыдаид, уæд Поллианнæ мадыхойы ныхæстæ неæ фехъуыстаид…

Дуары раз исдуг афæстиат, стæй разылдис æмæ æнæуæндонæй бафарста:

– Поллианнæйæн афтæ зæгъæн нæй... Джимми Бины ногæй кæй федтай? Æвæццæгæн, ис, сэр?

– Ау, куыд ис, куы нæ йæ федтон, уæд? – дзуапп радта нæлгоймаг мæстыйæ. – Æмæ цы хабар у?

– Ницы, сэр, æрмæст... хъуыддаг уый мидæг ис... дæумæ ма йын æй иу хатт æрбакæнын кæй нæ бантысти, ууыл дæр тынг хъынцъым кæны. Афтæ зæгъы, иу хатт дæм уыдысты, зæгъгæ. Фæлæ йæм афтæ кæсы, цыма уыцы бон Джимми йæхи дзæбæх нæ равдыста æмæ тæрсы, ды афтæ куы ахъуыды кæнай, цыма дзы хорз «сывæллон» нæ рауайдзæн. Ды йæ зоныс, цы зæгъынмæ хъавыдис, уый, фæлæ йæ æз нæ зонын, сэр.

– О, зонын æй.

– Уæдæ хорз, сэр. Уый фæндыд, ногæй дæм æй куы ’рбакæнид, цæмæй дæ бауæндын кæна, цы диссаджы «саби» дзы рауайдзæн... Фæлæ ныр йæ бон нæу! Дæлдзæх ныххауæд уыцы хæдтулгæ! Бахатыр кæн, сэр. Хæрзбон! – Æмæ Ненси рæвдз рацыди.

Бирæ рæстæг нæ бахъуыд, цæмæй Белдингсвиллы иууылдæр, нью-йоркаг специалист цавæр хатдзæгмæ ’рцыди, уый базоной. Дохтыры хъуыдымæ гæсгæ, Поллианнæ Уиттиерæн йæ къахыл слæууæн нал уыд. Æмæ горæт ахæм тыхст никуы уыдис. Алчидæр зыдта, алкæмæн-иу мидбылхудгæ салам чи лæвæрдта, уыцы хъæлдзæг чызджы цæсгом. Алчидæр ын фехъуыста йæ хъазты кой. Æмæ ныр уыцы худгæ цæсгом горæты уынгты никуыуал фендзысты, уыцы хъæлдзæг хъæлæс æрвылбоны царды цин никуыуал расиддзæн! Уый стыр диссаг уыдаид, уæвæн кæмæн нæй, ахæм хъуыддаг, æвирхъау хабар.

Хæрæндæтты, фысымуæтты – алы ран дæр сылгоймæгтæ Поллианнæйы кой кодтой æмæ ’ргомæй куыдтой. Уынгты

тигътыл æмæ чысыл дуканиты йæ кой кодтой нæлгоймæгтæ дæр. Æмæ уыдон дæр куыдтой, кæд афтæ ’ргомæй нæ, уæддæр. Уалынмæ Ненси горæты ног æнкъард хабар айхъуысын кодта: фыдбылызы фæстæ Поллианнæ æппæты фылдæр маст кæны, йæ бон хъазын кæй нал суыдзæн, ууыл, уымæн æмæ ныр йæ бон цин кæнын нал у.

Æвæццæгæн, раст уыцы рæстæг Поллианнæйы ’рдхæрдтæ иууылдæр иу хъуыдымæ ’рцыдысты æмæ, зæгъæн ис, уый хæдфæстæ мисс Поллийы хæдзармæ, йе стыр дисæн, кæрæдзи фæдыл уазджытæ цæуын райдыдтой: зонгæтæ æмæ æнæзонгæтæ, нæлгоймæгтæ, сылгоймæгтæ æмæ сывæллæттæ. Уыцы адæм ын иууылдæр йæ хæрæфыртты кæй зонынц, мисс Полли уый æнхъæл нæ уыди.

Иутæ-иу æрбацыдысты æмæ-иу фырнымд хуызæй фондз кæнæ дæс минуты бæрц уазджыты уаты абадтысты. Иннæтæ-иу æфсæрмхуызæй æмæ æнæуæндонæй тыргъы ’рлæууыдысты, сæ худтæ кæнæ сæ хызынтæ сæ къухты ’ууæрдгæйæ – нæлгоймæгтæ æви сылгоймæгтæ уыдысты, уымæ гæсгæ. Чидæртæ-иу чингуытæ, дидинджытæ кæнæ адджингтæ ’рбахастой. Иутæ-иу æргомæй куыдтой, иннæтæ-иу азылдысты æмæ-иу сæ цæстытæ асæрфтой. Фæлæ иууылдæр тыхстхуызæй, чызг йæхи куыд æнкъары, уымæй фарстой, æмæ йын алкæй дæр фæндыди исты ныфс раттын.

Æппæты фыццаг æрбацыди мистер Пенделтон. Ацы хатт уыдис æнæ æнцойгæнæн лæдзджытæй.

– Æвæццæгæн, куыд тынг фæтарстæн, уый дæуæн æнæмæнг зæгъинаг нæу, – райдыдта нæлгоймаг карзæй. – Фæлæ, ау, ницы ис саразæн?

Мисс Поллийæн йæ къухы змæлдæй бæрæг уыд, йæ ныфс бынтон кæй асасти, уый.

– Мах æдзухдæр исты аразæм. Дохтыр Мид хостæ рафыста, стæй пайда цы мадзæлттæ ’рхæсдзысты, уыдон... Æмæ

йын дохтыр Уоррен йæ амындтытæ иууылдæр æххæст кæны. Фæлæ… дохтыр Мид ницы ныфс æвæры.

Джон Пенделтон дуары ’рдæм цæхгæр фæзылд, кæд нырма чысыл раздæр æрбацыдис, уæддæр. Йæ цæсгом ныффæлурс, йæ былты кæрæтты тызмæг æнцъылдтæ фæзынд. Мисс Полли йæм куы бакасти, уæд бамбæрста, йæ бон йæ разы лæууын цæуылнæ уыдис, уый. Къæсæры раз цæхгæр фæлæууыд æмæ разылди.

– Курын дæ, æмæ Поллианнæйæн иу ныхас зæгъ. Дæ хорзæхæй, зæгъ ын-иу, Джимми Бины кæй федтон… æмæ йæ ныр мæхимæ кæй райсдзынæн. Зæгъ ын-иу æнæмæнг. Мæнмæ гæсгæ, мæхимæ йæ хъомыл кæнынмæ райстон, уый куы базона, уæд тынг бацин кæндзæн.

Мисс Поллийæн фырдисæй йæ дзыхы ныхас дæр нал бадти.

– Ды… хъомыл кæнынмæ райстай… Джимми Бины?!

Мистер Пенделтон йæ роцъойыл хæрдмæ схæцыди.

– О. Мæнмæ гæсгæ, Поллианнæ алцыдæр бамбардзæн. Зæгъдзынæ йын? Мæнмæ гæсгæ, цин кæндзæни.

– Æнæмæнг, – загъта мисс Полли мынæг хъæлæсæй.

– Бузныг. – Лæг йæ сæрæй акуывта æмæ ацыд.

Мисс Полли æнæзмæлгæ лæууыди уаты астæу. Кæсгæйæ баззади нæлгоймаджы фæдыл. Суанг ныр дæр нæма бауæндыд, цы фехъуыста, уый. Джон Пенделтон хъомыл кæнынмæ исы Джимми Бины! Хъæздыг, сæрибар æмæ æхгæдзæрдæ Джон Пенделтон! Алцы æмæ алкæй дæлдзиныг чи кодта, уый хъомыл кæнынмæ исы лæппуйы, æмæ уымæй дæр ахæм лæппуйы!

Мисс Полли рохстæй асинтыл Поллианнæйы уатмæ ссыди.

– Поллианнæ, мистер Пенделтон мын лæгъстæ кодта, цæмæй дын иу цыдæр фехъусын кæнон. Æрдæбон ам уыдис æмæ загъта, Джимми Бины хъомыл кæнынмæ кæй исы. Йæ зæрдæ дары, куы йæ базонай, уæд кæй бацин кæндзынæ.

Поллианнæйы æнкъард цæсгом уайтагъд фырцинæй ныррухс ис:

– Цин? Æз, æнæмæнг, тынг цин кæнын! О, мæ мадыхо Полли, мæн Джиммийæн хæдзар ссарын афтæ тынг фæндыдис! Æмæ уый та диссаджы хæдзар у! Стæй мистер Пенделтоныл дæр тынг цин кæнын. Æмбарыс, ныр «сабийы ад» базондзæн!

– Цы?

Поллианнæйы уадултæ сырх адардтой. Ферох æй, мистер Пенделтон дзы йæхицæн чызг зæгъынмæ кæй хъавыд, уый йæ мадыхойæн кæй никуы загъта. Æмæ йæ ныр, кæй зæгъын æй хъæуы, басæттын нæ фæндыд, искуы йæ зынаргъ мадыхо Поллийы ныууадзынил иу минут дæр кæй ахъуыды кодта!

– Сабийы ад, – тагъдгомау загъта чызг. – Мистер Пенделтон мын иухатт афтæ загъта, æцæг хæдзар æрмæст сылгоймаджы къух æмæ зæрдæйы кæнæ сабийы фæрцы сырæзы, зæгъгæ. Ныр та йын ис... сывæллон.

– О, æмбарын æй, – дзуапп радта мисс Полли тынг фæлмæнæй. Æмæ æцæгдæр, Поллианнæ куыд æнхъæл уыд, уымæй алцыдæр бирæ хуыздæр æмбæрста. Джон Пенделтон уазал æмæ егъау фæныкхуыз дурты кæрийæ æцæг хæдзар саразыны тыххæй Поллианнæйæ «сабийы ад» куы 'рцагуырдта, уæд чызгæн уынаффæ рахæссын цас зын уыди, уый хорз æмбæрста. – Æз æй æмбарын, – ногæй та загъта сылгоймаг, йæ цæстытæ йын цæссыгтæ судзын кæй райдыдтой, уый бамбаргæйæ.

Мадыхо ма æндæр исты фæрстытæ кæй ратдзæн, уымæй тæрсгæйæ, Поллианнæ ныхас мистер Пенделтонæй æндæрырдæм аздæхта.

– Дохтыр Чилтон дæр афтæ зæгъы – цæмæй хæдзар уа, уый тыххæй хъæуынц сылгоймаджы къух æмæ зæрдæ кæнæ сабийы ад.

Мисс Полли фестъæлфыд æмæ азылдис.

– Дохтыр Чилтон? Цæмæй йæ зоныс?

– Йæхæдæг мын загъта. Уый уыдис, афтид уæтты цæмæн

цæры, уый мын куы дзырдта, уæд... ома, хæдзары нæ, уымæн æмæ уый хæдзар нæу.

Мисс Полли дзуапп нæ радта. Йæ цæстæнгæс рудзынджы æдде адзæгъæл ис.

– Æмæ йæ æз бафарстон, цæуылнæ сæ ссардта... ома, сылгоймаджы къух æмæ зæрдæ, цæмæй йын хæдзар уа, уый тыххæй.

– Поллианнæ! – Мисс Полли цæхгæр фæзылдис. Йæ рустæ æваст ныссырх сты.

– О, бафарстон æй. Тынг... тынг æнкъард хуыз ын уыди.

– Æмæ... цы загъта? – бафарста мисс Полли, цыма йæ уыцы фарст раттын йæ зæрдæйы мидæг цы тых нæ уагъта, уымæ хæцыд, уыйау.

– Ныхъхъус ис, фælæ уый фæстæ загъта тынг сабырæй, иуæй-иухатт, куы сæ ракурай, уæддæр сæ ссарæн нæ вæййы, зæгъгæ.

Иуцасдæр ницы дзырдтой. Мисс Поллийы рудзынджы ’рдæм касти. Йæ рустæ нырма дæр уыдысты æнахуыр сырх.

Поллианнæ ныуулæфыди:

– Кæддæр æй сылгоймаджы къух æмæ зæрдæ ссарын фæнды, æз æй зонын. Æмæ сæ куы ссарид, уæд æз тынг цин кæнин.

– Поллианнæ, цæмæй йæ зоныс?

– Зонын æй, уымæн æмæ ма уый фæстæ, иннæ хатт, ноджы иуцыдæр загъта. Тынг сабырæй йæ загъта, фæлæ йæ æз фехъуыстон. Уый загъта, зæгъгæ, æгас дуне дæр раттид, цæмæй иу сылгоймаджы къух æмæ зæрдæ ссара... Мæ мадыхо Полли, цы ’рцыд? – Мисс Полли æваст фестадис æмæ рудзынджы размæ бацыд.

– Ницы, мæ зынаргъ. Мæнæ мæ ацы дур иуырдæм акæнын фæнды, – загъта уый. Ныр йæ цæсгом иууылдæр сырх-сырхид афæлдæхт.

# 28 СÆР

## ХЪАЗТ ÆМÆ ЙÆ АРХАЙДЖЫТÆ

Мистер Пенделтон дыккаг цыд куы ’рбакодта, уымæй бирæ рæстæг нæма рацыд, афтæ Харрингтонты хæдзармæ ’рбацыди Милли Сноу. Раздæр сæм никуыма уыди. Мисс Полли уазджыты уатмæ куы ’рцыд, уæд чызг йæ бынатæй фестад æмæ фырæфсæрмæй асырх ис.

– *Æз*… Æз æрбацыдтæн, Поллианнæ куыд у, уый базонынмæ, – къуыхцытæгæнгæ сдзырдта Милли.

– Бузныг де ’рхъуыдыйæ. Йæ уавæр нæ аивта. Дæ мад та куыд у? – бафарста мисс Полли.

– *Æз* дæр дын уый зæгъынмæ хъавыдтæн… æмæ дæ курын, цæмæй йæ Поллианнæйæн фехъусын кæнай, – тагъд-тагъд дзырдта чызг. – Уый ахæм æвирхъау… гыццыл чызгæн йæ бон цæуын кæй нал суыдзæн, уый тынг æвирхъау хабар у. Æмæ уый махæн… ома, мæ мадæн кæй бакодта, уыдæтты фæстæ. Хъазтæй йæ хъазын сахуыр кодта… стæй æнæуи дæр. Æмæ ныр, йæхи бон хъазын кæй нал у, уый куы фехъуыстам… Мæгуырæг! Ахæм фыдбылыз ыл куыд æрцыди, уый не ’мбарын… Фæлæ нын цы дзырдта, уыдон иууылдæр нæ зæрдыл куы ’рлæууыдысты, уæд мах ахъуыды кодтам: цас хæрзтæ нын сарæзта, уый куы базонид, уæд, чи зоны, йæхицæн дæр

фенцондæр уаид… ома, йæхи уавæры… хъазын, ома. Уæд йæ бон иучысыл уæддæр уаид… цин кæнын, – Чызг фæхъус, цыма, мисс Полли кæд сдзурдзæн, уымæ ’нхъæлмæ касти, уыйау.

Мисс Полли æнцад бадтис æмæ йæм хъуыста, йæ цæстæнгасы зынди фарст. Цы фехъуыста, уыдонæн се ’мбисæй фылдæр нæ бамбæрста, æмæ хъуыды кодта: Милли Сноу æм алкæддæр цыдæр æнахуыр касти, фæлæ сæрцух кæй у, уый æнхъæл нæ уыд. Æндæр ма уæдæ куыд бамбарæн уыд уыцы æнæрхъуыды æмæ æнæзонд ныхæстæн. Дзæвгар рæстæг хъыпп-сыпп куы нæ райхъуыст, уæд сабырæй загъта:

– Милли, дзæбæх дæ нæ бамбæрстон, мæнмæ гæсгæ. Мæ хæрæфыртæн мын бæлвырд цы зæгъынмæ хъавыс?

– Мæн фæнды, цæмæй йын зæгъай, – тæвдæй ацахаста чызг ныхас, – цæмæй йын, цы нын сарæзта, уый бамбарын кæнай. Уый æнæмæнг зоны цыдæртæ, уымæн æмæ-иу нæм уыдис, æмæ, мамæ куыд аивта, уый федта. Фæлæ мæн фæнды, цæмæй йæ зона, мамæ куыд тынг аивта… стæй æз дæр. Æз дæр ныр бынтон æндæрхуызон сдæн. Æз дæр фæлварын хъазын… иучысыл.

Мисс Полли йе ’рфгуытæ нылхынцъ кодта. Бафæрсынмæ хъавыд Миллийы, хъазты кой кæнгæйæ, цы зæгъынмæ хъавыд, уымæй, фæлæ йын нæ бантысти, уымæн æмæ та чызг ногæй тыхстхуызæй дзурын райдыдта:

– Куы йæ зоныс, мамæ алцæмæйдæр хъаст кæй кодта, уый. Алыхаттдæр æй фæндыди, цæмæй алцыдæр, цыхуызæн у, ахæм ма уа. Æмæ раст куы зæгъон, уæд æй нæ зонын, йæ уавæры йæ уый тыххæй аххосджын кæнын хъæуы æви нæ. Фæлæ мæ ныр рудзынджы ’мбæрзæнтæ иуварс акæнын дæр уадзы, алцæмæ цымыдис кæны: йæ бакаст куыд у, цавæр æхсæвхуыссæн хæдæттæ йын ис… Суанг ма иучысыл бийын дæр райдыдта – сывæллоны худтæ æмæ хъæццултæ – уæйæн, стæй рынчындонæн. Æмæ уый йæ зæрдæмæ афтæ тынг фæцыд, стæй ахæм

цин кæны, йæ бон кæй у, ууыл! Æмæ алцыдæр Поллианнæйы фæрцы! Уымæн æмæ мамæйæн афтæ загъта,  æнæниз къухтæ йын кæй ис, ууыл йæ бон цин кæнын у, зæгъгæ. Æмæ уый фæстæ мамæ ахъуыды кодта, раздæр йæ къухтæй исты цæуылнæ куыста, зæгъгæ. Æмæ уæд бийын райдыдта. Куы йæ зонис, ныр йæ уат уыцы æрвгъуыз, сырх æмæ бур къуыбылæйттимæ, стæй рудзынгыл, Поллианнæ йын кæй балæвар кодта, уыцы дзæнхъа дуртимæ куыд тынг аивта, уый… Йæ уатмæ йын æнæуи куы бакæсай, уæддæр дзы зæрдæ барухс вæййы, раздæр та йæм бацæуын дæр нæ уæндыдтæн, уымæн æмæ талынг æмæ хъуынтъыз уыди, æмæ мамæ ахæм… æнамонд уыди… Нæ дыууæйы дæр фæнды, цæмæй Поллианнæйæн зæгъай, хæсджын дзы кæй стæм, уый. Дæ хорзæхæй, зæгъ ын-иу, йемæ кæй базонгæ стæм, ууыл тынг кæй цин кæнæм. Мах ахъуыды кодтам: чи зоны, куы йæ базона, уæд иучысыл фæхъæлдзæгдæр уыдзæн æмæ, немæ кæй базонгæ ис, ууыл бацин кæндзæн… Æмæ… æндæр ницы, – ныуулæфыд Милли æмæ цæуынæввонг рæвдз фестадис. – Зæгъдзынæ йын?

– Æнæмæнг, кæй зæгъын æй хъæуы, – дзуапп радта мисс Полли. Йæхимидæг та фарста йæхи, цымæ уыцы диссаджы раныхасæй цас бахъуыды кодта, цæмæй йын æй  радзурын бантыса.

Джон Пенделтон æмæ Милли Сноу фыццæгтæ уыдысты. Сæ фæстæ ма бирæтæ ’рбацыдысты. Æмæ алчидæр лæгъстæ кодта, цæмæй Поллианнæйæн сæ зæгъинæгтæ фехъусын кæной. Уыцы ныстуантæ ахæм æнахуыр уыдысты, æмæ мисс Полли тынгæй тынгдæр дисы ’фтыди.

Иу бон фæзынди миссис Бентон, идæдз сылгоймаг. Мисс Полли йын йæ кой хъуыста, кæд кæрæдзиимæ ныхас никуы кодтой, уæддæр. Йæ зонгæтæ куыд дзырдтой, уымæ гæсгæ, горæты уымæй æнкъарддæр сылгоймаг нæ уыд. Æдзух цыди сау дарæсы — къахæй сæрмæ. Фæлæ абон мисс Бентоны хъуы-

рыл уыдис ӕрвгъуыз лент, йӕ цӕстытӕ та доны зылдысты. Поллианнӕйыл цы фыдбылыз ӕрцыд, уый йӕм тынг ӕвирхъау фӕкаст ӕмӕ йыл  мӕтӕй мӕлы, зӕгъгӕ, загъта. Уый фӕстӕ ӕнӕныфсӕй бафарста, чызджы  фенӕн ис ӕви нӕ.

Мисс Полли йӕ сӕр батылдта:

– Бахатыр кӕн, фӕлӕ йӕм нырма никӕй уадзӕм. Чи зоны, чысыл фӕстӕдӕр...

Мисс Бентон йӕ цӕссыгтӕ асӕрфта, сыстад ӕмӕ дуары ’рдӕм фӕраст. Къӕсӕры цур ӕваст разылди.

– Мисс Харрингтон, мӕ номӕй йын цалдӕр ныхасы куы зӕгъис, – райдыдта сылгоймаг ӕнӕуӕндонӕй.

– Ӕнӕмӕнг, миссис Бентон. Уый мӕнӕн ӕхсызгон уыдзӕн.

Сылгоймаг фӕкъуылымпы ис, уый фӕстӕ сдзырдта:

– Зӕгъ-иу ын, дӕ хорзӕхӕй, мӕнӕ... мӕнӕ ай кӕй скодтон мӕ уӕлӕ. – Йӕ хъуырыл цы ӕрвгъуыз лент уыд, уымӕ ацамыдта. Стӕй ма бафтыдта:

– Тынг ӕй фӕндыд, цӕмӕй ирд дзаумайӕ исты скӕнон. Чи зоны, ацы лент дарын райдыдтон, уый куы базона, уӕд ын фехсызгон уыдзӕн. Дзырдта мын-иу, зӕгъгӕ, Фредди дӕр ууыл тынг кӕй бацин кӕндзӕн. Зоныс, ныр мын, Фреддийӕ уӕлдай, ницыуал ис. Иннӕтӕн алцыдӕр ис... – Миссис Бентон йӕ сӕр батылдта ӕмӕ азылд. – Ӕрмӕстдӕр ӕй зӕгъгӕ кӕн Поллианнӕйӕн, уый йӕ бамбардзӕн. – Ӕмӕ йӕ фӕдыл дуар ахгӕдта.

Тӕккӕ уыцы бон, чысыл фӕстӕдӕр, ӕрбацыдис ӕндӕр идӕдз ус, уый дӕр сау дарӕсы. Мисс Полли йӕ никуы федта ӕмӕ бадис кодта, цымӕ ацы сылгоймаг Поллианнӕимӕ кӕм базонгӕ уыдаид, зӕгъгӕ. Уазӕг йӕхи бацамыдта, уый уыди миссис Тарбел.

– Ӕз демӕ, кӕй зӕгъын ӕй хъӕуы, зонгӕ нӕ дӕн, – уайтагъд райдыдта сылгоймаг, – фӕлӕ ӕз хорз зонын дӕ чысыл хӕрӕфырты. Ацы сӕрды уазӕгдзӕрӕны цардтӕн ӕмӕ дохтыры

фæдзæхстмæ гæсгæ алы бон дæр тезгъо кодтон. Иу ахæмы сæмбæлдтæн дæ хæрæфыртыл – диссаджы дзæбæх чызг! Тынг зын мын у, уыцы чызг мæнæн цы сси, уый бамбарын кæнын. Ацы горæтмæ куы 'рбахаудтæн, уæд æз ахæм æнкъард уыдтæн... фæлæ мын йæ райдзаст цæсгом æмæ йæ хъæлдзæг ныхæстæ мæ зæрдыл æрлæууын кодтой мæ гыццыл чызджы. Цалдæр азы размæ фæмард ис... Æмæ, уæ чызгыл цы фыдбылыз æрцыд, уый куы фехъуыстон, уæд ахæм тарст фæкодтон. Æмæ, мæгуырæг, йæ къахыл кæй нал слæудзæн, уый аххосæй йæ бон цин кæнын кæй нал у æмæ тынг кæй æрæнкъард, уый куы фехъуыстон... мæ зынаргъ саби! Æмæ мæм уæд мæ зæрдæ афтæ сдзырдта, æнæмæнг мæ сымахмæ 'рбацæуын хъæуы, зæгъгæ.

– Бузныг де 'гъдауæй, – загъта мисс Полли.

– Уый æз дæн куринаг дæуæй, цæмæй мæ де 'гъдауы аккаг скæнай, – загъта уазæг. – Тынг мæ фæнды, цæмæй йæм мæ ныхæстæ фæхæццæ кæнай. Разы дæ?

– Æнæмæнг.

– Уæдæ йын зæгъ, миссис Тарбел ныр цин кæны, зæгъгæ. О, зонын æй, уый тынг æнахуыр хъуысы. Фæлæ... бахатыр мын кæн, æмбарын дын æй нæ кæндзынæн. – Йæ былты кæрæттæ анцъылдтæ сты, йæ мидбылхудт фæцыдæр ис. – Цы зæгъынмæ хъавыдтæн, уый дæ хæрæфырт бамбардзæн. Бузныг. Бахатыр кæн, ме 'рбацыд иучысыл æнæхъола у, – бахатыди сылгоймаг, хæрзбон дзургæйæ.

Мисс Полли ныр бынтон сцымыдис æмæ уæлæмæ, Поллианнæйы уатмæ, фæтагъд кодта.

– Поллианнæ, миссис Тарбел чи у, уый зоныс?

– О, æз æй бирæ уарзын. Уый рынчын ус у, стæй тынг æнкъард у. Уазæгдзæрæны цæры æмæ бирæ фæтезгъо кæны. Мах иумæ фæтезгъо кæнæм... – Поллианнæ фæкъуыхцы ис æмæ йæ рустыл дыууæ стыр цæссыджы 'рлæсæн кодтой.

Мисс Полли рæвдз схуыфыди.

– Мæ зынаргъ, æрдæбон ам уыди, цыдæр зæгъын дын фæдзæхста, фæлæ алцы дзæбæх нæ бамбарын кодта. Хатыд мæм, цæмæй дын зæгъон, ныр цин кæй кæны, уый.

Поллианнæ йæ армытъæпæнтæ кæрæдзиуыл æрцавта.

– Æцæг, афтæ загъта? Мæнæ мын цы æхсызгон у!

– Поллианнæ, æмæ уымæй цы зæгъынмæ хъавыд?

– Уый хъазт у... – Поллианнæ цæхгæр æрлæууыд, йе 'нгуылдзтæ йæ былтыл авæрдта.

– Цавæр хъазт?

– Ахæмæй ницы, мæ мадыхо Полли... Фæлæ дын æй мæ бон нæу зæгъын.

Мисс Поллийы 'взагыл абадт æндæр фарст, фæлæ чызджы цæсгомыл цы 'ргом хъизæмар фæзынд, уый йæ баурæдта.

Мисс Тарбелы фæстæ бирæ рæстæг нæма рацыд, афтæ хабæрттæ бахæццæ сты сæ тæмæнмæ. Уый уыдис, иу æрыгон сылгоймаг куы 'рбацыди, уый фæстæ: йæ рустæ уыдысты сырх ахорæнæй фыдахуырст, йæ сæрыхъуынтæ – æнахуыр бур, йæ къæхтыл – бæрзондзæвæтджын туфлитæ, аслам бибитæй – йедзаг. Мисс Полли йæ сыхæгты æмæ йæ зонгæты ныхæстæм гæсгæ хорз зыдта. Уымæ гæсгæ, йæ хæдзары куы фæзынд, уæд бадис кодта æмæ 'рбамæсты ис.

Мисс Полли сылгоймагæн йæ къух дæр нæ райста, суанг ма фæстæрдæм акъахдзæф кодта, уазæг æм æнхъæлмæ кæм касти, уыцы уатмæ бацæуæгæйæ. Сылгоймаг бандонæй фестад. Йæ цæстытæ сырх уыдысты, цыма кæугæ кодта, уый хуызæн. Къæйныхæй афарста, иу минут ын Поллианнæйы фенæн ис æви нæ. Мисс Полли йын бар нæ радта. Раздæр сдзырдта тынг тызмæгæй, фæлæ йæ сылгоймаджы цæстæнгас йæ ныхасмæ бафтауын кодта, Поллианнæмæ ырма никæй уадзынц, зæгъгæ.

Сылгоймаг фæкъуыхцы ис, фæлæ уый фæстæ ныфсджынæй дзурын райдыдта:

– Мæ ном хуыйны миссис Пейсон. Куыд æнхъæл дæн,

афтæмæй мын мæ кой фехъуыстай. Æмæ, чи зоны, цы дын дзырдтой, уыдон иууыл æцæг не сты. Фæлæ хъуыддаг уый мидæг нæй. Æз æрбацыдтæн Поллианнæйы бæрæггæнæг. Фыдбылызы кæй бахауди, уый базыдтон, æмæ… æмæ мæ ныфс бынтондæр асаст. Ивгъуыд къуырийы мæ хъустыл æрцыд, йæ бон цæуын нал суыдзæн, зæгъгæ… Ме 'нæниз, фæлæ æнæпайда къæхтæ йын мæ бон раттын кæй нæу, уый мын тынг хъыг у. Уыдоныл цæугæйæ, уый иу бонмæ, æз сæдæ азмæ кæй нæ бакæндзынæн, уыйбæрц хорздзинæдтæ сарæзтаид. Хъыгагæн, къæхтæ арæх, йæ бон сæ хуыздæр спайда кæнын кæмæн у, уымæн лæвæрд не 'рцæуынц.

Ныхъхъус, схуыфыд, фæлæ ногæй куы сдзырдта, уæд йæ хъæлæс, раздæрау, фæсус уыди.

– Ды йæ, чи зоны, нæ зоныс, фæлæ æз уæ чызджы арæх уыдтон. Мах цæрæм Пенделтон-Хиллмæ фæндаджы цур, æмæ-иу ууылты арæх цыдис. Æрбауад-иу нæм нæ сабитимæ ахъазынмæ, стæй мемæ æмæ нæ лæгимæ аныхас кæнынмæ. Цыма-иу уый йæ зæрдæмæ цыди, стæй нæхæдæг дæр цыма цыдыстæм йæ зæрдæмæ. Æнхъæлдæн æмæ, цы адæмы 'хсæнæй рацыд, уыдон мах хуызæттæй сæхи дард кæй ласынц, уый нæ зыдта. Чи зоны, æмæ уыцы адæм афтæ 'нæрвæссон куы нæ уаиккой, мисс Харрингтон, уæд мах хуызæттæ ахæм бирæ нæ уаид, – æнæнхъæлæджы бафтыдта зæрдæрыстæй. – Фæлæ цыфæнды куы уа, уæддæр-иу нæм æрбауад. Æмæ уымæй йæхицæн ницы знаггад ракодта, махæн та æрхаста пайда… бирæ пайда. Цас, уый йæхæдæг дæр нæ зоны, æмæ мæ зæрдæ дарын, кæй йæ нæ базондзæн, ууыл, уымæн æмæ йæ уæд бахъæудзæн, цы мæ нæ фæнды, уыдæттæ дæр базонын. Ацы аз мах бирæ зындзинæдтæ бавзæрстам. Тынг зын уавæры бахаудыстæм æмæ уыдыстæм разы… зæгъæн ис, алцæуыл дæр. Ныридæгæн сфæнд кодтам хицæн кæнын æмæ… нæ сывæллæтты раттын… Иуныхасæй, нæ сабитæн цы кæнæм,

уый нæ зыдтам. Уый фæстæ ацы бæллæх æрцыд, æмæ, чызг йæ къахыл кæй нал слæудзæн, уый фехъуыстам. Æмæ-иу нæ зæрдыл æрлæууыд, куыд-иу нæм æрбауад, къæсæрыл-иу куыд бадтис æмæ сабитимæ куыд хъазыд, куыд худтис æмæ... куыд цин кодта, уыдæттæ. Æдзухдæр-иу истæуыл цин кодта æмæ нын иухатт радзырдта, æппынæдзух цин цæмæн фæкæны, уый, стæй хъазты тыххæй. Æмæ нын лæгъстæ кæнын афæлвæрдта, цæмæй хъазын райдайæм... Фæлæ ныр базыдтам, цæуыл цин кæна, уый йын кæй нал ис, æмæ, йæ бон хъазын кæй нал суыдзæн, уый тыххæй тынг кæй хъизæмар кæны. Æмæ æз цæугæ дæр уымæн æрбакодтон, цæмæй йын зæгъон... чи зоны, иуычысыл бацин кæндзæнис махыл, уымæн æмæ сфæнд кодтам иумæ баззайын, стæй хъазын. Æз æй зонын, уый æнæмæнг бацин кæндзæн, уымæн æмæ-иу маст кодта... раздæр ын-иу хаттæй-хатт цы дзырдтам, уый фæдыл. Хъазт нын куыд бахъуыс кæндзæн, уый мæ бон зæгъын нæу, мæхæдæг дæр æй хорз нæма ’мбарын. Фæлæ, чи зоны, исты бахуыс кæна. Цыфæнды куы уа, уæддæр бафæлвардзыстæм... уымæн æмæ йæ афтæ фæндыд. Зæгъдзынæ йын?

– О, зæгъдзынæн, – зæрдæ бавæрдта мисс Полли æнæбары. Уый фæстæ æнæнхъæлæджы размæ акъахдзæф кодта æмæ сылгоймагмæ йæ къух балæвæрдта. – Бузныг де ’рбацыдæй, миссис Пейсон.

Мисс Пейсон йæ цæстытæ ’руагъта, йæ былтыл ризæг бахæцыд. Схæц-æрхæцгæнгæ цыдæртæ бахъуыр-хъуыр кодта, нæ йæм æрбакаст, афтæмæй. Мисс Поллийæн йæ къух райста, фæзылдис æмæ рæвдз ацыди.

Куыддæр дуар йæ фæдыл ахгæдта, афтæ мисс Полли хæрæндоны февзæрди.

– Ненси!

Мисс Поллийы хъæлæс азæлыд тынг карзæй. Йæ уазджытæ йыл  катай бафтыдтой, фæлæ ацы фæстаг æмæ бынтон æна-

хуыр уазæджы фæстæ цы акæна, уый дæр нал зыдта. Йæ нервытæ атъæппæввонг уыдысты. Поллианнæйыл фыдбылыз куы ’рцыд, уæдæй фæстæмæ Ненси йе ’хсины ахæм карз хъæлæсы уагæй дзургæ нæма фехъуыста.

– Ненси, уый цавæр æдылы хъазт у? Æнæхъæн горæт йæ кой куы кæны. Стæй ма мын зæгъ, дæ хорзæхæй, мæ хæрæфырт æм цы бар дары?! Иуыылдæр ын, Милли Сноуæй миссис Пейсоны онг, «хъазтæй хъазынц», уый зæгъын цæмæн курынц? Куыд æй æмбарын, афтæмæй, нæ горæты цæрджытæн се ’рдæг æрвгъуыз лентытæ дарынц, сæ бинонты ’хсæн хыл нал кæнынц, науæд, раздæр цы нæ уарзтой, ахæм цыдæртæ уарзын райдыдтой, æмæ алцыдæр – Поллианнæйы фæрцы! Йæхи йын бафарстон, фæлæ уыцы хъуыддаджы дард нæ ацыдтæн, уымæн æмæ, цæмæй стыхса, уый мæ нæ фæнды… йæ уавæры. Фæлæ знон йемæ ныхас кодтай, æмæ, куыд æй бамбæрстон, афтæмæй, ды дæр уыцы хъазтæй хъазыс. Уыйбæрц уæздан разын, æмæ мын, уыдæттæ цы нысан кæнынц, уый бамбарын кæн.

Мисс Полли дисы бафтыд æмæ тынг фæтарсти, уымæн æмæ Ненси кæуын райдыдта.

– Уыдæттæ нысан кæнынц, ацы зынаргъ саби суанг июны мæйæ æнæхъæн горæт цин кæнын кæй ахуыр кодта, уый. Æмæ йын ныр уыдон дæр баххуыс кæныныл архайынц, цæмæй цин кæна.

– Цин кæна? Цæуыл?

– Æнæуи цин кæна. Уый ахæм хъазт у.

Мисс Полли ма суанг йæ къах пъолыл дæр æртъæпп ласта:

– Ненси, ды дæр иннæтæй бирæ хуыздæр нæ дæ! Цавæр хъазт у?

Ненси йæ сæр хæрдмæ систа æмæ йе ’хсины цæстытæм коммæ бакасти.

– Æз дын æй радзурдзынæн. Уыцы хъазтæй Поллианнæйы йæ фыд сахуыр кодта хъазын. Аргъуанæн кæй рахицæн

кæнынц, уыдонимæ йын иухатт æнцойгæнæн лæдзджытæ ’рбарвыстой, афтæмæй йæ кукла хъуыди. Кæй зæгъын æй хъæуы, йæ бынаты цыфæнды сывæллон дæр кæуын райдыдтаид. Æмæ йын уæд йæ фыд загъта, цин кæнынæн æфсон кæм не ссарай, ахæмæй ницы ис, зæгъгæ, æмæ уыцы лæдзджытыл дæр цин кæнæн ис.

– Цин кæнæн... æнцойгæнæн лæдзджытыл? – мисс Полли йæ кæуын тыхæй баурæдта, Поллианнæйы æнæбон къæхтыл ахъуыды кæнгæйæ.

– Æз дæр ын афтæ загътон. Æмæ басасти, уый дæр йæ фыдæн ахæм дзуапп кæй радта. Фæлæ йын уый загъта, йæ бон цин кæнын у, кæй йæ нæ хъæуынц, ууыл, зæгъгæ!

– О-о! – ныхъхъæр кодта мисс Полли.

– Æмæ сæм уæдæй фæстæмæ фæзынди ахæм æгъдау – алцæм дæр, цин цæуыл кæнай, ахæм исты ссарын. Куыд зæгъы, афтæмæй, уый алкæй бон дæр у. Æмæ уæд, кукла дын куы нæ уа, уæд уыйбæрц нал маст кæндзынæ, уымæн æмæ цинæй мæлдзынæ, æнцойгæнæн лæдзджытæ дæу кæй нæ хъæуынц, ууыл. Æмæ йæ схуыдтой «цындзинадæй хъазт». Уый дын йæ хъазт, æхсин, уæдæй нырмæ дзы хъазы.

– Æмæ куыд... куыд... – мисс Полли æрлæууыдис æдыхæй.

– Нæ дæ бауырндзæн, æхсин, фæлæ уый ахæм хорз æхххуыс кæны, – Поллианнæйæн йæхи аккаг цыренæй дзырдта дарддæр Ненси. – Поллианнæ мæ бинонтæн дæр бирæ хæрзты бацыди. Стæй мæхæдæг дæр йæ фæрцы алы стыр æмæ чысыл мæстытæн ныр æнцондæр быхсын. Зæгъæм, мæ номы тыххæй æппындæр нал маст кæнын, уымæн æмæ мын афтæ загъта, Хадшибæ мæ куы схуыдтаиккой, уæд æвзæрдæр уаид, зæгъгæ. Стæй къуырисæртæ дæр – разæр мын æнæуынон уыдысты. Фæлæ мæ уый суанг къуырисæрыл дæр цин кæнын сахуыр кодта.

– Цин кæнын... къуырисæрыл?!

– Æхсин, æз æй зонын, уый дæм диссаг кæсы, фæлæ мын бар ратт, æмæ дын æй бамбарын кæнон. Иухатт нæ арфæгонд уæрыкк базыдта, къуырисæртæ мын æнæуынон кæй сты, уый. Æмæ мæнæ цы ’рхъуыды кодта. Поллианнæ мын загъта: «Цы, уый зоныс, Ненси, мæнмæ гæсгæ, ды къуырисæры хъуамæ къуырийы иннæ бонтæй фылдæр цин кæнис, уымæн æмæ иннæ къуырисæрмæ нырма æнæхъæн къуыри æнхъæлмæ кæсын хъæуы!» Æмæ ард хæрын, кæд уæдæй нырмæ уый мæхицæн алы къуырисæры  нæ фæзæгъын, – æмæ æхххуыс кæны, æхсин! Цыфæнды куы уа, уæддæр алыхатт ууыл куы ахъуыды кæнын, уæд мæ худæг æрцахсы, æмæ худын та æхххуыс кæны, о, æхххуыс кæны!

– Æмæ уыцы хъазты тыххæй мæнæн цæуылнæ радзырдта? – къуызгæ сдзырдта мисс Полли. – Уыцы фарст æм куы радтон, уæд дзы стыр сусæгдзинад цæмæн саразта?

Ненси фæкъуылымпы:

– Бахатыр кæн, ме ’хсин, фæлæ йын ды бафæдзæхстай, цæмæй йæ… йæ фыды кой ма кæна, æмæ дын æй уымæ гæсгæ йæ бон радзурын нæ уыди. Хъазт уый æрхъуыды кодта.

Мисс Полли йæ былыл фæхæцыд.

– Раздæр дын æй радзурынмæ хъавыд, – дзырдта дарддæр Ненси. – Исчи йемæ куы хъазид, уый йæ фæндыд. Æмæ æз райдыдтон… цæмæй йын, кæимæ хъаза, уый уа.

– Æмæ… иннæтæ та? – ризгæ хъæлæсæй сдзырдта мисс Полли.

– Ныр æй, мæнмæ гæсгæ, иууылдæр зонынц. Кæдæмфæнды куы ацæуын, уæд цы фехъусын, уымæ гæсгæ, мæ бон афтæ зæгъын у. Кæй зæгъын æй хъæуы, уый йæ хъазты тыххæй дзырдта иутæн, уыдон та – иннæтæн. Ахæм исты иугæр райдыдта, уæд æм кæй зæрдæ фæлæудзæн. Æппынæдзух-иу худгæ кодта, алкæимæ – фæлмæн ныхас, стæй æдзухдæр… хъæлдзæг уыди, æмæ йæ иууылдæр ма базоной, уый гæнæн

нæ уыд. Фыдбылызы кæй бахауди, уый алкæмæндæр зын у. Уæлдайдæр та адæм, йæ бон цин кæнынæн æфсон ссарын кæй нæу æмæ ууыл тынг кæй маст кæны, уый куы фехъусынц... Æмæ йæм алы бон цæуынц, цæмæй йын, цин кæнын сæ куыд сахуыр кодта, уый радзурой. Сæ зæрдæ дарынц, уымæй йын кæд фенцондæр уаид, зæгъгæ. Æмбарыс, æхсин, уый æдзухдæр фæндыд, цæмæй иууылдæр йемæ уыцы хъазтæй хъазой.

– Æз æй зонын, йемæ чи хъаздзæнис, уый... ныр, – йæ цæстысыгтæ ныхъуыргæйæ, загъта мисс Полли. Фæзылдис æмæ рæвдз къæбицæй рацыд.

Ненси æнæзмæлгæ лæууыд æмæ йæ фæдыл дисгæнгæ касти.

– Ныр æз цæуылфæндыдæр бауæнддзынæн, – дзырдта йæхинымæр. – Ныр мæм диссаг ницыуал фæкæсдзæн. Алцæуылдæр бауæнддзынæн... Ехх, мисс Полли!

Чысыл фæстæдæр рынчынгæс уатæй куы рацыд, уæд мисс Полли æмæ Поллианнæ баззадысты хибарæй.

– Мæ зынаргъ, абон ма нæм иу уазæг æрбацыд, – загъта мисс Полли. Йæ хъæлæсыл йæ бар нæ цæуы, уый æмбæрста. – Миссис Пейсоны ма хъуыды кæныс?

– Миссис Пейсоны? Æнæмæнг! Уый, мистер Пенделтоны хæдзармæ цы фæндаг кæны, уый цур цæры. Диссаджы сабитæ йын ис; йæ чызгыл цæуы æртæ азы, лæппуйыл та – фондз. Уый ахæм дзæбæх у, стæй йæ лæг дæр... фæлæ, мæнмæ гæсгæ, алчидæр дзы куыд дзæбæх у, уый нæ зонынц. Иуæй-иухатт фæхыл вæййынц... ома, уый зæгъынмæ хъавын, кæрæдзиимæ алцæй фæдыл разы нæ кæнынц. Мæгуыр сты, зæгъгæ, фæзæгъынц, фæлæ аргъуанæй никуы ницы райсынц, уымæн æмæ уый миссионер нæу, мæ фы... Иуныхасæй, нæу миссионер.

Поллианнæйы рустæ чысыл фæсырх сты, æмæ уайсахат – йæ мадыхойы рустæ дæр.

– Æмæ кæд ахæм мæгуыр у, уæддæр иуæй-иухатт тынг рæсугъд дзаумæттæ скæны, – тагъдгомау дзырдта дарддæр


Мисс Поллийы хæдзармæ кæрæдзийы фæдыл уазджытæ цæуын райдыдтой…
Мисс Полли, йæ хæрæфырты йын уыйбæрц адæм кæй зонынц, уый æнхъæл нæ уыд.
Ацы фыдбылызæн нæма ныффæрæзта æмæ æдзухдæр хъуыды кæны, йæ бон бакæнын цы нал суыдзæн, ууыл.
– Мæн фæнды, цæмæй йын зæгъай, цы нын сарæзта, уый… мæн фæнды, цæмæй уый зона, мæ мад куыд тынг аивта… стæй æз дæр.

Поллианнæ. – Ахæм рæсугъд къухдарæнтæ йын ис, налгъуыт-налмастимæ, лалтæ æмæ изумрудтимæ. Фæлæ зæгъы, иу дзы уæлдай у, зæгъгæ, æмæ йæ хъавы аппарынмæ, йæ бæсты та «развод» райсынмæ. Мæ мадыхо Полли, «развод» та цы у? Мæнмæ гæсгæ, уый æвзæр цыдæр у, уымæн æмæ, йæ кой куы кодта, уæд йæ хуыз амондджын нæ уыдис. Æмæ афтæ зæгъы, куы йæ райса, уæд иумæ кæй нал цæрдзысты, мистер Пейсон кæй ацæудзæн æмæ, гæнæн ис, сывæллæттæ дæр. Фæлæ, мæнмæ гæсгæ, къухдарæн куы нæ аппара, уæд хуыздæр уыдзæн, кæд уæлдай у, уæддæр. Ды та куыд хъуыды кæныс? Мæ мадыхо Полли, «развод» та цы у?

– Уыдон хицæн кæнынмæ нæ хъавынц, мæ зынаргъ, – мисс Полли бæлвырд дзуапп нæ радта. – Иумæ баззайын сæ фæнды.

– Мæнæ мын цы æхсызгон у! Уæдæ уыдон уым уыдзысты, уазæгуаты сæм куы ацæуон... – фырадæргæй ныхъхъæр кодта чызг. – Мæ мадыхо Полли, мæ къæхтыл кæй нал цæуын æмæ мистер Пенделтоны фенынмæ кæй никуыуал ацæудзынæн, уый мæ æдзух цæмæн рох кæны?

– Цæй-ма, нæ хъæуы, – ралæмæрста мадыхо йæхицæй. – Чи зоны, искуы йæм ацæудзынæ. Фæлæ ма байхъус! Мисс Пейсон æрмæст уый нæ загъта. Уый фæндыд, цæмæй дын зæгъон, уыдон... кæй хъавынц иумæ баззайынмæ æмæ хъазтæй хъазынмæ, дæу куыд фæндыдис, афтæ.

Поллианнæ бахудти, йæ цæссыгтæ ныхъуыргæйæ:

– Æцæг? Уыдон хъаздзысты! Æз ахæм цин кæнын!

– Уый дæр уымæ бæллыд. Æмæ дын æй фехъусын кæнын дæр уымæн бафæдзæхста, цæмæй ды... цин кæнай, Поллианнæ.

Поллианнæ хæрдмæ скасти.

– Мæ мадыхо Полли, ды... ды афтæ дзурыс, цыма зоныс... хъазты тыххæй зоныс, мæ мадыхо Полли!

– О, мæ зынаргъ, – мисс Полли йе 'ппæт хъарутæй архайдта, цæмæй йæ хъæлæс хъуыса хæларзæрдæйæ, хъуыддагхуы-

зæй. – Ненси мын æй радзырдта. Мæнмæ гæсгæ, уый диссаджы хъазт у. Æмæ дзы ныр мæ зæрды ис демæ хъазын.

– Мæ мадыхо Полли… ды? Мæнæ мын цы æхсызгон у! Зоныс, мæн æдзухдæр фæндыд, цæмæй дзы ды хъазай.

Мадыхо Полли ныуулæфыд. Ныр ын уыди ноджы зындæр фидар хъæлæсы уагæй дзурын:

– О, мæ зынаргъ, иннæтæ дæр иууылдæр хъазынц. Мæнмæ гæсгæ, Поллианнæ, æнæхъæн горæт ацы хъазтæй хъазы, суанг пастор дæр! Нырма дын æй нæма загътон, фæлæ абон райсомæй горæты куы уыдтæн, уæд сæмбæлдтæн мистер Фордыл. Уый лæгъстæ кодта, цæмæй дын зæгъон, куыддæр дæм уазджыты уадзын райдайой, афтæ дæм кæй æрбацæуդзæн – кæй кой йын кодтай, уыцы Библийы астсæдæ «хъæлдзæггæнæг текстыл» æдзух куыд цин кæны, уый радзурынмæ. Уыныс, мæ зынаргъ, уыдæттæ иууылдæр ды сарæзтай: æнæхъæн горæт хъазтæй хъазы æмæ диссаджы амондджын сси! Æмæ алцыдæр, иу гыццыл чызг адæмы ног хъазтæй хъазын æмæ дзы царды мидæг куыд хъазын хъæуы, ууыл кæй сахуыр кодта, уымæн!

Поллианнæ йæ армытъæпæнтæ кæрæдзиуыл нытътъæпп ласта.

– Æз ахæм цин кæнын! – ныхъхъæр кодта чызг. Æмæ æвиппайды йæ цæсгом диссаджы рухс ныцци. – Мæ мадыхо Полли, ис уæддæр, цин цæуыл кæнон, уый. Цин кæнын, æнæниз къæхтæ мын кæй уыдис, ууыл… науæд мæ бон уыдæттæ саразын не суыдаид!

# 29 СÆР

## ГОМ РУДЗЫНГЫЛ

Зымæджы цыбыр бонтæ ивтой кæрæдзи. Поллианнæйæн даргъ æмæ удхайраг уыдысты, фæлæ ныфджын æмæ хъæлдзæгæй касти фидæнмæ. Ау, ныр хъазты домæнтæ уæлдай æнувыддæр хъуамæ ма æххæст кæна, йæ мадыхо Полли дæр хъазты куы бацыдис, уæд? Æмæ-иу мадыхо Полли та цин кæнынæн уыйбæрц æфсæнттæ ссардта! Иухатт мадыхо ракодта дыууæ мæгуыр сабийы таурæгъ. Тымыгъы рæстæг сывæллæттæн сæ размæ фæцис дуар, бамбæхстысты йæ быны, æмæ, суанг дуар дæр кæмæн нæй, уыцы мæгуыртыл сагъæс кодтой! Æмæ ма йæ мадыхо Полли радзырдта иу æндæр хабар дæр, кæмæйдæр кæй фехъуыста, ахæм. Иу мæгуыр зæронд усæн уыдис æрмæст дыууæ дæндаджы, фæлæ цин кодта, кæрæдзийы ныхмæ кæй сты, ууыл!

Ныр Поллианнæ, миссис Сноуы хуызæн, хуызджын æндахæй быдта диссаджы дзаумæттæ, æмæ уыцы 'ндах хъулон уадздзагæй йæ хуыссæныл аивæзтис. Æмæ, миссис Сноуы хуызæн, йæ къухтæ æмæ йе 'нгуылдзтæ æнæниз кæй сты, ууыл цин кодта.

Хатгай-иу уазджытимæ дæр фембæлд, йæ бон фенын кæй нæ уыд, уыдонæй та æппынæдзух иста салæмттæ æмæ уарзæгой

ныхæстæ. Афтæмæй йын æдзухдæр ныфс лæвæрдтой, æмæ-иу цыма йæ низ фæрогдæр ис.

Иу хатт федта Джон Пенделтоны, дыууæ хатты – Джимми Бины. Мистер Пенделтон ын загъта, Джимми замманай лæппу кæй разынд æмæ йæхи тынг хорз кæй дары. Джимми та йын загъта, ныр ын «æнаипп» хæдзар кæй ис æмæ мистер Пенделтонæй «диссаджы» бинонтæ кæй рауад. Æмæ сæ дыууæ дæр загътой, уый афтæ йæ фæрцы у, зæгъгæ.

– Æмæ тынг ныццин кодтон, æнæниз къæхтæ мын кæй уыдис, ууыл, – загъта уый фæстæ Поллианнæ йæ мадыхойæн.

Зымæг фæцис æмæ ралæууыд уалдзæг. Поллианнæйы уавæрмæ сагъæсгæнгæ йæ хъус чи дардта, уыдонæй алчидæр уыдта: цы хостæ йын рафыстой, уыдон хорзырдæм ницы ивынц. Афтæ зындис, цыма дохтыр Мид æппæты тынгдæр цæмæй тарсти, уый æцæг у, æмæ Поллианнæ йæ къахыл никуыуал слæудзæн.

Кæй зæгъын æй хъæуы, Белдингсвиллы цæрджытæ иууылдæр тыхстысты Поллианнæйы фидæныл. Фæлæ Белдингсвиллы иу адæймаг тыхсти уæлдай тынгдæр. Хъизæмар кодта, исты ног хабар-иу куы фехъуыста, уæд. Уыцы хабæрттæ куыддæр æгъдауæй æрвылбон иста комкоммæ рынчыны уатæй. Бонтæ цыдысты, фæлæ уавæр хуыздæр нæ, фæлæ 'взæрдæр кодта. Æмæ-иу нæлгоймагæн куы йæ ныфс асаст, куы-иу фæныфсджындæр. Уыцы дыууæ 'нкъарæны кæрæдзиимæ тох кодтой. Æппынфæстаг ныфс фæуæлахиз. Æмæ уæд иу сабаты мистер Пенделтон сæумæрайсом дисы бафтыди: дохтыр Томас Чилтон æм уазæгуаты æрбацыд.

– Пенделтон, – карзæй райдыдта дохтыр. – Æз дæумæ уымæн æрбацыдтæн, æмæ ацы горæты дæуæй хуыздæр ничи зоны, мисс Полли Харрингтонимæ мæ ахастытæ цавæр сты, уый.

Джон Пенделтон, куыд фестъæлфыди, уымæн бафиппайæн кæй уыд, уый банкъардта. Æцæгдæр, Полли Харрингтон æмæ

Томас Чилтон кæрæдзийы кæй уарзтой, уый тыххæй цыдæртæ зыдта, фæлæ сæм дохтыримæ æппынкъаддæр фынддæс азы дæргъы уый фæдыл ныхас никуыуал рацыд.

– О, – загъта Джон Пенделтон, æмæ йæ тыхст равдисыныл бацархайдта,  фæлæ æгæр цымыдисæй нæ – алцы зонын кæй фæнды, уый хуызæн ма разына. Æниу, уайтагъд бамбæрста, дзæгъæлы кæй тыхстис, уый: дохтыр, цы хъуыддаджы фæдыл æрбацыд, ууыл æгæр мæт кодта, фысымы æнкъарæнтæ фиппайынмæ  йæ не ’вдæлд.

– Мæн фæнды чызджы фенын. Мæн фæнды раиртасын. Æз хъуамæ алцыдæр сбæрæг кæнон.

– Æмæ дæ цы хъыгдары?

– Цы мæ хъыгдары? Фынддæс азæй фылдæр  уыцы хæдзары кæй нæ уыдтæн, уый тынг хорз зоныс. Байхъус-ма, уыцы хæдзары хицау мын афтæ загъта, иннæ хатт мæ уырдæм куы ’рбахона, уæд уый нысан кæндзæн, хатыр мæ кæй куры æмæ алцыдæр, раздæр куыд уыдис, афтæ кæй уыдзæн… ома, кæй мын бакомдзæн. Æвæццæгæн, ды афтæ ’нхъæлыс, цыма мæм ныр йæ бон у фæдзурын, фæлæ мæнмæ афтæ нæ кæсы!

– Æмæ, ау, дæ бон бацæуын нæу… æнæ хонæгæй?

Дохтыр йе ’рфгуытæ нылхынцъ кодта:

– Æнхъæл нæ дæн. Зоныс æй, сæрыстыр кæй дæн, уый.

– Æмæ йыл кæд афтæ тыхсыс, уæд дæ бон дæ сæрыстырдзинад сæрты ахизын æмæ уыцы хыл ферох кæнын нæу?

– Хыл ферох кæнын! – йæ ныхас ын аскъуыдта дохтыр мæстыйæ. – Æз ахæм сæрыстырдзинады кой нæ кæнын. Хъуыддаг уый мидæг куы уаид, уæд уырдæм мæ уæрджытыл кæнæ мæ сæрыл дæр ацæуин, – уымæй исты куы аивид, уæд. Æз профессионалон сæрыстырдзинады кой кæнын. Ныхас низыл цæуы, æмæ æз та дохтыр дæн. Мæ бон нæу æвиппайды фæзынын æмæ афтæ зæгъын: «Хъус-ма, бацæуыны бар ма мын ратт!» Ау, куыд?

– Æмæ цæуыл фæхыл стут? – бафарста мистер Пенделтон.

Дохтыр йæ къух ауыгъта æмæ йæ бандонæй сыстад.

– Цæуыл фæхыл стæм? Уарзæтты ’хсæн алцыдæр рауайы. Уый фæстæ ма, цæуыл фæхыл сты, уый ахсджиаг вæййы? – схъуыр-хъуыр кодта дохтыр Чилтон, мæстыйæ уаты рацу-бацу кæнгæйæ. – Исты æдылы ми – мæй цæййас у кæнæ цæугæдон цæйбæрц арф у, уый тыххæй. Йе ’фсон уымæй ахсджиагдæр нæ уыд, йæ фæдыл цы азтæ рацыд, уыдонимæ йæ куы абарай, уæд. Науæд цавæр хыл? Уæдæ дын æз зæгъын, хылæн дзы йæ кой дæр нæ уыд... Пенделтон, æз хъуамæ Поллианнæйы фенон. Уый тынг ахсджиаг у! Мæн фидарæй уырны – фараст гæнæны иуы ныхмæ – Поллианнæ Уиттиер ногæй йæ къахыл слæудзæн!

Уыцы ныхæстæ азæлыдысты бæлвырдæй, рæстдзæфæй, æмæ загъд æрцыдысты, мистер Пенделтоны бандоны раз цы рудзынг уыди, уымæ дохтыр хæстæг куы бацыди, уæд. Афтæ рауад, æмæ, рудзынджы бын цы лæппу бадти бадти, уый хъустæм фæхæццæ сты.

Уыцы сабаты Джимми Бин райсомæй дидинæгдоны кæрдæджытæ рывта. Дохтыры ныхæстæ куы фехъуыста, уæд, цы уыди, уымæй хъустæ фестади, йæ цæстытæ ныдздзагъыр сты.

– Йæ къахыл слæудзæн?! Поллианнæ?! – ныхъхъæр кодта Джон Пенделтон. – Цы зæгъынмæ хъавыс уымæй?

– Æз уый зæгъынмæ хъавын, æмæ йæ хуыссæнуатæй авд мин æмæ фондзсæдæ метры дарддæр уæвгæйæ, фехъусын æмæ базонын цы бантысти... Йæ уавæр у, университеты мын цы ’мбæлттæ уыди, уыдонæй иу æрæджы кæй сдзæбæх кодта, уыцы рынчыны хуызæн. Уый ахæм цæфтæ дзæбæх кодта бирæ азты. Йемæ мын бастдзинад уыдис, æмæ мæхæдæг дæр ахæм низтæ иртасыныл архайдтон. Æмæ, цы фехъуыстон, уымæ гæсгæ... Фæлæ мæн фæнды чызджы фенын!

Джон Пенделтон ныфсджынæй загъта:

– Ды йæ хъуамæ фенай, ме ’рдхорд! Дохтыр Уоррены ’ххуысæй уыцы хъуыддагæн саразæн нæй?

Дохтыр Чилтон йæ сæр банкъуыста:

– Нæй, æвæццæгæн. Æнæуи Уоррен йæхи тынг æгъдауджынæй равдыста. Цæмæй мæ ’рбахоной, уый кой уайтагъд скодта, фæлæ... мисс Харрингтон «нæ» ахæм фидарæй загъта, æмæ Уоррен сдзурын дæр нал бауæндыд, кæд, чызджы фенын мæ фæнды, уый зыдта, уæддæр. Æрæджы та йæ рынчынтæй цалдæр мæнмæ ’рбахаудысты, æмæ мын уый, кæй зæгъын æй хъæуы, мæ къухтæ ноджы тынгдæр бабаста... Фæлæ, Пенделтон, æз хъуамæ фенон сывæллоны. Æмæ уæд хатдзæгтæ скæндзынæн!

– Æмæ дын куы нæ бантыса, уæд та цы уыдзæн?! – фæхъæр кодта мистер Пенделтон.

– Мæ бон ницы у. Йæ мадыхо мæ йæхæдæг куы нæ фæхона... Æмæ уый никуы уыдзæн.

– Цæмæй дæ ’рбахона, уый тыххæй исты саразын хъæуы!

– Цы?

– Нæ йæ зонын.

– Ды йæ нæ зоныс... æмæ йæ, æвæццæгæн, ничи зоны. Æгæр сæрыстыр, стæй æгæр мæсты у, цæмæй мæ, бирæ азты размæ мын цы загъта, уый фæстæ йæ хæдзармæ ’рбахона... Фæлæ уыцы хъизæмайраг сабийыл куы ахъуыды кæнын, стæй ныфс кæй ис, фæлæ мæ ацы ’лгъыст æдылыдзинад кæй хъыгдары, сæрыстырдзинад кæнæ профессионалон этикет кæй хонæм, уый, уæд æз... – йæ ныхас кæронмæ нæ фæци. Йæ къухтæ арф йæ дзыппыты нытътъыста æмæ та тыхстыхуызæй уаты дыууæрдæм кæнын райдыдта.

– Æмæ йын уый куы уаид... бамбарынгæнæн, – нал лæууыди Джон Пенделтон.

– О, фæлæ йын æй чи бамбарын кæндзæн? – бафарста дохтыр, цæхгæр фæзилгæйæ.

– Нæ зонын, нæ зонын, – ныхъхъæрзыдта мистер Пенделтон.

Æдде рудзынджы бын Джимми Бин æваст базмæлыд. Уæдмæ алы ныхасмæ дæр хъуыста, зæгъæн ис, улæфгæ дæр нал кодта.

– Æз та йæ зонын! – мынæг хъæлæсæй загъта лæппу цингæнгæйæ. – Æмæ уый æз бакæндзынæн! – Уайтагъд фæгæпп ласта, хæдзары чъылдыммæ бахъуызыд æмæ Пенделтон-Хиллæй дæлæмæ ныййарц ис.

# 30 СÆР

## ДЖИММИ ХЪУЫДДАГ ЙÆХИМÆ РАЙСТА

– Æхсин, Джимми Бин æрбацыдис. Æнхъæлмæ дæм кæсы, – фехъусын кодта Ненси, къæсæрыл лæугæйæ.

– Мæнмæ? – дисхуызæй бафарста мисс Полли. – Поллианнæйæ нæ загъта, нæ рæдийыс? Кæд æй фæнды, уæд æм абон цалдæр минутмæ йæ бон бауайын у.

– Æхсин, загътон ын, фæлæ дæумæ ’рбацыд.

– Хорз, ныртæккæ фæцæуын, – æмæ мисс Полли фæлладæй бандонæй сыстади.

Лæппу йæм æнхъæлмæ касти уазджыты уаты: йæ цæсгом ныссырх ис, цæстытæ ныдздзагъыр сты. Уайтагъд ракъæр-къæр кодта:

– Æхсин, ныр цы кусын æмæ цы дзурын, уый тынг æвзæр у, зонын æй, фæлæ мæ бон æндæрхуызон нæу. Поллианнæйыл мæт кæнын, уый тыххæй та æз артмæ дæр, дæумæ дæр, стæй кæдæмфæнды æмæ кæдфæндыдæр цæттæ дæн. Стæй ды дæр афтæ бакæнис, ногæй йæ бон цæуын суыдзæн, уый куы зонис, уæд. Æз дæумæ уый зæгъынмæ ’рбацыдтæн: кæд æрмæст дæ сæрыстырдзинад æмæ э-... э-... э... æмæ æндæр цыдæр Поллианнæйы йæ къахыл слæууын хъыгдары, уæд æй зонын, ды дохтыр Чилтоны æрбахондзынæ, куы йæ бамбарай...

– Цы-ы? – мисс Полли арвы цæфау фæцис æмæ лæппуйы ныхас æрдæгыл аскъуыдта; йæ цæсгомыл дисы æнгас мастæй раивта.

Джимми арф ныуулæфыди:

– Гъеныр гъа! Мæн нæ фæндыд, цæмæй смæсты уай, уый. Æмæ, Поллианнæ йæ къахыл кæй слæудзæн, уымæй дæр уый тыххæй райдыдтон. Афтæ 'нхъæлдтон, цыма мæм уæд байхъусдзынæ.

– Джимми, цæй кой кæныс?

Джимми ногæй ныуулæфыди:

– *Æз* дæр уый зæгъыныл архайын.

– Хорз, уæдæ дзургæ кæн. Фæлæ 'ппæты райдианæй райдай, куыд дæ бамбарон, афтæ, ма та сæ сæмтъеры кæн!

Джимми йæ былтæ астæрдта.

– Райдайын хъæуы уымæй, æмæ абон дохтыр Чилтон мистер Пенделтонмæ уазæгуаты 'рбацыди. Чиныгдоны ныхас кодтой. Уый бамбæрстай?

– О, Джимми, – лæмæгъ хъæлæсы уагæй дзуапп радта мисс Полли.

– Уæдæ афтæ, рудзынг уыди гом, æз та рудзынджы бын дидинджытæ рывтон, æмæ сын сæ ныхæстæ фехъуыстон.

– О, Джимми! Сусæгæй сæм хъуыстай?!

– Æмæ мæ кой куы нæ кодтой, миййаг! Стæй барæй дæр нæ уыдтæн! –смæсты ис Джимми. – Кæй сæм байхъуыстон, ууыл цин кæнын. Хабар дын кæронмæ куы радзурон, уæд ды дæр цин кæндзынæ. Гæнæн ис, Поллианнæ ногæй йæ къахыл слæууа.

– Джимми, цы зæгъынмæ хъавыс?

– Æз дæр дын уый дзурын фæлварын, – Джимми йæ сæр разыйы тылд бакодта. – Дохтыр Чилтон кæмдæр иу дохтыры зоны, æмæ, гæнæн ис, йæ бон у Поллианнæйы сдзæбæх кæнын… цæмæй ногæй йæ къахыл слæууа, æмбарыс? Фæлæ дохтыр

Чилтонæн, цалынмæ Поллианнæйы фена, уæдмæ бæлвырд йæ бон ницы у зæгъын. Тынг æй фæнды Поллианнæйы фенын, раст æм йæ быцъынæг тоны. Фæлæ мистер Пенделтонæн загъта, ды ууыл кæй никуы сразы уыдзынæ.

Мисс Поллийæн йæ цæсгом сырх-сырхид афæлдæхт.

– Джимми, æз... мæ бон нæу... нæ уыди! Ома, æз уый куы нæ зыдтон! – мисс Полли æнæбонæй йæ къухтæ ныттылдта.

– Æз дæр дæм уымæн æрбацыдтæн, цæмæй йæ зонай, – тæвдæй сразы ис Джимми. – Афтæ дзырдтой, цыма цæмæндæр – дзæбæх æй нæ бамбæрстон, цæмæн – ды, дохтыр Чилтон æрбацæуа, ууыл нæ разы кæныс, æмæ дохтыр Уорренæн афтæ загътай. Дохтыр Чилтонæн та йæ бон æрбацæуын нæу, куы нæ йæ ’рбахонай, уæд, сæрыстырдзинад æмæ профессионалон э... э... уым цыдæр ахæмы тыххæй. Æмæ сæ фæнды, цæмæй дæ исчи сразы кæна, фæлæ, уыцы хъуыддаг саразын йæ бон кæмæн у, уый нæ зонынц. Æз та уыдтæн рудзынджы бын, æмæ мæхинымæр загътон: «Уæдæ æз уый сараздзынæн!» Разгъордтон æмæ дæ, мæнмæ гæсгæ, сразы кодтон, нæ?

– Джимми, æмæ уыцы дохтыры... Чи у? Цы кусæг у? Поллианнæйы сдзæбæх кæнын йæ бон  у, ууыл фидарæй æууæндынц?

– Æз, чи у, уый нæ зонын, нæ йæ загътой. Дохтыр Чилтон æй зоны, æмæ æрæджы, Поллианнæйы хуызæн рынчыны кæй сдзæбæх кодта, уый фехъуыста. Фæлæ сæ тыхст ууыл нæ уыд. Уыдон мæт дæу тыххæй кодтой, уымæн æмæ, гæнæн ис, дохтыр Чилтоны ма бауадзай Поллианнæмæ. Зæгъ-ма, æрбацæуыны бар ын ратдзынæ, ныр æй куы базыдтай, уæд?

Мисс Полли йæ сæр батылдта. Тыхулæфт кæнын райдыдта. Джимми йæм тыхстхуызæй касти, кæуынæввонг кæй сси, уый уыдта. Фæлæ мисс Полли не скуыдта. Минуты фæстæ схæц-æрхæцгæнгæ загъта:

– О… æз ратдзынæн… дохтыр Чилтонæн… йæ фенюны бар. Ныр хæдзармæ згъоргæ кæн, Джимми! Æз хъуамæ дохтыр Уорренимæ аныхас кæнон. Уый ныртæккæ уæле ис. Чысыл раздæр æрбацыди.

Фæстæдæр мисс Полли сырх-сырхид рустимæ тыргъы дохтыр Уорреныл амбæлди. Дохтыр æй афтæмæй куы федта, уæд тынг бадис кодта. Æмæ ноджы тынгдæр дисы бафтыд, фыртыхстæй тыхулæфтгæнгæ мисс Полли афтæ куы загъта, уæд:

– Дохтыр Уоррен, иухатт мын ды дзырдтай, дохтыр Чилтоны æрбахонын хъæуы, зæгъгæ… æмæ æз не сразы дæн. Ныр мæ хъуыды аивтон. Мæн тынг фæнды, цæмæй нæм дохтыр Чилтон æрбацæуа. Æвæццæгæн, фæстиат кæнын нæ хъæуы, фæлæ уайсахат! Хорз? Бузныг!

# 31 СÆР

## НОГ МАДЫФСЫМÆР

Дыккаг бон Поллианнæ, царыл цы алыхуызон тæппытæ кафыд, уыдонмæ кæсгæйæ, уаты хуыссыди. Дохтыр Уоррен уатмæ куы бацыд, уæд йæ фæдыл бæрзонд , бæзæрхыг нæлгоймаг æрбахызти.

– Дохтыр Чилтон! О, дохтыр Чилтон, куыд æхсызгон мын у дæ уынд! – ныхъхъæр кодта Поллианнæ. Йæ хъæлæсы уыйбæрц цин азæлыд, æмæ, уаты чи уыди, уыдонæн сæ цæстытæ судзгæ цæссыгæй айдзаг сты. – Фæлæ кæд мæ мадыхо Поллийы нæ фæнды…

– Хорз у алцыдæр, мæ зынаргъ. Ма тыхс! – басабыр æй кодта мисс Полли, æмæ рæвдз размæ ракъахдзæф кодта. – Æз дохтыр Чилтонæн загътон, дохтыр Уорренимæ дæ куы феникой, уый мæ кæй фæнды.

– О, уæдæ йæ ды ’рбахуыдтай, – загъта райгондæй Поллианнæ.

– О, мæ зынаргъ, æз æй æрбахуыдтон. Уый нысан кæны… – Фæлæ байрæджы ис. Дохтыр Чилтоны цæстыты арфы цы уарзондзинад æмæ амонд æрттывтой, уыдонæн фæхæццæ кæнæн ницæимæ уыди. Мисс Полли ныссырх ис, азылд æмæ рæвдз уатæй рацыди.

Рынчынгæс æмæ дохтыр Уоррен рудзынджы раз лæууы-

дысты æмæ ныхас кодтой. Дохтыр Чилтон йæ къухтæ Поллианнæмæ баивæзта.

– Мæ чызг, æнхъæлдæн, абон дæ хорздзинæдтæн се 'ппæты 'хсызгондæр сарæзтай, – загъта лæг, фыртыхстæй йæ хъæлæс рызти, афтæмæй.

Изæрдалынгты мисс Поллийæн йæ зæрдæ суынгæг ис, бынтон фендæрхуызон. Сабыргай бацыди Поллианнæйы хуыссæны размæ. Рынчынгæс æхсæвæр кæнынмæ ацыд, æмæ уаты баззадысты хибарæй.

– Поллианнæ, мæ зынаргъ, æппæты фыццаг мæ ацы хабар дæуæн фæнды зæгъын – тагъд дохтыр Чилтон суыдзæнис дæ... мадыфсымæр. Æмæ уый де 'руаджы! О, Поллианнæ! Æз ахæм амондджын дæн! Ахæм цин кæнын!

Поллианнæ фырцинæй йæ къухтæ кæрæдзиуыл никъкъæрц кæнынмæ хъавыд, фæлæ æрлæууыд æмæ сæ фæстæмæ 'руагъта.

– Мæ мадыхо Полли, мæ мадыхо Полли, уæдæ уый дæ къух æмæ дæ зæрдæмæ фенхъæлмæ касти уыйбæрц дохтыр Чилтон? О, зонын æй, дæу! Уæдæ мын уымæн загъта, абон мæ хорздзинæдтæн се 'ппæты 'хсызгондæр сарæзтон, зæгъгæ. Æз ахæм цин кæнын! О, мæ мадыхо Полли, æз ахæм цин кæнын, æмæ мын ныр уæлдай нал сты... суанг мæ къæхтæ дæр!

Мисс Полли йæ кæуын тыхæй баурæдта.

– Чи зоны, искуы, мæ зынаргъ... – Фæлæ йæ ныхас кæронмæ нæ фæци. Дохтыр Чилтон ын йæ зæрдæмæ цы стыр ныфс бауагъта, уый кой скæнын нæма бауæндыд. Фæлæ загъта æндæр цыдæр, æмæ уыцы ныхас, æнæмæнг, диссаг фæкасти Поллианнæмæ: – Мæ зынаргъ, иннæ къуыри дæм æнхъæлмæ кæсы балц. Чысыл, стæй, æнцон дын кæм уыдзæн, ахæм хуыссæны, хæдтулгæйы, уый фæстæ та поезды, дæу аласдзыстæм зындгонд дохтырмæ. Дæ хуызæн рынчынты дзæбæх кæны йæхи рынчындоны. Уый дохтыр Чилтоны 'мбал у, æмæ дын йæ бон саразын цы у, уый фендзыстæм!

# 32 СÆР

## ПОЛЛИАННÆЙЫ ФЫСТÆГ

*Мæ зынаргъ мадыхо Полли, мæ мадыфсымæр Том!*

*Мæ бон у, мæ бон у къахæй цæуын! Абон мæ хуыссæнæй рудзынджы онг ацыдтæн! Æхсæз къахдзæфы! Ехх, куыд хорз у ногæй къахæй цæуын!*

*Дохтыртæ иууылдæр мæ алыварс лæууыдысты æмæ сæ мидбылты худтысты, сæ разы та лæууыдысты рынчынгæстæ æмæ куыдтой. Мæ фарсмæ цы палатæ ис, уырдыгæй иу сылгоймаг, къуыриййы размæ йæ къахыл чи слæууыдис, ахæм, йæ мидбылты худгæ дуарæй æрбакасти. Стæй ма ноджыдæр иуы æрбахуыдтой; йæ зæрдæ дары, иннæ мæй йæ бон къахæй цæуын кæй суыдзæн, ууыл. Уыцы сылгоймаг хуыссыди мæ рынчынгæсы хуыссæны, æмæ мæм куы касти, уæд-иу йæ армытъæпæнтæ кæрæдзиуыл æрцавта... Суанг пъолтæ чи фехсы, уыцы сау Тилли дæр тыргъы рудзынгæй æрбакаст æмæ-иу мæм уырдыгæй ныхъхъæр кодта: «Мæ зæрваттыкк, мæ чызг!» Йæ кæуын-иу фæурæдта.*

*Нæ йæ ’мбарын, цæуыл куыдтой, уый. Мæн фырцинæй фæндыди зарын æмæ хъæр кæнын! Ехх! Ехх! Ехх! Æрмæстдæр ма ахъуыды кæнут, мæ бон у цæуын, цæуын, ц æ у ы н! Ныр æппындæр æнкъард нал кæнын, ацы ран, хæдзарæй дард, дæс*

– Мæ мадыхо Полли,
уæдæ уый дæ къух
æмæ дæ зæрдæмæ фенхъæлмæ
касти уыйбæрц дохтыр Чилтон?
Уæдæ мын уымæн загъта,
абон мæ хорздзинæдтæн
се ’ппæты хъæлдзæгдæр
сарæзтон, зæгъгæ.
Мæ мадыхо Полли,
æз ахæм цин кæнын,
æмæ мын ныр уæлдай нал у…
уанг мæ къæхтæ дæр!



*мæймæ 'ввахс кæй арвыстон, ууыл. Стæй уын уæддæр уæ дзуарæфтауыны бон нæ ауагътаин. Ехх, мæ мадыхо Полли, цы диссаджы хорз у, ардæм кæй æрцыдыстут æмæ мæ хуыссæны раз уæ цард кæй баиу кодтат, уый! Ды алкæддæр цин кæнынæн исты 'фсон ссардзынæ!*

*Афтæ зæгъынц, тагъд нæхимæ ацæудзынæн, зæгъгæ. Мæн фæнды æнæхъæн фæндаг фистæгæй цæуын. Æмæ ацæуин. Мæнмæ гæсгæ, мæн истæуыл балцы цæуын никуыуал бафæнддзæн. Уый ахæм æхсызгон уыдзæн – æнæуи цæуын. Æз ахæм цин кæнын! Æз цин кæнын алцæуылдæр. Æз ныр, иуцасдæр мæ бон цæуын кæй нæ уыдис, суанг ууыл дæр цин кæнын. Æнæ уымæй никуы ис базонæн, къæхтæ куыд диссаджы хорз сты, уый, цæугæ чи кæны, ахæмтæ, кæй зæгъын æй хъæуы. Райсом мæ зæрды ис аст къахдзæфы скæнын.*

*Уе 'ппæты дæр уарзгæйæ,*
*Поллианнæ*

## СÆРГÆНДТÆ

**1 Сæр**
Мисс Полли . . . 3
**2 Сæр**
Зæронд Том æмæ Ненси . . . 9
**3 Сæр**
Поллианнæ æрбахæццæ . . . 14
**4 Сæр**
Уат цары . . . 24
**5 Сæр**
Хъазт . . . 33
**6 Сæр**
Хæс . . . 41
**7 Сæр**
Поллианнæ æфхæрд æййафы . . . 53
**8 Сæр**
Поллианнæ уазæгуаты ацыд . . . 60
**9 Сæр**
Нæлгоймаг . . . 71
**10 Сæр**
Æнæнхъæлæджы лæвар миссис Сноуæн . . . 77
**11 Сæр**
Джимми Бин . . . 87
**12 Сæр**
Хæрзгæнæг комитет . . . 99
**13 Сæр**
Пенделтон-Хиллы хъæд . . . 105
**14 Сæр**
Холодец . . . 112
**15 Сæр**
Дохтыр Чилтон . . . 120
**16 Сæр**
Сырх уарди æмæ кæлмæрзæн . . . 131

**17 Сæр**
«Раст чиныджы куыд вæййы, афтæ» . . . . . . . . . . . . . . . . . 141
**18 Сæр**
Арвæрдын . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 149
**19 Сæр**
Æнахуыр курдиат . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 155
**20 Сæр**
Æцæгдзинад рабæрæг . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 161
**21 Сæр**
Поллианнæйы уынаффæ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 168
**22 Сæр**
Пол Форд . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 177
**23 Сæр**
Æнамонд хабар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 186
**24 Сæр**
Джон Пенделтон . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 194
**25 Сæр**
Æнхъæлмæ кæсынæй хъазт . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 203
**26 Сæр**
Гом дуар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 210
**27 Сæр**
Уазæгуаты . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 214
**28 Сæр**
Хъазт æмæ йæ архайджытæ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 223
**29 Сæр**
Гом рудзынгыл . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 238
**30 Сæр**
Джимми хъуыддаг йæхимæ райста . . . . . . . . . . . . . . . . 244
**31 Сæр**
Ног мадыфсымæр . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 248
**32 Сæр**
Поллианнæйы фыстæг . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 250